namung waweling kawula
rayi tuwan ing wisma
bilih atataken ulun
wartekna bilih kawula //

43. Ngaos mring samodra wedhi
lan malih rayinta wawrat
manawi lair ing tembe
yen jabang bayinya priya
kinen sung panengeran
inggih Jaka Betal Jemur
sakajenge yen wanodya //

44. Lan mugi tuwan paringi
arta sakolur paduka
ri wuse telas welinge
sigra ginorok jangganya
Bekti Jamal parastra
layone nulya kinubur
tan tebih sing gyaning donya //

45. Tandya kasaput ing ratri
kyana patih kondurira
sigra ngundhangi wadyane
enjing mring prenahing donya
kinarya pakebonan
sakathahe wadyanipun
saben ari nambut karya //

46. Pininta-pinta ing kardi
saniskaraning rarenggan
rineka tulya asrine
gedhonge satus pinarnah
kiwa tengening brana
ingusungan lamun dalu
linebetken gedhong samya //

47. Tirahing kalen antya sri
ginagula warna-warna
sarwa sekar tanemane
ganda mriharum angambar
miwah kang pala kirna
asri ya resmi dinulu
duluren karya sarkara //

PUPUH XIII

Dhandhanggula = 11 pada

1. Ana kali kalingan wanadri
dohira lalakon catur dina
binendung anjog toyane
ngubengi taman arum
laku blenja kang nambut kardi
ingkang pinurih enggal
iline kang banyu
ing saben gedhong sajuga
ingubengan batrawinira tulya sri
tirta wening kawurywan //

2. Gedhong satus agengira tuwin
panjangira sami nyatus cengkal
parunggu sari sakane
pangret cengkal nyapuluh
sirapira sagung tembagi
tembokira salaka
lis-lisane turut
ya apa ta kurangannya
luwih donya malah rinekseng jro
bumi
ingkang tan na genira //

3. Mindha guwa gapura rinukmi
mangka tengran gya wiware brana
sru angetog kagunane
rarekan kang di luhung
sumektane bagus tur apik
marnani datan ana
rarekan kang jumbuh
jamirah kanaka arja
sarwa emas pinathik retna her
thathit
nut ing batrawi tarap //

4. Tepinya sekar awarni-warni
sinela lawan rare mancing mas
mina tan retna gebyare
weneh mindha ngindhit jun
myang ana kang kadi nyaponi
weneh angundhuh sekar
sami ayu-ayu
bangkite baskara angreka
weneh ana gapura adi rinukmi
pucak mutyara muncar //

5. Tinon lir baskara tibeng siti
kasangga neng pucaking gapura
remrem mawindu sing anon
ukir-ukiranipun
tatrap retna kudhup woh pentil
luwes kanthet tepung pang
lung-lungan umanglung
malintir wilet puletan
sarwa emas woh mentah jumerut
wilis
ron rinaja werdadya

6. Woh mateng mirah ingkang kinardi
menis-menis samya dhadhompolan
myang gapura kang saweneh
pucak nagendra lulut
sisikira mutyara resmi
ilate kamarutan
lir sundari nguwung
makutha buka sri retna
kinarti pajamang sumping mas
rinujit
lyan gagendra kirab lar //

7. Kadwestyar sama ngumbareng
wyati
larlar rinaja mulya jorekta
buntut retna mawa ketep
tan wus ucapna sagung
den-adene tamaning patih
malah udyaneng pura
tan samya denipun
niskaranireng rerenggan
sasab ira ki patih mung darmi kardi
atas kagungan nata //

8. Subasita prasetyaning abdi
ananging datan trus batin ira
ingkang saestu ciptane
lir nguni pejahipun
Bekti Jamal punika nenggih
estu tyase dursila
tan pracayeng ratu
sedyane andarbenana
gunging brana dudu bobote malati
kono sagung pra raja //

9. Ingkang pangarsa samya mengeti
mring ki patih denya cemburuan
tamane lan ing kadhaton
pandene murwatipun
bok ing temah tembe manawi
amanggih reh tan yoga
kang pra raja sagung
tan ana uning wadinya
bab ing brana mung nyipta ingkang
kaeksi
taman asri kawurywan //

10. Nanging tan patya ngrukun ki patih
baya ta wus karsaning hyang
Suksma

darına anglakoni bae
kuneng nalikeng ngriku
wuse dadya tamaning patih
sri narendra wus lama
ing pamyarsanipun
pratingkahira ki patya
ratu agung anamun nimpen
lalungit
datan mantra kawedhar //

11. Wuse dadya tamane ki patih
tan nate mantuk mring kapatihan
boyong sagarwa putrane
ing kapatihan suwung
mung rineksa kang para mantri
ki patih aneng taman
nutug muktinipun
seneng lumyat raja brana
peni-peni guru bakal guru dadi
mong langening asmara //

PUPUH XIV

Asmaradana = 36 pada

1. Kya dipati Aklas Sajir
wus lami makuwon taman
mangkya enget wawelinge
ingkang ari Bekti Jamal
dadyarsa linaksanan
nyai Bekti Jamal sinung
reyal sewu kathahira //

2. Lan sakathahing waweling
wus pinajarken sadaya
ni Bekti Jamal duk myarseng
wawelinge ingkang raka
wijil ing kyana patya
dahat sandeyeng tyasipun
kang raka denya tan prapta //

3. Tansah manguneng tyas wingit
ing kono ni Bekti Jamal
anak kedhik suka tyase
denira atampa arta
sewu sangking kya patya
ciptanirantya mituhu
sedaya welinging raka //

4. Ing antara datan lami
denya wawrat prateng mangsa
ambabar priyatmajane
lestari bagus warnanya
cahya gumilang-gilang
sinung nama Betal Jemur
wawelinge ingkang raka //

5. Tulus kalis ing sasakit
pan enggal lajeng welagang
lir dinusan toya gege
laminira tan winarna
wus ngumur pitung warsa
yeka Jaka Betal Jemur
kang ibu karasa-rasa //

6. Ingkang mring sagara wedhi
pa baya nora sumpena
mandah wruha atmajane
andungkap wus meh diwasa
kyai putra andika
agawe rasaning kalbu
mangka atakon ing sudarma //

7. Mangkana sedheng sang siwi
umarek ing ibunira
amelas asih ature
ibu dhateng pundi rama
ingkang ibu wacana
kulup yen takon bapamu
pan wis lawas lunganira //

8. Malah sira durung lair
maksih neng kandhutan ingwang
perlu angaji lungane
mring sagara wedhi nyawa
ing besuk lamun prapta
pan akeh ieh-olehipun
wis ta ja sok takon bapa //

9. Besuk oleh jaran cilik
manuk glathik menco jalak
kalawan jagone kate
bombongen ginawa dolan
wis ta dolana nyawa
wis akeh dolananmu
bengkat benthik babingkiran //

10. Jirak ya sugih kemiri
pathon wis duwe gangsingan
aja angrudah tyas ingong
witi ingsun ya ngarsa-arsa
praptane ramanira
tan lawas wataraningsun
ramanira nuli prapta //

11. Ki Jaka asru anangis
gya rinangkul ing renanya
adhuh anakingsun angger
adena kang lagi lunga
kang ibu langkung marma
ring putra tan darmanipun
dera tan uningeng rama //

12. Sangsaya ageng sang siwi
kang ibu wagugen ing tyas
kasusu myat atmajane
tan ana ingkang amulang
lukiteng kaswar janan
anganti praptaning kakung
cipta tan kenging ngantosan.

13. Sapa yogya mardyeng siwi
samana ing tyas kengetan
ing nguni kang raka darbe
pawong sanak langkung sihnya
nama pandhita Nukman
pantes pinasrahan sunu
amulanga ingkang putra //

14. Nyai Bekti Jamal nuli
ingkang atmaja ingajak
tan wiyang manut sarehe
ing rena ki jaka tansah
atut wuntat ing rena
yen sayah kendel sapangu
ri wusira samya mangkat //

15. Sang wisateng lampahnya ris
mahanut padaning arga
papereng arga sumare
langene ingkang wratmaka
dhukut dheket kadhekan
mudhendhong ngundhung
kasandhung
areren pinggiring sendhang //

16. Sasaran kang saron sari
sari kuning arang-arang
kerang ngrange angereweng
urang garing lir ginarang
podhang dhandhang angadhang
bidho dherok manuk engkuk
lir ngethuki swaranira //

17. Balumbang balong balimbing
babadan angembat-embat
kolang-kaling lawan kalong
keneng kala kelampukan
cangak gagak lan cabak
mabur ibut manuk bubut
ki Jaka arsaya lumyat //

18. Tinon lir pajangan asri
marganira ondhang-ondhang
kocap wus prapteng wismane
sang pandhita nulya nebda
iki sutane sapa
nyai Bekti Jamal matur
putrane arinta pyambak //

19. Sang pandhita arum nangling
wis bok adhi ja sumelang
mungguh putranta ki thole
pae si adhi anaa
samengko yekti ingwang
ingkang kawogan katempuh
amuruk ing putranira //

20. Lah wis tinggalen bok adhi
bok manawa putranira
dadi gendholan ing tembe
ni Bekti Jamal turira
inggih mugi kabula
sabda tuwan kang dhumawuh
sang wikwaling Insa Allah //

21. Dudu sebda ngumasandi
wus pamit ni Bekti Jamal
lumengser nahan ing kono
jaka Betal Jemur nulya
ngaji lan rare kathah
kalangkung gathekanipun
pae lan kang kathah-kathah //

22. Ilham maring kurup lantip
kadi ta rare kajiman
puspa kati graitane
langkung ngungun sang pandhita
barang kang winulangna
tan alami nuli putus
limpat sasdining waweka //

23. Myang lukiteng ngelmu jati
mrih sampurneng kalanggengan
muwah ing kaswar janane
myang yudanagara krama
pratikel mengku praja
ajal lembut wus kawengku
tan na ewuh salirira //

24. Angraos telas kang ngelmi
sira sang pandhita Nukman
wus tan na kang den wulangke
duk samana enget ing tyas
duk maksih Bekti Jamal
sang pandhita Nukman nyambut
nama kitab Kadam Makna //

25. Tilarane Lukmanakim
mangkana sang dwi jawara
denira ngandika alon
kulup iki ana kitab
ya ing nguni manira
kang nyilih maring kyaimu
Bekti Jamal duk maksihnya //

26. Kongsi ing samengko maksih
neng kene kang Kadam Makna
nguni kerep sun unekke
ning meksa tan bisa nyandhak
mungguh paraning murad
lah iki ajinen kulup
Betal Jemur antya suka //

27. Tinampen nulya den aji
siyang dalu datan pegat
ingkang pineleng murade
surasaning Kadam Makna
dahat kagyat ing driya
dupi wrin ing muradipun
yen kang rama wus parastra //

28. Aklas Sajir kang mejahi
ginorok lawan janbiya
sarywa den ukel rambute
Betal Jemur duk samana
sing dahati duh ita
myang ngampah sreng temahipun
meh limut purwa duksina //

29. Saksana umarek aglis
prapta ngarseng sang pandhita
wotsari alon ature
kawulangsal barkah tuwan
ugi sampun kabuka
Kadam Makna raosipun
nanging dereng patos paham //

30. Bilih dhangan ing panggalih
punika yun amba bekta
mantuk kinarya nglalanteh
sang pandhita angandika
iya sira gawaa
wong darbekmu dhewe kulup
aja nganggo walang driya //

31. Betal Jemur angabekti
nulya lumengser ing ngarsa
praptane wisma tataken
ibu ing riki punapa
wonten tiyang anama
Aklas Sajir ngling kang ibu
kulup luwih seka ana //

32. Yeku patihe sang aji
ing kene nagri Madiyan
duk nguni pawong sanake
ramanira kang wisata
padha dene asihnya
lir atunggal yayah ibu
tan ana rasa-rumasa //

33. Lah apa parlune kaki
dene sira atatanya
baya ayun seba angger
iya maring kapatihan
kang putra aturira
boten wonten parlunipun
inggih mung taken kewala //

34. Ya ta ing alami-lami
arta kang sewu wus telas
kang ibu alon sabdane
kulup (an) dayanira
iki wis duwyarta
tinggalane ramakamu
destun iki karinira //

35. Mung kari sadina benjing
enggone bisa atumbas
ing besuk emben wus towong
nora nana kang pinangan
mring di ngupa boga
ingkang putra aturipun
ibu sampun wancak driya //

36. .Inggih yen kawula maksih
sampun kuwatos tan dhahar
duk wus prapteng dwi harine
ingkang ibu angandika
kulup iki wis telas
artane kang putra matur
mangke bu amba ron kamal //

PUPUH XV

Megatruh = 12 pada

1. Sekarira sinom ginantya me . . . .
. . . Betal Jemur nuli
kentar mring pasar anjujug
prenah i . . . .
Saksana wacana alon //

2. Bibi ri ngong pra . . .
. . . .

3. . . . sapuluh,
kang adol nyentak sarywangling
iki sega ri ngong edol

4. Lah tukuwa ing kene endi picismu
ki Jaka mesem lingnya ris
rika temen nora asung
sun aturken sira pesthi
maring kangjeng sang akatong //

5. Ingkang sira edol saben dina iku
dudu berasmu pribadi
nging kagungane sang prabu
ri kaurut saben ari
oleh lawan juru gedhong //

6. Wong kang adol sega kalangkung anjumbul
ngling kulup aja wawarti
sun cadhongi saben esuk
sira mung kari marani
marene mring dhasaringong //

7. Pesthekena pangaji ketheng sapuluh
ki Jaka sigra den sungi
anuli ngalih mangidul
mring paiwakan wus prapta
aneng ngarsane wong adol //

8. Daging menda nuli jaka Betal Jemur
sabdanira rum amanis
bibi aku iki njaluk
iwak andaga pangaji
sapuluh ketheng kemawon //

9. Ikang adol nyentak anjempal-empul
heh thole kethengmu endi
mengko sun wehi wak wedhus
Jaka Betal Jemur angling
pa temen tan asung mring ngong //

10. Mengko sira sun aturaken sang prabu
wit iku kagungan aji
let sadina ri kajupuk
oleh lawan pangon kambing
papayone jur ko paro //

11. Iya lawan ingkang gadhuh wedhus iku
sru kagyat kang adol daging
nangling ja wawarta kulup
marenea saben enjing
Ingsun wenehi kemawon

12. . . . mesthi pangaji ketheng sapuluh
ki Jaka gya den sukani
. . . menda nulya mantuk
tan dangu pra . . .

hal. 42 – 43 tidak ada.

PUPUH XVI

Asmaradana = 2 pada

1. . . .
. . .
. . . kang arta ngawon
temah sami garejegan
dupi sangsaya sora
kapyarsa sing loteng panggung
dening rekyana patya

2. Jandela binuka gumrit
yun myat kang diya-diniya
saestu yen juru kebon
lawan raryalit sajuga
bagus suwarnanira
ki patih ngandika asru
juru demung marenea //

PUPUH XVII

Jurudemung = 7 pada

1. Ing kene mring ngarsaningwang
lan rewangmu padu iku
jaken mring ngarsaningsun
sang kalih gya prapteng ngayun
ning kyana patih ngandika
lah apa kang dadi padu
juru kebon atur sembah
kawula embentur wedhus //

2. Satunggal kalajeng pejah
winastan tiga kang lampus
gih dhateng rare puniku
andume panten kalangkung
mila kawula tan suka
ngantos grejegan adangu
nging meksa winastan tiga
mendanipun ingkang lampus //

3. Kalangkung gawok kawula
rekyana patih amuwus
apa nyata ujarmu
Betal Jemur aturipun
inggih saestu tatiga
mendanipun ingkang lampus
kyana patih angandika
paran lire lingmu iku //

4. Betal Jemur aturira
cempe kakalih gih tumut
pejah neng wetenging biyung
kang satunggal cempenipun
kendhit ina netra kiwa
satunggal pancal kang suku
kyana patih gya parentah
kinen ambedhel kang wedhus //

5. Sigra binedhel kang menda
tan wingwang lir aturipun
ki Jaka Betal Jemur
ing wau pametyanipun
langkung gawok kang tumingal
rakyana patih manyipteng kalbu
temah wedharing kang sabda
sapa aranira kulup //

6. Lawan sapa bapakira
ki Jaka alon umatur
namamba Betal Jemur
de pun bapa wartinipun
namanipun Bekti Jamal
kyana patih malih muwus
kalingane Bekti Jamal
kang sasuta sira iku //

7. Kya patih garjiteng nala
yen uripa bocah iku
nora wurung yen weruh
yen bapakne ngong kang bunuh
aleheng sun patenana
ilanga kalilip ingsun
aja dadawa prakara
kyana patih gya mring pungkur //

PUPUH XVIII

Pangkur = 45 pada

1. Animbali juru tuwak
tan adangu prapteng ngarsa ki patih
akras pangandikanipun
sun mundhut karyanira
patenana bocah aran Betal Jemur
yen wus mati atinira
saosna ing ngarsa mami //

2. Sun arep wruh rupanira
atine bocah kang ngudubilahi
juru tuwak awotsantun
mesat prapteng gyanira
Betal Jemur juru tuwak aris muwus
lah payo sira melua
mengko sira sun tuturi //

3. Betal Jemur atatanya
kula niki dikon melu mring pundi
bok gih ngriki mawon cukup
dika yun tutur napa
juru tuwak ling ambokya teka
nurut
maring jaban bata kana
nulya mijil wong kakalih //

4. Juru tuwak sigra mojar
sayektine sun kinen mring ki patih
ambunuh marang sireku
Betal Jemur lingira
ya sun wis wruh mula mangkono
parlumu
lah iya laksananana
nanging ingsun tuturi dhisik //

5. Yen sira mateni mring wang
nora tutug karsanira sayekti
juru tuwak malih muwus
pa sira wruh karseng wang
Betal Jemur panabdane asmu guyu
weruh pisan ing sedyanta
sira putra ing Ngabesi //

6. Suwita mring kyana patya
magangi putrane estri ki patih
kang pambayun warnanya yu
iku kang sira arah
nging durung kapareng ana
marganipun
juru tuwak latah-latah
ya bener ku karep mami //

7. Lah payo wecanen pisan
tembe apa kalakon sedya mami
kongsi karabi deningsun
wong ayu kang sun arah
anauri aris Jaka Betal Jemur
yen siratan bunuh mring wang
kalakon sira kapanggih ///

8. Ngling ya sun uripi sira
nanging paran aturku mring kya
patih
dene dipundhut atimu
ki patih ayun wikan
anauri malih Jaka Betal Jemur
ingsun bae singidena
maring pagonan kang dhemit //

9. Sira nuli ngupayaa
ati wedhus aturna mring ki patih
nanging nganggo milih iku
tan kena sok wedhusa
wetan kene ana uwong adol wedhus
duk metu biyange lina
cempene ku den susoni //

10. Marang ingkang darbe menda
kongsi gedhe denya anusu jalmi
ing mengko atining wedhus
rasa ati manungswa
dene den dol marga wonge dahat
butuh
yen ana wedhus ing wetan
satawane ywa ko awis //

11. Putra Ngabesi dyan mentar
Betal Jemur wus siningitken dhemit
ngriku putra Ngabesi dulu
ana wong adol menda
sangking wetan satawane gya
tinuku
dahat ascaryaning driya
mring ki Jaka denya sidik //

12. Dupi sapraptaning wisma
mendanira pinragat ponang ati
winadhahan ngancak laju
katur mring kyana patya
Aklas Wajir kamantyan sukaning
kalbu
ngling wis cidhet si keparat
atine sun arsa uning //

13. Ancak anulya binuka
kagyat ing tyas temah ngandika aris
kaya memper-memper iku
lawan atining menda
dene iku tan sepira sidadoun
sakala gya kinen bakar
duk mateng dyan den kedhapi //

14. Sakantunya kang dhinahar
nulya kinen nglolohken kang
turanggi
nahan kawarna sang prabu
maharaja Kobatsah
wungu sare supe ing sumpenanipun
gya nimbali pra dipatya
dini kanang prapteng ngarsi //

15. Sang nata sigra ngandika
sapa bisa ambadhe impen lali
agedhe ganjaran ingsun
sanggung kang para raja
apranata mangrepa konjem turipun
tan ana ingkang kaduga
sang nata emeng ing galih //

16. Ratu Lebar cipta rasa
nukmeng wadi lukiteng namur sandi
sandining rat wus kawengku
ar jeng tyas kasusilan
ratu ngadil sanadyan kapir sang
prabu
miguna anamun bawa
uning tyas arja len juti //

17. Rekyana patih ngandikan
ing narendra wus prapta jroning
puri
nata ngling smu nimpen rengu
heh patih baya sira
ingkang yoga amadhangaken
tyasingsun
lamun ora mangkonoa
tanpa pedah mengku nagri //

18. Sun lali sumpenaningwang
lah jarwanen impeningsun kang lali
ing sakabehe kancamu
wus tan ana kaduga
kari sira dhasar wus bubuhanamu
yen ratu peteng ing driya
padhange seka papatih //

19. Lamun ora mangkonoa
patih mesthi tan pisan misesani
mangreh ing para gung-agung
heh patih dena enggal
tarbukanen laline sumpenaningsun
ki patih keter rumaras
tumungkul tan ngrasa urip //

20. Sang nata asru ngandika
wis ta sira ngupayaa wong luwih
ajar tabib juru tenung
yen na kang bisa batang
iya maring laline sumpenaningsun
kalamun ora oleha
murdanira sun mung titip //

21. Wis padha sira metua
besuk Soma ingsun miyos tinangkil
ki patih nembah wus metu
lan sagung pra pratiwa
kang tan sarju sembrana
pamuwusipun
iki ratu anggalathak
akon badhe impen lali //

22. Kang tan ngimpi yen elinga
kang sumpena pyambak prandene lali
kyana patih mulih suntrut
duk praptanireng wisma
tanpa bukti ki patih anggung pitekur
ketang dukaning narendra
yen tan antuk angulati //

23. Jalma ingkang bangkit batang
kepyanira sumpeneng sri bupati
niscaya murdanya jabut
pinisah lawan badan
gya angerig kang tapeng mayanggeng gunung
nanging tan ana kaduga
ambadhe ing impen lali //

24. Ki patih antya sungkawa
nulya ririh nabda mring para rabi
heh Rubiyah wruhananmu
jeneng ingsun papatya
ing Medayin sun nemu panggiling ratu
lamun nora kabeneran
pisahira lawan mami //

25. Ing mangsa iki wruhanta
luwih angel pundhutane sang aji
wit kepyan sumpena prabu
ngong kang kinen badhea
yen tan bisa mesthi murdaningsun jabut
pra rabi katresnanira
nulya sareng deniranjrit //

26. Gumrah swareng kapatihan
lir kepaten solahing kang parestri
lara-lara sambatipun
selir miwah parekan
ingkang tresna dene wong kang patya kesdu
padha nyukurken kewala
wong urip awarni-warni //

27. Ki patih nimbali sigra
juru tuwak tan dangu prapteng ngarsi
winartan dukaning prabu
wit lali sumpenanya
kinen batang sapa kang bisa lir riku
lamun nora kebadhea
dadukane amateni //

28. Wong kang tapa tapeng arga
wus sun kering siji tan ana kari
meksa tan ana kang saguh
ambadhe impen ilang
lamun isih urip si Betal Jemur
pantes yen bisa ambatang
sun dhewe kang kurang ririh //

29. Saupama na kang bisa
anguripken si Betal Jemur nguni
sun wehi barang den jaluk
juru tuwak cipteng tyas
kontung dadi bilahi enggon sun matur
dene banget lutihira
ulate rekyana patih //

30. Kongsi acelong lir cina
sun watara wong iki trusing batin
nemu papanggiling ratu
yen luputa cilaka
juru tuwak apranata aturipun
pukulun tadhah daduka
pun Betal Jemur pan maksih //

31. Gih mila atining menda
kang paduka kedhapi duk ing nguni
ki patih ngrangkul gumapyuk
sarywa lon sabdanira
dhuh putrengsun sasat sira ingkang nambung

yoswengsun kulup den enggal
undangen mring ngarsa mami //

32. Si Betal Jemur samangkya
bok manawa nora arsa lumaris
gawanen turangganingsun
kalawan payungana
miwah kebut pamane meksa tan
ayun
iya embanen kewala
iki wastra cindhe wilis //

33. Juru tuwak atur sembah
kentar sangking ngarsanira ki patih
wus prapta ing prenahipun
Betal Jemur tatanya
gya tinutur sebdane ki patih wau
Betal Jemur wus ingajak
nurangga lan den payungi //

34. Sumawana kinebutan
tan dangu wus prapta ngarseng ki
patih
Betal Jemur gya tumurun
sangking turangganira
kyana patih duk umyat mring
Betal Jemur
agupuh denira nyandhak
mring babut den jak alinggih //

35. Dahat ing sasugunira
kyana patih alon denira angling
angrerepa tembungipun
heh kulup baya sira
ingkang bisa tulung ing
kasusahanku
lah apa panjalukira
mesthi sun pinangkani //

36. Yen kalakon sira bisa
angelingken impen ingkang alali
Betal Jemur alon muwus
iya ringong kaduga
lamun katemu lawan kang ngimpi
iku
yen tan panggih kang nyumpena
sayekti ingsun tan bangkit //

37. Dene yen kang ngimpi sira
ingsun iya saguh batang samangkin
yektine kang ngimpi iku
dudu sira priyangga
mulane sun tan bisa kya patih
muwus
kang ngimpi iku sang nata
batangen seka ing ngriki //

38. Betal Jemur wis ngucap
sun tan bisa yen tan panggih
pribadi
iya kalawan sang prabu
Aklas Swajir manabda
yen ko lumuh metya bilahyanta
kamu
Betal Jemur mesem ngucap
tekeng pati tan gumingsir //

39. Kyana patih tyasnya kewran
ngunandika sun cekele rareki
yen tan mangkonoa iku
mengko amesthi lunga
gya cinepeng wau Jaka Betal Jemur
linebetaken warangka
nahan kawarna sang aji //

40. Anuju ing ari Soma
sang nata Kobatsah miyos tinangkil
aglar kang pra punggawa gung
miwah pra manca raja
dining kanang senapatining apupuh
yayah girindra pawaka
prabaning kang busana di //

41. Lir wahning samodra bena
hyang pratangga pati merang
sumilib

pagut lawan busana gung
ngaubi panangkilan
alum bagas angsana lungset dinulu
meng wasnuring diwangkara
padudon ring sumbaga di //

42. Sri maharaja makutha
praba retna girindra endra giri
saarja thathit panunggul
pamengkang nagaraja
buka srinyanirat sri mubyar
sumunu
sangkep sang sri ganaloka
ngajrihi panduking liring //

43. Babusur busara krama
madyeng jaja pindha kama nengahi
sumilib sagunging wadu
samya konjem pratala
kawistara sri bupati nimpen rengu
galak tejeng karamuka
denya lenggah tumpang wentis //

44. Neng patarana kancana
sinasotya ya lemek prang medani
ngebel retna winawuku
nawa retna sotya bra
abrasinang mirah mentan lan
jumerut
padmasana sakanira
pinarkata sasotya di //

45. Kang munggeng byantara nata
kyana patih lan sagung pra narpati
manca myang pra dipatya nung
punggawa hulubalang
tigang leksa sami tatopong mas
murub
keprabaning diwangkara
remrem winduning pangeksi //

46. Juru malim pangalasan
munggeng kanan keringira sang aji
kekes sang sewaka sagung
dening sri naradipa
menggung renggang palunggyeng
pra kapinta gung
sru gonjing kang padmasana
kadyestu ngunduri runtik //

PUPUH XIX

Durma = 16 pada

1. Sri narendra akras denira ngandika
heh patih Aklas Swajir
lah kapriye sira
nguni sun kon ngupaya
wong kang bisa . . . ngapa
endi sun arsa uning //

2. Kyana patih gu . . . mbah
pukulun jeng dewaji
atadhah daduka
. . . dening rare kang nyagahi
turnya tan arsa
. . . pribadi

3. Lan paduka bathara ingkang
sumpena
. . . yen wus apanggih
inggih saget batang
awit rare ugungan
. . . genipun sowan ngarsa ji
ngantosi timbalanipun jeng
dewaji //

4. Duh wau wus ayun ngong irit
tan arsa
ngandika sri bupati
bocah pangalasan

sira enggal mentara
maring wismane si patih
kana na bocah
timbalana den aglis //

5. Pangalasan lengser prapteng
pawarangkan
lan Betal Jemur panggih
aris sabdanira
mangkana tembungira
manira dinuteng aji
sira ngandikan
barenga laku mami //

6. Lah metua Betal Jemur wuwusira
matura mring sang aji
nuwun duka ingwang
nora bisa lumampah
duta wangsul sigra prapti
ing byantarendra
katur niskara ngenting //

7. Sri narendra myarsa ture pangalasan
nulya kras denira ngling
bocah gamel enggal
kudengsun kambilana
banjur papagna saiki
gya kinambilan
turanggwageming aji //

8. Ri wus sira binekta ing panglasan
mring wismane ki patih
datan dangu prapta
wus panggih lan ki Jaka
pangalasan nabda aris
kulup metua
Betal Jemur nauri //

9. Iku apa ka sikil papat ko gawa
pangalasan nauri
iki rane kuda
titihan dalem nata
ngong gawa mrene karsa ji
ama . . . den aglis //

10. Jaka Betal Jemur arismu . . . .
. . . arane iki
sun iki manungsa
sayekti . . . yen kapidereng sang aji
nimbali ingwang
lah suwuna de . . . de . . . //

11. Pepatihe bae den kendhalenana
ambe . . . wajib
banjur kambilana
praptakna ngarsaningwang
yen mangkono ingsun mesthi
arsa sumewa
yun nunggang gigir patih //

12. Balik yen tan mangkono sun
luhung (luwung) pejah
tan gelem seba mami
lurah pangalasan
anjenger ngunandika
ki budi nganyar-anyari
durung wruh ingwang
karep kang kaya iki //

13. Sigra wangsul pangalasan praptanira
ing byantara sang aji
nulya nylak amparan
babisik aturira
purwa prapta amekasi
sigra maharaja
tri pandurat tan angling //

14. Rungsiting tyas tembe myat
pratingkah langka
antya sru tyarseng galih
tuhu ratu tama
loma mata bathara
cipta motangken prihatin
lara sak wirang
bocah ki mring si patih //

15. Pantes anggung atine kinuya-kuya
iya maring si patih
mangsa ta mangkana

yen tan potang sak wirang
sang nata sampun anggalih
sasmita samar
patang wawekaning writ //

16. Angejepi kalih lurah pangalasan
anubruk kyana patih
jumbul wus kabanda
nulya kinendhalenan
kinambilan kadi wajib
sigra binekta
maring gyan sang mong brangti //

PUPUH XX

Asmaradana = 24 pada

1. Lan kinarung ing samargi
den iring wong pangalasan
tan adangu prapteng gyane
Betal Jemur langkung suka
nangling lega tyasingwang
sing warangkan nulya metu
kyana patih gya cinengklak //

2. Betal Jemur . . . . nitih
ki patih ginebrak-gebrak
kendhali anggung ki . . . . k
pengalasan kering-kanan
miwah grebeg ing wuntat
jejel wong kang sami dulu
upama lir wong angarak //

3. Gawok-gawok sagung janmi
mangkana rekyana patya
yen rada kendho lakune
gya kendhaline sinendhal
lambya jur untu rampal
sewu lara wirangipun
lir ginubah gubras ing rah //

4. Untu kandhih ing kendhali
dadya runtuh turut marga
labete asru kinecek
congore mili ludira
pan wus tanpa upaya
ki patih larut kang bayu
tan dangu prapteng ngarsendra //

5. Sang nata kagyat ningali
cahyane kang lagya prapta
mangada-ada tejane
marenggang sri naranata
tedhak sangking ing dhampar
kang lagya prapta pinethuk
Betal Jemur duk lagyarsa //

6. Manembah cinandhak aglis
kinanthi den ajak lenggah
tunggil ing sawi jahane
ki patih meksih neng ngarsa
kinarung pangalasan
angandika sang aprabu
baea sapraptanira //

7. Kulup aneng ngarsa mami
Betal Jemur atur sembah
prasapa dalem kang dhawoh
ing patik kalingga murda
nata malih ngandika
marma sun timbali kulup
arsa ingsung akon batang //

8. Impen awit wadya mami
kabeh wus tan na kang bisa
lah mara babaren age
kapriye sumpenaningwang
Betal Jemur tur sembah
mangkaten sumpena prabu
paduka nata tumingal //

9. Kaluwa katela aji
winadhahan talam rukma
sumaos ngarseng sang naren
dereng ngantos tuwan dhahar
kasulak wonten sona
cenocok kluwa wau
sang nata gumujeng latah //

10. Alah dalah mengko eling
ya iku sumpenaningwang
ana wong siji nabda lon
mring kancanira kang celak
mau wis meh kewala
ya mangkono pamethekku
kluwa tela wadhah talam //

11. Dene gampang bae iki
mau wis neng pucuk ilat
meh-meh kawetu mring lambe
kurang saemeh kewala
aku tampa ganjaran
kehe tan kena den etung
sakarepku katutugan //

12. Sepuluh-puluh pinesthi
baya iki awakingwang
durung begjane cocote
tinakon cocote sapa
ya cocotku priyangga
padha gumuyu kang ngrungu
kancane nulya angucap //

13. Jer ika kang kurang gelis
gonmu matur ing sang nata
eman kehe ganjarane
wong nora pecus bok aja
sok gumisa bissaa
ingkang para punggawa gung
miwah pratapa mangkana //

14. Betal Jemur awotsari
dewaji ratu kawula
nuwun aksama abdine
dene sanget murang krama
damel lingsem narendra
wit saking panuwun ulun
numpak gigiring ki patya //

15. Anenggih pun Aklas Swajir
warana dalem Madiyan
sasilih ageng karaton
pramila pun patik dahat
tadhah daduka nata
muhung pangaksameng prabu
denyamba darbe paminta //

16. Ingkang makaten wit sangking
bapa kula pinejahan
dhateng patih ta sang katong
mangka boten gadhah dosa
sumangga karsa nata
wajib paduka sang prabu
paring adil ing kawula //

17. De mangke tosannya maksih
wonten pojoking udyana
nipun patih bing ler kilen
kapareng anggen kawula
saged matur ing nata
wit tuwan renteng ing kalbu
dening kepyan ing sumpena //

18. Pra gung-agung ing Madayin
tan wonten kang saged babad
temah paduka sang katong
amamundhut mring kawula
ulun darmi kewala
nglairken kang lir puniku
atas paduka sang nata //
nenggih Jaka Betal Jemur
sang nata sigra anduta //

19. .....

20. Pangalasan mring Pijani
niti priksa ponang tosan
wus koningan sadayane
sang nata kalangkung duka
ngujiwat weh sasmita
maring juru tuwak gupuh
jangganira kyana patya //

21. Pinedhang tatas gumuling
gembunge kalawan sirah
siya-siya ing patine
wit dosane tri prakara
mateni tanpa dosa
melik darbeni brana gung
kaping dwi cidra mring nata //

22. Tri tan pracaya ing batin
ing satemu nemu walat
brana kang dudu murwate
pantes ratu kang kagungan
lawas enggal niscaya
prapta adiling hyang Agung
marga ratu kang utama //

23. Ya ta ngandika sang aji
heh sakehe para nata
myang punggawaningsun kabeh
ing kene saananira
padha angestokena
yen samengko Betal Jemur
sun dadekken patihingwang //

24. Gumanti si Aklas Sajir
amiseseng wadya bala
ningsun ing Madayin kabeh
sagung wadya mestudeya
rumojong karseng nata
mangkya patih Betal Jemur
mangka kanthi ngreksa praja //

PUPUH XXI

Kinanthi = 20 pada

1. Angandika sang aprabu
wawengkone Aklas Swajir
omah saisine lawan
raja brana myang pawestri
iku kabeh darbek ingwang
kasraha marang si patih //

2. Sakehe kang para ratu
satriya myang pra dipati
ngaterna lurahmu anyar
mareng kepatihan nuli
pra raja sareng manembah
wus dening rekyana patih //

3. Kondur ngadhaton sang prabu
patih Betal Jemur maksih
lan sagung para raja
punggawa satriya mantri
budhal ngiring kyana patya
mring daleme Aklas Swajir //

4. Patih Betal Jemur sampun
dalem ing kapatihaning
kang aneng dalem kawarna
garwanira Aklas Swajir
tangise alara-lara
sasambate kyai-kyai //

5. Kawula tan saged kantun
leheng bektanen ngemasi
tan saged momong putranta
tan darmane dhuh nak mami
sira nora duwe bapa
dadi jalma keksi-eksi //

6. Dadi tawaning pyaywagung
den bisa ngenger mas gusti
ja lengus putungan manah
mundhak amamanas ati
den bangun turut bandara
marang kang sira ngengeri //

7. Aklas Sajir putranipun
kalih yu-ayu kang warni
pantes sasolah bawanya
tansah karuna mladati
sarwi bondhet ing ibunya
waspa dres lantaran pipi //

8. Tingalnya lut linuron luh
wimbuh saya milet ati
arifih denya karuna
ngangseg-angseg sarywa sisi
den usapi kasumekan
dyan patih anamur liring //

9. Dyah kang taruna tinuju-
dupi pagut ing pangeksi
lir gedhah anrang kumlasa
kumepyur tyasnya sang kalih
remak rempu kilang drawa
tan paja muga ing galih //

10. Dyan patih ing riku laju
nacahken barang den srati
lan sagung kang para raja
satriya punggawa mantri
miwah raja brana ingkang
aneng taman den usungi //

11. Malebet mring jro kadhatun
atas kagungan sang aji
gantungan mangka ganjaran
maring wadya sanagari
myang pager angreksa praja
ri wusira aneng puri //

12. Pinarnah ing gedhong sampun
mi jwabdi kang nyekel kunci
amilih kang tuhu setya
mangkana rahadyan patih
nulya lenggah ing pandhapa
lan sagung kang para aji //

13. Bojana prapta aselur
tur ature kang para ji
miwah sagung pra nayaka
katur ing radyan apatih
saksana sami adhahar
kembul pra raja dipati //

14. Sadaya suka tyasipun
dene kang dadya papatih
tyas undhagi mulyar jengrat
sambada taruna pekik
ri wusnya wenah bojana
bubar sagung pra narpati //

15. Sowang-sowang samya mantuk
kocap swamine Klas Sajir
anggarbini tigang candra
sinaosken mring jro puri
putra estri kang diwasa
satunggil kagarweng patih //

16. Dene sang dyah ingkang sepuh
sinungken putra ing Ngabsi
samya tut apalakrama
mangkya kang ibu dyan patih
sampun lajeng binoyongan
maring daleme dyan patih //

17. Kang ibu angungun-ungun
de maksih gesang kang siwi
wimbuh ar jantuk kamulyan
marga sihira narpati
mangreh sagung para raja
amengku bumi Madayin //

18. Siniweng pra dipatya gung
miwah sagung kang para ji
kang ibu marwata suta
nahan ing antara air
nuju ari Respatyenjing
sang nata miyos tinangkil //

19. Aglar sagung para ratu
punggawa satriya mantri
pangalasan hulubalang
sadaya pepak sumiwi
dyan patih neng ngarsa nata
jajar lan sagung para ji //

20. Angandika sang aprabu
mring Betal Jemur dyan patih
heh ya patih jarwanana
ing nguni sumpena mami
Betal Jemur matur nembah
artine sumpena aji //

PUPUH XXII

Dhandhanggula = 18 pada

1. Wonten klangenan dalem satunggil
wijil pangalit endah kang warna
anglangkungi sasamine
punika semunipun
gih kaluwa katela nguni
aneng talam kancana
de sang dyah wus dinung
aneng pura rinarengga
ing busana myang solah patrap winardi
tambah adining warna //

2. Duk arsa paduka cengkramani
dyah wau lami datan katingal
temah paduka kasupen
dene samangkenipun
kalangenan paduka aji
lampah silip denira
ulah lambang santun
lawan abdi tatumbasan
tiyang Ngabsi wus lami denya papanggih
neng gedhong kidul wetan //

3. Punika papan kalangkung repit
enggih ing rika wonten tabela
punika smune sagawon
tiyang Ngabsi wau
nocol kluwa dhar dalem aji
malah ing sapunika
meksih kalihipun
ing wau dalu denira
papanggihan sri myarsa turing apatih
tandya jengkar ngadhatyan //

4. Tan kongsi lukar busana aji
lajeng jujug mariksa tabela
sigra kinen buka kono
wong roro meksih turu
gya cinepeng jalanestri
sami kinen anglunas
kakalih wus lampus
sri narendra wangwang duka
animbali radyan patih mring jro puri
tan dangu sampun prapta //

5. Ing ngabyantaranireng narpati
wewah sihnya nata mring dyan patya
ngela-elantya pracayeng
patrap nata sasugun
pinrih ngunjuk gelas satunggil
gagenten lan sang nata
wus lami cinatur
ing saben ari ngandikan
marang pura trekadhang nata nindaki
mring dalem kapatihan //

6. Dhahar kembul lawan dyan apatih
lan gupita trap arjaning praja
myang lestarining kaprabon
luhuring kratonipun
radyan patih kang tur prayogi
cipteng nata mur darma
jumenengnya ratu
nging mituhu reh ngapatya
radyan patih tan korup ciptaning
abdi
tan anggep cemburuwan //

7. Marma sang nata kalangkung asih
myang pangaleming wong sanagara
durung ana salawase
lir patih Betal Jemur
sura wignya mantep tur titi
langgeng piyakuhira
dhasar ing tyas teguh
tan gampangken mangsa kala
mring ratune susetya rumeksa kalih
kumawula jatmika //

8. Ingkang jamak wong yen den kasihi
ngadi-adi iku teka nora
tan owah puja bektine
tita wong bagus tulus
mangkya wibuh arjeng Madayin
nglangkungi ar janira
kang rukun-rumukun
tajem jejeg pangadilan
kawarnaa prameswarining sang aji
garbini prapteng mangsa //

9. Babar priya warnane apekik
pating bleber pawongan jro pura
gumrah sajroning kadhaton
langkung suka sang prabu
enjingira miyos tinangkil
kadi adat wiyosan
patih munggeng ngayun
sang nata sigra anduta
pikandel lurah kaparak manjing puri
kinen mundhut kang putra //

10. Tan dangu wus prapta ing ngarsa ji
katur ing rama nata ngandika
heh apatih putraning ngong
sungana aranipun
dyan apatih majeng wotsari
putreng nata tinampan
mring patih pinangku
saksana aris turira
putra dalem anama raden mas yayi
yen wus jumeneng nata //

11. Nama sang sri Nursewan prayogi
ing tembe luhur karatonira
angreh sagung para katong
putra dalem pukulun
langkung saking paduka aji
jumenengipun mangka
papudhen pra ratu
wadyanya tan kenging etang
sagungira para ratu manca nagri
ngreh wadya nyewu leksa //

12. Pangalasan salebeting nagri
Madayin sadaya tigang emas
rumekseng siyang ratrine
mantri kawan leksa satus
kang rumeksa ing pancaniti
yen sedheng sinewaka
manggungnya na watus
tur sami putra yu endah
kinlamben mas tur samyatmajeng
para ji
mantri kang juru langlang //

13. Tatampingan kalih ewu sisih
mantri andel prajurit tri leksa
kang sewyasthi tumpakane
atatopong mas murub
sewu malih numpak karendhi
sewu numpak blegdaba

numpak unta sewu
sewu numpak adal-adal
sewu ingkang numpak memreng
sewu kuldi
sewu anumpak kemar //

14. Numpak senuk kang sewu turanggi
weneh numpak warak myang
andaka
langkung suka sang akatong
myarsa patih turipun
wit kang putra pinetya luwih
jumeneng anung dibya
papudhen pra ratu
ngamanca sami sumewa
binathara amengku cakraning bumi
ing nalika samana //

15. Wonten parekan atur udani
yen rabinya Aklas Sajir patya
lair priya wawratane
saksama kinen mundhut
prapta ngarsanira sang aji
sang sri nabda mring patya
arya Betal Jemur
patih paran karsanira
bayi iki tinggalane Aklas Sajir
dene ku metu lanang //

16. Bok manawa arsa sira pateni
Betal Jemur wotsari turira
kang boten-boten sang katong
lare tan tumut-tumut
tan uning sagunging prakawis
pan namung bapakira
ngandika sang prabu
iya patih bener sira
lamun mangkono sisan wehana nami
patih matur wotsekar //

17. Inggih sandika karsa dewa ji
lare pantes nama bagus Bestak
kalangkung waged ing tembe
mangka papatihipun
putra dalem punika benjing
wadyanya tigang yuta
de kawigyanipun
ing tembe yen dados patya
langkung saged angrakit basa
mamanis
miguna ing aguna //

18. Luwes salir pakartining guthit
sugih akal rembug kabudayan
keringan ing para katong
datan kewran tinantun
mamrih karti upaya bangkit
prawigya ngomondaka
sang nata angguguk
dyan patih malih turira
sampun ngantos pinisah lawan
putra ji
nata jengkar ngadhatyan //

PUPUH XXIII

Sinom = 15 pada

1. Atmendra den ban ing ngarsa
bagus Bestak ngiring wuri
tinunggilken tan kenging sah
ya ta ing alami-lami
nenggih rahadyan yayi
katongton suwarnanipun
bagus tur sulaksana
kawigyane angenteni
rerah mondra nanging semu tan
prawira //

2. Lan bagus Bestak agengnya
sami pantaran sang aji
antya sihira ing putra
lir nanggeng kumumu riris
ketang aturing patih
ing nguni pinetya punjul
benjang yen madeg nata
ya ta sang sri narapati
andhudhahi gedhong mesi raja
brana //

3. Lajeng kinarya dadana
mring sagung kawula miskin
sangking aturing dyan patya
pinurih arjaning nagri
lan sampun karya mantri
juru langlang kang tinuduh
mider sadina-dina
anelik wong ingkang miskin
jroning praja yen na nulya
pinaringan //

4. Arta tanapi busana
myang bukti puwara dadi
cukup wong sajroning kutha
ing saben ari anggili
pethi isi brana di
wutah maring dhusun-dhusun
keh wana dadi desa
desa keh dadi nagarai
jejel sukup wisma sajroning
nagara //

5. Iring-iring gunung jurang
lebak-lebak tirah kali
temah dadya karang anyar
pinggir-pinggiring jaladri
gemah kang palan dadi
andadi gimbal wohipun
kasub ing bumintara
arjane prajeng Madayin
wit jenengnya Betal Jemur patih
anyar //

6. Kaloka ing manca praja
balaba asih ing dasih
kukuh tindaking nagara
matuh mamatah patitis
tatas putus pakarti
gagah panggah agul-agul
gulanggung ing kaharjan
ar ja wong manca wedyasih
sih-sinihan ambek sadu para
marta //

7. Martani wong punggung mudha
myang wadya bala waradin
tan ana dunya kaetang
pan wus jangjine hyang luwih
sing sapa rila maring
kadunyane jalma iku
malah tikel tinambah
sing sapa nedya ngumedi
punthes cures nahan lami
antaranya //

8. Sang nata dangu yen ana
desa ingkang maksih sepi
jajahaning manca praja
akauban ing Madayin
kang dinangu wotsari
matur tan wonten kang suwung
dhusun arja sadaya
nata saben dangu abdi
datan antuk warta dhusun ingkang
sonya //

9. Sigra nimbali dyan patya
tan adangu prapteng puri
sang nata alon ngandika
paran dayanira patih
dening sun arsa myarsi
wartane desa kang suwung
jrone prajeng Madayin
wus lawas ngong tan tuk warti
radyan patih wotsari aris turira //

10. Gampil ing pratikelira
yen suwawi lan karsa ji
paduka sandiya gerah
sampun amiyos tinangkil
kawula andhawuhi
ing abdi dalem pra ratu
angupados usada
sitining dhusun kang sepi
nata mesem andhahar ture dyan
patya //

11. Saksana tinundhung medal
patih nimbali para ji
myang sagung para dipatya
punggawa satriya mantri
wusnya pinajar ngenting
karsanira sang aprabu
sigra nglampahken duta
sagunge kang para aji
lir sasulung wedale sangking jro
kutha //

12. Dutane sagung nurangga
maring jajahan paminggir
elor kulon kidul wetan
prapteng lalakon sasasi
tan antuk desa sepi
marma lami tana mantuk
utusaning pra raja
jrih dera cabaring kardi
malah kongsi lalampahan kalih
candra //

13. Ananging meksa tan ana
ingkang uning desa sepi
dutane kang pra dipatya
samana lampahnya manggih
wisma ing pinggir margi
nging wus lami denya rubuh
wondene purwanira
wong dagang kang darbe nguni
bekta reyal sakethi neng riku
pejah //

14. Wismane nagari liyan
tan darbe rayat myang siwi
akale patingginira
wisma satunggal puniki
gyaning reyal sakethi
tan ana kang ganggu-ganggu
myang ahli warisira
yen tanya nanging wus lami
tan na prapta nganti rubuh
ub-aubnya //

15. Praptanira ing samangkya
reyalnya sakethi maksih
nanging tan ana kang ical
sangking karsaning nagari
utusan wangwang ngambil
sitining wisma kang rubuh
mangka usadanira
gerah dalem jeng sang aji
para duta lampahe lir peksi nila //

PUPUH XXIV

Dhandhanggula = 16 pada

1. Denira wangsul dhateng nagari
pragantaka tan kawarneng marga
prapta ring kutha lampahe
duta laju anjujug
ing kepatyan sowan dyan patih
nulya matur niskara
denira pinutus
radyan patih langkung suka
tandya lajeng sowan malebet ing
puri
koningan gya ngandikan //

2. Prapteng ngarsa ngandika sang aji
heh patih paran pawartanira
Betal Jemur awotsinom
dhuh dewajwamba sampun
dhawuhaken dhateng para ji
muwah para dipatya
nayaka tumenggung
angupados dhusun sonya
sampun lajeng sami anduta
ngupadi
ngaler ngidul mangetan //

3. Ngilen miwah kang dhateng pasisir
ngantos dugi lampahan dwi candra
sing kedah mendhet sitine
inggih dhusun kang suwung
meksa boten wonten kang manggih
dutaning kang pra raja
kancamba sedarum
punika katuju angsal
wonten wisma bibrah sapinggiring
margi
purwanya tiyang dagang //

4. Ing lyan praja wonten riku lalis
babektanipun sakethi reyal
saking patinggi rigene
reyal sakethi wau
dinung wisma manawi wingking
wonten ahli warisnya
kang sedya angruruh
wasana prapteng samangkya
ngantos rebah griya gyan reyal
sakethi
tan wonten kang ngupaya //

5. Dene arta inggih boten cicir
margi tan den munasikeng janma
tiyarseng tyas sang akatong
miyarseng aturipun
patih wangwang umatur malih
kagungan dalem arta
ingkang telas dinum
cacah gedhong gangsal welas
isenipun ing saben gedhong
satunggil
sami angalih yuta //

6. Punika sadaya wus baresih
kantun gedhong sakawan kang
wetah
sang nata lon andikane
patih parah karepmu
arta ing saisihe kuwi
pa maneh sira buka
dinum mring wadyeng sun
radyan patih aturira
yen suwawi lan karsa paduka aji
gedhong ingkang sakawan //

7. Winetahna kemawon prayogi
wajibing ratu asimpen arta
ajagi westhining gawe
ewed ayaning pungkur
mangka dadar lelering dasih
yen prepeganing karya
mrih kareksanipun
mangka praboting nagara
bilih ratu karem anggung simpen
picis
lepat dados boyongan //

8. Anisthaning ratu keh kang wani
temah ngalamat dahuruning rat
sang nata ngandika alon
ya apa karepmu
ingsun darma jumeneng aji
wus parcaya ing sira
gonmu mrih rahayu
saksana dyan patih medal
mangkya Madyan wrata tan ana
wong miskin
nanging cekap sadaya //

9. Awit tuwuk dananing sang aji
pan lumintu ben ari satemah
wadyabala asih mule
ing patih Betal Jemur
cipta sami mangsuli ing sih
denyamben santa budya
paramarteng wadu
ulah bawa kasudarman
pra dipati satri mantri wedyasih
myang ratu ing amanca //

10. Sangsaya keh pra ratu sumiwi
wit kongkulan dana kasusilan
sangking patih prabawane
nahan mangkya cinatur
sang atmendra rahadyan yayi
yoswane sang Nursewan
wus sel angkung taun
sami kewala lan Bestak
narpatmaja warnanya bagus respati
limpat pasang grahita //

11. Yayah rena sakalangkung asih
nalikeng nata amagelaran
supenuh wadya balandher
sagung kang para ratu
jajarira rahadyan patih
myang pra raja ngamanca
wangwang wingki ngipun
pra dipati myang satriya
ya ta sang sri Kobatsah ngandika
aris
heh patih kaya paran //

12. Ing adege putraningsun benjing
apa ana kang wani anglawan
salumahing bumi kiye
denira sudibya nung
pangidhepan kang pra narpati
iku pametyanira
patih nembah matur
dewaji nung tanah Ngarab
kang nimbangi putra paduka ing
benjing
kalawan tanah Ajam //

13. Sadyanipun sangang nagari
kang purun mring putra
padukendra
Mekah ngalab gagedhuge
ing Yaman malihipun
ing Kalkarib Kebar wus dening
kang Kam Srandil Rum Yunan
Mesir jangkepipun
sang nata malih ngandika
ing samengko apa ta wus padha lair
radyan patih manembah //

14. Inggih wonten ingkang sampun lair
wonten kang maksih wonten
wawratan
lyan dereng den wawratake
ngandika sang aprabu
yen mangkono sira apatih
lumakua priyangga
mring jajahanipun
ing mau nagri sasanga
kehning bocah lanang tumpesen
ja kari
lan kang neng jron wetengan //

15. Bedhelana apa dene patih
undangana kabeh wong somahan
sajrone ing taun kiye
waler papacuhingsun
aja na wong agawe bayi
patih matur sandika
ngling malih sang prabu
prajurit sira gawaa
kang saparo saperang tunggu nagari
patih tinundhung medal //

16. Sinangonan tigang atus kethi
mas barana patang puluh unta
radyan patih saundure

sangking ngarsa sang prabu
wus wisuwur wong sanagari
gusti radyan apatya
pinutus sinuwun
anumpes babayi lanang
nadyan ingkang neng wetengan
den bedheli
akeh ucaping jalma //

PUPUH XXV

Asmaradana = 13 pada

1. Mawarna wong kang prihatin
myarsa undhange sang nata
nenggih sanagara kabeh
larangan wong gawe anak
nadyan keh linarangan
ambok aja siji iku
kepriye mono iki ta //

2. Teka anganeh-anehi
salawasku durung myarsa
larangan kang kaya kiye
wong laki rabi punika
ingkang pinurih apa
iya amung siji iku
iya kang wis duwe anak //

3. Kang durung kaya ku iki
pancene arep tak gelak
awarna-warna ucape
tan lyan pamrihe priyangga
gawokaning agesang
nahan dyan patih kocap wus
sarawuhe dalemira //

4. Angagya siyageng dasih
derarsa dinuteng nata
umyang gumrah sawadyane
ting seliri wong wanita
miranteni kang lanang
ingkang mangka sangunipun
obat anget lawan karag //

5. Jeruk pecel kencur sunthi
lempuyang beras bang uyah
duk wus prapteng ubayane
gong beri tangara umyang
sagung wong kapatihan
bala koswastra supenuh
mirantya sikeping yuda //

6. Lir giri puspa marnani
sumbanganing wadya tantra
sanekyantya asri tinon
dyan patih ingkang kawarna
lagya ngimur kang garwa
solahe lir kupu tarung
mempeng sedhengnya pasihan //

7. Apan lagya pitung tengsi
duk panggihireng pangantyan
sang dyah yun milyeng priyane
lumuh manawi tinilar
tan pae radyan patya
denya sih ing garwanipun
temah sakamantyan welas //

8. Wratnya dinuteng narpati
dadya pinegat tresnanya
rasa-rasa sakalihe
ri sampunira busana
jangkep ing saniskara
dhasar warnanira bagus
karengga dening busana //

9. Tandya angkat radyan patih
gumerah swaraning wadya
ngriku radyan patih munggeng
swandana gempung kaparja
arja giniwangkara
lir bedhaya tangkepipun
anirig samarga-marga //

10. Tunggulnya mawarta asri
songsong yayah paksi krendha
sedhengira araraton
diudag lalayu kakandha
manyethi abra sinang
sinerang andres ing marut
kerut urute tan pegat //

11. Dudukan tar ngapit-apit
miwah waos wergu sulam
lan sanjata lanangane
barungan thathit makilat
tempur prabanirengkang
diwangkara anganguwung
budhalnya sangking Madiyan //

12. Mangkana lampahing baris
wus lepas saksana ngambah
wana miwah padesane
ngarara sami kebekan
dening wadya lalampah
dyan mambah tepining gunung
gunung lebak myang jujurang //

13. Lamining nu tan winarni
mangkya lampahira prapta
tanah Ajam jajahane
baris kendel radyan patya
laju nglampahken duta
pra mantri mring dhusun-dhusun
anumpes babayi lanang //

PUPUH XXVI

Dhandhanggula = 35 pada

1. Kadi dhandhang kehing wong kang ngili
mring padesan myang ing gunungan
miwah mring jurang papereng
wenenh mring luhuring gunung
ting renggenek wong kang garbini
myang ngungsekken nak lanah
de warta misuwur
radyan patih rawuhira
numpes bayi lanang wus keh kang ngemasi
dening duteng dyan patya //

2. Ri wusira gya budhal mring Ngarbi
prapteng tepis iring kagegeran
wong sami ngungsekken rare
nahan ingkang winuwus
darahira jeng nabi Brahim
bangsa Ismangil ika
tedhak kaping wolu
bagenda Simatma tengran
Ngabdul Muntalib jumneng dipatyeng Ngarbi
rahayu dudi darma //

3. Legaweng tyas paramarteng dasih
anoraga ambeg santa budya
mintir tan pegat danane
mring pekir miskin sagung
sami cekap nyandhang lan bukti
asih mring para dagang
dana krama sinung
rinayat keh dadya mitra
nagri Mekah kabawah Yaman nagari
bulu pekti ben warsa //

4. Atase ing Ngarbi nagri alit
nging kineringan silaning praja
denya alus babudene
sang dipati anulus
dibya murda ngenaki ati
temah ing kering kanan
pra raja sih lulut
anggepe sami ambapa
ing sapangreh subasitane respati
mrah arja parikrama //

5. Kacarita sira sang dipati
atmajanira sampun sawelas
samya priya sadayane
sing garwa tiga wau
dene ingkang sepuh anenggih
nama Siti Katikah
putranya puniku
tatiga pan sami priya
kang pambajeng radyan Abdaku
geng inggih
nanging datan prawira //

6. Sundhulanira nama dyan Jubir
dyan Ngujer nulya garwa pamadya
nama dyan Alib putrane
Abu Lahab panggulu
arsudiman rahadyan Ajil
kathahira sakawan
de garwa panunggul
anama Siti Katimah
paputra dwi radyan Ngabdullah
pangarsi
cahya pindha purnama //

7. Arinya nama dyan Abuntalib
garwa sepuh malih apaputra
radyan Ngabas panengrane
nulya dyan Ngabdul Samsu
jangkep putranya sang dipati
sawelas sami priya
nging sadaya wau
budinya sami kusabra
amung nyantri tan wonten kang
wireng jurit
mila sang adipatya //

8. Ciptanira antya sru prihatin
kaya paran nagriningsun Mekah
katemua rahayune
kapit ratu gung-agung
kanan kering tur padha kapir
yen luput ing pratingkah
ingsun mring pra ratu
tan wurung dadi boyongan
awit tan na kang yogya nanggulang
jurit
yen na satru mangrempak //

9. Baya ta wus karsaning hyang Widi
sinung anak sawelas tur lanang
durung ana babanthenge
ingkang dadi pikukuh
kuwat den lindungi wong mukmin
sagotrah warganingwang
paran dadinipun
yen klakon tinawan kopar
amamelas wadya gotrah wangsa
mami
mangkya sang adipatya //

10. Ciptanira antya sru prihatin
tansah salat khajat mring Betullah
dadonga ing pangerane
pan wus lami cinatur
datan kondur sang adipati
ambanter pudyanira
wus sawelas taun
kirangira kalih candra
sang dipatya dahat pangunguning
galih
dening sumpenanira //

11. Juru petang nujum ramal sami
ingandikan prapteng ngarsanira
sang dipati andikane
heh wong suratul nujum
palakiyah wong iladuni
babaren impeningwang
kang katon dening sun
sun dulu rante emas
lir andaru wetune sing gigir mami
seblak maring ngawiyat //

12. Datan suwe rante iku prapti
pan angadeg aneng ngarsaningwang
gayuh ngawiyat adege
praba gung muncar murub
padhang sabawana nelahi
kayon isining donya
kabeh padha tumyung
mring prenahing rante emas
rante nuli mobat-mabit anyabeti
kakayon ing sadunya //

13. Rubuh kabeh tan anak kang kari
anggulasah kadi binabadan
mung ranteku ngadeg dhewe
ing keblat papat terus
wetan masrik mangulon magrib
pan padha katanceban
jaban langit butul
tan ana kang katingalan
mung rante mas iku kang katon
pribadi
ana pange marapat //

14. Kayu kang rubuh anuli tangi
padha ngendholi pange rante mas
wus ketalen mirut kabeh
dene genge rante ku
meh kebekan ing jagad iki
mumbul anuli sirna
bali mring gigir sun
sun tangi awit sing kagyat
tan antara sun nuli anendra maning
ana maneh katingal //

15. Rante mutyara nelah wening
mijil seka ngulon-uloningwang
sundhul ngawiyat adege
ana ing ngarsaningsun
pitung langit lan pitung bumi
kabeh pan katanceban
ing rante ku mau
sajagat katon narawang
suwe-suwe rante iku sun tingali
ana pange marapat //

16. Katanceban keblat papat nuli
karungu gumuruh swaranira
wong sadonya prapta kabeh
sujut mring rante iku
nuli ingsun kasulak tangi
lah payo jarwanana
sagung para nujum
tur sembah anuwun duka
ila-ila lumangkung karsaning gusti
ri sang amardi sabda //

17. Ywa sangsayeng tyasira ring mami
saanane kono atinira
payo lairena kabeh
tur sembah para nujum
inggih tuwan benjing manawi
paputra miyos priya
prakoswa dibya nung
dados prajuriting alam
amumpuni kawijayan jayeng jurit
lalanang sabuwana //

18. Sadaya ratu kang sura sekti
sami kesor ing asmara laga
temah sumiweng sarehe
tur raga jiwanipun
dahat sami ajrih sarwa sih
kaputer isining rat
ingkang malang putung

ing rawe-rawe rantas
apranata mring putra paduka
benjing
gusti namung punika //

19. Pamanggihing pun abdi anuli
asemonta dhateng kancanira
pan samya guyub ature
leres turnya puniku
datan siwah sampun netepi
sangking ing nujum ramal
sang dipatya muwus
lah maneh sira bahara
kapindhone rante mutyara kang
keksi
para nujum turira //

20. Semuning rante mutyara benjing
bumi Mekah badhe wonten jaman
anyantuni sarengate
nabi Ibrahim kang sampun
pan minangsuh winangun malih
panutaning sajagat
mutyara kang semu
tan lyan sing darah paduka
kang murwani agal lembat inggih
nunggil
mijil sangking paduka //

21. Dupi sanalika sang dipati
sujud waspanya dres lir tinuras
wong nujum ginanjar kabeh
arta wastra brana gung
tangisira sang adipati
sing kapenuhan gengnya
ungraning hyang Agung
bubar nujum palakiyah
sang dipati kondur sru oneng ing
rabi
duk tetep sawlas warsa //

22. Duk prapteng dalem sang adipati
Siti Fatimah tinujweng karsa
luwaring resmi ing kono
sang adipati laju
wangsul malih mring Bettullahi
dumugekaken khajat
ing wau cinatur
Siti Katimah ri wusnya
sinarenan dupi wus antuk tri tengsi
nusul atur uninga //

23. Yen wus angidham antuk tri tengsi
ri sang duk myarsa turing kang
garwa
tambah sengkud panekunge
sang dyah saksana kondur
kuneng malem Jumungah nenggih
Siti Katimah nendra
supena kadulu
jeng nabi Musa tumedhak
angandika Katimah wruhanta iki
iku wawratanira //

24. Metu lanang tembe lamun lair
ku minangka prajuriting alam
bisa petak ngobahake
jagat gora gumledhug
sagara reh kagiri-giri
prabata prakampita
langit gora umung
kantaka sagung miyarsa
wong meteng truh kayu ron sol sah
sangking wit
kendheng gandhewa pegat //

25. Kembang wigar gagar sah sangking
wit
kocak jalanidi aprakatha
gara-gara gurnita reh
kilat thathit abarung
limeng dhedhet surya sumilib
lintang pating semburat
gora gra gumuntur
geter kang pratiwi goyang

satru tistis rusak wiyasaning jurit
sang dyah dupi mangkana //

26. Asru kagyat wungu sangking guling
sakamantyan pangunguning driya
ginanda arum astane
sare malih sang ayu
katon kangjeng Suleman prapti
arum kang pangandika
nini wruhanamu
yaitu wetenganira
metu lanang prawira sudibyeng jurit
alalana dikara //

27. Para ratu sakurebing langit
darma bae simpen raja brana
nanging anakmu kang duwe
wibawa kaya ingsun
amung kacek datan ngratoni
kang kumelip ing donya
bedane lan ingsun
nging sipat kang duwe endhas
wedi kabeh ya kaya mring jeneng mami
sinuyutan pra raja //

28. Dyah Katimah nulya wungu malih
astanira ginanda angambar
anrus kakulung wangine
sare malih sang ayu
nulya rawuh jeng nabi Brahim
arum kang pangandika
nini darahingsun
iku wawetenganira
metu lanang prawira kakung ing bumi
wiweka mandra guna //

29. De netrane putranira benjing
sinung awas angolah gagaman
kinacek lawan wong akeh
padha lan netra wolu
paningale netra kakalih
dari jine sadasa
padha duwe kalbu
kadi atining manungswa
kanakane sepuluh awase kadi
ya lir netraning jalma //

30. Warna gilap lir mutyara wening
tandhane kacek lan kehning jalma
iku akeh bilahine
mapan wis jamakipun
nora ngapa wong bakal luwih
ya gedhe rancananya
wus karseng hyang Agung
lan asih ing kawulanya
nora dhahar yen tan bareng lawan dasih
punggawa para raja //

31. Wusnya mangkana mukswa jeng nabi
dyah Katimah wungu denya nendra
ginanda arum astane
sare malih sang ayu
jeng nabi Adam ingkang nedhaki
ngandika wruhanira
kung kang sira kandhut
metu lanang tur sudibya
lan bobote padha lan gunung sakethi
nalika dhinawuhan //

32. Mangkana sang dyah kagyat sing guling
dening bayi kang neng jro wetengan
gumleger asru swarane
sang dyah kongsi anjumbul
tarataban ciptaning galih
dupi ngraos supena
ayem manahipun
astanya ginanda ngambar
sakamantyan pangungunira sang dewi
duk samana wus enjang //

33. Nahan gantya kawarnaa malih
lampahira rahadyan apatya
Betal Jemur sawadyane
tlatah Ngarab wus rawuh
ngambah tepis wiring nagari
gegere apuyengan
kuwur ura-uru
kang samya ngungsekken bocah
bumi Mekah oter kekes sru ning
miris
katur mring sang dipatya //

34. Lamun wonten papatih Madayin
praptanira numpes rare ingkang
jaler karsane ratune
wadyane tanpa petung
sang dipatya ngluwar semadi
andungkap petangira
kalih welas taun
medhak sangking Kakbatullah
undhang maring wadya santana
pra mantri
kinen saos sugata //

35. Sawarnanira kang sarwa adi
cipta kinarya aminta welas
yogya dadi rarubane
den alimana iku
lampahira numpes babayi
samapta sawawannya
pirang-pirang pikul
samya arungub diwangga
neka warna gya budhal sang adipati
ngiringaken sugata //

PUPUH XXVII

Mijil = 25 pada

1. Ngungsut bawa mijil sang dipati
nitih kuda wadon
minta welas mindha boyongane
prapta pabarisannya dyan patih
na wadya Madayin
tur uning alamun //

2. Dipati Mekah sowan mariki
ngaturken bon-abon
gya tinimbalan prapteng ngarsane
radyan kalih dupi tumingal mring
sang dipatyeng Ngarbi
kamantyan jrihipun //

3. Dadya enggal denira marpeki
anyandhak tan alon
maring dipati Mekah astane
den jak salaman tansah tur ajrih
kinen lenggah nginggil
ing smu datan ayn //

4. Sagunging kang para putra Ngarbi
ngabekti kumroyok
radyan patih dupi myat cahyane
dyan Ngabdulah
tan samar ing galih
yen nur buwat nabi
rasul kang panutub //

5. Estu dumunung neng putra Ngarbi
duk umajeng alon
arsa ngabekti rinangkul age
dyan patih mesem manyipteng galih
sida angabekti
sun sembah ping sewu //

6. Ri Wusnya sadaya angabekti
sang dipati alon
matur angaturaken rubane
sarywa ngrarepa netya minta sih
rahadyan apatih
kakenan tyasipun //

7. Temah lulut sih mring sang dipati
nulya ngandika lon

ya dhuh kakang aywa ta selarse
lampah manira numpes babayi
nging waged ngalingi
ing sriranta estu //

8. Kadi sang nata pracayeng mami
mangsa ta kalakon
sang dipati langkung panuwune
dupi saya dangu radyan patih
waspada saliring
dipati smunipun //

9. Dadya inganggep sudarawedi
pyagung kalih bonyo
datan mantra anyar papanggihe
kocap samanten radyan apatih
lajeng den aturi
mring Mekah lumaju //

10. Daut sadaya wadya Madayin
ing nutan kacriyos
dupi ing kitha Mekah praptane
sagung ratu punggaweng Madayin
amakuwon sami
wonten ngalun-alun //

11. Kebekan dening wadya prajurit
asri kang pakuwon
tinon alajur-lajur ajejer
prande langkung pambojakramining
sang dipatyeng Ngarbi
mring wadya Madayun //

12. Saksana radyan patih aparing
arta myang panganggo
dhateng janma Mekah sadayane
para mantri tekeng pepekir miskin
jalu lawan estri
tan beda sungipun //

13. Awekasan sami ajrih asih
prasami kawiyos
maring radyan patih panggunggunge
de ber brana tur rahayu budi
para marteng dasih
ambek santa luhur //

14. Tan prabeda wadyanya dyan patih
gih sami kawiyos
maring sang dipati Panggunggunge
denyamboja krama amenuhi
kacihna ing galih
budi darma alus //

15. Marma ing saben ari sang kalih
tan pegat patemon
condhong wardaya sami dene
datan mantra ageng lawan alit
lir sadherek nunggil
yayah rena tuhu //

16. Kuneng Ngarab ing samangkya
ganti
Madayin kacriyos
ing nalika dyan patih ungkure
sri Kobatsah grah sanget ngranuhi
wangwang animbali
sang narendra sunu //

17. Nata ngling kulup sapungkur mami
umadega katong
ambawani sa Madayin kabeh
mung wekasingsun mring sira kaki
iya si apatih
iku gagentiku //

18. Poma akunen bapa sayekti
punjungen lalunggoh
bumi saleksa tan tuna angger
dene sira pinetya ing nguni
madeg ratu luwih
binathara punjul //

19. Angreh jajahan sagung para ji
reprep awotsinom
sira ratu pinituwa dhewe
ngatas angin tekeng bawah angin
praja kopya maswi
nungkul atur-atur //

20. Ri wusira sampet ing waweling
sang nata mur layon

sajroning pura gumrah swarane
sagungira ingkang para manis
ingkang kawratan sih
sru pamularipun //

21. Asasambat dhuh gusti sang aji
ngong bektanen layon
katuwon tega tilar dasihe
ana ingkang rontok-rontok weni
nyablek-nyablek wentis
lulur-lulur suku //

22. Kantun nibeng babatur gumuling
nahan kang wus layon
tandya dhinerekken laluhure
nenggih saerah sri narapati
kawarna kang kari
sang narendra sunu //

23. Kocap lajeng jumeneng narpati
ingestren pra katong
sang prabu Nursewan bisikane
sang binathara anyakrawati
Bestak wus kinardi
papatih Madayun //

24. Amarentah sagung para aji
misesweng antero
ning rat jajahan Madaying kabeh
wus ingestren ing sagung para ji
petyanira nguni
patih Betal Jemur //

25. Ing samangkya pan wus anetepi
samangke kacriyos
nagri Madayin senapatine
prabu Ibruskara angemasi
atmaja gumanti
Kistaham ranipun //

PUPUH XXVIII

Dhandhanggula = 23 pada

1. Sarkarane nagari Madayin
senapati sang raja Kistaham
ing Madayin babanthenge
prawira tiru buyut
canggah wareng sami sinekti
sadaya tiru bapa
tate munah satru
nglar jajahaning Madiyan
daya deye raja Kistaham puniki
tan pisan ngemperana //

2. Lir laluwurira nguni-uni
mung jaile denya pala cidra
ngandelken banjet nyenyete
luwes anjabung alus
karenah akale ngenting
nging akal balendokan
pramila tan turun
kadi ingkang kuna-kuna
mangkya sang bathararsa anuduh
mantri
kinen mundhi pustaka //

3. Pinaringken mring rahadyan patih
Betal Jemur mangkya ingandikan
caraka wotsari lengser
sangking byantareng prabu
cacah dhomas punggawa mantri
sadaya anurangga
gupuh lampahipun
ing ngenu tan winursita
prapteng Mekah wus panggya
rahadyan patih
srat sinung gya tinampan //

4. Tinupiksa mangkana kang tulis
penget kang surat narendratmaja
ing Madayin adi kaot
ingkang miseseng wadu
sayogyane tumeka maring
bapa patih ya sira
arya Betal Jemur
wiyose sun weh weruh ring sira
sapungkurme rama ji praptaning
jangji
mengko sun madeg nata //

5. Anetepi wirayatmu nguni
ingsun jujuluk prabu Nursewan
nyakrawati buwana ngreh
lan si Bestak sun junjung
dadi mangka papatih mami
sira tulus amonga
marang jenengingsun
sun punjung bumi saleksa
apa dene sira ingsun undang mulih
mring nagara Madayin //

6. Saciptanira rahadyan patih
iki tutug gon sun pawong mitra
lan kakang dipati kene
kang marentah wus surut
tan sumelang gonku ngalingi
mring pawong sanakingwang
dyan patih kocap wus
undhang ing wadya balanya
siyagarsa kondur mring nagri
Madayin
duta wus ingangsulan //

7. Mesat sangking ngarsaning dyan
patih
sigra-sigra prawara cudaka
pra mantri dhomas lampahe
nahan gantya cinatur
garwanira sang adipati
Mekah Siti Fatimah
babar miyos kakung
sareng sadalu kalawan
Siti Mahya garwanya Tambi Jumiril
gih sami miyos priya //

8. Cinarita lamine garbini
Siti Mahya asring-asring kagyat
dene kang neng wawratane
gih jabang bayinipun
neng jroning padharan awaking
sang dyah ing tyas trataban
sru pangungunipun
cipta warnane kaya pa
nahan samangkya sang adipati
Ngarbi
langkung sukeng wardaya //

9. Ri sedhengira enjing tinangkil
lan dyan patih Betal Jemur denya
arsa kondur sawadyane
sumekta neng lun-alun
radyan patih lagyarsa pamit
wangwang dipati Mekah
tur uning kalamun
ing ratri kang garwa mbabar
mijil priya nulya ken mundhut
kang siwi
prapta ngarseng dyan patya //

10. Radyan putra pinangku anuli
radyan patih mesem wor ngandika
bagus temen bocah kiye
ana gunane besuk
sutanira kakang dipati
yen prapta ing diwasa
prakoswa dibya nung
prajurit lalanang ing rat
widikdaya kaputer ing
nungswabumi
mangka papaku alam //

11. Tuhu pamungeraning ajurit
tanpa lawan ing asmara laga
rantas ingkang rawe-rawe

kang malang-malang putung
apranata kang pra dipati
sanggyaning bumintara
kasor prang sumuyut
senimbah kang pra narendra
duk miyarsa sira sang dipatya
Ngarbi
nuwun nekem mustaka //

12. Dadyemut panekungnya ing nguni
tinarima ring hyang maha mulya
mangkana alon ature
inggih kang mugi kabul
ing pangestu paduka kadi
lawan sungana tengran
putranta puniku
dyan patya ling rane Kamzah
pan ing tembe sugih jajuluk pribadi
anut kaprawirannya //

13. Kakang putranta lare puniki
yen sembada ngong pendhete anak
manirangsung prabeyane
salir waragadipun
sigra mundhut mas pitung sapi
prapta sinungken agya
sang dipati nuwun
sang Ngabdul Muntalib nedah
mundhut putranira ki patih Jumiril
katur ing dyan apatya //

14. Wangwang pinangku ing wentis
kering
radyan Khamsah aneng wentis kanan
winangwang-wangwang kalihe
dyan patih Betal Jemur
kabelet gumujeng nulya ngling
bocah iki sambada temen
warnanipun
ireng manis pamulunya
sirah bunder rambute abang barintik
leker wadananira //

15. Amidara dene amantesi
puniki benjang lamun diwasa
julig akeh kasektene
sambrana andalurung
amuthakil tungtung besiwit
kaworan angalunyat
imbuh-imbuh besur
sathithik rada nyalunthang
smu ndaregil kaprawiraning ajurit
sangang puluh sasanga //

16. Kalamun wis umur wolung warsi
kaki-kaki kena den karenah
amesthi kalong donyane
yen umur sangang taun
bisa ngutil padhanging linggih
kan duwe tan karasa
nire darbekipun
yen umur sepuluh warsa
bisa maling anugel dhasing narpati
tan kongsi kawenangan //

17. Palayune benjang rare iki
padha lawan pangraping turangga
sawidak asta umbule
mancolot amalencut
swidak asta benggang lan siti
yen nuju neng paprangan
denira malencut
bisa ing telung pamucang
kongsi kaku atine mungsuhe sami
lamun nuju mangkana //

18. Akeh para ratu ingkang sedhih
yen asanggweng asmaradi laga
sasat kena tambang rawe
darijine ing besuk
patagihan pating gariming
yeng nora ngemak-emak
endhasing pra ratu
yekti banjur gerah uyang
nanging apik tan arsa dhasing pra
mantri
upama kagepoka //

19. Banjur age-age den wisuhi
kipa-kipa sru denya tan arsa
mung sirahe raja bae
bocah roro puniku
manira kang angambil siwi
nulya aparing emas
malih tigang pikul
tinampen mring sang dipatya
sarywa matur lajeng paringana nami
ngandika radyan patya //

20. Duk manira mangku bayi kalih
wentis kang kiwa karasa emar
kang tengen emir samangke
kakang lare puniku
putranira ngong rani Amir
kang kiwa Umarmaya
puniki apatut
poma sampun kongsi pisah
bayi kalih tunggilena siyang ratri
ri sang mangestu sabda //

21. Ri wusnya mangkana radyan patih
tandya nurangga myang sang
dipatya
ing Mekah inggih andherek
dyan patih konduripun
saha wadya gumerah asri
songsonge kang pra raja
ya abra dinulu
tinon yayah paksi krendha
myang swaraning lampah lir robing
jaladri
duk prapta jabeng kitha //

22. Sang dipati Mekah kendel nuli
sasalaman lan rahadyan patya
rasa-rasa sak kalihe
nganutaken pandulu
sang dipati Ngabdul Muntalib
duk barisnya wus lepas
sang dipati kondur
mung patih Jumiril ingkang
kinen dherek jajahan Ngarab pra
sami
kinen saos sugata //

23. Prapteng lalampahan tigang ratri
patih Jumiril pandherekira
asaben-saben makuwon
tan na kirangipun
sugatanya mintir anggili
wenah penuh warata
sawadya sadarum
Jumiril wus tinarima
kinen wangsul saksana gupuh
ngenjali
lir tingkahing asmara //

PUPUH XXIX

Asmaradana = 38 pada

1. Lajeng kur-ungkuran sami
Jumiril lawan dyan patya
sru kapirangu kalihe
Jumiril ciptaning driya
lahela mring dyan patya
tan kawarna lampahipun
Jumiril sawadyanira //

2. Sampun prapta ing nagari
Mekah nulya matur nelas
niskaraning denya ndherek
sang dipati langkung suka
mangkya nagari Mekah
dyan patih sakonduripun
maweh pangunguning jalma //

3. Sadaya jalu myang estri
gedhe cilik tan prabeda
denya kasengsem manahe
mring sira radyan apatya
denyambek paramarta
balaba ring reh rahayu
tyas pindha pasthika maya //

4. Temah ing praja makingkin
dene sato myang kukila
lir nulya ngungun isthane
tan osik kang taru wreksa
dene tan kamarutan
kadi tunutur pangungun
ning sagung wong sanagara //

5. Langkung malih kang parabdi
samya tontonen maksihnya
radyan patih sawadyane
denya gumrah ing sadina
dina among kasukan
sinuguh belabar sekul
ulam lawan papanganan //

6. Ing mangke nyenyet asepi
tan na sabawa kapyarsa
nahan gantya winiraos
ingkang maksih alalampah
radyan patih duk prapta
tepis wiringing Madayun
nulyanduta tur uninga //

7. Sang prabu anyakrawati
ing kono nuju sinewa
para raja dipatyandher
prapta cudakaning patya
srat katur ing sang nata
binuka sinuksmeng kalbu
sawusnya nulya ngandika //

8. Heh Bestak si bapa prapti
nanging isih aneng marga
undhangana wadyani ngong
sun arsa tumindak mapag
patih Bestak tur sembah
bok sampun susah pinethuk
pun bapa tiyang punapa //

9. Tus trubus yektose ngabdi
putuning juru madharan
duk eyang paduka katong
sri maha prabu Sakerah
pun Nindahu punika
inggih juru mangsakipun
sri narendra dupi myarsa //

10. Aturing Bestak apatih
sakalangkung dukanira
asugal pangandikane
si Bestak iki wong edan
sun meksih kaengetan
rama ji wawelingipun
mawanti mring jenengingwang //

11. Pinurih nganggepa kadi
suwargi jeng rama nata
bapa mangka gagentine
amomong ing jeneng ingwang
pae dhewekne iya
nora nana kang amuruk
awit tan menangi bapa //

12. Sayektine ingsun wedi
kalamun anikelena
wawelinge rama katong
andheku ki patih Bestak
sakalangkung ajrihira
tandya ingundhangan gupuh
para raja myang dipatya //

13. Satriya punggawa mantri
hulubalang pajineman
sang nata jengkar ngedhaton
ing dalu tan winursita
enjing sri maharaja
sawusing busana laju
amiyos mring panangkilan //

14. Ki Bestak sampun sumiwi
lan sagung kang para raja
pra dipati satriyandher
supenuh kang wadya koswa
neng lun-alun agelar
buntu ponang marga agung
sang bathara angandika //

15. Apa wus sumekta patih
ki Bestak sampun aturnya
wong-wong kinen budhalake
prajurit ingkang pangarsa
mangka cucuking lampah
raja Cina lan Magelur
Nglanung Mandras lan Cemara //

16. Sumundhul ing para rayi
Kenanuk lan si Rubinah
Dribasit nyukuh wus dene
sri Bubarwan myang malebar
Ngindu lawan Ternatya
Paris Ngrus ingkang sumundhul
nulya tindaknya sang nata //

17. Ginarbeg wira pinilih
ing ngarsa wadya Daleman
sangang kethi sami kapten
sagung wahana dipangga
asri sumbaganira
sarwa brit topong mas murub
abaruti waja gilap //

18. Tempuh lan prabaning rawi
remrem makulat singa myat
pratistha pasi kepane
amandhi lukita muka
kang sumundhul wurinya
prajurit wong sangang ewu
samya wahana blegdaba //

19. Pasikepannya jemparing
sangang ewu numpak kuda
candraswa pasikepane
weneh memreng wahananya
sikep towok myang kantar
cacahira sangang ewu
kang swandana adal-adal //

20. Apasikepan cempuling
numpak unta sangang sasra
bedhama pasikepane
numpak warak sangang sasra
musthi boji serampang
numpak kemar sangang ewu
pasikepan gandhirajang //

21. Myang wadya wahana kuli
asikep jiret sarampang
tindak dalem sang akatong
ginarbeg mantri prameya
nitih liman lan abra
dalajug kancana tatur
kembar sirating baskara //

22. Duduk kantar nubing wuri
tinggar jepun kering kanan
kang munggeng wuri sang katong
rekyana apatih Bestak
sawadya kapatihan
kalih leksa yitneng kewuh
lawan sagung pra dipatya //

23. Horeg mahetala gonjing
sing kehning baris lalampah
lir wredyangga sasra tinon
kaget gadgada kang jaga
jaga-jagani jagat
panjrahningkang wadya laku
mur laning kisma sinampar //

24. Ing wadya ingkang lumaris
sumunggut kuda dipangga
aselur liweran tinon
wuwusaen wau kang prapta
aneng tanah pabeyan
radyan patih Betal Jemur
wus atas pamiyarsanya //

25. Yen nata methuk pribadi
dadya ginelak lampahnya
tan adangu antarane
kepethuk samya pangarsa
mire wadyeng kapatyan
bandera baris sasiyung
atembak wadya melatar //

26. Myang sagung para dipati
wonten sajawining marga
Betal Jemur duk waspaos
mring nata gya sah sing kuda
nata dupi tumingal
lamun dyan patih tumurun
sigra jinrumken dwipangga //

27. Betal Jemur malajengi
maring gyane sri narendra
sang kalih sami onenge
radyan patih lan narendra
sareng paran-pinanran
duk cundhuk dyan patih gupuh
mendhak arsa apranata //

28. Asta cinandhak mring aji
datan sinung awotsekar
dadya mung salaman bae
dyan patih tandya binekta
minggah tunggil saliman
patih Bestak nyandhak angkus
minangka seratinira //

29. Tengara budhal sang aji
gumuruh swaraning bala
lir kocaking samodra rob
kocap dupi neng margana
laris tindak sang nata
akathah pandangunipun
dhateng rahadyan apatya //

30. Wus katur sadaya ngenting
amung nalika neng Mekah
kang datan den aturake
binawur wus kathah pejah
bayi jaler tumpesan
ing manca nagri sedarum
tekeng gunung padedesan //

31. Sagg nata suka ing galih
myarsa ture radyan patya
laris tindaknya sang katong
nulya wonten paksi munya
neng luhuring palana
wus dangu denya tut pungkur
smu kagyat sri naranata //

32. Nulya Bestak ababisik
matur maring sang bathara
paduka dangua katong
artinipun paksi munya
pun bapa kadi wikan
angandika sang aprabu
bapa iku jarwanana //

33. Unine manuk ing nguni
Betal Jemur aturira
punika beluk lan dares
nedya sami babesanan
beluk kang urun priya
dares urun estrinipun
paksi dares ananedha //

34. Tumbasan dhusun kang sepi
wontena kalih kewala
paksi beluk wangsulane
gih nyagahi kang mangkana
yen maksih bagus Bestak
dados papatih Madayun
nadyan nedhaa sadasa //

35. Beluk inggih anyagahi
sang nata mesem miyarsa
rahadyan patih ature
ki Bestak tambuh solahnya
kalangkung denya wirang
myarsa ture Betal Jemur
nata rawuh jroning kitha //

36. Betal Jemur wus den panci
anenggih sabin saleksa
panembahan jujuluke
tinari binapa-bapa
yen kala sinewaka
munggeng keringnya sang prabu
lenggah ing padmasana mas //

37. Lir tan kena sah sakedhik
lawan sang sri maharaja
dene sagung kang pra katong
sedene ki patih Bestak
sami lungguh ing ngandhap
mangkana sedhengnya wuwus
sang nata enjing sinewa //

38. Aglar ingkang para aji
tenapi pra manca raja
dipati satriya andher
punggawa mantri lubalang
prawara dining kanang
ing panangkilan supenuh
sadaya angraras driya //

PUPUH XXX

Mijil = 29 pada

1. Markelu sagunge ingkang nangkil
sang nata ing kono
pinrak mungguhing dhampar
rukmine
abusana kaprabon tulyadi
cahyaning sang aji
nganguwung umancur //

2. Anenggih ing Pijajar sang yogi
celak lan sang katong
petarenan ing saniskarane
karseng nata tan kepyan sang yogi
kang tinari-tari
swahar jeng praja gung //

3. Dereng dangu denira tinangkil
kangjeng sang akatong
anulya wonten juru langlange
ing tampingan tur uning samangkin
jajahan Madayin
sanget ura-uru //

4. Kathah risak ingkang palakatri
dhusun sami jemblong
awit jalma sami susah tyase
temah nilar pakarangan panti
marginipun sangking
tan keni wong luput //

5. Tansah nrapken dhendha saben ari
kang tan saged asok
dipun belok saweneh rinante
cinangkalak pramila semakin
pasebaning patih
pasakitan agung //

6. Ting lelathak kang den cengkalaki
kan sami binelok
ting bagogok dene rinante
pating karencang datanpa wilis
sanget sami sedhih
sangking ring reh rusuh //

7. Boten etang dosa geng lan alit
sinami kemawon
siasatnya dene tyang kang angles
sangking wrat raja pundhuting patih
duk kacepeng nuli
tinlikung mrekungkung //

8. Boten luwar yen dereng ngesoki
kalih belah keton

sri narendra kamantyan dukane
wahyaning sabda datan sumirih
heh si Bestak kuwi
polahe arusuh //

9. Misesa prajaningsun Madayin
ka kaya mangkono
iku dudu patih lalabete
ngrusakaken ar jayuning bumi
tan pisan ngemperi
bapa Betal Jemur //

10. Apa baya tan kepengin dadi
papatih kinaot
kalokeng rat becik caritane
kaya bapa Betal Jemur nguni
bok den irib-irib
crita kang lir iku //

11. Nanging nora malah-malah dadi
gegering sakeh wong
baya wus pinasthi Bestak kuwe
atine lir kuthila si anjing
wateking dhadhemit
kang den angge iku //

12. Dudu watake manusa yekti
yektine mangkono
angrusake bumi-bumi kabeh
miwah anusahken kehning jalmi
ingkang laku tani
wus tatela iku //

13. Seka tingkahe si murka piti
arda laning awon
teka kaya mangkono polahe
tan mantra yen rumeksa si anjing
mring kartaning nagri
yen mangkono iku //

14. Kon nunggu dhewe desa kang sepi
karang celeng jingklong
si Bestak iya iku patute
awit tan nglabeti raning patih
pangalasan nuli
dhadhuhna dukengsun //

15. Sakabehe marang ing si patih
gya kentar kang kinon
angujari prapta ing ngajenge
kyana patih pangalasan nuli
dhawuhken salirning
dukane sang prabu //

16. Patih Bestak dupi amiyarsi
linge duteng katong
sru tumungkul angusapi luhe
denira dahat angrasa sisip
nata ngandika ris
mring sang maha wiku //

17. Bapa karsaningsun bab ing patih
ing nagarining ngong
bokya balia mring sira maneh
drapon tentrem pulih lir ing nguni
wit tan ana kang yogi
mrinani jenengsun //

18. Kajaba sira bapa lan maning
swargi rama katong
mring sun mawanti-wanti welinge
pinrih manut rigenmu salirning
atasing pakarti
wiku Betal Jemur //

19. Kewran ing tyas margi wus udani
kitab kang suraos
tatela lamun dudu pasthine
amatihi sang sri nyakrawati
Bestak kang pinasthi
papatih Madayun //

20. Nulya matur mring sri narapati
pukulun sang katong
sampun sangsaya mring tyas risake
padhusunan prituwin nagari
gih amba sang aji
kang sagah angejum //

21. Anentremken lir ing nguni-uni
nging karsanta katong
sampun ewah pun Bestak dadoseng
papatih nagri dalem Madayin
cethanipun inggih
tan kenging linintu //

22. De pun Bestak rehe kang nalisir
ing mangke kemawon
kula ingkang murih prayogine
sang sri duk myarsa ture sang yogi
antya sukeng galih
lalu angedhatun //

23. Bubar sadaya punggawa mantri
satriya pra katong
nulya sowang-sowangan antuke
mung ki patih andherek sang yogi
ri wusira prapti
ing Pijajar laju //

24. Agupita purna sang wikwaglis
juru sratnya kinen
akarya serat pitembungane
dhawuh sangking pyaywagungkakalih
dhateng sadayaning
jajahan Madayun //

25. Tan ngarani janma kula tani
liring srat anapon
sira padha mituhokna kabeh
poma aja na owah lir nguni
bab tata tataning
desa saliripun //

26. Den lir nguni ring kala sang yogi
masih ing kaparbon
ri sampunira dadya surate
kyana patih nuding kang pra mantri
anebarken tulis
maring dhusun-dhusun //

27. Sadaya jajahaning Madayin
kawratan pawartos
sakala janma samyeca tyase
suka seneng ingkang laku tani
myang kang samya grami
tan sangsayeng kalbu //

28. Sampun wangsul kadi nguni-uni
manahe sagung wong
ingkang paran-pinaran lakone
saari dwi saari myang tri ari
sadaya basuki
tan sangsayeng enu //

29. Janma dagang gih mangkana ugi
dupi sang akatong
amiyarsa dahat suka tyase
de prajanya wus arja lir nguni
nahan ta ing ngarsi
lir larasing gambuh //

PUPUH XXXI

Gambuh = 14 pada

1. Radyan Hamzah kang cinatur
wus yuswa sepuluh taun
saya katon baguse rahadyan Amir
cahya lir wulan sumunu
dinuk lir mukswa sangking gon //

2. Dedeg pideksa nrang semu
alus lurus ingkang bau
awlar wijang ingkang pamidhangan
wingwang
jri jwa murtyeng ngri ngrerayung
pasemone dhongoh tengoh //

3. Lampah-lampah tindakipun
ya wiletan kaduk ruruh
nerah mandra susela krama prak ati

yen ngandika manis arum
masang wiweka tan keron //

4. Limpat panggraita putus
manis jait ing pamulu
andhap asor pasaja tembung mlas asih
jetmika parikrama lus
dadya kondhanging wiraos //

5. Keh para dyah lengleng mangu
yen andulu mring sang bagus
rehning dyan Khamzah maksih kapara alit
dadya tan kapadhan kayun
brangtane sagung wong wadon //

6. Perawan welanjaripun
myang randha somahan gandrung
kempong perot jambul wanen nini-nini
kedanan mring sang binagus
iya tan pangrasaning wong //

7. Siyang ratri gumarumung
tan liyan ingkang cinatur
nenggih namung baguse rahaden Amir
kang lalaku tiba kabruk
ya dhuh gusti raden anom //

8. Kang mususi lenguk-lenguk
sakosekan sang abagus
kang ambathik duk lagya damoni canthing
ya dhuh babo raden sunu
kang angantih legog-legog //

9. Sasentegan raden bagus
kang anenun kapirangu
sasentegan asasambat raden Amir
kang anutu mandhing alu
sasambat wong bagus anom //

10. Sapolahe teka patut
ya ta lah ambak wong bagus
teka nora nana ingkang den waoni
begjane kang darbe sunu
na rowange mangsulyalon //

11. Weruh apa kowe amung
gunggung begja kang susunu
aku krungu jare gusti jeng dipati
neng Kakbah tan kondur
sawlas taun jungkung panon //

12. Dhahar sarene cinatu
lah iku patukonipun
manthuk-manthuk rowange kang den tuturi
na weneh wong wadon muwus
yen sun rasa awakingong //

13. Tanpa gawe nahen gandrung
lir kate pan ngrangsang gunung
paribasan si cebol anggayuh langit
pantes ngarsakna wong bagus
pra putri atmajeng katong //

14. Kang dhe gedhe prajanipun
lah iku patute besuk
mendah ngarsakna wong kang kaya ku iki
kuneng wadon ucapipun
cinarita sang wiranom //

PUPUH XXXII

Sinom = 29 pada

1. Kawistara yen sudibya
kasudirannya ngenteni
atanggon tan milih papan
meksih timur anrang westhi
prakosanira luwih
mantep tatag tur ateguh
kang rama langkung sihnya
cipteng tyas katrimeng Widi
pandongane dening hyang kang
maha mulya //

2. Yoswanira radyan Kamzah
sadasa warsa lumaris
sami lawan Umarmaya
datan sah ing siyang ratri
dyan Amir jetmikani
dyan Umarmaya ambesur
cacag pinten gengira
bisa ngrenah kaki-kaki
wicarane wasis amaliwat ujar //

3. Kadya ta lare kajiman
wiweka julig awegig
sembrana aparikena
radyan Marmaya puniki
sambada lan kang warni
pan mangkana rengganipun
bunder wadananira
rekmane abang barintik
ireng manis manise semu
sembrana //

4. Dedeg methesel kepalang
nanging pamidhangan wiwing
tingalnya delik ngatirah
anggung cinthing-cinthing lathi
lathi jongor amanis
yen ngandika tuntung guyu
swarane rada erak
wiletan pasemon lungit
tembung luwes luwese rada
naranyak //

5. Nranyak ngepak-epak sirah
parandene parak ati
prak ati asmu naranyam
muthakil jetmika bengis
melikan andaregil
nanging sedhep tibanipun
dremis delap tur ladak
anyalunthang melas asih
akalahan nging sok ngepak-epak
sirah //

6. Pratama pasang graita
ngentasi salirining kardi
patitis lamun micara
angen-angene undhagi
datan kewran tinari
waskitha drigameng kewuh
tatag kebat tur cukat
lumuh kakenan kudyolih
mung pothete akarya sandi
upaya //

7. Amelikan remen donya
nanging nora nedya sugih
emanan nanging balaba
wus pinansthi mring hyang Widi
radyan Marmaya iki
neng antya anuksumeng guyu
sinung waris mangkana
samana rahadyan kalih
saben ari tan kena sah sanalika //

8. Mring pundi pundi kewala
Marmaya inggih kakinthil
saparane radyan Khamzah
ri sedengira kawarni

ameng-ameng mring jawi
aningali rare gelut
rame surak-sinurak
agenti banting binanting
samya suka sagung rare kang
tumingal //

9. Ngepung ingkang gagelutan
duk celak rahadyan Amir
amiyag rare sajuga
denya kedyarsa udani
ingkang banting-binanting
kang winiyak nulyan jagur
radyan jinengkang-jengkang
mesem dyan Kamzah lan nolih
Umarmaya anyentak Kamzah
malesa //

10. Sigra males radyan Kamzah
rare cinandhak binanting
ajur tekan babalungnya
kulite pating sulawir
kinukupa upami
jisime tan na sawakul
wus awor lawan lemah
kang duwe anak nangisi
nulya marek maring sang dipati
Mekah //

11. Nulya samya ken bicara
genging rare kang binanting
kalawan rahadyan Kamzah
estu ageng kang binanting
lawan rare miwiti
ing kale wus limrahipun
rare padha dadolan
sapa wruha tekeng pati
nora dadi bicara mantuk kewala //

12. Radyan kalih duk samana
ri sedheng samya kakaring
arsa ningali brahala
kabuyutane wong kapir
jroning nagari Ngarbi
maksih kathah kapiripun
saben dina pinuji
pinaripurna unggyaning
sajen-sajen sumaji mawarna-warna //

13. Aran dhongka pamidikan
ing wuri kineton asri
dyan kalih ri wusnya prapta
manjing dhangka aningali
sajene warni-warni
myang pandamnya ting palencur
pinetri ginubahan
sajen nulya den ambili
dening Umarmaya sigra
pinanganan //

14. Sakarine binalengkrah
pandame sami pinatin
kang tunggu dhangka anulya
srengen lan anggawa gitik
arsa marpeki maring
Umarmaya unggyanipun
ujarnya wor bramantya
monyet iki kang marahi
tharuthusan angrusak patung
goningwang //

15. Rupamu lir bajing alas
besure ngudubilahi
ya rasakna mengko sira
mati ingsun jemalani
Umarmaya nauri
wong ngaku tan melu melu
mrene ki mau iya
adhimas ingkang marahi
sarwi mire alingan mring radyan
Kamzah //

16. Wong kang tunggu dhangka mojar
padune bahe sakepis
netra wruh dhasar ya sira
kang marahi ngrerusuhi

ngrusak tatunggon mami
mengko bilahyanta kamu
dyan Kamzah pinarpekan
arsa jinemala nuli
wong cinandhak binanting ajur
galepang //

17. Dhangka sigra ingobaran
ing ngriku sagung wong kapir
duk uninga langkung kagyat
de dhangkanira binesmi
dening radyan kalih
saksana arsa pinikut
duk myat rowange pejah
manahnya samya sru wingwrin
dadya mundur mung nguman-uman
kewala //

18. Radyan kalih pinrih kesah
tandya kondur mring nagari
kang darbe brahala sigra
milungguh mring sang dipati
jalwestri tanpa wilis
saksana alon dinangu
denira sami sowan
matur kang milungguh sami
putra tuwan mejahi tyang tengga
dhangka //

19. Lan ambesmi kabuyutan
ngandika sang adipati
bocah dwiku wruhanira
wus tan kena sun wuruki
sakarepira dadi
mring babayi roro iku
sadyane wong kopar
kendel wekasan apikir
lan rowangnya wusana mantuk
sadaya //

20. Nulya kangjeng sang dipatya
animbali putra kalih
dyan Amir lan Umarmaya
sudarma angandika aris
heh sira bayi kalih
dolana sajabanipun
kutha kewala aja
padolan jeroning nagri
sakarepmu yen aneng jabaning
kutha //

21. Dyan kalih matur sandika
nulyarsa meng-ameng maring
nenggih sajawining kitha
kalunta sangsaya tebih
radyan dupi ningali
kebon witnya kurma agung
dyan Umarmaya sigra
malumpat prapta ing nginggil
ngundhuh kurma kang mateng-
mateng dhinahar //

22. Radyan Kamzah duk tumenga
dahat denira kepengin
nulya ngling sun tibanana
kurma kang mateng sathithik
Umarmaya tan nangling
cipta nyobaa riningsun
malah angenak-enak
tan grewes den jajaluki
dupi noleh Marmaya sarywa
anyentak //

23. Yen kowe kepengin kurma
ja pi jer brebegi kuping
ambok ya menek priyangga
padha duwe tangan sikil
nora kober ngalethis
anggung gawe celak-celuk
dyan nangling temen kakang
nora aweh sun jaluki
Marmaya ngling temen lah arep
angapa //

24. Rahadyan Kamzah anulya
ngulati kurma kang dadi

nging sadaya arang-arang
kang dadi namung sauwit
Umarmaya ugyaning
sigra cinangdhak witipun
kurma binedhol rebah
Marmaya malembang aglis
nyamuk-nyamuk wor gumujeng
latah-latah //

25. Nulya wit kurma kang rebah
papahira den titihi
dhumateng rahadyan Kamzah
denira dhahar milihi
kang mateng-mateng nuli
radyan Marmaya tumurn
thuk-manthuk kalinceran
kang darbe kebon duk uning
sru bramantya wong roro
anguman-uman //

26. Sarywa ngagar gagitiknya
duk celak kang siji uning
yen punika putranira
jeng gusti dipati Ngarbi
lan wruh kadigdayaning
rahadyan Kamzah puniku
temah dahat ajrihnya
nulya nuturi rowang ing
kang dereng wruh dupi sampun
tinuturan //

27. Antya jrih sigra lumajar
kang siji nututi nuli
lajeng manjing mring nagara
sedya marek sang dipati
tan kawarna ing margi
prapteng kutha wong dwi laju
sowan ing ngarsanira
sang dipati wong kakalih
sigra matur ing purwa madya
wusana //

28. Bab rehira radyan Kamzah
ngandika sang adipati
iki ingsun paring dinar
mangka wruh sun angileni
kurma kang wis binukti
nging manawa tembenipun
bocah maneh mangkana
ing sakarepira maring
bayi roro sarehne ingsun tan bisa //

29. Anyegah mulang muruka,
cekelen sun rila yekti
wong roro nuwun tur sembah
sarywa anampeni picis
wangwang sami apamit
mantuk ing mangkya winuwus
sajrone prajeng Mekah
ewah lir ing nguni-uni
sakehning wong denya wus myarsa
jangkanya //

PUPUH XXXIII

Pangkur = 16 pada

1. Yen nagari Puseralam
badhe wonten ratwagung pinrajurit
anglalana sudibyanung
mila sagung wong Mekah
kang darbyanak lanang samya ken
binahu
ulah astraning ayuda
myang aji jaya kasektin //

2. Kadigdayan kanuragan
kasantikan kateguhan wus dening
tan pegat sadinanipun
wong kang sami gugulang
luwes rikat terampil pangolahning
hru
miwah ingkang babalapan
rikatan sandering wajik //

3. Ing saben sore kalangan
neng si jinggon wong doh adoh
keh prapti
saweneh lurug-linurug
gawa paris lan pedhang
wonten wong sajuga anama pun
Janul
wus wundhu tan na kang lawan
sadaya jalma samyering //

4. Si kaprawiraning yuda
rosa keras tala sura berwani
kalamun muji pun Janul
tandhing junjung-junjungan
anjunjung wong lir angel wong
njadhel dukut,
winangwang yayah salaka
nahan Marmaya kawarni //

5. Ngandika mring radyan Kamzah
payo Kamzah padha deleng prang
tandhing
ingkang rayi bangun turut
sampun prapteng kalangan
kang neng tengah kalangan nuju
pun Janul
sasumbar angruwuh lawan
ngerak-ngerik denirangling //

6. Heh sapa kang arep lina
melebuwa amapag tandang mami
dyan Umarmaya amuwus
Kamzah kowe ditantang
ingkang rayi amangsuli manis arum
dudu aku kang ditantang
kang raka ngandika malih //

7. Jerih temen sira Kamzah
wong ditantang semu teka tan
ngerti
malah pi-api tan krungu
gya sukune dyan Kamzah
sinampar sampar pinrih bendu
amuwus
dene banget amamirang
putrane rama dipati //

8. Sinumbaran wong mangkana
nora wani teka ngisin-isini
dyan Amir anulya mlebu
lan pun Janul wus panggya
akras mojar pun Janul heh sira
kulup
sumingkira kang mandrawa
ja ngrewegi wong prang tandhing //

9. Mangsuli sang Ngabdul putra
heh prajurit yengsun kang nedya
tandhing
anguja ing karosanmu
payo bantingen ingwang
dipun kongsi ajur awor lawan lebu
pun Janul gumuyu latah
ngling kalingane sireki //

10. Arsa mapagken kurdhengwang
dene genjah lara angemping pati
yen kena tak eman kulup
leng muliha kewala
mengko yen mati tinangisan
biyungmu
wruhanmu sun saben dina
watu kang tak gawe undhi //

11. Sapapundhung yen sun buwang
marang tawang kongsi keksi sapeksi
lir sira maneh tak junjung
yen karasa ing tangan
sang katimatmaja malih ngandika
rus
ya mara buwangen ningwang
pun Janul kamantyan runtik //

12. Ngrasa lamun den mejana
gya cinandhak radyan peksa
binanting

panjunjunge ala nganggur
dumadya datan obah
den rosakken ameksa datan kedaut
karingete duleweran
mukane lir metu getih //

13. Sukunya mak bles bantala
wates dekung napase metu kuping
radyan tita tan kajunjung
nulya pun Janul mojar
heh payo bagus genti pinjungen
ingsun
yen kelar anjungjung ingwang
banjur bantingen ing siti //

14. Yen bisa ambanting mring wang
tuhu sira prawira tanpa tandhing
dyan Umarmaya amuwus
Kamzah sira den ina
mring wong lir mangkono wangune
tan dhapur
pun Janul sigra cinandhak
gumenyeng tininggil wyati //

15. Tan tara binanting kisma
anggalepung angganya awor wedhi
tekan babalungnya ajur
wong sakalangan bubar
samya wingwrin umiyat sang
Ngabdulsunu
prakosa kagila gila
saestu wus tanpa tandhing //

16. Mangkana ucaping jalma
mandahane diwasane ing benjing
de samangke maksih timur
sampun kadya mangkana
digdayanta yata kapiyarseng riku
kang rama sang adipatya
kang manah suka prihatin //

PUPUH XXXIV

Asmaradana = 29 pada

1. Susahira sang dipati
mangkana denira tansah
tampi sasereganing wong
kang darbe katresnan lina
wit solahnya kang putra
dene sukaning tyasipun
umyat prawiraning putra //

2. Denira sampun netepi
lan wangsit jroning sumpena
sumawana wirayate
patih agung ing Madayin
duk kalane neng Mekah
sang dipati lah ing ngriku
animbali ingkang putra //

3. Anenggih dyan Abuntalib
kalawan kang rayi Ngabas
sang dipati ngandika lon
kulup paran rembugira
prakara rinta Kamzah
maria pandhugalipun
gone sok mateni jalma //

4. Umatur dyan Abuntalib
kiyai sumangga karsa
tuwan amba nut ing sareh
prakawis putranta rimas
umatur radyan Ngabas
menggah putranta pukulun
arimas langkung jatmika //

5. Nging kang Marmaya kang asring
mamarahi ing arimas
kang rama pangandikane
iku kulup karsaningwang
arimu titipena
ing Balki mring kang pangulu
ya lan kakangmu Marmaya //

6. Dimene winuruk ngaji
supaya padha weruha
kukum mari pandhugale
radyan Kamzah lan Marmaya
wangwang sami ngandikan
tan dangu wus prapteng ngayun
ingkang rama angandika //

7. Sira iku bayi kalih
aja sok padha andhugal
anggung amateni uwong
umatur dyan Umarmaya
tyang putra dalem dhimas
kula boten tumut tumut
esmu mesem ingkang rama //

8. Cipta sampun ngudaneni
ing sakarenteging driya
nulya nabda bayi roro
sira padha ameluwa
marang ing kakangira
ingsun titipken pangulu
ing Balki padha ngajia //

9. Nangling mring dyan Abuntalib
wis padha sira ajaka
amung salamingsun bae
mring kakang pangulu kana
mangsa bodhoa sira
kang sinung ling awotsantun
kentar sing ngarsaning rama //

10. Rahadyan sakawan sami
adulur lampah ing marga
sakehning wong kang samya non
kapya lam-lamen jroning tyas
myat sang katimatmaja
katuwon warnane bagus
mandah ta yen wus diwasa //

11. Tur samangke meksih alit
para dyah wus kathah brangta
dadya kawahnya ucape
parawaning pakauman
ya dhuh rahaden putra
pantese ing besuk yen wus
diwasa madeg narendra //

12. Banjur krama putri adi
aku kaul amawongan
mung kesamparan abdine
lowunglowung wruh warnanya
dupara lamun karsa
maring wong kang kaya aku
ana rowange angucap //

13. Nanging pethekku wong sigit
angel laladenira
wong wis katara semune
luput pisan kena pisan
yen lagi kabeneran
mesthi anglegaken kalbu
nahan prapteng jawi kitha //

14. Lampahnya pra putra Ngarbi
kerig prawan sedagaran
kang dang tinggal dangdangane
kang mususi tinggal beras
kang bathik gamanira
den nurut prelu andulu
warna-warna denya ngucap //

15. Ana ngling raden suwawi
bok inggih anggarsakena
kampir griya kula raden
punapa kang kinarsakna
kula sumanggeng karsa
sanadyan kang jebad arum
rum-ruming kang taksih mandra //

16. Ingkang mangrejaseng pipi
mung paduka kang kagungan
ya dhuh lahe wong ambancer
tansah karya lam-laming tyas
Marmaya dupi myarsa
teka lan nganggur sumaur
iya dhenok lakinira //

17. Pa na ngomah apa sepi
sinahuran laki kula
pan sampun lami kesahe
dhateng Yaman si dipungkrang
wartanipun binegal
neng margi anemah lampus
Umarmaya dupi myarsa //

18. Nulya istigfar dharindhil
ya subkanlah polahannya
iki sakeh ning wong wadon
dene ajabing neng marga
lumaku ingampiran
maring adhiku wong bagus
ya ta wus lepas lampahnya //

19. Rahadyan sakawan nuli
angambah ing pasawahan
heh wong magawe lagyangler
maluku garu weneh kang
anampingi galengan
duk myat dyan sekawan langkung
dyan kendel denya makarya //

20. Sami leng-leng aningalli
ing baguse raden Kamzah
nganutaken ing pandulon
radyan tindakira nulya
angambah ing pagagan
mapak lyan lagi malencut
kasiliring samirana //

21. Dyan Kamzah remen ningali
temah manyipta ing driya
gaga kanginan iyege
tinon lir baris lalampah
kang mlencut lir gunungan
kepala wajir pangayun
dupi prapteng pakarangan //

22. Brekutut munya neng deling
lir bendhe panantang yuda
nahan lampahira prapteng
tepis wiring padhukuhan
ing Balki radyan tiga
datan pisah lampahipun
marmaya ngontel kewala //

23. Dyan Kamzah nguwuh mawanti
payo selak kari kakang
kangmas Buntalib wus adoh
ingkang raka sebdanira
satemene wakingwang
mungguh ja rama kang nuduh
melu maring kowe Kamzah //

24. Rada ras-arasen ngaji
awit aku lagi rena
gogok kali kana kae
tandya lampahira prapta
ngarsaning kang pandhita
ing Balki ri sedhengipun
pinrak panirating sanggar //

25. Lagya mulang para murit
sang prapta gya ingacaran
pinaraka ngriki angger
nulya sami tata lenggah
sang wibawa malih nebda
paranta gatining laku
dyan Abuntalib turira //

26. Kula ingutus kiyai
ingkang salam kaatura
ing paduka ping kalihe
masrahken putranta ri mas
Kamzah lan Umarmaya
jeng rama timbalannipun
mangsa borong ing paduka //

27. Menggah yogining pamardi
ing riku radyan Marmaya
tansah tumungkul kemawon
siduwa ngelus baunya
tinon kadi duhkita
ya ta sang wiku lingnya sun
matura ing sudarmanta //

28. Sampun dados walanggalih
pamardi ngong mring arinta
dyan kalih nulyamit lengser
ya ta wahu kang tinilar
ira rahaden Kamsah
anulya lajeng winuruk
ngaji tunggil rare kathah //

29. Nanging gathekan pribadi
sabarang kang winulangnya
mring sang wiku glis sagede
baya ta wus nora bakal
pajeng karenggung Islam
gadhangan wirya linuhung
mah dibya jamingul ngalam //

PUPUH XXXV

Dhandhanggula = 12 pada

1. Takdiring hyang kalam dumuk mangsi
apan nora kena winancenan
radyan kalih cinariyos
laminira neng ngriku
awis dhahar kalamun ratri
tanpa don denya nendra
daruna sinamun
tansah mider ing asonya
datan ketang drigamaning wanci ratri
angker werit den ambah //

2. Dadya tawa pringgabayanya nir
sing agenging radyan prabawanya
duk samana ri sedhenge
purnama dasa catur
radyan lenggah ing pinggir kali
neng sela sumayana
pan sarywa pitekur
isthane lir nitih liman
kanan kering toya kaling-kalingan ing ron-ron
myang simbarnya njrah //

3. Kaselanan ingkang tunjung sari
tinon lir srati ngayap matengga
wit pandan sulur silare
lir denta isthanipun
angeringih kudhuping gambir
yayah watang sayuta
sedheng marteng pupuh
sekar trate tatanira
lir makuthaning ratu sedheng tinangkil
wonten ing panangkilan //

4. Ngriku wonten malih sari-sari
sari kumuda lan sara seja
sata patra seranuhe
bang seruni nerucuk
sinjanuhil lan manjem suji
panulimanda sekar
tarate myang tunjung
biru prituwin tunjung bang
irim-irim langen pangayap pra manis
gandaning sekar-sekar //

5. Ingkang wangi kentir dresing angin
maweh suka sumyah ing sarira

sang lagya kulineng kono
dening ganda rum-arum
lir wedharing sekaring weni
ningkang para wanodya
duk pinurweng kakung
munggeng tilam made raras
pan mangkana ciptanya sang
mong wiyadi
sira sang Ngabdulputra //

6. Wonten kaharsa manuk maniti
tumiling wah kang urang-urangan
prastawa ing panambere
kadi tan kena luput
wus pesthi baksana pinanggih
muwah patining mina
tan gingsir tinemu
wusana maniti pejah
sinamber ring wayasa radyan
mangeksi
sampun waspadeng cipta //

7. Satuhu-tuhuning karsa jati
ing ngaurip wus pininta-pinta
radyan Marmaya ing kono
sangking lumuhe nganggur
alang-alang den osak-asik
nginjen jangkrik prelunya
nuli nyuluh manuk
ambubrahi rumpon iwak
yen wus sayah anuli angum ing kali
ngebibir tan rinasa //

8. Kongsi prapteng enjing radyan kalih
kondurnya lajeng pacrabakan
angaji lan santri akeh
ngriku Marmaya anggung
ginaguyu denya angaji
tandya lip du jabar an
du jer in pe se on
santri akeh gumyak-gumyak
dadya datan nana kang kober angaji
mung gaguyu Marmaya //

9. Dupi pi-api mungkul angaji
Marmaya nyulap panglamporan
welut putih lan gendame
witne lamun anuju
sami wektu marang ing masjid
yen nana kancane kang
andisiki wektu
sinlenthik gantanganira
dene yen kancane denya wekdal kari
dhestarira sinendhal //

10. Yen wonten kang wulu andhisiki
golok sebe lawan janbiyannya
jinupuk den umpetake
yen nuju kamat prelu
dadyo takon-tinakon sami
kono ing pakaumman
ben dina gumuruh
tan lyan mung santri Marmaya
kang ginunem pambelere angluwihi
lamun anyilih barang //

11. Dandang kendhil kwali arang mulih
lading pangot amur tutur ilang
yen sinilihan tan oleh
yen rinasanan laju
genthong kwaline den isingi
kendhine inguyuhan
tobat kapok kawus
wong kang ngrasani Marmaya
dadya wedi nora angrasani
mring santri Umarmaya //

12. Nanging santri keh samya lulut sih
daruna sangking denya belaba
saben dina tansah royom
lan kancanira kaum
duk samana tan kober ngaji
Marmaya kalinteran
ngalon nuli ngidul
ingkang jinupuk tan ana
kyai guru pan meksih neng jroning
masjid
wekdal sembahyang enjang //

PUPUH XXXVI

Pangkur = 15 pada

1. Kukur-kukur Umarmaya
ciptaning tyas dene guruku iki
salawasing sun tan weruh
enggone asidekah
mung dongane bae ambengel lyanipun
panas temen atiningwang
kleres dene ing jawi //

2. Sepi datan ana jalma
para kaum lagya sami makmum mring
kyai guru lah ing ngriku
ki guru gamparannya
kang tinilar neng jawi babungkalipun
awarni suwasa mulya
saksana arsa den ambil //

3. Maring radyan Umarmaya
wus lestari tan na jalma kang uning
nuli ginawa mring warung
ki guru gamparannya
den urupken apem satampah pan laju
sinrebetan memplak seta
nulya binekta mring masjid //

4. Sabakdanya denya wekdal
kyai guru lan pra murid umijil
Umarmaya mundhuk-mundhuk
katon gawa ambengan
langkung suka ki guru myang para kaum
ki guru ngling mring Marmaya
pa kang sira gawa iki //

5. Kang dinangu aturira
punika mba darbe khajat sakedhik
ki guru sru sukeng kalbu
anuli dinonganan
ri wusira binage tinedha laju
kang datan telas binerkat
ki guru tumut ambukti //

6. Dupi arsa mantuk nulya
angulati gamaparannya tan panggih
santri pinepak sadarum
tinakon tan nana wikan
nuli ana santri ngupaya mring warung
gamparanira pinanggya
neng wong adol apem nuli //

7. Kerit dateng ngarsanira
kyai guru dupi myat langkung runtik
de gamparannya neng warung
tandya wonge tinanya
heh sapa ingkang adol babungkul iku
kang dinangu aturira
kyai wau wonten santri //

8. Namanipun Umarmaya
nanging boten winade lawan picis
den urupken kewala mung
lawan apem satampah
nulya Umarmaya dinangu sang wiku
matur inggih mila kula
piyambak ingkang ngambil //

9. Gamparan kagunangan tuwan
nging apemnya kula tan tumut bukti
gih wau ingkang kinepung
mring kanca santri kathah

yen katempah gih kang sami
nedha wau
sang pandhita asmu guywa
de milya dhahar pribadi //

10. Dadya tinebus priyangga
gamparannya kang ingurupken
nguni
mangudasmara sang wiku
sun dhewe ingkang mala
bengkul bahe suwasa bener kang
jupuk
tegese kon nyidekahna
ya ta samana wus lami //

11. Dyan kalih neng Balki denya
samya ngaji mangkana radyan Amir
salire wulanging guru
wus kacakup sadaya
sruning mangsudira madhep
idhepipun
dene radyan Umarmaya
tan nate kober angaji //

12. Sajatining saderengnya
ngaji Umarmaya pan sampun alim
pinesthi karseng hyang ngagung
wignya tanpa winulang
lirning basa myang sestra sadaya
putus
nanging kandel sasabira
api tan bisa sayekti //

13. Lamun kabisaning jalma
ing samangkya den ler pinrih
kaheksi
marga wirang tyase lamun
den arani tan bisa
satemahan lir tape tanpa winungkus
niscaya kebak lalernya
sapa wonge kang kepengin //

14. Ya ta radyan Ngabdul putra
ri wusira putus saliring ngelmi
ngelmi kasampurnanipun
myang ngelmi madeg nata
myang salirning gelar kridhaning
ngapupuh
lan pangulahing mursala
lan wirasating narpati //

15. Denya milih pra punggawa
myang kadibyan sekti jaya jayanti
sadaya sampun kawengku
wus dene agal lembat
sampun kawrat neng pranaja ning
sang sunu
duk samana Umarmaya
anganthi kang rayi mijil //

PUPUH XXXVII

Mijil = 31 pada

1. Prapteng jawi ngandika dyan Amir
isin temen ingong
kang deleng polahira kuwe
ambok marenana kang raka ngling
aku nora isin
Kamzah puluh-puluh //

2. Puluh santri ya wong kene iki
jer kaya mangkono
nora na tau sidekah dhewe
mulane wa pandhita dhek wingi
bungkule sun ambil
nging aku tan melu //

3. Mangan apeme bae sawiji
ya entek dikroyok
santri keh malah si uwa dhewe
melu dhahar mulane ngalahi
anebus pribadi
kang rayi gumuyu //

4. Ingkang raka angandika malih
wis ta Kamzah mayo
mulih bae pamitana age
mring wa pandhita pamita tilik
besuk maneh bali
kang rayi lingipun //

5. Kakang sun wedi rama dipati
dene durung ingong
tinimbalan yen mulih kepriye
yen dinangu aturku ing benjing
kang raka tan angling
cleguk ngulu idu //

6. Manthuk-manthuk ling de lehmu
ngaji
wus putus ing kawroh
wa pandhita wulange wis entek
aku mono pinter ora becik
amung kowe Amir
prelune ngajeku //

7. Kocap tan lami estyarsa pamit
rahadyan karongron
samya masweng sang wiku ngarsane
alon angandika sang nyayogi
kulup paran kapti
nira sowan ingsun //

8. Rahadyan Kamzah matur wot-sari
pukulun sang kaot
menggah barkah tuwan sadayane
kalangkung anggen kula mumundhi
nging yen pareng mangkin
kula nuwun mantuk //

9. Arsa atatuwi dhateng Ngarbi
sang wikwa lingnya lon
sokur bage kulup ing sawitne
aneng kene gonira angaji
wus putus salirning
mungguh kawruhingsun //

10. Lan ramanta kaki ing samangkin
sru dening prihatos
marma luwih mring hyang
pamintane
dening wong Islam den reh ing kapir
tan liwat mas kaki
mung pandonganingsun //

11. Muga muga tinarimeng Widi
nyawa kang kapindho
kalillullah laluwurmu angger
muga pangeran aparinga sir
tutulung mring muslum //

12. Purbaning satriya amurnani
prihatining uwong
wis mumpung esuk mangkata
angger
mung salamingsun aturna maring
ramanta dipati
radyan kalih laju //

13. Angabekti dhateng sang ayogi
sinung karahayon
ri wusnya tinimbul nulya lengser
mangkat pra santri kathah tut wuri
wit sangking lulutsih
marang sang abagus //

14. Antya malih ingkang para estri
keh gandrung wirangrong
dadya kawijil ing pangucape
dhuh wong bagus bisa dudut ati
jetmika mrak ati
anteng alus rurus //

15. Baya murca kembang ing Balki
kondur sang wiranom
sapa muradi maknaku kiye
ing lafal dene wus anyeplesi

rasane ngrasani
warna-warnanipun //

16. Dudungike pesantren keh bangkit
maliwat wiraos
dhuh wong bagus witne karetane
dene lantas mingid-mingid lungid
sratane patitis
kurupe ya atub //

17. Anyaosi papan bae mami
kuciwane babo
nora remen nyerat orak-orek
bok ya paring tinggal sathithik
pupujiyan dikir
donga-donga kunut //

18. Ri sang tansah dadya kidung
gendhing
gendhing lir lalagon
wong ing pakauman dadungike
akeh kang samya kandhuhan
brangti
titaning panganti
ring tyas tan katuju //

19. Dadya pasambate warni-warni
ya dhuh raden anom
ngatoni yen tindak lengket-lengket
yen dhestharan tur tan pati apik
amuwuhi sigit
awiletan patut //

20. Lan rakane Marmaya ing nguni
pambesure katon
kuneng para estri pangucape
ya ta tindakira radyan kalih
dupi prapteng kali
Marmaya andulu //

21. Ana sajuga wong guyang esthi
Umarmaya gupoh
amarpeki sarywa sru wuwuse
buburon apa arane iki
nembe sun udani
rupane lir iku //

22. Wong kang guyang gajah anauri
dene sira takon
baya ta bocah ing bingka kanane
durung tau wruh rupaning esthi
wruhanamu iki
ya gajah ranipun //

23. Titihane ratu kang lir iki
Marmaya pi gawok
manthuk-manthuk nuli
gedheg-gedheg
kecap-kecap sarywa lirik-lirik
smune lir sayekti
denya salang gumun //

24. Nulya ngling gone nandur mring
pundi
de genge samono
lawan kados punapa winihe
kang guyang nyentak hus ja baribin
rupamu lir kenthi
tan lumrah akalmu //

25. Gajah mono nak-kemanak esthi
Marmaya lingnya lon
puniku napa enak iwake
kang guyang gajah asru nauri
enak yen ko wani
mring gajah ambunuh //

26. Marmaya ngling wani pisan nanging
yen nyambat riningong
nora nganggo gaman kethah ketheh
balik mengko yen kelakon mati
apa lila yekti
patine gajahmu //

27. Iya lila di adhimu nuli
konen mrene gupoh
banget nglengkara ujarmu kuwe
Marmaya gya mring gyane kang rayi

ngandika dyan Amir
kakang kowe mau //

28. Seka ngendi suwe tak anteni
Marmaya lingnya lon
Kamzah kowe diina wong kae
akeh temen gone nguni-uni
aku banget isin
tan kena rinungu //

29. Mandhah bocah wetenge bek cacing
wani gajah ingong
ayo ta Kamzah marana age
dupi kang rayi smune tan apti
nuli den embuhi
keh-keh wadulipun //

30. Basa kang ora-ora kinathik
mamrih ngobor-obor
dadya kang rayi dahat runtike
agya pinaran gajah binithi
kapisanan mati
murdanira renyuh //

31. Wong kang padha angguyang lumari
giris sruning gawok
maksih lare kaluwih rosane
dening bithi gajah tan mindhoni
temah keh ning jalmi
sru kasmaranipun //

PUPUH XXXVIII

Asmaradana = 34 pada

1. Samana rahadyan Amir
lan kang raka Umarmaya
katiwang-tiwang lampahe
radyan Kamzah aneng ngarsa
kang raka atut wuntat
tan pisah sapurug-purug
dyan Kamzah nabda mring raka //

2. Kakang banget sayah mami
payo ngaso ngling kang raka
ayo ta selot-selote
leren mengko na wong begal
pa wani sira Kamzah
engkang rayi sauripun
kakang sun mangsa wedia //

3. Andelna ingsun pribadi
yen kowe kudyarsa enggal
mara ta gendhongen ingong
Umarmaya saurira
ingsun mangsa kelara
gendhong sira pan gedhemu
iku padha lawan ingwang //

4. Nulya dugekken lumaris
lagya angsal saonjotan
radyan nulya kendel malih
kang raka angjak mangkat
mangkat sakdehap rarywan
Marmaya kaku tyasipun
ngling priye kowe ku Kamzah //

5. Gyarsa ginendhong kang rayi
ayo ta tak gendhong Kamzah
duk lagi den ngangkat bae
kang raka nora kaduga
nangling sun nora kelar
konang kujur pating klepyur
ya ayo leren sadhela //

6. Nulya leren radyan kalih
nanging datan saya gangsar
malah wewah ing sayahe
Marmaya ngunandika
priye wekasanira
mesthi nora bisa tutug
tutug nagara ing Mekah //

7. Saksana acawet nyamping
yun ngantep karosanira
engking ayo tak gendhong maneh
tandya kang rayi den angkat
tan kangkat malah-malah
kongsi kapentut dharudhut
kedhik ampasira medal //

8. Marmaya akempis-kempis
ngling sapa gendholi sira
de nora jamak abote
wis sun kerig krosaningwang
prande meksa tan obah
keluwih-luwih abotmu
wis Amir sira karia //

9. Tak golekake turanggi
Marmaya sigra mring pasar
gagancangan ing lampahe
anjujug gon balantikan
mindha anak sudagar
sakehning jaran dinulu
dupyana jaran sajuga //

10. Geng luhur bagus kang warni
Marmaya age tatanya
jaran andika regane
pinten kang darbe angucap
regane jaran ingwang
wis dinyang dinar rong atus
nanging durung aweh ingwang //

11. Marmaya mesemnya denya ngling
larang temen jaran dika
napa tan aweh kapat teng
kang darbe kuda anyentak
Marmaya malih nabda
ijab dhuwit telung puluh
lima amung jaran juga //

12. Dhekne aku tuku pitik
kae amung rolas sigar
kang darbe kaku atine
wis gus cemplon aja nganyang
ing ngendi ana jaran
regane lir panganyangmu
mbok ya ana sawidak //

13. Aku arep andhuwiti
yen kaya panganyangira
jaran regane kapat teng
bocan ucapmu tan lumrah
Marmaya sabdanira
wong manira ayun tuku
temenan jaran andika //

14. Lamun kula wus udani
tumpakane jaran dika
tigang atus ajeng ingong
kang darbe kuda angucap
lah kulup apa sira
wruh jaran la becikipun
Marmaya ngling pan manira //

15. Sutaning panegar bangkit
dih Nayaguna pak rampak
jarandika watarane
yen wus leres tatalinya
sirigipun angepyah
binangkol kewala lajur
nging kariyin den gangsura //

16. Sirigipun tan ngaruwil
puniki kapal andika
kang wau kirang gangsure
kang darbe kalangkung suka
ngling lah ya tunggangana
dahat pracayeng tyasipun
de Marmaya nak panegar //

17. Turangga wus den tunggangi
sangsaya katon wiraga
dahat arsa ya kang darbe
tumingal turangganira
Umarmaya manabda
wus prayogi sirigipun
kula wedharene pisan //

18. Kang darbe kuda mangsuli
ya kulup sakarepira
supaya sira wruh dhewe
yen ana kuciwanira
wong tuku ja kainan
Umarmaya lenggut-lenggut
kang darbe alatah-latah //

19. Pangudasmaranya iki
jaranku pama tan sida
dituku marang si thole
bathi bener tatalinya
mesthi mundhak reganya
seket dhewe undhakipun
duk kasliring Umarmaya //

20. Mangkong mancat sangga wedhi
sarwi angucap bismillah
kuda sinanderken age
nututi kang darbe jaran
panguwuhe mawantya
le thole nehna jaranku
sarywa ucek-ucek mata //

21. Marmaya tan dangu prapti
panggenane radyan Kamzah
kang rayi tatanya alon
jaran lehmu ngendi kakang
sabdanira kang raka
wis ta tunggangana gupuh
ku jaranne sanakingwang //

22. Kang omah ing kono kuwi
prenah nak sanes bol dhawak
ingsun silih teka aweh
mara Amir tunggangana
mandhahe patut mana
adhiku dhasar wong bagus
nunggang jaran geng alancar //

23. Nulya arsa den tumpaki
duk sangga wedhinya lagya
pinancal kuda wus dekeng
cinengklak gigirnya pegat
turangga kapisanan
Marmaya dahat gagetun
dheleg-dheleg sangga uwang //

24. Nulya ngling priye ta Amir
tekan jaran nora kelar
kang rayi ngandika alon
satemene iku kakang
sapa kang duwe jaran
apa nyilih apa tuku
kang raka gumuyu nabda //

25. Boya tuku boya nyilih
ku mau jaran ing pasar
lehku ngepring ijo bae
kang rayi alon delingnya
mandah kang duwe jaran
yen weruh darbeke lampus
kakang enggal golekana //

26. Mengko arep tak tempuhi
sepira reganing jaran
kang raka ngling bok ya wis ben
aja susah tinempuhan
ngur ayo nuli mangkat
wong kang duwe wis nora wruh
tan dangu kang darbe prapta //

27. Marmaya kesah aningit
wong kang darbe jaran umyat
lamun wus pejah jarane
neng ngarsaning rere jaka
cahyane lir sasangka
sang Ngabdulputra lingnya rum
heh ya paman apa sira //

28. Ingkang duwe jaran niki
ngling inggih kula kang gadhah
saksana nila krama lon
rahadyan pajar niskara
wusnya malih ngandika
pira regane jaranmu
sujanma aris turira //

29. Kathah titiyang kang ngawis
ajeng kalih atus dinar
ing mangke sumangga raden
dene kapal sampun pejah
pami maksih gesang
kaagem sumangga ulun
rahadyan malih ngandika //

30. Paman den lila sayekti
patine turangganira
yekti margane sangking ngong
rehningsun nora duwyarta
nya iki tampanana
tandha panarimaningsun
banget maring sira paman //

31. Ya mung iki darbek mami
dudu tatempuh ing jaran
mung pratalining sih bae
nuwun-nuwun aturira
nampani meh tan arsa
dupi sru pineksa laju
nampeni padanya //

32. Nira risang Ngabdul siwi
jalma nulya pamit pulang
dahat pangalembanane
dhuh raden putra ing Mekah
sambada lan warnanya
bagus tembung manis arju
muga dadya pangauban //

33. Sakesahnya jalma nuli
Marmaya prapta lan nebda
ana ngendi mau wonge
ingkang raywangling wis lunga
anulya sareng mangkat
tindakira pan adulur
rahadyan Amir Marmaya //

34. Ngambah ara ara radin
adoh kitri kering-kanan
tan nana pangubane
dadya ginlak lampahira
tekap grit wana pringga
kesasar ing marganipun
mijilnya mring Puseralam //

PUPUH XXXIX

Mijil = 12 pada

1. Radyan Kamzah dupi kendel nuli
asenden kakayon
ngling kakang goleka warih age
panas temen rasane wak mami
ingkang raka nuli
kentar nusup-nusup //

2. Sampun tebih datan manggih warih
kagyat lengleng anon
udyana sri madyeng wanadrine
dhinapuri ing cendhani putih
kalimputan dening
miyara lur-sulur //

3. Kemarogan papasan ngengkedi
rumambating banon
rangkud gaga bandhil ri sisire
jroning baono pucang tiris gadhing
kayu teja keksi
sing jawi angunggul //

4. Pinggir gapura pudhak malipir
parijatheng pojok
manis reja lan karangehane
sulanjana suket mrik aminging
mirut-mirut sami
menges-menges wungu //

5. Rebutan sri lan pradapaning jring
kadya lum ywan tinon
lir susah myat hudyana rusake
sasmitane kadya ken muryani
cucut kinjeng tangis
cenggeretnong umyung //

6. Cocak munya bareng lan sri gunting
mencok panging gempol
mayuranjrit anglangut swarane
kadya mengeti mring Guritwesi
yen jroning udyani
kalangkung writipun //

7. Sato mara jalma mara mati
kang ngambah ing kono
gih jeng Nabiskak patilasane
kang ayasa pijana puniki
kawuryan tryasrining
pijana diluhung //

8. Madya na beji binatarawi
hernya wening nyaron
tambanging parta nagendra rajeng
tirah beji sekar warni-warni
wigar gandanya mrik
kadya ken angundhuh //

9. Sekar taluki gambir melathi
cepiring hargulo
pacar soka taluki lan tongkeng
naga puspa sedhep malem ngapit
ing sekar sri gadhing
myang cepaka arum //

10. Gedhong munggul dinulu tuhyarsi
Marmaya neng kono
mubeng-mubeng tansah pangungune
myat lalangene ing taman sari
amicareng galih
bok ya ingsun adus //

11. Mengko bae tak gawakne warih
Kamzah wong nora wroh
radyan wangwang cucul busanane
malbeng beji wijik nginum warih
tan nyipta drigami
Marmaya neng ngriku //

12. Alalangen sukanira ngenting
sarwi aciciblon
tan na kang tinaha ing jro tyase
nglangi bathang urang-urang mati
nahan kang winarni
durmane ing ngriku //

PUPUH XL

Durma = 30 pada

1. Jroning toya wonten turangga
tityanya
jeng nabi Iskak nguni
meh sami lan liman
myarsa wong kaceburan
nulya amedal sing warih
swareng talaga
lir mahendra gumuling //

2. Sru magoyang sumawur luber
mring dharat
swaranya gigirisi
kang neng jron telaga
nirat buta magalak
jumegur kumrug kang warih
duk wedalira
ri sang darpa nyrang warih //

3. Parti yeksa anander mring
Umarmaya
masrang kagiri-giri
anjrit mangah-mangah
girang arunjah-runjah
swara lir glap manengkeri
netrane abang
lir geni golar-galir //

4. Umarmaya kagyat sru jola
tumingal
kang lir darpa prot yeksi
manaut manujah
pingul ngungas matikswa
lir pamaras mingit-mingit
sigra lumajar
Marmaya nyipta pati //

5. Nyangking sinjangira tan kober
nyampingan
tanpa anoleh wuri
nyipta yen kecandhak
gumeter dharodhogan
prapta ngarsaning kang rayi
tan bisa ngucap
kang rayi tatanya ris //

6. Ana apa kakang dene sigra-sigra
ulatira alutih
tur sambi wuwuda
Marmaya sru manebda
Kamzah gonku wuda iki
pan ingsun jarag
ya tan nana dhang-ngedhing //

7. Aku mau ko kongkon ngupaya
tirta
iya uwis amanggih
sun nuli awuda
neng prenahing talaga
yun adus anginum warih
eling yen sira
maksih neng kene kari //

8. Ngadat sira nora kena kadhinginan
karan sun age bali
tan nganti bebedan
paya Kamzah radenggal
margane sun selak lali
marang talaga
banyune nyarong wening //

9. Witne aku dhewe ya.selak angelak
nanging sun datan wani
andhimini sira
kang rayi dan tut wuntat
Guritwesi aneng ngarsi
dupi wus celak
lawan prenahing beji //

10. Umarmaya mulat nganan mulat
ngiwa
ngupaya wit kang inggil
tan dangu wus angsal
penekanira gampang
nulya Marmaya angari
ngling lah dhingina
aku ki arep ngising //

11. Wis dhek mau nanging tak ampet
kewala
ya wetan bener iki
prenahing talaga
ge sira malebuwa
sajroning pager capuri
cendhani seta
nulya lajeng dyan Amir //

12. Guritwesi mlencut wus prapteng
luhur pang
ciptanira ing galih
mangkana Marmaya
alega atiningwang
kajaba adhiku Amir
tandhinge ika
sing prengongoh-prengingih //

13. Umarmaya alingan ron tan katingal
nging tetela angeksi
sawengkoning tlaga
ya ta rahadyan Kamzah
duk prapteng tlaga ing galih
sru sukanira
nulya angunjuk warih //

14. Arsa siram duk lagya lukar busana
tandya ta kapiyarsi
kang aneng jro toya
tumingal ana jalma
sigra umedal sing warih
sru mangah-mangah
antya kagiri-giri //

15. Maprot rodra kat buta glana
mapunggal
tirta sumawur kadi
riris mangsa sapta
dyan Kamzah wus prayitna
sinander yun naut wentis
gya tinanggapan
kintel pinetek driji //

16. Asru budi sarosa ndhosok manujah
buntutnya mobat-mabit
nging tan kena uwal
dangu-dangu satemah
gumeter kuda njrum siti
nahan kawarna
wau sang Guritwesi //

17. Neng penekan wruh kang rayi
sosolahnya
denira angembari
buburon jro toya
temah mangunandika
prakosa kepati-pati
adhiku Kamzah
saestu pilih tandhing //

18. Duk waspada kang neng jro
toyestu kuda
Guritwesi anuli
mlorot saking wreksa
nyampingan kadhuwetan
wangwang mring gyaning kang rayi
dyan Kamzah nabda
kakang sun oleh wajik //

19. Dhawuk mengontara abagus
warnanya
kang raka anauri
Kamzah begjanira
aku durung myat kuda
Amir ingkang kaya iki
mathine pepak
myang lan katurangganing //

20. Saperangkul gulune lir naga raja
tracak nanjung tur garing
padane malira
praene bolem dumba
lambene angamih-amih
adeging kuda
luhur ngarsandhap wuri //

21. Umarmaya kacemutan asmu guywa
kang rayi anakoni
Marmaya saurnya
sarwya gumujeng latah
mulane sun lonjong mimis
lumayu wuda
yeku sing tak wedeni //

22. Pangrasaku kaya anguntal-untala
ora katon turanggi
pangrasaku buta
kang rayi angandika
kakang cekelana dhisik
Marmaya nabda
gemang Kamzah sun wedi //

23. Mengko menek ucul turangga
mangkana
pangucape yen jalmi
iya iki baya

welinge gustiningwang
maring sun mangkono nguni
jeng nabi Iskak
Kalisahak den eling //

24. Ya i tembe yen ana wong luwih kuwat
bisa anambadani
ing karosanira
pesthi ku darah ingwang
poma ya anggepen gusti
ywa pae lawan
anggepira ing mami //

25. Ya ta radyan Kamzah sru sukaning driya
denirantuk turanggi
dening wus anjilma
den culken atut wuntat
kewala dyan Amir nangling
kakang goleka
suket ingkang abecik //

26. Iku arsa tak go makani kudengwang
Marmaya kentar aglis
dangu datan angsal
suket ingkang angrebda
kanan kering samya garing
Marmaya sigra
mengsed tandya ningali //

27. Wonten gedhong raras asrinya kawuryan
ugarane kinunci
dinedelan mendat
sigra bali cungkelak
arsa pajar mring kang rayi
bagendha Kamzah
tan dangu wus apanggih //

28. Sigra tutur ing purwa prapteng wusana
raden Kamzah anuli
tut wuri kang raka
tan dangu sampun prapta
wonten sangajenging kori
radyan tumingal
luring ugara nenggih //

29. Wonten saseratanira sastra Arab
pakaryannya antya di
dhasarnya kancana
tirak pinatik retna
kurupnya jumerut wilis
sinela mirah
basanira Ibrani //

30. Radyan Kamzah tan kadugi angungelna
nenggih tembung Ibrani
malah dyan Marmaya
kang saged pan mangkana
penget iki tandha mami
jeng nabi Iskak
anapon gedhong iki //

PUPUH XLI

Mijil = 32 pada

1. Wiyose tan na kang sun lilani
iya sing sapa wong
ingkang wani buka gedhong kiye
kajaba luri turuning Ngarbi
ya iku kang keni
duweni senipun //

2. Raja brana myang busaneng jurit
sangkep ing kaprabon
lan kuda Kalisahak arane
ingkang angreksa aneng jro warih
Marmaya duk ngarti
bungah manthuk-manthuk //

3. Kori gedhong dinedel tan bangkit
menga lah ing kono
Umarmaya dan matak ajine
penglamporan lawan welut putih
dinedel anuli
menga ponang pintu //

4. Tinon ing jro mubyar balerengi
kang ana ing kono
raja brana tanpa wilis kehe
myang sagung pakakasing ajurit
samya mawa kitir
nyajuga ranipun //

5. Wus dene lan sumbageng turanggi
sangkep kang pirantos
tekeng lawan pranida gustine
samadiman gada pusaka di
luri sing jeng nabi
makutha myang baju //

6. Pedhang tamsir wus dene lan bindi
kalawan tatopong
gandhi kalawahi miwah kere
dhedhep lembing kalawan
kalumprit
nenggala myang boji
lu gora salugu

7. Singkring busur tulup myang
jemparing
serampang jajorong
jiret rajang kalawan parise
ledhok badhama janbiya salir
srayaning ajurit
sangkep sadaya wus //

8. Rajabrana gung pan ameruhi
sotya ting pancorong
datan kena winilis kathahe
emas inten mirah myang widuri
akik jumrut wilis
kongsi ngundhung-undhung //

9. Guritwesi sru gawok ningali
ngucemil malongo
akeh temen Amir donya kiye
kira ana sewu kethi iki
kalamun winilis
amot unta sewu //

10. Kang raywangling kakang donya iki
mengko karepingong
ginawa mulih mangka leh-oleh
nanging priye panggawane dening
mung wong roro iki
sira lawan ingsun //

11. Kuwat pira kang raka ngling aris
ya Kamzah ta mengko
budidaya dhisik lamun oleh
sira karia neng kene Amir
aku tak ngulati
kang mangka pipikul //

12. Marmaya nulya ngungak ing jawi
kono keh raryangon
blegdaba kemar unta kuldine
gupuh-gupuh mijil Guritwesi
ing jroning ngudyani
sarywa gawa anggur //

13. Kang dhinanyang lawan darubesi
marani raryangon
juwal anggur Marmaya sandine
nging bocah angon tan arsa beli
ana sajuga ngling
yen aweh anjaluk //

14. Bae iya arep ngumbe mami
Marmaya lingnya lon
iya padha ngombea ing kene
raryangon kinrubut duk miyarsi
prapteng ngarsa nuli
samya ngombe anggur //

15. Marmaya milya ngunjuk pribadi
nanging kang tan winor
ran darubesi wus den sejekke

gumyak-gumyak num-minuman
sami
bungahira dening
tan micis ngombyanggur //

16. Duk wus rumangsuk kang darubesi
watara ing kono
raryangon sareng niba ting kleset
nulya unta bihal kemar kuldi
blegedaba tuwin
memreng senuk wedhus //

17. Sadaya sampun sami giniring
tan dangu prapteng gon
ningkang rayi sru suka kalihe
saksana sagung brana mas picis
winedalken dening
radyan kalihipun

18. Wangwang winotken ing unta sami
tinalen lan oyot
sakehning khewan kamotan kabeh
malah semut kawratan mas picis
jro gedhong wus enting
brana tan na kantun //

19. Kalisahak sampun den kapani
sarywa retna abyor
worah-wareh sumunu badhonge
ebek pudhak wangkong sri angrawit
iba ta lamining
neng jro gedhong riku //

20. apan alame jeng Iskak nabi
kang ayasa gedhong
prande busaneng kuda salirne
datan surem lamun tinon kadi
enggal denya kardi
malih reganipun //

21. Kuda ya juluk manyura resmi
jinodhi retna byor
kendhali srasah asri godhege
winawuku sasotya retna di
banyak kancana di
pan rinaja tatur //

22. Kadhal wangkong cacarang tulyadi
plisir cindhe ijo
tundha katri sangga wedhi hapten
ambening turangga koswaragi
cekathakan rukmi
kalisahak mungguh //

23. Sanekya sumbaganira lami
lir daru yen tinon
Umarmaya alon ing wuwuse
coba Kamzah tunggangana nuli
jaranira iki
layake apatut //

24. Kalisahak wangwang den titihi
kelar nangga bobot
ting radyan nulya den jojogake
membal membal sinirigken ngrawit
den congklangken nuli
anyander umamprung //

25. Mubeng kaping tri ing taman sari
sakala sang nganom
sakamantyan asih ing kudane
Guritwesi ngunandikeng galih
dhun adhiku Amir
dene teka mungguh //

26. Nganggo makutha pusaka luwih
pantes dadya katong
nora bakal adhiku wong bancer
mangka praba prabuning mamanis
muga nambadani
pangeran kang agung

27. Nahan dyan ngandika mring raka ris
bocah kang padha ngon
kakang kabeh undangen marene
dimen padha sisan atut wuri
ingkang den ngon sami
Guritwesi gupuh //

28. Kentar murugi ing prenah gyaning
wau rare angon
ingusadan wus waluya kabeh
dan denirit mring ngarsa dyan Amir
angandika manis
heh sira sawegung //

29. Aja na dadi tyasira sami
mungguh luputingong
mengko sun sambat gawemu kabeh
pada tutena unta puniki
prapteng Puserbumi
ngiras ngiring mring sun //

30. Yen tutug nagri ingsun opahi
kehning bocah angon
tur sandika nulya ngiring kabeh
tinon adulu samargi-margi
radyan kang lumaris
ing nagri meh rawuh //

31. Pan wus kasuwur ing sagung jalmi
kathah kang samya nonton
kondurnya radyan antun brana keh
lan kuda kang nyeluman wus keni
ing samargi-margi
keh wong kang andulu //

PUPUH XLII

Dhandhanggula = 28 pada

1. Lir sarkara panggunggunging jalmi
ana ngling dhuh gusti radyan putra
Pyayi sambada baguse
kakaya mring kang sepuh
nora kaya wong lik lah iki
weneh rowange ngucap
tan kaya anakmu
gedhene sabuta lola
suprandene anggathethe dadi kardi
nguyuh ngising ing jogan //

2. Ana saweneh ingkang ngrasani
gawok maring titihane radyan
ing sajegku durung tumon
jaran kang kaya iku
layak iya tungganganing jim
dhuwure padha gajah
dhuh babo wong bagus
pinantes sabarangnya
ana ingkang ngrasani mring
Guritwesi
iku raden Marmaya //

3. Bisa temen momong mring kang
rayi
pantes ing tembe yen dadya nata
Marmaya panembahane
rowangira amuwus
bibekane baya kowe ki
lakinira widagda
mring sastra myang tembung
mangsuli kang sinung ujar
lakiningong alip bengkong nora
uning
apa dene pa pincang //

4. Mung seka sawang gone mantesi
ing sasolah sajake rahadyan
lan radyan Marmaya kuwe
ya ala warnanipun
nanging sembuh manis prakati
nahan ingkang pawarta
duk kapyarseng riku
sang dipati myang para putra
samya methuk jawining kitha wus
prapti
ya ta ingkang lalampah //

5. Radyan Kamzah wus terang miyarsi
ywan penethuk sudarma myang
kadang
ngira sadaya gih dherek

dupi kacundhuk laju
sah sing kuda sigra ngabekti
ing sudarma myang raka
Ngabdullah myang Abu
talib lyan kalih punika
sadayanya muhung asalaman sami
antya suka marwata //

6. Ri wusira mundur radyan Amir
sigra Umar maya mangastawa
si dipatya lon sabdane
bisa temen dhuh kulup
among maring arinta kaki
ri wusira mangkana
daut sangking ngenu
lumarug prapteng jro kitha
lir sinegar sanagri ing Puserbumi
sarawuhnya sang putra //

7. Rare angon kang darbyunta sami
pinaringan ganjaran sadaya
sukeng tyas sru panggunggunge
wus samya kinen mantuk
duk samana rahadyan Amir
masweng ibu Katimah
kang putra rinangkul
sarywa aris angabektya
myang pra reni titiga wus den
bekteni
samya entarseng driya //

8. Mangkya karsanya sang adipati
brana kang sangking taman seluman
pinara gangsal sagunge
ingkang sadumanipun
pinaringken ing pekir miskin
wrata sanagri Mekah
kang sadummanipun
sang dipati lan pra garwa
kang saduman dhateng ingkang
para siwi
kang saduman Marmaya //

9. Kang sabageyan rahadyan Amir
radyan Kamzah tan sumaleng karsa
ning sudarma sapangrehe
mangka wong estri jalu
samya gunggung anggung pupuji
mring sang Kalimatmaja
gusti raden bagus
tulusa dadi pauban
ning wong Islam tembe yen
jumeneng aji
ratuning pra nung dibya //

10. Dahat sokur panrimeng tyas mami
ring subhana kadwi jeng panutan
kalillullah kang kinaot
mugi safangatipun
nyawabana tus trahning gusti
mangkana pamujinya
wong Mekah sadarum
jalwestri sanadyan bocah
radyan Kamzah samana masweng
sudarmi
pepak sagung pra putra //

11. Angandika alon sang dipati
mring putra tutunggul dyan
Ngabdullah
pinasthi rinira thole
pitulunging hyang agung
iya marang ing awak mami
lan kabeh kulawarga
ningsun ngarab sagung
antarane ku wis ana
bisa oleh jaran lan raja brana di
kang neng taman seluman //

12. Mangka iku duk jenenging aji
Madyan sri maharaja Saherah
wus ngutus senapatine
mundhut raja braneku
kang neng taman seluman kaki
wurungira amarga
sakbalane lebur

den amuk jaran sajuga
tutumpesan wong Madayin keh
kang mati
ra putra ngestu sebda //

13. Sang dipati angandika malih
lan sadurunge ngaji ri nira
oleh gandhewa sawiyos
lagi kasesemipun
papanahan enggone olih
wismeng tukang gandhewa
ku caritanipun
turun tumurun ing kuna
laluwure abdyeng Nabiskak ing
nguni
ingkang gadhuh gandhewa //

14. Prapteng mengko gandhewa pinetri
nora nana wong kang kelar ngembat
gandhewa sangking kiyate
kang kelar mung adhimu
para putra samya wotsari
oleh ing mengko malah
akeh tunggalipun
sagung srayaning ayuda
gada bindi kadarbe rinira Amir
kuneng nahan kawarna //

15. Dyan Kamzah antya dera ngurdatin
nulya ngandika mring Umarmaya
kakang kepriye patarape
ing wong mamanah iku
kakang ingsung luwih kepengin
Marmaya ngling yo Kamzah
bingen aku ngrungu
tuture wakmu ki bapa
kana ana paguron wong anjemparig
dan sami pinurugan //

16. Nanging wau jalma sampun lalis
radyan Amir maputek sru kewran
kamantyan dukiteng tyase
parmanireng hyang Agung
nora bakal pandum pnesthi
ring hyang duk saderengnya
jroning lokhil makhful
wus pinanced ing dalilnas
radyan estu mangka prajuriting
Widi
katurunan malekat //

17. Jabarail mindha kaki-kaki
duk praptanira datanpa sangkan
sumbaganya sarwa ijo
Jabarail gya mumuruk
lirning ulah srayaning jurit
pan wus bangkit sadaya
pan sinung jujuluk
apaparab Jayengrana
awit datang winulang samaning jalmi
pangulahing mursala //

18. Gih punika sangking Jabarail
yekti ginadhang prajuriting hyang
sinemekta niskarane
mangkya sang dipatya yun
ngaturken kang bulu bekti
dhateng nagari Ngyaman
paparentah sampun
mring santana myang pra putra
kinen nata arta myang raja brana di
sang putra kang tinedah //

19. Radyan Ngabdullah lan Abuntalib
katri Ngabas kang kinen ngirida
wong kang bekta sadayane
putra titiga ngrikut
winaweling dening sudarmi
yen sira tinakonan
kulup mring arimu
ywa pajar sawelehira
mung sandiya lunga dadagangan
kaki
karana bok manawa //

20. Banjur Klayu arinta ki Amir
aneng kana yen gawe prakara

nora wruh tatakramane
ing wong sumiweng ratu
ingsun kulup pan banget wedi
mring jeng dewaji Ngyaman
thole witne ingsun
iki jenenging wong Islam
banget susah de kabawah ratu kapir
nging paran sumingkira //

21. Pan.karseng hyang tan kenandum
milih
pratmaja katri matur sandika
lah ing riku ri sedhenge
raja branarta sagung
dereng rampung denya dandosi
samana Umarmaya
pajar mring rinipun
heh ya Kamzah wruhanira
kangjeng rama dipatyarsa utusan
mring
prajeng Yaman wartanya //

22. Iku menehake bulu bekti
maring kang dadi ratu ing Yaman
kang rayi kagyat galihe
dera mawyatur-atur
maring Yaman tur ratu kapir
temah nyipta mangkana
tan patut wong muslim
weh bekti maring wong kopar
ingkang jamak wong kapir
menehna bekti
maring wong bangsa Islam //

23. Raden Kamzah angandika aris
kakang Marmaywayo padha seba
radyan kalih sigra masweng
ngarsanya rama laju
atatanya rahadyan Amir
dhateng kang raja Ngabas
raja brana agung
myang kancana paran karsa
ning jeng rama kang mas binekta
mring pundi
dene kalangkung kathah //

24. Sang dipati gya ngandika manis
kakangira padha sun kon dagang
mring nagri Ngyaman nakingong
kang putra nulya matur
rama kula langkung kepengin
unigeng jajahan lyan
nagari pukulun
yen pareng kawula arsa
tumut kang mas kang rama
ngandika aris
lah sira aja milya //

25. Awit duduk gawemu wong sigit
teka sira arsa milu dagang
dhuh babo mas anakingong
eman eman kalamun
sira nganti den centhulani
adate wong adagang
anyepaki padu
pae kakang-kakangira
iku uwong uwis gawene wit cilik
sok padu garejegan //

26. Iku kulup sayekti tan becik
radyan Kamzah lir mituhyeng
sabda
nging tan kampah ing galihe
kang raka-raka laju
kinen mangkat dening sudarmi
ngirit brana myang arta
tigang atus pikul
gal-enggalan lampahira
ciptanira yen sinusul mring kang
rayu
dyan Kamzah duk samana //

27. Lagya meng-ameng lan Guritwesi
nebda den mimirengken rayinya
ratu Ngyaman dilaleleng

mandah ta bungahipun
diwenehi dhuwit mas picis
nglumpukake neng Mekah
nutuli kaya bun
tan lali den wenehken lyan
tak rasa tan wruh ngeman rama
dipati
kang rayi duk miyarsa //

28. Sebdanira radyan Guritwesi
temah sun duka nulya ngandika
pa nyata tuturmu kuwe
rama timbalanipun
nora arsa sung bulu bekti
kamas dikakke dagang
kang raka lingipun
sing diwatiri ya sira
mene melu yektine kakanta yayi
iya ngirit upektya //

PUPUH XLIII

Asmaradana = 21 pada

1. Kang rayi nangling smu kingkin
yen mangkono payo kakang
tut wuri kang mas lampahe
nanging angadoh kewala
ayo padha pamitan
ingkang raka sabdanipun
wis ora nganggo pamitan //

2. Mesthi nora den lilani
yen kowe nganggo pamitan
kang raywangling yen mangkono
kambilana kudaningwang
Marmaya wangwang mentar
kuda kinambilan sampun
binekta ngarseng rinira //

3. Dyan Amir saengyeng jurit
murtala sangkep sadaya
myang gem-ageman keprabon
sampun rinasuk sadaya
wimbuh bagusing warna
pantes lan turangganipun
sinumbaga kang sarywendah //

4. Rahadyan saksana nitih
anenggih ki Kalisahak
kinetap sru panandere
Marmaya buntut kewala
lawan pangraping kuda
tap-untapan lampahipun
yen dyan Abdullah ararywan //

5. Dyan Kamzah gih kendel nanging
winatara ywa tupiksa
yen ratri samya amondhok
radyan Kamzah lan Marmaya
inggih mondhok priyangga
nahan ganti ya winuwus
anenggih nagari Ngalab //

6. Wonten kang jumeneng aji
sudibya kalokeng jagad
keringan samaning katong
ajujuluk sang sri Masban
datan kreh ing Madiyan
wit senapati Madayun
ering sing prawiranira //

7. Tuhu ratu pilih tandhing
pangulanhing yuda brata
reprep ripu nyastreng ripoh
sumbaga sewu sujana
kondhang bedhah nagara
kakalih atmajanipun
bagus-bagus sami priya //

8. Raden Maktal kang pangarsi
aladak nanging sambada
kadigdayaning apupoh
kendel nora milih papan
prawira nora ngawag
tanpa aji teguh timbul
tan nana braja tumama //

9. Widibya lantip ing galih
sakarsane prang wadana
datan anyidreng pasemon
dadi kondhang dyah anggandhang
rarasaning parawan
sandhung jekluk tiba kabruk
sambat dhuh dyan putra Maktal //

10. Sabarang ucaping estri
mangka padaning wacana
amung dyan Maktal baguse
kae ika iki kana
kula kalawan dika
dhuh wong bagus kula tumut
dherek ngladosi sampeyan //

11. Wong wadon kang asasaji
cipta tur-atur dhadharan
maring dyan Maktal dhawahe
kang anglawed ganda wida
cipta geme sang putra
lyan na mamatut wastra lus
ageme rahadyan Maktal //

12. Sabarang kang den rasani
tan lali andhoking ngucap
gih radyan Maktal baguse
marma sudarma tyas sihnya
maring rahadyan Maktal
dyan Sarkam warujunipun
ing mangkya rahadyan Maktal //

13. Mawantya tinantun krami
dening kang rama tan arsa
daruna mangkya rahaden
lagya sem olah rehing prang
miragyeng tamarastra
myang pangraping kudanipun
miwah banter warastra //

14. Patitising ulah karbin
parigele ngasta watang
gada bindi pratikele
ya ulah lukita muka
rahadyan wus widagda
oleh srayaning apupuh
prasaksat tan na kang timbang //

15. Sasamaning pra putra ji
karsaning sudarma raja
mulia sumilih katong
kang rama arsa magawan
nging dyan putra lenggana
pan mangkana ciptanipun
tembe ngong jumeneng nata //

16. Yen wus bisa mboyong putri
ambedhah kuthaning raja
kalamun durung mangkono
sun wirang madeg narendra
dene sang sudarmendra
pan mangkana ciptanipun
paran baya dadinira //

17. Yen tan arsa madeg aji
sapa kang mengku ing Ngalab
ngunduri tining ragengong
dadya mutung ikang putra
pamrihira kang rama
kang putra nuntena manut
sapangrehira kang rama //

18. Radyan duk sinreng sudarmi
dadya sring kesah mring wana
den iring wadya balane
sikep astraning ayuda
gugubah madyeng wana
anarubken wong dhudhusun
kathah suyud mring rahadyan //

19. Myang kitha kang celak nuli
pinukul ing prang keh bedhah
donya estrine binoyong
dinum wadya balanira
rahadyan sampun lama
neng pagubahan wana gung
wadyanira radyan Maktal //

20. Keh kang pethut lamun ratri
siyang sami ambabegal
dadya jrih kang liwat kono
jalma seket myang sawidak
binegal wong sadasa
margi saking kedhot timbul
tan nana braja tumama //

21. Dadya kenging babektaning
dan sinaosken mring radyan
lami-lami karem dhewe
nyrirani ambegal denya
akathah angsalira
arta sasotya myang tatur
wus darmane putreng Ngalab //

PUPUH XLIV

Durma = 27 pada

1. Radyan Maktal sakawulanya wus lama
gugubah neng wanadri
prenahing lalebak
kasupit dening arga
ler kilen kidul wus dening
kalawan wetan
wadyanira pan sami //

2. Mamanuki pininta mangka pacalang
ngriku ing kanan-kering
nagara kang celak
myarsa suwuring warta
kathah ingkang samya giris
wit kadirannya
radyan yen anjemparing //

3. Yen lumepas banternya lir pendah kilat
nadyan sela pindhardi
katempuh gumiwang
kentas sangking gyanira
kathah kitha ineb kori
lamun miyarsa
ri sang nglanandon jurit //

4. Radyan Maktal pan arsa mring nagri Ngyaman
ayun pinreping jurit
yen Yaman wus bedhah
arsa laju mring Mekah
mangkya kang madhalang margi
rehira Maktal
sangking mandrawa uning //

5. Keh papikul Mekah kang arsa mring ing Yaman
sigra atur udani
maring raden Maktal
sang putra dupi miyarsa
Ture wadya kang tur uning
kalangkung suka
aken siyageng dasih //

6. Tan adangu wus sumekta wadyanira
samya gambireng jurit
wadya pipilihan
solahnya lir wiyagra
kang redheng angungkih daging
amangah-mangah
dahut wadya gumirih //

7. Radyan Maktal sampun swandana
turangga
kinubeng ing prajurit
sakupacaranya
tan kleru prenahira
sumreg munggeng kanan-kering
bala pangarsa
wusnya anyingung margi //

8. Wong ing Mekah duk wruh yen ana
gagaman
baris ngalang ing margi
nulya dyan Ngabdullah
Abuntalib lan Ngabas
sareng asuwareng dasih
padha madega
iki marga na baris //

9. Amepeti dalan smune arep jarah
ikut watara mami
baya nora ninang
dudu trap baris lampah
Lan dudu patraping baris
ratu cangkrama
radyan Ngabdullah nangling //

10. Mring kang rayi radyan Abuntalib
Ngabas
paran rembugmu yayi
apa iya pasrah
apa pinagut yuda
upama pinagut jurit
apa kuwawa
ya keh gunggunge iki //

11. Kurang luwih jalma patang atus ana
nanging nora miranti
lan dudu wong desa
ika kang ayun jarah
wong saseliran miranti
rahadyan Ngabas
matur ing raka aris //

12. Yen suwawi lan karsa leheng
maguta
inggih aperang sabil
upami nututa
tan wande binoyongan
babandane sami ugi
wekasanira
tan wande angemasi //

13. Sampun gilig rembage rahadyan tiga
sabyantu heh aprang sabil
kabeh wong Mekah
padha sira selehna
pikulamu dadi siji
kene ing tengah
aja na kang gumingsir //

14. Para santri saguh mati sabilullah
datan antara prapti
wadya kang pangarsa
anunjang sru mangidak
sagung wong Mekah sru giris
bubar sadaya
kang pra putra ing Ngarbi //

15. Duk kesisan ing wadya sigra lumajar
samya lupyeng prajangji
asasabillullah
ngriku sagung branarta
sampun tinilar lumari
amungkur menda
wadyeng Ngalab gumirih //

16. Swaranira denya arebutan brana
wastra kang adi-adi
wus dening lan arta
samya sugih dadakan
sadaya anyandhang nyampir
awarna-warna
solah myang denirangling //

17. Begja temen iki sun oleh pawitan
gagadhenku wis enting
kabeh neng pacinan

wong kang madati ngucap
klakon mengko kaul mami
bakal tak pundhang
srotongku ing mas tuli //

18. Tretes inten tekan sacupake pisan
banjur bae sun nyukit
karong kati iya
thithik bae bakalnya
pacitane kluwa pitik
lan rujak nanas
gula batu kang putih //

19. Koki kae dhekne aku patagihan
bok ya nemu lir iki
mandah bungahingwang
weneh wong madon ngucap
aku bakal sida rabi
jeng nganten kana
kae kang resik kuning //

20. Bok ya ngaranana sepira tukonnya
nadyan emas sedhacin
iya teka enya
sok dhasar kalakona
alega raseng tyas mami
tak ngundang-undang
jagongan ka nem bengi //

21. Nganggo nayub taledheke ya si Pacar
lan ana ingkang main
belit salikuran
ana alimang pantha
yen wis main banjur ngibing
anyindur tandhak
ronggenge ayu kuning //

22. Bojoku sing lawas bakale tak pegat
wong wadon kena sarik
tan wedi wong lanang
nora lali ben dina
gawene amung sok ngenthit
maring tatangga
tan mari den tuturi //

23. Malah genten sarengen maring wong lanang
weneh ana wong angling
kang karem minuman
pangucape mangkana
saiki sida myang kantin
milih inuman
ingkang abecik-becik //

24. Brendi bae aniset lawan sapanya
wermut mandera lekir
tur glase paradan
nampan salaka gilap
omong banjur anyaripit
awarna-warna
ucape sagung jalmi //

25. Wadya Ngalab tan ana ngodhe sajuga
ana nyunggi myang nyangking
mikul gendhong donya
samarga suka-suka
kawarna pra putra Ngarbi
ingkang lumajar
sakulawarga ngiring //

26. Nging kulinya kathah kang rebut koripan
denen wong Ngalab sami
pijer mamet brana
wastra emas lan arta
lah ing riku putra Ngarbi
raden Ngabdullah
Ngabas lan Abuntalib //

27. Sami aneng marga waspadeng paningal
yen na wong dwi lumaris
siji nunggang kuda
dharat ingkang sajuga
cinipta lamun tunggiling
wadya ing Ngalab
ngingeri megat wuri //

PUPUH XLV

Pangkur = 36 pada

1. Papantese ingkang dharat
gamelira pyayine kang nuranggi
mring di goningsun lumayu
saksana rarembaggan
putra katri duk saya celak kadulu
kalamun kang rayi Kamzah
ingkang dharat Guritwesi //

2. Putra tiga angleh lampah
dupi celak ari tedhak sing wajik
pun kalisahak tinuntun
gapyuk raden Ngabdullah
myang Buntalib angrangkul ing
arinipun
dyan Amir gupuh ngabektya
dhumateng kang raka kalih //

3. Lan raka Bas sasalaman
dyan Ngabdullah wangwang pajar
mring ari
saniskara lampahipun
sigra malih ngandika
ora luwih yayi ing mengko
rembugku
prayoga bali kewala
matur mring rama dipati //

4. Jaranira tunggangana
ge dhisika mulih mring Puserbumi
mrih glise koningan lamun
katiwasan lakwengwang
puluh-puluh sawitning sun arsa
labuh
amungsuh dudu sasanggan
kang rayi umatur aris //

5. Kakang mas tuwan kendela
wonten riki kawularsa udani
tiyang kang babegal wahu
kang raka sami ngampah
raden Ngabas ngandika dhuh ri
mas sampun
manawi kapara tiwas
ing kono rahadyan Amir //

6. Ciptanya lir den mejana
timur mila yen wus dadi karsaning
yen denampah malah bendu
nanging sinamun netya
wangwang lengser namung
Marmaya tan kantun
radyan sigra anuraga
sinander ken kadi thathit //

7. Tan adangu sampun prapta
gyaning brana nanging sampun
baresih
labetnya natasi tangsul
pikulan ting galethak
nulya laju tindaknya sang
Ngabdulsunu
datan dangu katututan
wong Ngalab ingkang neng wuri //

8. Umarmaya sru prayitna
parisira daluwang wus kinering
pedhangnya wilah tinunggul
sasirig cacebolan
prajurit ing Ngalab duk wruh sigra
matur
ing gusti rahadyan Maktal
yen wonten tiyang nututi //

9. Kados punika tunggilnya
wau ingkang gadhah brana mas
picis
narpatmaja ngandika sru
lah ya ana wong pira

kang nutui kang liningan ture
namung
kalih kang satunggal dharat
ingkang satunggal nuranggi //

10. Raden Maktal asru nyentak
mung wong roro bae kagawe gati
tanpa ngrasa nora urus
bok ya den uwisena
gendra pira prajurite malih matur
ajrihe manah kawula
kula dereng wrin turanggi //

11. Kang memper kados punika
dhawuk megantara gengnya
samyesthi
dene kang dharat puniku
tan kantun nyander nyungklar
nging turangga dyan Maktal sigra
anuduh
jalma kakalih andelnya
anama pun Pardundari //

12. Kalih anama pun Darban
kakalihnya samya tate nrang westhi
dyan Maktal andikanipun
den uwis dening sira
wong nututi aja angrubedi laku
kang sinung ling sigra mentar
tan adangu sampun panggih //

13. Umarmaya marteng rana
pedhang wilah paris dluwang
kinering
saestu pusaka turun
sangking taman seluman
duk ing nguni Guritwesi warisipun
mawa srat kitir pratandha
janma lyan tan den lilani //

14. Angangge papedhang wilah
kajaba mung rahadyan Guritwesi
Umarmaya lenggut-lenggut
sasirig cacebolan
menthek-menthek kakinceran tur
macucu
paperotan wong roro myat
gumuyu marebes mili //

15. Pardan sigra sru tatanya
heh sira wong pinangkanira ngendi
dene rupamu lir prekul
lan apa sedyanira
Umarmaya angawet sarywa mecucu
manebda cara lumumpat
lu orang jahat mencuri //

16. Marampas gwa punya barang
jaga baik lu nanti gwa ajari
wong roro pating palinguk
tan sumurup artinya
ngling pa iki layak kadadean hantu
kaya manuk pangucapnya
yen wonga tan kaya iki //

17. Darpundari ngembat watang
sru tinumbak Marmaya asisirig
nganan-ngering meksa luput
binabit ing landheyan
sigra ameluncut kakejer neng luhur
ganjret-ganjret lir branjangan
asru gawok Pardundari //

18. Adangu den antya-antya
katambungan tangan ginitik boji
Darpundari sah kang lawung
duk arsa narik pedhang
gya pinedhang wilah murdanira
rampung
Pardan myat dahat bramatya
ri patining Pardundari //

19. Marmaya sigra rinejah
aken kuda inda sang Guritwesi
nlusup-nlusup jebul pungkur
teka bonceng ing kuda

pardan gundam sinendhal sang
kuda jatuh
dhineseg paris daluwang
katembing murdanya palih //

20. Geger barising wong Ngalab
Umarmaya mamuk lir proding
yeksi
kang sinerang akeh lampus
Marmaya nunggang jaran
kudanira Pardan nafas ageng luhur
wong Ngalab sinrang keh pejah
lir pendah babadan pacing //

21. Buyar ambyar asasaran
datan ana kang bisa anadhahi
Umarmaya pamukipun
mangkana katalika
raja putra sakalangkung dukanipun
andangu ring punggawanya
bocah wong teka ing ngendi //

22. Dene teka gawe gita
sang ngujaran ling warti putra
Ngarbi
warninipun langkung bagus
nanging ker.del kewala
dene ingkang ngamuk namung
gamelipun
angleburaken titiyang
dene-dene genga inggil //

23. Methesel alit tur andhap
ngiwut mawon brasbas kang
sinrang gusis
mung wilah dadamelipun
parisipun daluwang
sumbaripun Umarmaya namanipun
rahadyan dupi miyarsa
wangwang anginger turanggi //

24. Jaja bang mawinga-winga
netyandik kumedut padoning lathi
Guritwesi duk myat lamun
raden Maktal kang mangsah
age mudhun den culken
turangganipun
gya mlayu panggya ri Kamzah
kang rayi gumujeng nangling //

25. Kakang mau nunggang jaran
wus mriyayi teka angodhok
maning
ingkang raka delingipun
nora telaten ingwang
jajaranan teka angrubedi laku
Kamzah musuhira teka
jare putra ing Ngalabi //

26. Rupane bae ra jamak
nyata bagus lan sira rada mirib
eman lamun nganti lampus
pantes dadia rowang
tan antara raden Maktal prapteng
ngayun
duk pugut tingal kalihnya
putra Ngalab putra Ngarbi //

27. Maktal nangling heh satriya
ngendi sira nututi laku mami
sang Ngabdulputra lingnya rum
ingsun putra ing Mekah
araningsun Amir balik sira bagus
nangling sun putra ing Ngalab
kang jeneng Marmaya neng ndi //

28. Ngriku radyan Umarmaya
ling-ngalingan turangganya kang
rayi
ngandika sang Ngabdulsunu
sira takon Marmaya
paran karepira dyan Maktal
amuwus
mateni punggawaningwang
mengko arsa sun jujuwing //

29. Ngandika sang Jayengrana
pa karane punggawamu linalis
satuhune sira iku
Maktal nora wruh wirang
bagus anom cacade ngandhang wanagung
dhemen alku babegal
radyan Maktal dahat runtik

30. Marmaya ngaton sru ngucap
kacang kuning gus Maktal rada ngucir
lah iya iku tandhingmu
Marmayarsi pinanah
Kamzah nangling salah gawe sira iku
yekti dudu tandhingira
ayo kene lawan mami //

31. Angadu sukaning manah
aja kemba lah lekasana aglis
dyan Maktal nangling smu guyu
ih babo Amir sira
dene peksa lumawan ing yudaningsun
wruhanira putra Ngalab
kasubing rat tanpa tandhing //

32. Tau tate tate tatal
Maktal bedhah kutha amboyong putri
boyongaku putri ayu
satus sawidak lima
iku kabeh atmajaning para ratu
padha mono Kamzah sira
lan putra Ngalab jelanthir //

33. Marmaya ngling heh ya Maktal
wruhanamu boyonganku putri
siji bakal bae durung
nangling sang Ngabdulputra
ala gelar payo kene yektinipun
pan iya kapasang yogya
dyan Maktal malih anangling //

34. Sun lunga seka nagara
mula nedya ngupaya tandhing jurit
kang lumawan prawiraku
pan wis punaginingwang
yen sun kalah Kamzah sun banjur mandulun
ananging sira yen kalah
nembaha mring jeneng mami //

35. Nangling sang Katimatmaja
iya Maktal sabdanira sun cupi
radyan Maktal malih muwus
sapa kang jaya ing prang
mesthi dadi papakuning bawana gung
lah Kamzah apa kang ana
sira tamakna mring mami //

36. Ingsun tadhahane jaja
ri sang nangling sun tan watak dhingini
balik Maktal gagamanmu
tamakna mring anggengwang
yen sirarsa wruh dadare bocah dhukuh
ing Mekah lah den cobaa
dyan Maktal nangling sun kingkin //

PUPUH XLVI

Asmarandhana = 31 pada

1. Heh den prayitna sira Mir
nadhahi pamanah ingwang
dan pinenthang jemparinge
ing ngapti pamusthinira
lumepas kang sawara
tinangkis lan parisipun
tekang sawara malesat //

2. Palesate tumanduk ing
watu kumalasa ambyar
lah dabarji sira Kamzah
mangsa nganti mindhoa
katiban ing pamanahku
karia aran kewala //

3. Sang Jayengprang ngandika ris
durung mati ingsun Maktal
mangsa bisya mateningong
sira samaning kawula
amung kang murbeng jagat
ku kang bisa gawe lampus
Maktal ling Kamzah malesa //

4. Ywa kuciwa ing ajurit
wus jamake wong ayuda
ya genthen pramajayane
sang Jayengrana ngandika
ya Maktal den prayitna
dan menthang gandhewanipun
lumepasing sarawara //

5. Katadhahan parit wesi
paris ambyar anggalepang
sing bantering pamanahe
naratas ing ngardi bentar
Maktal antya bramantya
dan ngetab turangganipun
mara sarwi narik pedhang //

6. Saksana rahadyan Amir
kudhung parisira waja
dyan Maktal asru wuwuse
den prayitna ingsun pedhang
pamedhangnya tumama
ing paris pinuterken sru
dan kinipatken malesat //

7. Pedhang putung tibeng siti
kantun kerange kewala
tinaretes ing retna byor
neng asta sigra binuwang
mamanasi dyan Maktal
nyandhak pangawinanipun
sang Amir gya linariyan //

8. Wali-wali datan busik
watangnya sigra rinebat
sang Jayengprang andikane
Maktal sun wuruki sira
patrape ulah watang
wangwang winalik kang ganjur
tinunjang rahadyan Maktal //

9. Jajanira ingkang keni
dahat denya kapidara
tiba sangking turanggane
tangginas sang Umarmaya
anyandhak mring dyan Maktal
astanya tinalen sampun
samangkana radyan Maktal //

10. Dupi antara anglilir
sangking denira kantaka
wangwang sabyantu wadyane
dyan Maktal arsa rinebat
sedya mangkara byuha
Maktal sung sasmita nayut
temah kandheg wadyanira //

11. Umatur sang Guritwesi
lah ta paran karsanira
ngandika sang prawira nom
heh kakang sira taria
urip kalawan lena
kalamun anedya hidup
manjingnya agama Islam //

12. Radyan Maktal dan tinari
aturnya anuwun gesang
ken Islam sandika sakreh
tandya winulang sahadat
as adu an la illa
ha illallah wa ashadu
an ibrahim kalillallah //

13. Pusara gya den uculi
rahadyan Maktal tur sembah
ri sang resep denira non
ngandika trah duladrawa
Maktal wus nadaringwang
yen sira kasor deningsun
sira sun aku sudara //

14. Pantes ingsun basa yayi
radyan Maktal nuwun turnya
tan wasa mangsulken sihe
walesen pati sayuta
sinuwun padya-padya
kaabdekna satus trubus
nedya nglampahi sakarsa //

15. Ingayahan dalem rehning
ingkang mulih sih panrima
dasihe tinedahake
kamulyan agami Islam
wus neng dalem ming nraka
tinarik mring swarga luhur
nangling radyan Pakuwaja //

16. Gus Maktal apa sayekti
kabeh atur setyanira
pan iku abot linakon
agampang wong atur setya
aja seca maleca
ingkang angger lakunipun
aja gagampang wicara //

17. Yen bakal nora nerusi
tangeh lamun ambabara
mung dadi ngengrengan bae
iku yen mungguh bathikan
dyan Maktal aturira
tembe ywan Madayeng wuwus
pecat iman gugur tingkah //

18. Gumujeng dyan Guritwesi
ngling lega raseng tyasingwang
dyan Maktal malih ature
kagungan dalem sumangga
raja branarta wastra
kang kabandhang mangke katur
pan maksih wetah sadaya //

19. Lan gusti bilih suwawi
yogi lajenga pinarak
dhateng ing gubahaningong
saru punika neng marga
nangling dyan Umarmaya
heh bagus ingsun tan rembug
luhung wongmu undangana //

20. Raja branarta sakehning
kon gawa marene sisan
lan becik tatarub kene
dyan Maktal graitanira
ngraosi dyan Marmaya
iya ala warnanipun
kang aran dyan Umarmaya //

21. Nging pasang wiweka lantip
tegese tan kena pisan
sun mangreh ing sarirane
dadya kalangkung jrihira
gya ngawe baturira
wus pinrentahan liripun
tatarub dan ingusungan //

22. Myang brana tan nana cicir
nangling sang Katimatmaja
yayi Maktal kadangingong
padha sira aturana
radyan Maktal gya nedah
ing pikandelira gupuh
ngaturi radyan Ngabdullah //

23. Ngabas miwah Abuntalib
saha kalawardanira
datan dangu sampun prapteng
gyanira kang rayi Kamzah
samya anggelak lampah
dyan Kamzah sigra rinangkul
ciptaningtyas nora nyana //

24. Ngunguing galih tan kadi
aneng daleme supena
myat anyar pasanggrahane
tatarubira banjengan
kang maswi glaring ngarsa
dyan maktal sawadyanipun
sila lir konjem pratala //

25. Tan dangu bojana mijil
sasaosannya dyan Maktal
selur anggili tan pedhot
saksara sami andhahar
wenah penuh sawadya
lan wong Ngarab inggih tuwuk
sarah sekul papanganan //

26. Sukeng tyas sagung wong myarsi
duk binegas nora nyana
yen arsa semu mangkono
mung nyipta tan wurung pejah
dahat panggunggungira
mring dyan Kamzah dhawahipun
dyan Ngabdullah angandika //

27. Paring pambagening panggih
dyan Maktal nuwun turira
tandya majeng awot sinom
ngabekti mring dyan Ngabdullah
Abuntalib myang Ngabas
sampun binektanan sagung
dyan Ngabdullah malih nebda //

28. Mring ari Ngabas Buntalib
priye yayi rembugira
aprakara laku kiye
banjur utawa balia
ywen upama banjura
paran pratikeling laku
ingsun wesi yen baliya //

29. Mandah dukane kiyahi
kang rayi kalih aturnya
kawula sumangga ring reh
alon matur radyan Kamzah
yen suwawi lan karsa
paduka kakangmas luhung
prayogi linajengena //

30. Kula ndhereken ing margi
yen wonten drigaminira
yen prapteng Yaman kithane
kawula kendel ing jaba
lega tyase kang raka
kang dadya sumlanging kalbu
yen kang rayi karya resah //

31. Wonten ing Yaman nagari
wusana kang rayi sagah
kendel ing jawi kithane
dyan Maktal arum turira
kumedah andhereka
amengku cakraning bumi
amung padha ngong prih tepung
prasanakkan //

3. Ugering agama Islam
yen wus padha anglakoni
pira pira panrimeng wang
mring sanak sanak para ji
kene nagara Ngarbi
destun mung ing tembenipun
yen anedya sikara
sun pinta tutulung jurit
kadar pira karosaning wong ing
Mekah //

4. Sagunge kang para raja
trep ing tyas denya miyarsi
andikeng sang siwi radya
dahat wibuh susetya sih
paradyeng nagri Kalkarib
dene purwanira kang umadeg
raja //

5. Bisikan sri Umar Ekrab
sudira prawireng jurit
ing Kalkarib jajahannya
wonten cariyosing tulis
alam donya puniki
kang kasongan langit sagung
apan pinara gangsal
dharatane kurang luwih
bumi ponca lakone nyawidak
warsa //

6. pira pira kang nagara
tekan ing sanarpatining
bumi panca kang ku wilang
Asiyah ingkang sawiji
Aprikah kaping kalih
Amerikah katrinipun
kang kaping pate Eropa
Astraliya gangsal nenggih
pulo pulo kawilang bageyan
ponca //

7. Muwara kapit samodra
bumi gangsal wau neggih
ing Kalkarib bagehannya
sepalih lan tanah Arbi
nahan nateng Kalkarib
sri Umar Ekrab wus lampus
tilar atmaja priya
kawan dasa sampun sami
madeg nata kang Jumeneng kraton
besar //

8. Jujuluk sri Baudhendha
miseseng nagri Kalkarib
nging sang nata ragi cacad
yen menggaha tiyang alit
wudel bodong mung kedhik
mungup mungup rong panggayuh
padharane nglemparak
kadi bagor kurang isi
nadyan bodong pilih tandhing ing
ngayuda //

9. Dedegira sawidak gas
tangkeping prang sri Marmadi
yen sedheng umangsah rana
gluwah gluweh angenani
tuhu prawireng jurit
nagri Kalkarip cinatur
beteng jagang matundha
prajurite tanpa wilis
myang wadyane pra kadang kang
kawan dasa //

10. Angidep maring rakendra
ingkang siniweng Kalkarib
tresna ing lahir batinnya
aywa cangcang kadang yekti
dhasar sang Umarmadi
wigya mulut tyasing wadu
sungkeme wadya bala
sadaya tan pilih pilih
wit kasaranan ing dana kramaning
nata //

11. Cipta labuh ing sabaya
lan wus pracayeng narpati
de prakoswa wireng yuda
pakakas ing prang miranti
mangkya sedheng siniwi
neng dhampar kancana murub
makutha bra markata
kandhih manon ing hyang rawi
ingkang mongka angiras
papatihira //

12. Sundhulanira sang nata
raja Harjan kang wawangi
wi janging warna sambada
keswanya kedhik barintik
raja Harjan puniki
ugungan dhasare gedhul
Kalkarib gul agulnya
sok amelothot wong ngising
geng ngaluhur tingalira
andulerah //

13. Waose belah kadhatyan
netra kambanen paputih
ngethek jerih wirasatnya
nging gelare sugih wani
kang raka langkung asih
raja Karma arinipun
anulya raja Marja
Arsud Jasma raja Ardi
raja Jalul raja Jeras raja Kardas //

14. Kustur Malikustur raja
raja Surbi lan Bisurbi
lan raja Samit Kusumat
sang raja Sarun Musarwi
raja Mardika Sardi
raja Biksara Barbiksu
raja Barmus Kubarmas
lan raja Kanjar Mukanjir
raja Sabras lawan sang raja
Musabras //

15. Raja Bardas lan Mukardas
sang raja Sabar Musabir
raja Sardan Risahardan
sang raja Karsan Mukarsi
raja Barman Mubarmi
sang raja Badin Mubadun
sagung sumiweng ngarsa
ngandika sri Umarmadi
mring kang rayi panenggak sang
raja Harjan //

16. Apa sira krungu warta
yen dhukuh Mekah saiki
ana kang metu digdaya
jare anaking patinggi
Mekah kang angluwihi
wus ngelar jajahanipun
ratu ing kering kanan
sumuyut padha tur bekti
maring Mekah piyanggepe
kumawula //

17. Kang dadi pangunguningwang
dene padha tan wruh ngisin
ratu kang gelem kabawah
ngur nembaha jeneng mami
ratwagung misesani
raja Harjan aturipun
pan sarywa awotsekar
gih estu pawarti angin
nagri Ngyaman ing Ngalab lawan
Ngabesah //

18. Kang sampun sami kabawah
tur lajeng salin agami
ngling malih sri Baudhendha
ing samengko karsa mami
pama mawa sapelik
yen orang pinaten iku
satemah ngombra ombra
mumpung durung bengkalahi
sun rampase yen ambada lawan
sira //

19. Kang rayi jumurung karsa
ngandika sri Umarmadi
lah age mintaa duta
anggawa ing layang mami
becik tinonjok tulis
nora anumbak ngatambuh
mulya maringken surat
maring sang pratondha mantri
wus linilan lengser umesat sing
ngarsa //

PUPUH LX

Asmaradana = 47 pada

1. Sang nata dan dhatu puri
kebut sagung kang pra raja
myang sapunggawane kabeh
kocap wau dutanira
ginlak ing lampahira
kuneng gantya kang winuwus
nagari ing Puseralam

2. Dipatya Ngabdul Muntalib
lagya lenggah lan pra putra
miwah ingkang para katong
ing Yaman lawan Ngabesah
miwah sang raja Maktal
sami sumiwi ing ngayun
umatur sang nateng Yaman //

3. Mring kangjeng sang adipati
yen suwawi lawan karsa
paduka enggih turingong
nagri kang celak ing Mekah
yogi pinurih Islam
ang raja Maktal sumambung
dih manira langkung rembag //

4. Abon-abon wewah kanthi
tur angsal lahir batosnya
upami bilih ing tembe
nagri Madayin sikara
nedaya nguwahi tata
sageda nglawan ing pupuh
guyub sang nateng Ngabesah //

5. Sang putra ngandika aris
paman teka dumadara
mungsuha Madyan karaton
ratwa gung abala raja
pira kadaring Mekah
timbang tikel satus ewu
Ngalab Yaman lan Ngabesah //

6. Ing Maskat Kulikut Mahgrib
Luhyangabin ing Besarah
Ngesam Kudedah wus dena
Siti Barjah myang ing Juldah
ya wis akeh ing petang
nging yen tinimbang Madayun
iku mung raja sajuga //

7. Ananging ugering uwit
raja rajaning pra raja
nging yen lan pitulung Manon
kaya iya nora wegah
nahan ingkang paheman
kasaru sapraptanipun
dutaning sri Umarmadya.

8. Kang sarywa amundhi tulis
gya ngandikan prapteng ngarsa
duta Kalkarip dupyanon
cahyanya sang Jayengrana
ebat ngungun nukmeng tyas
bayekti satriyanipun
ingkang kaloka sudibya //

9. Dene sambada kang warni
cahyane mindha sasongka
pantes alus bubudene
jetmika apari krama
dhasar pra tameng yuda
mangkana ciptaning kalbu
saksana alon turira //

10. Ing reh kawula tinuding
ing gusti Sri Baudendha
ingkang ngrenggani karaton
ing Kalkarib kitha besar
ngrehken kang para raja
kang salam yogi dhumawuh
lawan kaping kalihira //

11. Kinen maringaken tulis
nuwala wangwang tinampan
bagendha Bas kinen maos
penget ki layang manira
narendha Baudhedha
kang kakadang para ratu
ababala angrong leksa //

12. Kang ngadhaton ing Kalkarib
mahdibya prawireng yuda
sagung pra narpati kasor
atur bekti kunawula
jrih paribawanigwang
ingkang miseseng ngreh sagung
saparoning tanah Arab //

13. Tumekaa mring sira Mir
sun peling marang ing sira
ywanapi ing kraton ingong
sira uga kawisesa
ya mring karaton ingwang
mapan sun ratu pinunjul
mengkoni sagung jajahan //

14. Sira sebaa den aglis
maring Kalkarib nagara
sun ampun dosamu kabeh
ingkang wus padha kalawat
wis nora dadi ngapa-
balik yen sira tan nungkul
iya maring jeneng ing wang //

15. Sebamu mring ngarsa mami
sarta ngiringna upektya
banget pangarsarsaningong
yen sira meksa apugal
ngajak main sinapan
sepira obat mimismu
marmane yen kena aja //

16. Wruhanmu ratu Kalkarib
sudira prawireng yuda
sayekti wis tanpa tondha
singa kang lumawan curna
aja kang kaya sira
mongsa kanggowa rong menut
sirna dening astaning wang //

17. Titining serat tinulis
neng Kalkarib kantor besar
jam sapta ing ari Isnen
Sapar tanggal kaping sapta
condra sangkalanira
''gunaning sembah ngesthiku''
purna surataning sastra //

18. Sru duka risang miyarsi
ing wau tembunging surat
nanging sinamun nityane
sang dipati angandika
paran kaki karsanta
prakara layanging ratu
Kalkarib sri Umarmadya //

19. Kukup ing pangrungu mami
uwih gedhening nagara
lan Madyan sor timbang bae
pa sira nungkul kewala
mring prabu Baudhendha
upama sira tan nungkul
kang sirandelake sapa //

20. Yen mungguh sira pribadi
kadar mung badan supata
wus dene sanak pra katong
duweya angeling yuda
pan durung paja paja
sira adu ing apupuh
sanadyan menanga rusak //

21. Tumungkul sang siwiradi
nulya lon matur ring rama
pukulun amba wiyose
wiyang manawi nungkula
dhateng sri Baudhendha
pinten banggyantuk pitulung
na siring hyang Kang Misesa //

22. Sumedya kula labeti
anerang ardi Pawaka
samodra rah mangka langen
patyurip sinten kagungan
pan mung kang maha mulya
yen sanak sanak pra ratu
pamitan sabayeng amba //

23. Kawula temah pribadi
ngriku sagung para raja
yayah winungu surane
raja Maktal atur setya
maring sang adipatya
nglereskeh turing sang sunu
myang nateng Yaman Ngabesah //

24. Sadaya rumojong kapti
sumedya labuh sabaya
sang adipati lingnya lon
anedah mring putra Ngabas
kinen karya wangsulan
dhasar mring ukara putus
akedhik aksara nira //

25. Prakawisnya anyekapi
tatela kang adangiyah
tan dangu surat wus dados
lak abrit sinanggyeng patra
gya sinungken mring duta
Kalkarib pamit amundur
lampahira gagancangan //

26. Luwaran sang adipati
bubar sagung kang pra putra
raja Maktal lajeng mawon
paguneman lan sang nata
ing Yaman myang Ngabesah
angerig prajuritipun
kang maksih neng nagrinira //

27. Kang dinuta para mantri
mring nagrine sowang sowang
nahan gantya winiraos
duteng Kalkarib lampahnya
sinerang dalu siyang
praptane Kalkarib nuju
sang nata miyos sinewa //

28. Pepak kadangnya para ji
nenggih ratu kawan dasa
sangkep ing sapunggawane
busana awarna warna
yayah ardi pawaka
sang nata angayun ayun
dutanira kang mring Ngarab //

29. Ngandika sri narapati
mring ari telenging nala
heh Harjan kaya kapriye
kiramu utusaning wang
kang mring nagara Mekah
apa ta si pekir anut
aseba ing jeneng ingwang //

30. Atawa yen mogok wani
kudyatengkar paribawa
yen mangkono karuhane
raja Harjan awotsekar
dewaji pandugyamba
kados inggih estu manut
upami mogok pun Arab //

31. Anedha sakit punapi
punapa tan kilak warta
paduka ratu kinaot
sudibya prawireng laga
sang nata langkung suka
ya Harjan bener aturmu
ing watara noraningwang //

32. Tan dangu imbalaning ling
kasaru praptaning duta
sarywa mundhi surate
wangsulan kang sangking Ngarab
prapta ngarsaning nata
ponang duta awot santun
sigra pinundhut kang surat //

33. Binuka sinuksmeng galih
penget ki layang manira
sang putra wisesa kaot
kang paradyeng Puseralam
anglalanandon jaya
kang dhihin muji hyang Agung
kadi mring nabi panutan //

34. Ibrahim kalillullahi
wiyos manira sang nata
wus atampa surasane
layang tandha pekenira
sira mrih sebaningwang
mring Kalkarib ringgong lumuh
ing tembe walahualam //

35. Ingsun arsa mring Kalkarib
nanging sira sadhiyaa
beciki sawijining gon
suguhira kang sumekta
dudu susuguh boga
mung akehna tumpukanmu
mimis obat aja kurang //

36. Kang minongka sendhok cukit
trisula biri lanangan
badhama pedhang pesone
iku dadi sukaningwang.
kalamun sira kudya
mamrih panungkul sunlumuh
wruhanira Umarmadya //

37. Ngur sira kewala becik
sebaa mring jenengingwang
lan salina agamane
anebut kalimah sadat
lan ngaturna upektya
yen sira tan gelem nungkul
apa nganti kuthanira //

38. Sun rata kalawan bumi
heh Marmadi poma poma
betengmu kandelna maneh
akapurancanga waja
jrokna lalarenira
wong Ngarab bakal tan wurung
nekani ing dhangkanira //

39. Agawe tata kang becik
yen sira nut agameslam
sunampun dosamu kabeh
tur ing tembe sira mulya
nugrahaning Pangeran
ginanjar lan sawarga gung
heh sang nata poma poma //

40. Mene sira lumuh muslim
den cadhang lawan naraka
babendunireng hyang manon
Marmaya nuli praptaa
kalamun nora prapta
kudu ngajak taker marus
ngicipi lukita muka //

41. Gigitike pekir Ngarbi
lah iya sira cobaa
aja kemba den atanggon
titi surasaning surat
nata langkung dukanya
jaja bang manglatu latu
tingalnya andik ngatirah //

42. Garap garap wijiling ling
karya takut kang sumewa
amarikelu sanggyane
nora talah si wong Ngarab
nora noleh githoknya
yayi Harjan karsaningsun
siyagaa ing ngayuda //

43. Sun tumindak dina iki
nora susah nganthi bala
iki bae saanane
kang kari iya ben padha
nusul bae prayoga
kiranen iki wadyengsun
kang sumewa ana pira //

44. Sri Harjan matur ngraka ji
kados wonten gangsal leksa
sang prabu wangwang ngadhaton
sakedhap amung busana
wadya gung wus sanega
solahing wong ingkang gugup
gugupe wedi parentah //

45. Sakehning wong warni warni
na kang mulih nedya dandan
dandan kaprajuritane
lagi anganggo saruwal
den enggalken lurahnya
tanpa klambi benting sabuk
nyangking topi lawan kerga //

PUPUH LXI

Durma = 27 pada

1. Sekar durma tan dangu miyos
sang nata
sangkep kaprabon jurit
gya ngatag tangara
budhal baris pangarsa
untabe kegiri giri
girindra sasra
myang sasra endra giri //

2. Sagung ingkang pra raja wahana
liman
mongka panduk pangarsi
kadang kang pandhadha
anama raja Karma
raja Marja anambungi
ing wurinira
Arsud Jasma rajardi //

3. Wadyanira aperang sajuga-juga
sumbaganira asri
myang tunggul mawarna
pajeng lir paksi krendha
gya tindake sri bupati
menggep sang nata
swandanesthi madyani //

4. Kadang ira para raja kawan dasa
saperang aneng ngarsi
sapalih ing wuntat
ginlak lampahing bala
kadi trumaning udadi
abek balabar
papan kebekan baris //

5. alas alas pinggir gunung iring jurang
tirah tirah ing kali

ujunging padesan
kamlahi baris lampah
nengena wadyeng Kalkarib
gantya kawarna
nagari Puserbumi //

6. Raja Maktal nateng Yaman myang Ngabesah
dutanira wus prapti
kang angirid wadya
kang kantun neng prajanya
sadaya wus samya prapti
nagari Mekah
jejel kebekan baris //

7. Ratu tawan Maskat
Klikut Kudaedah
ing Basarah lan Kupsi
Luhnya Mudawiyah
ing Magribi myang Tupan
Siti Bar jah lan ing Ngabin
samya mirantya
sawarastraning ngajurit //

8. Sang Jayengprang sedheng lagya paguneman
lan sagung kang para ji
raja Maktal Ngyaman
miwah nateng Ngabesah
ngandika sang Jayengjurit
heh yayi Maktal
ing mengko karsa mami //

9. Lamun uwis rembug kabeh sanak-sanak
paman Yaman sedening
Marmadi yen prapta
ikut pamapaging wang
adoh seka kutha Ngarbi
ewuh ayanya
lamun tiwasing jurit //

10. Supayane dadiya pangungsenira
raja Maktal tur bekti
dhateng kasinggiyan
nangling sang Tambakyuda
gedhe gagaman Kalkarib
ja na papeka
raja Maktal lon angling //

11. Kang sanadyan genging mangsah penuh ing ngrat
boten nedya gumingsir
amengsah pun Kopar
nging pangestune rinta
nateng Yaman anambungi
pan kasinggiyan
anak ture ing gusti //

12. Pan kasaru wadya kang jagi tampingan
prapta atur udani
wonten mengsah prapta
langkung geng barisira
padhusunan risak sami
ingkang kaambah
samya den jajarahi //

13. Wertinipun paugraning baris anama
nggih Prabu Marmadi
Kalkarib nagrinya
risang lan para raja
duk myarsa aturing telik
wangwang pra samya
siyaga ing ngajurit //

14. Pakuwaja ngling maring ngari mangkana
lah daweg padha pamit
risang wangwang sowan
lan sagung para raja
angandika sang dipati
kulup kaya pa
wartane ing Kalkarib //

15. Sang putra matur samangkyestu anglarag
prapteng dhusun Paminggir
yun amba pethukna
ring kang tebih lan kitha
kawula anuwun pamit
ngling sang dipatya
angger ingsun idini //

16. Pandongaku muga muga ywang kang mulya
iya paringa nasir
anambadanana
kulup ing sedyanira
dadiya tunggul pra murti
kedalaningrat
lulusa mengku bumi //

17. Dan ngabekti ingaras embunanira
nulya sang Guritwesi
nangling sang dipatya
kulup den angatyatya
momong arinira kaki
nuwun tur sembah
Rahaden Guritwesi //

18. Gya pra raja angabekti gantya gantya
ngandika sang dipati
he sanak pra raja
ngong mung titip kewala
pangrekseng mitran sasami
matur sandika
ingkang para narpati //

19. Angandika malih sang dipati Mekah
ring putra sang wiradi
kulup kakangira
Ngabas ikut prayoga
melu sira mongka kanthi
lan kakangira
iya Ki Guritwesi //

20. Tan kedheweken pangreksane ing sira
risang nuwun wotsari
sang Abas anulya
kinen milyeng rinira
sagung pra raja wus mijil
anata bala
gya busana sang Amir //

21. Sagungi brekatan rinasuk sadaya
myang wisayaning jurit
gada Samadiman
titiyan Kalisahak
pan sampun sumaos ngarsi
sagung pra raja
saprajurit miranti //

22. Namung nganti wiyosnya sang siniweng prang
satunggul tengrannya sri
tan dangu tandyata
mangkat panganjur lampah
nateng Ngabesah sadasih
cucuking lampah
kalih leksa winani //

23. Kang sumundhul ing wuri sang raja Kopah
kalih leksa kang dasih
tandya raja Maktal
kang sumundhul wurinya
wadya samyatus ber wani
pan kalih leksa
tigang ewu pinilih //

24. Wangwang tindakira sang Jayengpayudan
parandel wadyeng Ngarbi
wong Alyamudina
samya sedheng nomira
anggrebeg ing kanan kering
samya ber sura
tatal drigamaning writ //

25. Ratu tawan kang mungguh ing
wuri pisan
ingkang kamargan sami
keh ratu sumewa
teluk tan lawan aprang
kitha Jophan myang Kosani
Yanuk ing Temas
Kalsah Basarah nenggih //

26. Apan lajeng sami kinen manjing
Islam
wus samyagama suci
winor lan pra raja
tawan kang sangking Yaman
wenah gengira kang baris
lajeng pra samya
andherek nglurug jurit //

27. Gunggungira wadya sakethi tri
laksa
prapteng lakon sapta ri
rered masanggrahan
kari lakon sadina
lawan baris ing Kalkarib
nahan agantya
kapir mradongga ngrawit //

PUPUH LXII

Sinom = 30 pada

1. Kawarna Sri Baudhendha
ri sedheng siniweng dasih
sagung kang pra raja kadang
sadaya sumiweng ngarsi
ngandika sri bupati
mring Harjan ari pangayun
heh ya kepriye Harjan
wataranira si Amir
dene gendhung peksa wani nglawan
mring wang //

2. Apan nora kulak warta
adol parungoning kuping
lamun panjenenganingwang
ratu luwih ing sasami
akadang para aji
ababala tanpa petung
abanget tanpa ngrasa
ing samengko karsa mami
panggalih sun ora bisa anyabarna //

3. Ya ing dina benjang enjang
sira budhalna prajurit
sun age nuli weruha
rupane si dhukuh Ngarbi
raja Harjan tur bekti
yen pareng karsa pukulun
yogi kasabarena
bok bilih engetpun Amir
masweng tuwan kantenanipun ing
benjang //

4. Ngenjang kawula lumampah
piyambak ngantep pun Amir
kantenanipun ing lampah
yen kawula sampun panggih
yen kedah methuk jurit
amengsah paduka prabu
sampuna dening kula
pa sisan kula tangsulli
kaatura paduka sampun
babandan //

5. Sang nata suka miyarsa
ing aturira kang rayi
yen mangkono rembugira
lah iya ingsun ideni
nahan ratri dupyenjing
raja Harjan angkatipun
pamit maring rakendra

sang nata ngandika aris
wis mangkata kang muga oleha
karya //

6. Raja Harjan awotsekar
saksana lengser sing ngarsi
mung kedhik ambekta wadya
kang para andelingjurit
lampahira neng margi
dhasare priyayi kaduk
maloto kuwarisan
ana radane bambang pring
tau menang numpang mamapng
ambabandhang //

7. Boyong putri nigas raja
bedhah kuthaning narpati
mila kang manah daladag
buh ta yen liyaning Ngarbi
yen mungsuh Puserbumi
wong nedya anglongga wahyu
gusti lawan kawula
mung mungsuhan dudu tandhing
tangeh lamun kawula bisa
amenang //

8. Samangkana raja Harjan
ing marga datan winarni
andungkap ing pasanggrahan
nira pra pyaywagung Ngarbi
dasihira pra sami
den antun wonten ing ngenu
lampahira priyongga
prapteng pakuwon nujoni
panggih lawan nateng Ngalab mraja
Maktal //

9. Anuju neng pasanggrahan
anjenengi kang prajurit
samya ajar kridhaning prang
kagyat raja Harjan prapti
asru denira angling
ki sanak aturna ingsun
maring ngarsaning Kamzah
manira ratu Kalkarib
aran Harjan kadange sri
Baudhendha //

10. Mangka andeling ngayuda
prapta manira tinuding
raja Maktal ciptaning tyas
yen sun aturna ing gusti
mengko yen wus neng ngarsi
kalamun sambung laku
sanajan saupama
yen kurang kurmat mring gusti
gampang uga mapan ingsun ora
megah //

11. Anulya den irit sowan
kawarna sang wireng jurit
lenggah lan kang raka Ngabas
katiga lan Giritwesi
paheman babing jurit
de amengsah ratu agung
tur abandhu santana
kasaru denira prapti
raja Maktal ngirit praptanira
Harjan //

12. Sagung parandel dupi myat
sadaya prayitneng gati
rebut celak lan gustinya
sang Maktal matur wotsari
wonten cudaka sangking
Kalkarib sowan pukulun
anama raja Harjan
sirarjan duk prapteng ngarsi
kagyat mulat ing cahya sang
Jayengrana //

13. Lawan denya tan tumendhak
tan ngurmati dera prapti
sang Harjan mandhireng ngarsa
wangwang sru denira nangling
heh dene ta sira Mir

abanget tanpa ngrasamu
teka angenak enak
tan kurmat mring jeneng mami
wruhanira mapan ingsun iki raja //

14. Iku wekasane sira
angrusak ing krama niti
wong papa lumuh pengina
teka tan angeman dhiri
angandika sang Amir
heh ya Harjan sira iku
dhewe kang tanpa ngrasa
lumaku akon ngudhuni
mapan ingsun ora angratu
mring sira //

15. Ewa mangkono yen sira
bisa angudhunken mami
seka palungguhaningwang
nadyan ratumu Marmadi
prapta ing ngarsa mami
yekti sun tan arsa mudhun
ywa cacak kang lir sira
lumaku ingsun udhuni
Tambakyuda nangling dene
kaya Admral //

16. Wong rupamu kaya bawang
mamah ampase pribadi
lumaku den kurmatana
sang Harjan bramantya andik
cipta den mejanani
gya angayat gadanipun
ayun nrajang sang Kamzah
trangginas gya den dhimini
tinampiling mring Maktal sang
Harjan niba //

17. Gulangsaran aneng kisma
sang Harjan dupi anglilir
pinindho mring nateng Yaman
lir pendah sata kapilis
grageyan lagi tangi
nateng Ngabsah ngaping telu
dupi tangi gumregah
lumayu aniba tangi
Guritwesi sumranthal nututi
gancang //

18. Nusulken gadanya Harjan
katututan aneng margi
den uwuh mring Umarmaya
Harjan ki gadamu kari
kang den uwuh anolih
nangling prenekna gadaku
iku apan wasiyat
ing mau ngong teka lali
nganti kri Umarmaya sabdanira //

19. Nya nuli tampanana
yen kuwalat aku wedi
dene ta iki wasiyat
adate sok amalati
Arjan wedi nampani
ngling uncalna bae cukup
seka kono kewala
tutuga kene tak tampani
Umarmaya semune rada angarah //

20. Garese kena kumeprak
Arjan niba sambat nini
wewah wewah dhinodhogan
palayune saya gendring
lan bature wus panggih
Arjan ling wong nora urus
tatane wong ing Mekah
bature tatakon pundi
babandane tiyang Ngarab nami
Kamzah //

21. Nglinge Harjan deye daya
tombok meh tan bisa bali
wong padha edan edana
kabeh bature si Amir
pa padha den ajani
teka wani marang ingsun

iki jenenging nata
bature gumuyu dupi
wruh ratune garese angemprak
emprak //

22. Ngling punika kenging napa
ya diarah mau iki
gadaku kari neng kana
disusulake wong siji
uwonge cendhek cilik
lir ceplukan bunder nyempuk
smune methesel akas
tak jaluk gadaku nuli
den uncalken garesku ingkang den
arah //

23. Bature maneh tatanya
punika punapa sakit
Harjan ling hus lara pisan
ing mengko ya den tambani
wis tur ayo den aglis
aja nyatur wong tan urus
yen selak tinututan
datan kawarna ing margi
praptanira pakuwon sang
Baudhendha //

24. Anuju siniweng wadya
dupi myat sang Harjan prapti
ngandika sri Umarmadya
di yayi bandane Amir
banget sun arsi arsi
sang raja Harjan gumuyu
sarywa alon turira
kawula tan antuk kardi
wit rencangnya pun Kamzah sami
andhugal //

25. Meh meh kewala pun Kamzah
kenging kawula tangsuli
lawan ing benting kawula
nunten rencangipun sami
ngroyok jagur nampiling
kula malah meh tan wangsul
punika gares kula
katiwasan nandhang kanin
kenging gada nging gada kula
piyambak //

26. Kang raka dupi miyarsa
gumujeng nangling smu runtik
yayai nora kaya sira
dene angisin isini
sanggupira ing wingi
nora sambada kumruwuk
inggih sadasa dasa
nging kawula dereng miris
tempuk ing prang lan Kamzah
tanding prawira //

27. Benjang dulunen kewala
sokur lamun maksih wani
kocap pan lajeng bojana
nata angegar prajurit
boja brana menuhi
dadar palelernya agung
saben dina tan pegat
kang nusul wadya Kalkarib
kalih belah leksa kiranga tan
kathah //

28. Sri Baudhendha ngandika
yayi dina benjing enjing
sun arsa tindak priyongga
tak ajarane si Amir
ingkang peksa gunadi
kebutna sagung wadyengsun
ari matur sandika
kuneng dalu kawarnenjing
teteg munyabrung sakehning
tangara //

29. Melingi gobyar masimbar
puwi puwi lan saruni
barung bengeng mring parungyan
yayah mangayuh wiyati

tinon baris lumaris
agolong sajuru juru
kadi samodra wutah
balabar ngelebi bumi
sumbaga bra yayah kang ardi
pawaka //

30. Ginelak lampahing wadya
nahan Prabu Umarmadi
punggawa Ngarab pacalang
gya tur uninga ing gusti
raja Maktal tur uning
mengsah nglarag wus prapteng nu
risang alon ngandika
heh yayi Maktal den aglis
undhangana sun arsa mapag
ing yuda //

PUPUH LXIII

Durma = 27 pada

1. Kadi bibis samodra swaraning
tengran
tinembang amelingi
tan dangu wus tata
sagung wadya ing Ngarab
myang sagung kang para aji
saperang-perang
juga juga miranti //

2. Sangkap ningkang sagung
srayaning ngayuda
tengran tunggul mawarni
aciri dul pakar
saweneh ana ingkang
aciri purnameng tengsi
myang na lir candra
lyan na srun minalahi //

3. Pan kumitir sinrang dresing santar
kentar
lir ngajap tempuh jurit
wadya gung gambira
cipta mangsul sih risang
ginusti madyaning jurit
risang gya ngatag
ambudhalaken baris //

4. Nateng Ngabsah raja Tohara kang
mangka
panduk baris pangarsi
nulya nateng Yaman
sumundhul raja Maktal
wangwang sang prawireng jurit
datan kenasah
raka Bas Guritwesi //

5. Ratu tuwan kang munggeng wuri
pra samya
wus lepas kang lumaris
duk prapta ring prenah
tegal rata ajembar
papannya kalangkung radin
langkung prayoga
nganti mungsuh dan prapti //

6. Samya sura tan wangwang sigra
narajang
duk campuh silih ungkih
geter magenturan
surak prang wor tabuhan
arame lirig lumirig
wadyeng Ngabesah
sura anunjang wani //

7. Wong Kalkarib atadhah samya
prawira
punggaweslam myang kapir
wus keh kang kabranan

myang mati tan petungan
prande ing wuri tan miris
ramening yuda
gantya kosik katitih //

8. Nateng Ngabsah Tohara karoban lawan
gunging wadyeng Kalkarib
tulung nateng Yaman
gumulung sawadyanya
gantya wong kapir mangisis
sang raja karma
raja Jasman mapulih //

9. Atutulung sreg sinreg sama sudira
swareng gorastra kadi
galagah kawlagar
gurnada sela sela
brengkolang towok myang lembing
tawang liweran
ting clorot mamet pati //

10. Ting galebrug Islam kapir kang kabranan
nging pangreksaning Widi
mring sagung wong Islam
tan patya keh lengira
minajat anyengka tandhing
bangke agelar
ing pabratan ngebeki //

11. Kapir sepuluh Islam mati sajuga
saya rame kang jurit
liwung magenturan
surak sawur wurahan
breg binreg sami winani
caritanira
dupi kasaput wengi //

12. Purpur popog sapih kang abandayuda
makuwon Islam kapir
rakit pasanggrahan
tan adoh prenahira
antara patang pambedhil
ing ratri samya
Islam kalawan kapir //

13. Akasukan bojana angegar wadya
pasanggrahan sri kapir
amain longlongan
nahan ratri enjangnya
ngandika sri Umarmadi
mring ri panenggak
heh Harjan karsa mami //

14. Ingsun arsa anonjok layang mring kamzah
sun jak jangji prang tandhing
satriya pra raja
wingi mangkara byuha
mlasken wong cilik keh mati
karena aprang
kang sun rebut wong cilik //

15. Yen matia sapa kang ngrengga mring raja
padha padha yen mati
neng madyeng palagan
kang pra satriya raja
kang wis padha wareg mukti
ari tur sembah
kasinggihan karsa ji //

16. Para kadang tinari sadya rembag
wangwang umilih mantri
kang mangka cudaka
majeng wus tampi surat
ngandika sri Umarmadi
iki layengwang
tekakena si Amir //

17. Tur sandika mantri cudaka gya mesat
kocap tan dangu prapti
pasanggrahan Islam

duteng Kalkarib nulya
katur Maktal gya den irit
byantaraning sang
suryeng rat sedheng lagi //

18. Alenggahan raja Maktal atur sembah
wonten duteng Kalkarib
yun masweng paduka
risang alon ngandika
heh sira duteng Kalkarib
kinongkon apa
mring ratumu Marmadi //

19. Duta matur amba ken ngaturken serat
konjuk paduka gusti
duta majeng nulya
pinundhut kang pustaka
binuka sinuksmeng galih
sigra kang raka
Ngabas ken maos tulis //

20. Penget iki layangsun ratu sudibya
paradya ing Kalkarib
tur ambaudhendha
kakadang para raja
tumeka mring sira Amir
santri ing Mekah
ing mengko karsa mami //

21. lamun sira anyata angaku prawira
payo aperang tandhing
lan punggawaningwang
kadangsun para raja
krana sun ngeman wong cilik
mlasken matia
wit pangane mung thithik //

22. Apa dene kang rengga-rengga ing raja
sing pangangkating cilik
titi ponang surat
sinrateng pabarisan
ing ratri nuju jam katri
malem Salasa
nuju Sapar kang sasi //

23. Taun Edal sewu astha tus dwi dasa
sirahira tri nuli
sang jayeng ngalaga
alon pangandikannya
heh ya kongkonan den aglis
sira tutura
mring ratumu Marmadi //

24. Sakarepe ing aprang sun iya nyarah
janji ngajak prang tandhing
iya den apanggah
aja na mundur ring prang
kang duta dan pinisalin
madal pasilan
ngalembana samargi //

25. Dhateng risang ingkang sinembah payudan
kocap gandhek Kalkarib
prapteng ngarsanira
sang prabu Baudhendha
matur purwanya tinuding
prapteng wasana
nata suka miyarsi //

26. Nahan ari kendel prang prapteng ratrinya
sang prabu Umarmadi
gunem lan kadangnya
pra ratu kawan dasa
aminta kang mangsah jurit
ing benjang enjang
kuneng ratri dupyenjing //

27. Nulya neteg tengarane ing ngayuda
kendhang gong lawan beri
bendhe asauran
tambur salompretira
myang suling barung melingi
wangwang sanega
sagung wadyeng Kalkarib //

PUPUH LXIV

Pangkur = 19 pada

1. Kurdhanya sri Baudhendha
ngatag wadya budhalaken prajurit
atata baris ngendhanu
aglar papaning rana
ngranagana dinulu lir pendah mendhung
ajejel titip sap-sapan
gunging baris ing Kalkarib //

2. Sang nata wus ken amasang
singangsana wus lenggah sri Marmadi
angedhangkrang glaring ngayun
sagung kadang pra raja
nahan gantya kawarna sang prawira nung
gih wus miyos sinaga yudha
siniweng sagung para ji //

3. Alenggah ing padmasana
ngarsa nglar kang parandeling jurit
wus dangu dulu-dinulu
wadya kapir lan Islam
apan dereng wonten kang mangsah ing pupuh
umyang gurniteng tangara
myang swaraning kang prajurit //

4. Kodya ombaking samodra
nempuh parang gora reh giri-giri
nahan sri Kalkarib muwus
sapa ingkang mangsah prang
andhimini raja Harjan aturipun
sumongga karsa paduka
ngandika sri Umarma di //

5. Pantese mengko si Kamzah
lamun maju ingsung tandhingi jurit
yen wus reparepan banjur
anggada marang ingwang
tan sun rasa nyemot sun ban lentingingsun
eman wong bagus yen pejah
sun gawe lurah pinilih //

6. Kekembange ing pra putra
anggedhedher ulate dahut ati
sun kon milih pra rabyengsun
anaa ka wolulas
raja Arsad matur tan ngantos pukulun
sampuna dening kawula
kadar sapinten pun Amir //

7. Raja Marja aturira
leres aturipun rinta dewaji
kawula merang saestu
gya Rajarsud myang Marja
nuwun pamit ayun mangsah ing apupuh
ngadika sri Baudhendha
ya masaha sun ideni //

8. Kang muga lanang yudanta
nulya mangsah kalih sareng sisiring
ngembat wateng mentul-mentul
papetak minta lawan
gya pinethuk nateng siti Barjah prabu
Buri jah kakalih mangsah
lawan sang raja Kupsani //

9. Arame lantaran watang
surak umum Islam kalawan kapir
rame denya ujung lawung
sri Burijah winatang
pan sarosa panumbaknya raja Arsud
Buri jah tiba sing kuda
arane surak ing kapir //

10. Yayah nengker dirgantara
sri Burijah kalangkung denya
runtik
gya winales raja Arsud
winatang jajanira
tan tumama nanging asru denya
kantu
gya tutulung raja Marja
sri Burijah den larihi //

11. Sinampe watang malesat
raja Marja dan winatang tan titis
nateng Kupsani tutulung
raja Marja winatang
sangking kering meksa tan titis sru
teguh
den but kalih datan kewran
kuciwa rajeslam kalih //

12. Langkung suka sri Marmadya
surak gumyah kapir lir gayuh langit
nateng Maskat atutulung
ingiden sang jayengprang
sri Kulikat manempuh sang raja
kupur
arame gebang ginebang
sang raja ar Marja smu kontit //

13. Tinitir asru jinajah
pan rinupak sang Marja dan lariha
tiba sing turangganipun
saksana pinusara
wadya Islam surake lir gunung
rubuh
raja Karma Ardi Jasma
titiga pareng mapulih //

14. Umangsah nateng Ngabesah
sri Tohara gadanira pinandhi
pagut tan tinanya sru
sri kapir singa nabda
sira sapa Arab mangsah ing apupuh
nangling sang nateng Ngabesah
raja Tohara ran mami //

15. Balik sapa aranira
lanat kapir raja Karma nauri
yengsun pandhadhaning prabu
Kalkarib Baudhendha
sri Tohara nangling den panggah
ja murut
apan wis nora kuciwa
pada trah mengku nagari //

16. Raja Karma ngayat gada
sri Tohara sigra akudhung paris
dhawahing gada sumyut
tumempuh parisira
sang Tohara tiba sangking
kudanipun
gya tangi males anggada
sang raja Karma kang paris //

17. Temah angada-ginada
arok rinok surak imbal Slam kapir
lir pendah akasa rubuh
.pangguh sami prawira
pan kasaput diwangkar ambles ing
gunung
sapih kang abandayuda
kalihnya makuwon sami //

18. Raja Marja dan winulang
ing sahadat manjing agama suci
sri Baudhendha kawuwus
kadang juga katawan
cipta nora ngapa yen jaya ing
pungkur
ing kono sami kasukan
bojana ngegar prajurit //

19. Atandhak kararywan rarywan
ya mradangga senggak keplok
ngadasih
swaranira muluk arum
gantya lahir dha imbal
sindenira kinanthi dhawahnya
Gambuh
teledhekira Daleman
sangking nagari Kalkarib //

PUPUH LXV

Pocung = 36 pada

1. Kadi pucung umyang gumrah swaranipun
gantya kawarnaa
pakuwon prawireng Ngarbi
risang lagya lenggahan lan para raja //

2. Alon denya ngandika sang prawira nung
mring sang Tambakyuda
kakang ing sadina benjing
sanak sanak den padha angantep yuda //

3. Tambakyuda mangkana lon aturipun
gih bener andika
abot sangganing ngajurit
pun gemluweh witne yen banthonganira //

4. Ametoni ing yuda sanak para ratu
mapag yudanira
yekti tan onten kang nanggi
lyan andika piyambak wus tanpa karya //

5. Katujune ing mau kabanjur surup
yen ja mangkono
gus Tohara meh kecanthil
yen gemaka wis rada jengkeng tak sawang //

6. Sang Tohara myarsa sabda mari kelu
mesem kang miyarsi
risang angandika manis
heh Tohara apa maksih wani sira //

7. Maju maneh mring paprangan sesuk esuk
kang liningan nembah
matur gih maksih kadugi
sampun sakit sanadyan prapteng antaka //

8. Datan nedya gumingsir daleming lampus
ing satru daleman
kawula tan nedya ajrih
nateng Yaman sumambung leres pun anak //

9. Punapa kang kinarya mangka pamangsul
ing sih sang sinewa
tan lyan namung sebit kulit
pacet yoswa Abas sangking sang murweng rat //

10. Raja Maktal nambungi alon turipun
mring sang Tambakyuda
bilih lan karsa jeng gusti
sampun ngantos angajengaken pra raja //

11. Kang pangalit inggih ing wekasanipun
nganggar tyasing Mekah
angraos dipun unthuli
nuwun duka kalangkung atur kawula //

12. Yen suwawi kawula nanggulang pupuh
Marmaya lingira
ya Maktal aku ngrembungi
aturira nanging yen dudu kang karsa //

13. Gustinira wangwang Guritwesi matur
maring arinira
risang katujon ing galih
Marmaya ngling ya Maktal den angatyatya //

14. Nateng Ngabsah sumambung alon turipun
maring raja Maktal
ki lurah kula rumiyin
mangsah yuda de tyas amba meksih cuwa //

15. Raja Maktal alon denira amuwus
kantenane kakang
gih ing dinten benjing enjing
kuneng ratri kawarna dupi wus rina //

16. Pakuwoneslam kapir umyang gumuruh
muni kang tangara
tambur slompret bendhe beri
suling mlingi kang teteg kaya butula //

17. Poksar puwi seruni bengkilung
bojring sru magobyar
duk prapteng byar tata baris
aneng papan pra raja kapir lan Eslam //

18. Prabu Baudhendha wus pinarak mungguh
palangkan kancana
parandeling prang neng ngarsi
tepung kapang sadaya prayitneng baya //

19. Sri Marmadi lathi dobleh tan kathah mung
watawis satebah
nora ta ala kang warni
sri Marmadi ujer prawireng ngayuda //

20. Kucem sagung kang nangkil sang prabu muwus
heh ya Harjan sapa
kang dhisik mangsah ing jurit
raja Jasma matur pamit arsa mangsah //

21. Wus linilan tandya nitih kudanipun
gadanya neng kanan
parisira wus kinering
prapteng papan susumbar anguwuh lawan //

22. Sang Tohara mamanasi derandalu
pamit maring Maktal
ing kono wus den ideni
sang Tohara wangwang swandana turangga //

23. Dan marseng prang sama sura dupi pagut
nangling raja Jasma
wun wingi sida saiki
ratu Ngabsah karasa dening ngasteng wang //

24. Sang Tohara nglingira ya becik kupur
lamun sira bisa
munahken sajroning jurit
sira pesthi kaloka sudireng yuda //

25. Sru kabangan sri kapir mrepeki gupuh
sang Tohara tadhah
pan sampun akudhung paris
tumempuh ing gada amubyar dahana //

26. Wong Kalkarib suraknya lir gunung rubuh
males sang Tohara

raja Jasma anadhahi
parisira sang Jasma sigra marapat //

27. Tumempuh mring sang raja Jasma kalangkung
rame rok gada
raja Jasma kasuliring
duk pinrepak jinangkar kajengkang tiba //

28. gya pinupuh ing gada asru tan emut
tandya pinusara
tutulung sang raja Hardi
tinadhahan maring sang narendra Maktal //

29. Sira Hardi arsa amupuh sing pungkur
sira sang Tohara
sang raja Maktal ngadhangi
temah mupuh mring Maktal gada cinandhak //

30. Sru sinendhal sang raja Hardi kajlungup
tiba sing turangga
surak wadya bala Ngarbi
lir sinentak raja Hardi wus kabanda //

31. Sang wiradya kalangkung suka andulu
raja Jalul mangsah
sarwi watengnya kinincing
sru tatanya hen sapa aranmu Arab //

32. Nora wurung sira ko mati deningsun
ywa mati tanpa ran
dene rupamu jlekithit
yen kenaa sira pancen ingsun eman //

33. Angur sira ngawulaa kakang prabu
mesthi kinasihan
ulatmu mateni geni
raja Maktal asru nangling lanat kopar //

34. Sun tan ngampi nedya ngenger sadulurmu
heh ya wruhanira
ingsun ratu ing Ngalabi
araningsun raja Maktal Wirunaga //

35. Balik ayo kene anumbaka mringsun
sun tamengi dhadha
raja Jalul mamanasi
gya nglarihi tumembel jajanya Maktal //

36. Tan mikara watangnya kena rinebut
Jalul gya winatang
asru aniba tan eling
gya binanda raja Karma wangwang mangsah //

PUPUH LXVI

Durma = 32 pada

1. Lir jiningga taruna sang raja Karma
lumyat kang peksa luwih
prapta ing palagan
panggya lan raja Maktal
wus pa sinapa sami
sri Karma mojar
kang ran Tohara wingi //

2. Neng ngendi kon maju maning ku tandhingwang
raja Maktal nauri
mbuh kang sira ucap
nanantang sing tan nana
payo kene lawan mami
sira gadaa
raja Karma anggitik //

3. Tuna dungkap kaliwat malih anggada
kuda pun Garbaruci
turangganya Maktal
sru bigar temah indha
raja Karma sru denyangling
lah tadhahana
aja sira endhani //

4. Maktal nangling iya yen sirarsa wikan
goningsun anadhahi
ing panggadanira
lah iya tibakena
sumiyut gada nempuh mring
parisnya Maktal
astanya datan osik //

5. Suraknya wadya kopar lir krengeng wiyat
sang raja Karma nangling
Maktal babar pisan
katiban gadaningwang
Maktal nangling sun tan mati
Karma sru nabda
malesa sun tadhahi //

6. Raja Maktal narik pedhang gya pinedhang
sang Karma datan titis
nanging sru kantaka
tiba sangking turangga
saksana dipun taleni
surak gumerah
sagung prawireng Ngarbi //

7. Raja Harjan duka umyat kang para kadang
nenem katalen sami
Karma raja Marja
Rajarsud Hardi Jasma
raja Jalul anusuli
sami kabanda
Harjan marek ngraka ji //

8. Nuwun mangsah ngandika sang Baundhendha
yayi pa sira maksih
wani lan si Kamzah
sira nguni wus kalah
setemah ngisin-isini
angur lerena
pun kakang kang nguwisi //

9. Mring si Kamzah tak sirnakne babar pisan
raja Har jan tur bekti
patik nuwun duka
kawula maksih sagah
amengsah lawan pun Amir
ing nguni mila
kula kawon amargi //

10. Sangking kasupene ing jen ajen kula
yen kangetana kadi
Kamzah wus kabanda
kang raka malih nabda
sokur bage iku yayi
jen–ajenira
apa wis mitayani //

11. Gonmu nesep ing ngendi jen-ajenira
gen kula ngalap sangking
guru ki Mursada
adad kang kalampahan
boten nate balenjani
ya wis kang muga
yayi oleh kardi //

12. Sigra mangsah raja Harjan nitih liman

gadanira sinandhi
parise neng kiwa
ing wong anunggang gajah
teka lembeyan samargi
anguwuh lawan
nahan sang Jayaeng jurit //

13. Ri sedhengnya siniwi sagung pra raja
miwah sang Guritwesi
lan kang raka Ngabas
ngandika sang Jayengprang
kang mas kularsa medali
dhateng payudan
sampyan kantun ing riki //

14. Mung kakang Marmaya kang kula ken milya
kang raka ngandika aris
kang ngatyatos ri mas
inggih anuwun kang mas
ki Kalisahak anuli
wus tinitihan
solah kadi wong ngrangin //

15. Gara girang sagung wadya Puseralam
wrung gustine nyrirani
samya yitneng gatya
tan liyan ciptanira
yen gustinira upami
kengser ring yuda
tan adan ngamuk wani //

16. Umarmaya tansah ambuntut kewala
sawang mandrawa keksi
nangling Tambakyuda
lah ika dene teka
si prengongoh bali waning
arep angapa
tan kawus si panyakit //

17. Ko ki kae dene lumayu wis pincang
gerese tak uncali
gadane priyangga
risang nangling nengnenga
dimen prapteng ngarep mami
sang Tambakyuda
dan alingan turanggi /

18. Raja Harjan anregken dipangganira
panggya lawan sang Amir
nabda alah dalah
kayogyan sedyaningwang
yen liyane sira Amir
kang mapang ingwang
gela rasaning ati //

19. Nging batine wus senak-senik kewala
enget duk kala nguni
wus dadi pedhotan
nangling lah payo Kamzah
bengen lagi tak kalahi
ing mengko apa
kang ana sira Amir //

20. Coba pilihana kabeh sranduningwang
ingsun nora gumingsir
mara mrajayaa
nanging sang Ngabdulputra
iki jelantah Kalkarib
angur nungkula
manjing agama suci //

21. Sun apura sakehe ing dosanira
Marmaya mindhik-mindhik
minger mring wurinya
raja Har jan ginetak
anjola ulate lutih
kongsi meh tiba
mesem-mesem sru isin //

22. Awekasan kamantyan panas
driyanya
ngayat gadanira aglis
sumiyut tinampan
rinebut garejegan
sinendhal sah sangking esthi
sang raja Har jan
timbeng siti gumuling //

23. Sru kantaka gupuh radyan
Pakuwaja
briga brigi merpeki
Harjan gya binanda
ngrengkuk angempok tangan
duk eling sambat angrintih
atobat-tobat
Marmaya asru nangling //

24. Bunggan gawe wong mangkono
den apura
kadar gawe punapa
cangkeme kang ala
ajaba untunira
iku dhisik den cathuti
patute mundhak
bagus lan anjelanthir //

25. Yen wus pupak ginawe memedi
tegal
undhake den sampiri
duk lawan kalaras
tinalen den yag-goyag
raja Har jan ringik-ringik
lingnya kawula
tan nedya malih-malih //

26. Marmaya ngling ya tak ampuni
nging blakaa
ping pira jegmu urip
gonmu bedheg ayam
Harjan lingira kula
boten nate bedheng pitik
kajawi kula
kala alit rumiyin //

27. Mung ping tiga kula aken bedhog
ayam
tan nglampahi pribadi
nanging rencang kula
akekel Pakuwaja
Harjan tobate drewili
dene untunya
sidarsa den cathuti //

28. Gya ngundurken tinampen wong
Kumarmayan
dan na raja napulih
Dwi jeras lan Kardas
kinaron sang Jayengprang
tan kewran raja kakalih
sareng amatang
tan nana kang ngeneni //

29. Dan watang kalih cinandhak
sinendhal
raja dwi sah sing wajik
gancang Umarmaya
raja kalih binanda
sigra winawa mring wari
denya ayuda
nutug prapta sahari //

30. Para raja kadange sri Baudhendha
sanga las ingkang sami
katawan ing yuda
Rajar jan raja Marjah
raja Karma Arsud Ardi
Jalul sri Jasma
Jeras Kardas lan malih //

31. Raja Kustur Malikustur raja Basma
lawan raja Mubasmi
sri Samud Busamad
punika kang wus samya
katawan prang ing saari
sapih kang yuda
dene kesaput ratri //

32. Kapir islam wangwang sami
masanggrahan
kang para raja kapir
Harjan sakadangnya
ingkang sami katawan
tandya kinen Islam sami
Harjan turira
sandika anglampahi //

PUPUH LXVII

Durma = 32 pada

1. Harjan turnya lir sekar pamijil
anamung turingong
angantosi menggah kantenane
inggih pun kakang prabu Marmadi
gesangnya lan lalis
ing palanganipun //

2. Yen pun kakang Marmadi upami
katawan ing pupoh
amba nut kamawon sakajenge
yen pun kakang angantepi kapir
pami prapteng lalis
ing madyaning pupuh //

3. Sakadang kula sadaya sami
srah pejah kemawon
sang putra ascaryandupi myarseng
ture Har jan nuksmeng tyas ya kapir
nging antepe becik
tresna ing sadulur //

4. Baya becik wateke Marmadi
ing panendhaningong
kang muga dadia kanthi tembe
nahan kawarna sang adipati
arya Dul Munthalib
tutuwi mring sunu //

5. Rawuh pasanggrahan sang wiradi
lagya gunem raos
lan pra raja myang raka kalihe
denira agalih ing sri Kalkarib
praptaning sudarmi
risang lan pra ratu //

6. Sigra tedhak methuk aneng kori
mangusweng pada lon
tata lenggah munggeng ngarsa andher
paratmaja ngling sang adipati
maring radyan Amir
sebdanya wor madu //

7. Paran wartane kulup ki mantri
enggonmu apupoh
pa na guyuning rowang angger
ingkang putra umatur wotsari
barkah dalem inggih
mongka jimat pupuh

8. Kadangipun narendra Kalkarib
sanga las keboyong
katawan samadyeng payudane
ingkang kantun kados tan punapi
yen sampuna rawi
kaselak sumurup //

9. Kados kang nama prabu Marmadi
majeng ing palugon
merang kathah ketawan kadange
sang dipati dupi amiyarsi
turira sang siwi
tyasnya cilik meru //

10. Kocap tan dangu sang adipati
pamit mring sang anom
arsa kondur dan paratmajage
angabetyeng pada ganti-ganti
mangkya sang dipati
lon andikanipun //

11. Wis kariya kabeh putra mami
den padha ngatyatos
mung ywa na kibir wadyamu kabeh
sirik gedhe mungguh jroning jurit
wis kaki ngong mulih
mung pandonganingsun.

12. Kuneng gantia ingkang winarni
Kalkarib sang katong
dahat prihatin ing sangotrahe
dera kadangnya kathah pra sami
katawan ing jurit
sang nata ing dalu //

13. Minggah tumurun tan antuk guling
kalingking tyas katong
langkung prihatin ing panggalihe
gereng-gereng lir wagra sisiwi
ciptane ing galih
Marmadi delapmu //

14. Sira aneng ing donya ya urip
ywan tan jayeng pupoh
suka sirna madyeng palagane
ya dhuh pra kadangku sun labuhi
madyan mati urip
moh pisoh ragengsun //

15. Lir age rina cipteng sang aji
yun ngantep ing pupoh
mangka tandha wekasaning gawe
ngajengken bangun sri Umarmadi
mung salesan guling
supena sang prabu //

16. Myarsa swara ing sajroning ngimpi
heh ya sang akatong
poma nuli sabaa den age
mring tutungguling prang Puserbumi
manuta sarehning
nut agamanipun //

17. Pesthi ing tembe nulya sayekti
agamamu babo
panasaran yumani cadhange
sang sri duk wungu ngungun tan sipi
nging wirang upami
yan banjura nungkul //

18. Maring Kamzah yen tan lawan jurit
ciptanya sang katong
nadyan ana wangsit karuhane
pratandhane dupi byar sang aji
wus busaneng jurit
sawadya ya umung //

19. Wus siyaga saastraning jurit
gumrah wor kendhang gong
tambur beri angungkung bendhene
pabarisaning Islam nimbangi
wus tata glar sami
wireslam myang kupur //

20. Langen sumbaganireng prajurit
kadyardi tutunon
ambaranang wong kapir barise
kang wadyaslam lir puspeng ngudyani
ri sedhengnya lagi
sang hyang surya murup //

21. Graning ngarga mayun dipengarti
langening pasemon
buntu myang suparta ting karetap
lir matuduh sumbageng prajurit
alas-alas keksi
myang jung-ngujung gunung //

22. Ambranang sirating baskarenjing
ima bang sumorot
ring raditya kawuryan isthane
ing pasemon lir mangsit sor jurit
sang prabu Marmadi
dirareng sang wiranung //

23. Utamane nungkuleng ngajurit
tuk nugran kinaot
pira-pira wibuh kamulyane
ing donya ngakir sang nata mukti
mangkya sri bupati
suwareng wadya gung //

24. Wus atata neng prabatan rakit
si Jayengpalungon
kuneng wadya Kalkarib barise
tan antara sang prawireng Ngarbi
nulya amedali
barisnya masungsun //

PUPUH LXVIII

Dhandhanggula = 14 pada

1. Srengkarane sang sri Umarmadi
wus pinarak ing gamparan kancana
pra raja ring ngarsa andher
nenggih sakantunipun
kang katawan madyaning jurit
sang nata namun susah
wit supenanipun
cipteng nata kawedharna
supenanya karya alit tyasing dasih
dadya sinamun netya //

2. Kasudiraning galih kaeksi
sang nata sru pangandikanira
ing samengko pra ri ningong
sun arsa masweng pupuh
tak sirnakne si pekir Ngarbi
sirayen mindho karya
awit bengi mau
wus katon ing sumpenengwang
ingsun dhewe ingkang amungkasi
kardi
pra ri ture sumangga //

3. Ing karsa nging yen pareng dewaji
kawula sami karuwun mangsah
angandika sang akatong
sun trima panrimamu
maring kadang tuwa derasih
nata gya mundhut liman
ageming apupuh
geng luhur ran pun Sangara
amakutha buka sri mundri her geni
surem hyang bagaskara //

4. Kandhih dening sumbaga retnadi
sri narendra wus nitih dwipangga
sarywa amandhi gadane
tuhu pamunah satru
wawratira sewu mas kati
angrenggaken dipangga
sru anguwuh-uwuh
ayo Kamzah sun papagna
yudaningsun padha wos wi jayeng
jurit
dibya sura mrawata //

5. Wangwang risang ingaturan uning
yen kang mangsah prabu
Baudhendha
nateng Ngabsah awot sinom
pamit mangsah ing pupuh
risang nangling den ngatyati
wit dhadhangkele ingkang
maju ing apupuh
anulya raja Tohara
aswandana dwipangganira anenggih
mungguh ran pun Pragangsa //

6. Mandhi gada parisnya kinering
dupi wus panggih sapa-sinapa
sang Baudhendha sabdane
apa Kamzah kowe ku
kang tinanya sru anauri
ringong ratu Ngabesah
Tohara raningsun
sedheng sira lawan ingwang
ing palagan tan cuwa padha narpati
nangling sri Baudhendha //

7. Dene teka aladak si Amir
datan arsa nemoni amaringwang
ngajokken wadyane bae
tan kelar sira lamun
mapagaken ing tandang mami
mamanasi Tohara
wangwang asru muwus
ala gelar yaktinira
di atanggon gya gada dinada sami
sinurak awurahan //

8. Kadi anggonjingna hyang pratiwi
kapir Islam sami sukanira
sang sri Tohara limane
ginada ambruk lampus
sang Tohara tiba ing siti
gumrah suraking kopar
Tohara gya laju
anggada murdeng limannya
sri Marmadi kapisanan angemasi
tiba sang Baudhendha //

9. Tibanira sing luhuring ngesthi
lan anggada mring sri nateng
Ngabsah
sang Tohara prayitnane
tadhah lan parisipun
sigar mrapat Tohara aglis
cinandhak dan binuncang
adoh tibanipun
kopar suraknya wurahan
nateng Kebar sri Jusman mangsah
ing jurit
sang Baudhendha tanya //

10. Sira sapa peksa mangsah jurit
meksih bocah ambeg kumawawa
Jusman ling wruhanta ingong
nateng Kebar ranipun
raja Jusman sri Marmadya ngling
kulup alik balia
Kamzah konen maju
kene atandhing lan ingwang
yen tandhingnya lan sira sun teka
isin
sang Jusman nulyanggada //

11. Gada tinampan rinebut aglis
Jusman cinandhak sigra binuncang
lan asta kiwa tiba doh
surak ger wadya kupur
kadi goyangena pratiwi
tuhu sri Baudhendha
prawireng apupuh
tandangnya terampil cukat
yen den majat warnanya sri
Umarmadi
nora bodong kewala //

12. Risang mulat mring prabu Marmadi
sru kacaryan temah ngunandika
sun tatedha ring hyang Manon
muga kalah deningsun
sun kapengin darbea kanthi
marang si Umarmaya
risang wangwang mundhut
titihan pun Kalisahak
wus sumaos ing ngarsa risang dan
nitih
umangsah ranagana //

13. Guritwesi buntut ing turanggi
tan adangu wus ayun-ayunan
sang Baudhendha sabdane
prajurit sapa ranmu
dene bagus maksih taruni
peksa mapagken ingwang
mene prapteng lampus
risang arum andikanya
iya ingsun putrane dipatyeng
Ngarbi
kang aran Jayengrana //

14. Marmadya ngling kalingane iki
bagus ingkang peksa muter ring rat
lah payo coba ing kene
kalamun sira ayun
wruh rasane gadaku iki
kirane yen katiban
sira ajur mumur
ri sang ngling iya tibakna
sang Jayengprang saksana akudhung
paris
sumiyut lir girisa //

PUPUH LXIX

Gurisa = 13 pada

1. Gada nempuh bandabaya
swaranya lir mahaprana
gumebyar mijil dahana
sru nangling sri Baudhendha
mesthi ajur sira Kamzah
katiban panggadaningwang
angandika sang suryengprang
Marmadi sun durung pejah //

2. Mara maneh anggadaa
entekna karosanira
Baudhendha asru mojar
heh Kamzah nyata prawira
ing kene sira malesa
tak rasakne panggadanta
wangwang risang sigra ngayat
gadanya ki Samadiman //

3. Sri Baudhendha prayitna
akudhung parisnya waja
ki Samadiman tumama
parisnya Marmadi ambyar
kaencot gigiring liman
pegat rubuh kapisanan
tiba lungguh Baudhendha
nuli tangi gumaregah //

4. Sarwi nyandhak gadanira
sedyanirarsa cumurna
sukune ki Kalisahak
nanging risang wus prayitna
tedhak ngalingi kudanya
temah gada katadhahan
ing parise sang Jayengprang
arame gantya rok gada //

5. Denya ujungan lukita
sama kuwat rikatira
wadya kapir Slam ya imbal
surakira mawurahan
de kalih samya prawira
wus dangu gada-ginada
tan ana miyatanana
wangwang risang angandika //

6. Heh Marmadi tanpa wekas
yen mangkenea kewala
yen sambada lawan sira
lah payo junjung-junjungan
Baudhendha langkung suka
dene murka sira Kamzah
ingkang kaya ambekira
basan gecok nantang lalap //

7. endhek cilik dedegira
kaya ingkang gedhe dawa
mara sun sira junjunga
sang Jayengrana ngandika
sun dhisik sira junjunga
lawan malih jangjiningwang
sapa kang kelar angangkat
banjura binanting kisma //

8. Baudhendha ngling ya Kamzah
mamanasi gya mardana
anyandhak ing wawangkingan
nira risang datan obah
nata kibir ciptaningtyas
sida kene patinira
Kamzah krasa tanganingwang
dupi tita tanbuha //

9. Smu lesu sang nata mojar
kang cipta dirasengtyas
baya iki wahananya
ing ratri supenaningwang
ge Kamzah sun sirangkata
risang nangling den ngatyatya
prabu Marmadi cinandhak
gumenyeng tan kasumbaga //

10. Dan tininggil-tinggil tawang
sang Tambakyuda wrin cipta
gya mucata topengira
den bat-abitken ing tawang
wadyeng Ngarab duk waspada
sadaya atutup karna
wus dene turangga liman
kupingira tinutupan //

11. Sang Jayengprang sigra petak
swaranya lir langit rebah
pareng binanting sang nata
anglenggeke aneng kisma
wong Kalkarib tanpa wilang
samya kantu ting gulimpang
tandya ta sigra Baudhendha
ing ngriku sigra binandha //

12. Dening radyan Pakuwaja
wus antara dangu nulya
anglilir sang Baudhendha
Marmaya kaget anjola
ngling dene metu ususnya
nora tatu pa karannya
akekel sang Pakuwaja
Marmadya ngling jer si bapa //

13. Ingkang gemblung gagaweyan
wudel bae nora lumrah
teka tanpa ukur pisan
lah mengko iki wekasan
dadi paguyoning jalma
Umarmaya dupi myarsa
saya suka wangwang nebda
jawane bodong si jawal //

PUPUH LXX

Asmaradana = 26 pada

1. Masem sang asmareng jurit
ngandika mring Baudhendha
lah karepira kapriye
apa urip apa lina
Marmadi aturira
kawula tan darbe kayun
sakarsa tuwan sandika //

2. Kawula darmi nglampahai
pinejahana wus katrap
wong sampung makaten raden
darbe panuwun punapa
yen amba sinung gesang
inggih sakalangkung nuwun
risang karenan miyarsi //

3. Arunya sang Marmadi
setyanya anujweng karsa
risang nangling upamane
sun uripi apa sira
arsa agama Islam
Baudhendha aturipun
sandika nulya winulang //

4. Sahadad kalimah kalih
tan dangu sampun widagda
gya inguculan bandane
ngandika sang Ngabdulputra
heh kakang Umarmaya
iya si Marmadi iku
sun gadhuhaken ing sira //

5. Iya anunggala kardi
ingkang raka aturira
gih sandika saderenge
wonten dhawuh pekenira
pyayi bagus punika
wis dadi dhedhekanaku
mesem sagung kang miyarsa //

6. Mangkana sang Guritwesi
mung Marmadi kang sinawang
kang sinawang mungkul bae
mung mesem-mesem kewala
ngandika Pakuwaja
ya salah ambak wong bagus
si jemblung tan na kuciwa //

7. Ginawe kambi punapi
wudele bodong sadhepa
irung sunthi lambe dobleh
wadhuke lir bagor bedhah
kang tangane kuwaga
gulu cendhak dhadha ciyut
bokonge tepos ya talah //

8. Noleh tumenga Marmadi
wuwuse lirih mangkana
pyayi ki begonjak bae
prangraose kang sarira
bagus lir dewa dharat
kirane mung undha usuk
Marmaya suka ngandika //

9. Anyogok si jemblung jembling
risang suka amiyarsa
kang raka dera paguyon
awalaka durung pira
Rejasa lan Marmaya
risang dahat sukeng kalbu
mangkana sang Baudhendha //

10. Ngujung mring sang wireng jurit
saksana sang Umarmaya
angeplek pasujudane
Umarmadi dan mastawa
tandya ngiling-ilingan
sapangisor sapandhuwur
gumayak sagung kang sumewa //

11. Kadangnya sri Umarmadi
sadaya wus manjing Islam
myang wadya Kalkarib kabeh
warata maca sahadat
mangkya risang saharsa
kembul dhahar lan pra ratu
myang kadangnya Baudhendha //

12. Sadaya binoja wradin
pinisalin busanendah
sru ing pangalembanane
ing batin muji mumuja
gantya larih ya imbal
kuneng ratri enjingipun
sang prawireng prang sinewa //

13. Rakwabas myang Guritwesi
tan tebih ing parnahira
myang sagung kang para katong
ing ngarsa lajur ajajar
tuhu Jayengbuwana
kaloka prawira nung
pakumpulan ing pangrengga //

14. Paseren sakehning puji
padunungan panglembana
tan lyan sang Jayengpalugon
mamanis ing saniskara
kara karananira
risang swarjanadi luhung
anrus lan wening nurbuwat //

15. Alon anggandika manis
yayi Maktal undhangana
dina sesuk kondur ingong
marang nagara ing Mekah
lawan kehning jajahan
ing Kalkarib ingkang durung
anandhang agama Islam //

16. Dhawuhna maring Marmadi
tumuli den Islamena
Maktal sandika ature
anoleh mring Baudhendha
sang siniwi luwaran
mring Marmadi sigra nuduh
ngislamken jajahanira //

17. Myang dutaning kang para ji
mring nagrinya sowang-sowang
kuneng ratri praptenjinge
tinembang tangara umyang
teteg barung sauran
asrang swareng bendhe ngungkung
wadyane sagung pra raja //

18. Yayah sinekar pra sami
mangkya sang tunggul nglaga
dupi wus busana miyos
sumaos ki Kalisahak
risang gya ngatag wadya
pangarsa budhal adulur
dalidir wugyat tan pegat //

19. Srang swaraning tengran asri
abarung samarga-marga
kumitir kumlab tunggule
kapracandheng santar kentar
lirning smu firangira
kang mentas jayendreng pupuh
risang kakunging buwana //

20. Datan kawarna ing margi
wus prapteng nagari Mekah
risang tedhak sing tityane
yayah rena para kadang
sagotrah Puseralam
sadaya pan sami methuk
dahat sukaning wardya //

21. Mangkya sang raja Marmadi
wus jinarwa sarehira
sang dipatya sukeng tyase
gya ngujung sang Baudhendha
maring sang adipatya
Ngabdul Muntalib nabda rum
anak manira tarima //

22. Dene ta sabayeng kardi
lan arinira ki putra
pun bapa mung titip mawon
enggih arinta ki Kamzah
mangsa borong sadaya
ing pambahureksanipun
kekenan sri Baudhendha //

23. Wau denira miyarsi
sabdane sang adipatya
sang nata nuwun ature
pan lajeng akembul dhahar
lan sagung kang pra raja
tekeng pakathiknya penuh
mangkya nagri Puseralam //

24. Sagunge kang para aji
samya karya pamondhokan
sajawining kitha andher
ebek seseg nagrik Mekah
wadyaning pra narendra
kathahira tanpa etung
cipta dira sang dipatya //

25. Dahat sokur ing hyang Widi
de putra gung nugrahanya
baya nguni panekunge
neng Kakbah sawelas warsa
tinarimeng pangeran
mangkya suyuding pra ratu
nggagusti patrapira //

26. Tan pae sang putra nenggih
lulut asih mring pra raja
tan pilih wong kinamulen
binoga myang dana krama
nahan mangkya kawarna
bagendha Bas gunem wuwus
lan raka sang Umarmaya //

PUPUH LXXI

Dhandhanggula = 36 pada

1. Duk wis gilig gupitaning manis
ring reh denyarsa junjung karatyan
ing arinira sang anom
radyan Kamzah ing riku
Marmaya Bas wangwang sumiwi
ing ngarsaning sudarma
kang rama andangu
babo ana karyanira
pa kinongkon marang arinira kaki
matur kang putra Ngabas //

2. Ulun boten dinuteng pun yayi
nanging sangking karyamba
piyambak
lan kang Marmaya rembage
inggih samangkenipun
putra dalem yayi mas Amir
ing panuwun kawula
manawi panuju
kapareng karsa paduka
sampun daweg dados pangaubaning
pra kadang kulawarga //

3. miwah sagung kang para narpati
sampun ewed pun yayi dadosa
narendra malah sujude
sadaya kang pra ratu
ingkang rama ngandika aris
kulup sawitne ingwang
ya luwih panuju
ananging ewuh tyasing wang
dene arinira tiba nom pribadi
lamun wis rembug sira //

4. Lawan kakangira Guritwesi
kakangmu Ngabdullah timbalana
lan Buntalip suntarine
ya ing rembugmu iku
dyan Ngabdullah tan dangu prapti
lan ri Buntalip tandya
sudarma lingnya rum
karan sun timbali sira
putraningsun Ngabdulah madega aji
amengku nagri Mekah //

5. Mangka pupundhen sagung para ji
dene kulup arinira Kamzah
senapatining palugon
andel-andeling kewuh
enak jeneng ira narpati
dyan Ngabdullah turira
pukulun anuwun
yen amba dadosa nata
satemah ingeseman sagunging dasih
kathah dados kuciwa //

6. Leheng ari mas madega aji
tan babadhe kang rama ngandika
lenggana wataraningong
rimu yen dadya ratu
de prenah nom arinira Mir
sira lungguh nyatriya
paran pethanipun
dyan Abuntalib turira
kasinggihan kang mas putranta
sayogi
ri mas Kamzah kewala //

7. Anyampuni westhi pringganing wit
tinaha ing lyan pra manca praja
menggah kakang mas estune
kadi rila satuhu
kano cipteng sang adipati
winawang smuning putra
lir lair trus kalbu
prapteng ratri tandya duta
animbali sagung pra raja pangarsi
raja Maktal Marmadya //

8. Nateng Yaman Ngabesah tan kari
nateng Kebar pinaring uninga
lawan pinundhut rembuge
dahat samya jumurung
ri sang jumenengnya narpati
sagung kang para raja
tyasnya lir sumeru
dahat sami sukanira
dene gustinirarsa jumeneng aji
luwih sang Tambakyuda //

9. Nahan wus bubar sagung para ji
tandya sang atmaja tinimbalan
mung lan sagung pra kadange
tan dangu prapteng ngayun
pepak sagung kang raka sami
neng ngarsaning sudarma
Marmaya tan kantun
sedene kang raka Ngabas
sang dipatya wedharing sabda
amanis
mring putra telenging tyas //

10. Kulup karan sira suntimbali
wit rembuge kabeh kadangira
sirarsa ingangkat katong
kang putra aturipun
nuwun duka lumuh nglampahi
yon sambada lan karsa
paduka pukulun
yogi kakang mas Ngabdullah
amba suka anglampahana panuding
ing putra dalem kangmas //

11. Mung dadosa kepala prajurit
rumekseng nagri ywanten ratu lyan
arsa ngrurah karahayon
amba kang magut pupuh
tan lyan sangking pangarsi-arsi
nipun manah kawula
punika tur ulun
yen botenipun kakang mas
Ngabdullah inggih kakang mas
Abuntalib
kang rama malih nabda //

12. Kulup aja sira walang ati
mungguh maring kadang-kadangira
wus rila lair batine
kang raka ngandika rum
ya dhuh ri mas den anglakoni
becik bangun turuta
tuduh pyayi sepuh
bok nora yogya pinanggya
lamu sira lenggana rehing sudarmi
kang rayi aturira //

13. Inggih sandika kula lampahi
ing pitedahipun kanjeng rama
sumawana ping kalihe
sangking idin pukulun
ingkang mugi waged nglampahi
sangking barkah jeng kang mas
lan rama pukulun
nging sangking cipta kawula
boten pisan ngraos yen dados
narpati
muhung nglampahi tedah //

14. Nahan ratri ri sedheng kawarni
dupi ngajengken ari Soma
winangsitan sadayane
wadyaning kang pra ratu
niskareng kang pangangkat aji
sang dipati anduta
nimbali pangulu
ing Balki mring nagri Mekah

langkung suka dupi praptanireng
enjing
wus sangkep saniskara //

15. Myang wadya kang arsa angurmati
sumawana kang nampa pacara
wus winuryan lun-alune
sang Maktal wigyanipun
dadya nata salwir pakarti
tan na kang kalikiyan
sangkep sagungipun
tandya risang wus busana
nging tan patya edi malah sun
respati
lir jeng Yusup warnanya //

16. Kasenenan ing cahya nur wening
tinon yayah samsa wal kamara
kang para dyah leng-leng anon
mring sang mindha jeng Yusup
ri wusira sangkep anuli
miyos pacara ngarsa
ginarbeg para rum
akalpi janar ginata
tindakira sang yodi Balki tan tebih
wus dening raka Ngabas //

17. Nampa surat palkat nampan rukmi
songsong jenar mayang sang
Tambakyuda
pan datan lebih prenahe
wus lenggah sang wiranung
neng keringnya sang yogi Balki
ajajar para raja
glar sumiweng ngayun
sumbaga maneka warna
yayah puspeng ngudyana kebek
rum-rumning
pra nata yudeng nagra //

18. Karwalen nawung ngesnges lulungit
lungit asrine ing panangkilan
tekang luhuring pasemon
pameming naya semu
sawiyosnya sang binadhya ji
samya tilar sayana
dipatya pra ratu
myang sagung para satriya
hulubalang sagung punggawa pra
wajir
myang kang wadya daleman //

19. Wong alyamudina anjajari
kanan kering kapering tan tebah
anglir kuntul tata andher
risang kang badhe luhung
cahya wenes nelahi wening
kirang sare wuryanya
daruna andarus
ri wusnya lenggah atata
kang sumewa sang yogi Balki anuli
ngagnya mring putra Ngabas //

20. Surat pal kinen maos aglis
amandhireng ngarsa srat binuka
purweng burhan palekate
ngong junjung sutengulun
Amir akla minas asfali
kamal amiral ibna
mangasekat iku
ikwatihi olal ustat
mangal ngalim mangal amira pra
sami
jumurung ing karatyan //

21. Jujuluk kangjeng sultan wiradi
kalifatullah panata gama
wiradya jayengpalugon
amrun kulu amiru
bakdeng surat sang yogi Balki
jumneng lan pra ngalama
andonga karatun
sahanggya mangestu deya
swaraning kang amin lir gayuh ing
langit
bradangga myang tangara //

22. Jeng sultan dan ngabektyeng sang
yogi
nging tan arsa dadya sasalaman
sang Abas umajeng alon
salaman lan rinipun
myang Marmaya jawat astaning
arinira jeng sultan
pra raja angujung
ngandika sultan pyarsakna
yen samengko yayi Maktal ingsun
kardi
iya warananingwang //

23. Miseswa mong sagung wadya mami
sahanane padha angestokna
saur paksi sadayane
kakang Marmaya ingsun
junjung panembahan anami
Tambakyudeku mangka
pinituwaningsun
kakang mas bagendha Ngabas
mangka kanthi lan iku raja Marmadi
sun gadhuhi pangwasa //

24. Ngreksa khukum ngadili agami
raja pangulu Andipaningrat
mangka damaring karaton
sang sinungsih sawegung
kapenuhan lir konjem siti
lajeng sami bojana
wong kaum kumruwuk
kang padha rebutan berkat
jereng kacu kang mangka karya
madhahi
brekat ingkang wus lumrah //

25. Iku nora bebet kang kinardi
buntel brekat kacunira kebak
tinemah karo kathoke
nahan luwaran sampun
kangjeng sultan ngadhaton puri
dan ngabektyeng sudarma
miwah para ibu
pra kadang sadayanira
sasalaman mung dyan Ngabdullah
Buntalib
kang sami binektenan //

26. Dahat sukaning tyas sang dipati
miwah sagung ingkang para kadang
tumingal maring arine
ring tyas sami anjurung
dahat muja muja-mumuji
lulusing jenengira
nahan tan winuwus
anujwari wra patyenjang
kangjeng sultan pan arsa miyos
siniwi
pepak ingkang sumewa //

27. Agung alit prajurit tan sami
kadyestu mimbuhi srining sana
kakung ing rat ing palugon
pakumpulan panggunggung
mangkya amung nagari Ngarbi
angandika jeng sultan
wijilira arum
yayi Maktal karsaningwang
ingsun arsa ayasa pura pribadi
saru yen sun tunggala //

28. Lan pyayi sepuh andiksurani
ya ing kidul kene karsaningwang
ana prayoga papane
sedheng doh parekipun
seka kene dan raja patih
tur sembah weh sasmita
mring sagung pra ratu
malih ngandika jeng sultan
ingsun jaluk karyamu sanak para ji
sun den karyakna pura //

29. Matur sandika sang raja patih
myang sagungira kang para raja
tan dangu kondur ngedhaton
ingkang sewaka kebut

amung kantun sang raja patih
lan kancane pra raja
gupita dera yun
sadhiya lirning pirantya
karya kutha datan kowan ing
pambagi
kacarita tan lama //

30. Wus sumekta salirning piranti
kocap lajeng kawit nambut karya
gumerah swaraning nguwong
dene wiyasanipun
pecok dhandhang kalawan linggis
pacul arit mayang kampak
cethok lawan wadung
pethel graji swaranya sarang
gurnang swara lir ketug kang
dhudhuk siti
kapur batur lir arga //

31. Myang tumpakkan watu tanpa wilis
kang nambut karya pri tuwin sela
myang pasang batu talese
kaladuk wiwitipun
nambut karya sultan miyosi
jenengi denya karya
wangunan sadarum
tan lyan sang raja apatya
Umarmadi kang pininta karya
masjid
sakadangnya sadaya //

32. Nateng Yaman kinen ngundhageni
gapura wiwaraning jro pura
jeng sultan remen rakite
Ngyaman gapuranipun
saben ari wadya gung alit
wrata pinaring boga
dene kang pra ratu
jajodhangan sing jro pura
pan anggili siyang mung kendhel
abukti
wusing boga trap karya //

33. Kang pra raja dahat wade kardi
weneh ana nglembur nambut karya
kocap tan lami meh dados
pager bumi wus tepung
marang catur wiwarasnya sri
ginapura matundha
botrawinya nurut
lebar jalan kutha besar
ing Madyain malah lebar kutha Ngarbi
muwah rengga-rengganya //

34. Mokal sami nging wanguning rakit
rakitira niskaraning kantha
wibuh antya tuhu apten
kitha Madyan ratwagung
ratu-ratuning kang para ji
angratu mring Madiyan
keh sungsung brana gung
mangka busananing praja
mung punika kaote ing Puserbumi
lan kadhaton Madiyan //

35. Lyan Madiyan estu tanpa tandhing
dining donya kraton Puseralam
hyang-hyanging reka di kaot
yayah pupujan nurun
myang wismaning kang pra narpati
banjeng lajur ajajar
jaban kutha tepung
masjid geng ngunggul katawang
pustaka sri rinenggeng mundri her
geni
pidharka mangsa madya //

36. Kocap wus pindhah sultan sayidi
mring kuthanya ingiring pra kadang
myang sagung kang para katong
laju bojana kembul
lawan sagung kang para aji
suka sawadya sesa
keh nadar myang kaul
de wus kalakon gustinya
madeg nata wrata kabeh enak ati
gedhe cilik wong Mekah //

PUPUH LXXII

Mijil = 23 pada

1. Kuneng wijiling nagari Ngarbi
gantya kacariyos
nagri ageng Madiyan sedhenge
enjing sang bathara nyakrawati
amiyos tinangkil
jejel kang pra ratu //

2. Panembahan Pi jajar neng kering
ngira sang akatong
Bestak neng ngarsa dheku sowane
menggep mangka papatih Madayin
kanan kering ngapit
kang para gung-agung //

3. Mangkya ewah pra nateng Madayin
ingkang para katong
samya lunggyeng kursi sadayane
sing kya patih kang atur prayogi
supadya kaeksi
yen babala ratu //

4. Sumarma kalampahan samangkin
pranatan mangkono
patih Bestak gih milya
ngedhangkreng
jejel supenuh wadya kang nangkil
kang wetan angendhih
pagongan supenuh //

5. Kang kulon prapteng wantilan esthi
wancak suji dhoyong
kadheseg kang sewaka singgunge
datan nana sabawa kapyarsi
mung kemasan gendhing
lawan manuk engkuk //

6. Munyeng gayam asri kapiyarsi
tan na sabaweng wong
sirep rep-rep nata saderenge
angandika mangkya ngandika ris
andangu mring patih
sungkeming pra ratu //

7. Ki patih Bestak matur wotsari
pukulan sang katong
patik bra tur uning yen samangke
ing Ngarab wonten prajurit luwih
sampun babahaki
kanan-kering suyut //

8. Malah Ngyaman ing Ngalab
Kalkarib
puniku sang katong
sampun suyut mring Mekah
sungkeme
atur bekti brana myang pawestri
pangangkahnya kadi
purun mring Madayun //

9. Pan rinimpilan sangking sakedhik
kraton dalem katong
ing Madayin sang nata duk
myarseng
turing patih sru putek ing galih
nging sinamun liring
enget yen ratwagung //

10. Tan gawok ing warta kang kapyarsi
wau ta ing kono
ri wusira miyarsa ature
kyana patih wangwang ngandika ris
maring sang ayogi
nenggih Betal Jemur //

11. Priye bapa ature si patih
kang konjuk maring ngong
apa ya nyata iku wartane
yen kalakon mangkono sayekti
ingsun nora uning
sira kang katempuh //

12. Cethanira jeneng ingsun iki
kaloka kinaot
tan na wani sang yogi ature

ṣampun maras ing galih sang aji
kawula nyagahi
nyirnaken tyangipun //

13. Yen sumedya purun mring
Madayin
ajur sumedya won
sasat kraton dalem denrendhahke
punapa tiyang Mekah ginalih
dadyabdi pribadi
pan maksih kawengku //

14. Ing katon dalem Madayin ngriki
ki Bestak ling songol
lamun abdi pundi pratandhane
sowan mriki sang ayogi nangling
lamun den timbali
mesthi masweng prabu //

15. Tandya matur maring sri bupati
suwawi sang katong
tinimbalan mawon prayogine
sang nata ngling iya bapa becik
tinimbalan dhimin
karuhan ing laku //

16. Balik sapa bapa kang tinuding
mundhi layang ingong
patih Bestak tan alon ature
yen panujweng karsa jeng dewaji
narendra ing Turki
kemawon pinutus //

17. Dhateng Mekah kang kinten
nyampuni
yen pun Arab mogok
tan arsa maswi mriki tiyange
binekta ababandan mariki
sang sri ngandika ris
maring sang awiku //

18. Priye bapa rembuge si patih
kang katur maringong
sang wikwa Betal Jemur ature
sumangga yen ginalih prayogi
ature pun patih
gih yogi tinurut //

19. Sri narendra nulya ngandika ris
patih karsaningong
yun sunpasrahke si bapa bae
sapa kang kinongkon marang
Ngarbi
gawa layang mami
ki patih turipun //

20. Katanggelan yen mring kalih kardi
yen pun Arab mogok
rehning duta kirang santosane
tamtu boten purun anangsuli
dhateng pekir Ngarbi
punika tur ulun //

21. Yen wontena Kistahan tinuding -
mundhi surat katong
dhateng Mekah anamung samangke
sawek ambedhah ing Kangkam nagri
marma nateng Turki
kemawon pinutus //

22. Angrampungi pringganing westhi
writ
kados wus pitados
pan tigang leksa wadya balane
nata ngandika ya patih nanging
poma aywa kongsi
karya lingsemingsun //

23. Umuskara sigra den timbali
nampeni srat katong
gya kinen siyaga sawadyane
patih Bestak meling wanti-wanti
sabdanira kongsi
lir dhandhang angalup //

PUPUH LXXIII

Dhandhanggula = 19 pada

1. Ya dhuh yayi Urumuskara ji
timbalan dalem kinen prayitna
ywa damel lingsem sang katong
lamun titiyang kaum
ing Ngarabi kang saupami
tan purun tinimbalan
mriki ring Madayun
yen kathah wad-awadira
tuwin tambung lampah nirsusila krami
den bektaa babandan //

2. Mring ngarsendra sampun mindho kardi
Umuskara turira sandika
inggih sampun walang atos
ki lurah bab pun kaum
Betal Jemur inesem jro galih
de wus wruh kadadyannya
sang nata ngadhatun
kebut sagung sang sewaka
nateng Turki sing panangkilan anuli
mangkat sawadyanira //

3. Kerig datan ana ingkang kari
sawontene kang aneng Madiyan
samarga asri yen tinon
tunggul sapayung agung
myang kakandha daludag asri
ingkang lumakyeng ngarsa
punggawa nung-anung
gamannya maneka warna
Umuskara respati swandana wajik
asri kang upacara //

4. Wadya tri leksa samya ti-apti
busananya tinon abra sinang
wus dene pasikepane
tan kawarna ing ngenu
lampahira rereb yen ratri
praptenjingira budhal
wadya gung gumulung
nrajang alam myang padesan
srang gumuruh geger kang kambah ing baris
kocapa praptanira //

5. Padhusunan jajahaning Ngarbi
wongnya geger samya malbeng praja
wangwang juru langlang konong
pragantaka atur wruh
mring sang Maktal raja apatih
laju masweng byantara
ning jeng sultan nuju
lenggah lan kang raka Ngabas
wus dene ingkang raka sang Guritwesi
raja Maktal manembah //

6. Wiyos kawula atur udani
mangke wonten dadamel geng prapta
de sangking gedering wartos
nenggih dedamel geng prapta
de sangking gedering wartos
nenggih dedamel wau
dutanira nateng Madayin
kang mangka graning duta
Umuskara prabu
sumekta wadyabalanya
langkung resah ngambah padhusunan Ngarbi
ngeramu jarah ngrayah //

7. Angandika jeng sultan sayidi
mring kang raka Ngabas Umarmaya
kakang mas paranta ring reh

dhatenge duta prabu
bagendha Bas arum kang deling
yayi mas yen sambada
prayogi umatur
ramanta rama dipatya
Marmaya ngling sagung mitranta
para ji
prayogi tinimbalan //

8. Tinaria ing rembug puniki
iya bener padha timbalana
yayi Maktal mitraningong
sagung kang para ratu
nateng Yaman Ngabsah Kalkarib
ing Kebar sang sri Jusman
ing ngarsa prapta wus
lan pra raja kawandasa
kadangira sri Kalkarib Marmadi
andher masweng byantara //

9. Ngandika lon sang suryaningbumi
yayi Maktal padha rembugana
kono ayun sun pyarsake
sang Tambakyuda matur
menek raos kula pribadi
bab duta ing Madiyan
sang prabu Urumus
kadyestu angandhut wisa
tan pasaja pinopoa analeni
mulih gawa babandan //

10. Ingkang jamak ing uwong nimbali
wong tri papat bae ngarah apa
sapa ingkang wani dahwen
dutaning ratu agung
mulane ya ewuh pinikir
Maktal kapriye sira
kang tinemyeng rembug
lah iya tatane sapa
wong angundang ka ratu ingkang
tinudhing
gawa gelar sapapan //

11. Sang raja patih umatur aris
yen suwawi sadhiyeng ayuda
kawula kang methukake
inggih kantenanipun
dursilane tuwin basuki
yen nedyar ja lajua
yen sumedya reh dur
sampuna dening kawula
nadyan silih lajengnya malebeng
riki
sok sampuna brundhulan //

12. Panembahan Tambakyuda nangling
bener sira tan kena linamban
kongkonan iki sandine
kadhahar tur pupucuk
dahat kepyan lingsem sang aji
nadyan silih coraha
ujer narendra gung
mangsa kuranga pamekan
paekane duk atur sarameng kapti
nistha tan tiyasaa //

13. Ya dhuh sultan ywa tungkul tyas
ening
sakecanen wigatining bala
aprang labda ring pangrehe
dyan Maktal malih matur
pramila tur amba prayogi
ywanta panujweng karsa
arinta sinuwun
kangjeng sultan amiyarsa
rembagira kang raka lan raja patih
pan dereng ngayobagya //

14. Alon matur narendra Kalkarib
yen suwawi pinagut ing yuda
sampun tanggel ing awone
utusannya ginempur
yen kasiku atemah runtik
benjang yen linurugan
kawula kang magut

amengsah lawan Nursewan
sagendhinge kapanggya pundi ajurit
sultan meksa tan arsa //

15. Alon ngandika sang prawiradi
sakabehe manira tan arsa
mrih ala mring utusane
sasuka-sukanipun
nadyan gawa bala sakethi
Mekah den kongsi kebak
sapa kang angganggu
medhudhu sang Tambakyuda
kethip-kethip tan angling muhung
ngucemil
gumujeng latah-latah //

16. Umarmaya dan lunga tan pamit
maring ngalas gendhingira lama
binacingah sarirane
lalerong kunir angus
kembang teleng myang wora wari
ginambyong sariranya
asusumping pupus
angadhang wonten ing marga
pring salonjor ngisen obat dinok
margi
ingalangken neng tengah //

17. Amethukken wadya ing Madayin
gagaman kang lumaku ing ngarsa
Umarmaya tarekahe
pringnya salonjor wau
pan sineret awira-wiri
baris ingkang pangarsa
wau dupi dulu
sagung angeliken samya
paman buruh aja angewuh-ewuhi
wira-wiri neng dalan //

18. Apa karyanira iku dening
Umarmaya mecucu tan nabda
manthuk-manthuk myang jep-kejep
wong keh padha tumingal
tan graita namung
kinira jalma baberah
ri wusira duk tengah-tengah ing
baris
sigra sang Pakuwaja //

19. Narenjel wong kang sami lumaris
ingaruhan nora mari malah
saya dadra temah keh wong
kandheg denya lumaku
samya srengen ngujar-ujari
apa iki wong edan
Marmaya tan muwus
weneh angucap mangkana
heh wong batur tumbaken bae ya
uwis
teka nyuweni lampah //

PUPUH LXXIV

Pangkur = 17 pada

1. Sru kurdha sang Tambakyuda
gya sinumet wau ponang puranti
mubyar-mubyar dahana mbyuk
geger wonge Muskara
kabledhosan ing obat kang aneng
bambu
dahanane sumarambah
dadya keh kobong kang jalmi //

2. Ana rambute kewala
sruning bingung kancane anulungi
den uyeg wedhi ngasipun
ana kang grujug toya
weneh ana ingkang kobar
sruwalipun
solahe akitrang-kitrang
temah kolore ningseti //

3. Ana kang klambine kobar
wadya Madyan dadya keh samya
kanin
ing galereng srang gumuruh
Marmaya datang pegat
ngobat-abitken sasorotipun
wong Madyan tan bisa nyelak
sang Umuskara sru runtik //

4. Atanya ing wadyanira
heh ya bocah geger ana pa iki
sajuga andhelnya matur
wonten tiyang satunggal
warninipun gigilani kados hantu
anyeret rosan lonjoran
den alangken ing margi //

5. Ingaruhan ken sumimpang
ing didalem kanca ingkang pangarsi
kendel kemawon tan muwus
nunten wau rosannya
dipun sumet ambaledhos medal latu
didalem kathah kabranan
kawelagar dening api //

6. Urumuskara sru mojar
sumingkira kajaba sun pribadi
gya sang nata majeng pangguh
lawan sang Pakuwaja
Umarmaya cacebolan lenggut-lenggut
kikinceran alalewa
sang Muskara duk udani //

7. Mring Umarmaya sru gila
githokira mangkarag amurinding
pinesakken tatanya sru
hah apa sira jalma
apa demit brekasakan ing alas gung
Marmaya nora angucap
malah mundlik ngiwi-iwi //

8. Gumuyu Urumuskara
mijet ati kapingkel tembe uning
pleca-plecu kaya lutung
apa iya manugsa
apa dhemit dene polahe alucu
guyune Urumuskara
pan kongsi barebes mili //

9. Umarmaya cikrak-cikrak
amalembung malencut asisirig
saksana angalap watu
Muskara tan graita
pijer angguguyu tan weruh binetur
ingkang kena janggutira
Muskara tiba sing wajik //

10. Sru kanturah gumalunggang
Umarmaya lumayu lonjong mimis
gantia malih winuwus
sultan kang masweng rama
tur uninga praptane duteng
Madayun
lawan denira gupita
lan sagung kang para aji //

11. Wus katur maring sudarma
alon angandika sang Jatingarep
ya ki sultan rembug ingsun
yogya sun dhewe mapag
lan anggawa abon-abon myang
pisuguh
nadyan pama yen wus prapta
dimen mondhok kene kaki //

12. Nging sira ya becikana
aprayoga sira milya nemoni
katona ing jetmikamu
dadi tan murang krama
pantes ngurmati mring duteng
narendra gung
mangkana sang adipatya
mirantyarsa methuk tami //

13. Pipikulnya langkung kathah
tanpa wilang kang sarwa boja di
jojodhangan pan adulur
prapteng jawining kitha

masanggrahan anganti praptaning
tamu
nahan sang Urumuskara
ginosongan wus anglilir //

14. Tansah nekem janggutira
temah datan arsa anumpak wajik
nging neng pelangkan pinikul
mundhut paren anulya
janggutira pinopok ing beras kencur
tinutup lawang ing plangkan
dalem ing tyas dahat isin //

15. Denira apapareman
sru gagetun ngunandika pa jalmi
apa hantu ika mau
sampun lajeng lampahnya
wadya bala adulur-dulur ing ngenu
nahan sang dipati Mekah
sawang mandrawa sru barangti //

PUPUH LXXV

Asmarandana = 28 pada

1. Umuskara dupi myarsi
lamun sang dipatyeng Mekah
methuk ngaturken bon abon
sru suka wangwang ngandika
mring wadya pikandelnya
si Ngabdul Muntalib wus wruh
cilike ing awakira //

2. Baya si pekir saiki
pitike entek pinanggang
iku ngong weruh pamrihe
yen luput pratikelira
kurang kurmat maringwang
sun talikung amrakungkung
nora bisa golek berkat //

3. Gumujeng latah pan sarwi
anutupi janggutira
nulya lastari lampahe
mangkana dipati Mekah
duk wus celak lampahnya
sangking kuda gya tumurun
mangrepa lumampah dharat //

4. Sang Umuskara anuli
mudhun sangking tandhunira
duk pagut tingal kalihe
nreg lampah sang dipatya
gupun anyandhak asta
ngasih-asih aturipun
dhun angger swawi pinarak //

5. Sakedap ngaso supadi
lerem angger saha wadya
sang Umuskara delinge
paman kula katiwasan
binegal aneng wana
janggut kawula binentur
ing sela kang kenging prana //

6. Milane kula paremi
inggih kasupen sakedhap
kirang kedhik meh-meh poso
lah andika ulatana
jalma ingkang sring begal
wonten madyaning wana gung
tan lega rasaning manah //

7. Yen dereng kula jujuwing
paman menggah tiyangira
kang begal alit methesel
rencang nginten dede jalma
winastan hantu wana
anamung panduginingsun
inggih saestu yen tiyang //

8. Nangling alon sang dipati
leres yen menggaha tiyang
sinten purun ngupagawe
dhateng duteng sri Madayin
tur angger ratu dibya
lawan malih atur ulun
padhusunan dalem Mekah //

9. Inggih alit nanging wingit
yen nuju tenganging surya
sring-asring kathah gonggongne
Umuskara nulya lenggah
ing kursi rinarengga
gya medal bojana selur
jajodhangan pirang-pirang //

10. Sang dipati matur manis
apan sarywa angrarepa
katuran pambage angger
rawuhnya nagari Mekah
Umuskara ngling nedha
sang dipati malih muwus
punikabdi dalem Mekah //

11. Atur sugata mung kedhik
supados mung kadhahara
malar jampining kaluwen
anamung kadi tan cekap
sawadyanta sadaya
mangsuli raja Urumus
paman kadi wus tan kirang //

12. Den bojana nateng Turki
sawadya wus kacukupan
tekeng sikep pekathike
malah luwih ingkang buktya
dan pinakaken kuda
wusnya boga sigra laju
budhal sangking pasanggrahan //

13. Tan dangu jro kitha prapti
saksana pinrak pandha] a
Muskara wadyanya andher
sagung pra raja ing Mekah
tan na kalilan sowan
mung raja patih kang tumut
sowan nyamun panakawan //

14. Duk praptanya sang duta ji
jeng sultan nuruni kurmat
de sareng rama rawuhe
ing batin kurmat ing rama
kalih pikantukira
kadyestu nuruni tamu
mangkana duteng Madiyan //

15. Sang Umuskara lon nangling
paman kang pundi putranta
kang rama Jayengpalugon
sang dipatya gya atedah
punika warninira
arinta Kamzah pun kulup
sang Muskara cipteng driya //

16. Pantes prawira ing jurit
nging kuciwa maksih bocah
paman ing kabar wartine
putranta wus madeg nata
enggih anama sultan
an anelukken pra ratu
kathah kang sami sumewa //

17. Punika punapa inggih
sang dipatya angandika
pawarti kathah kang linyok
de ngantos katur bathara
sinten kang karya warta
para raja yaktos amung
sami tepang pawong mitra //

18. Sami koncah angrapeti
rumekseng wangun bathara
supadosipun agolong
lamun wonten satru arsa
rumabaseng Madiyan
mung punika pamrihipun
tan mamrih napa-punapa //

19. Dene katur madeg aji
gih yaktos muhung supadya
dadosa pangahubane
sagotra wangsa ing Mekah
wontena bubundhelnya
yen wonten sikaranipun
nagari ing kering kanan //

20. Sageda nglawan ing jurit
sing kabetah pados akal
murih menggah keringane
ing kanan keringe Mekah
kawularsa nyuwuna
idin dalem kang sinuwun
jeng bathara nyakrawatya //

21. Angraos kalangkung ajrih
wit boten ngangkah punapa
tan pisan sumedya mirong
miwal sing bawah Madiyan
mangke sumanggeng karsa
de wonten ing ngriki sagung
angger wus priksa piyambak //

22. Tamtunipun lajeng bangkit
dugi-dugi mawrat timbang
memper boten lan yaktose
ya ta anulya sinugata
eca denira buktya
larih mider samya minum
sinambi apagujengan //

23. Dahat sukanira sami
kono sang Urumuskara
denira atatanya lon
ing kabar putra andika
sampun ayasa pura
sang dipati aris muwus
inggih yektos damel wisma //

24. Nging kirang prayogi kardi
manggihi duteng bathara
wit nana neng-nenging rare
ugere pepak kewala
sabubaring bojana
pra putra Mekah sadarum
andher sowan aneng ngarsa //

25. Muskara dupi udani
mring Marmaya ciptaning tyas
wong iki ana empere
ingkang ambegal neng ngalas
kacek iki manungswa
ika wingi jare hantu
nanging wis bleg rupanira //

26. Umuskara alon nangling
paman dipati manira
dinuta ing jeng sang katong
sang bathara nyakrawatya
kinen maringken surat
mring putranta Jayengpupuh
sang dipati nulya nedah //

27. Kulup tampanana nuli
surat dalem jeng bathara
sang Umuskara delinge
daweg yayi tampanana
jeng sultan gya tumedhak
nawula tinampen sampun
tininggilken ing mustaka //

28. Tiniyup mawanti-wanti
pansarya ingaras-aras
pinidih ing bun ping trine
dan binuka sinuksmeng tyas
bubukaning kang surat
penget ingkang layangingsun
narendra gung binathara //

PUPUH LXXVI

Dhandhanggula = 19 pada

1. Kang mahambara para ji
angadhaton Madyan adiningrat
amisesa kang pra katong
ngurebi padaningsun
tumekaa mring sira Amir
mengko sira sebaa
mring nagri madayun
sun kepengin wruh mring sira
dene warta kaprawiranira luwih
kaonang sabuwana //

2. Sun kepengin ngabdekken sira Mir
lamun sira sumiwia poma
wadyamu gawanen kabeh
sembahna ing jenengsung
iya iku kang para aji
lan sira awismaa
Madyan nagriningsun
dadia satriyaningwang
yen ta nora mangkono maksih sun rani
ayun raraton sira //

3. Yen sirestu seba mring Madayin
myang sapunggawamu pra raja
sira sun karya sen-isen
wijahan palowanu
pesthi mukti aneng Madayin
tamat titi kang surat
duk paneratipun
ing reng-reng malem Respatya
tabuh nawa ing wulan Sapar kang warsi
Edal mangsa katiga //

4. Menggep kang mangka sangkala warsi
duk paneratireng carik guna
kalih sariraning katong
risang samentasipun
maos surat datanpa nangling
tumungkul kang pangikswa
kang rama nabda rum
paran kulup karsanira
kang timbalan sang bathara nyakrawati
sira angger ngandikan //

5. Kangjeng sultan angandika manis
mring dutendra sang raja Muskara
wit dhawuh dalem sang kaot
animbali pukulun
langkung sangking nuwun kapundhi
inggih saderengira
ngandikan pan sampun
sedya kawularsa sowan
sru kepengin ngabdi nglampahi panuding
ing pakaryan kang pringga //

6. Nanging dereng kapareng ing margi
ajrih yen dede karsa narendra
lan malih sanadyan dereng
amba umasweng prabu
rinten dalu kang kula bukti
inggih kukucah nata
sasat wus mangulun
tiyang punapa kawula
yen sedyaa purun mring narapati
basan anggenjah lara //

7. Angemping punggel jiwaning urip
nanging anuwun apunten nata
kula tan sowan samangke
kang dados walang kayun
lampah tuwan aninimbali
ambekta glar sapapan
maha bala agung
dede trape duteng nata

langkung karsa-karsa denya
amastani
dhateng badan kawula //

8. Upami pineksa ulun pinrih
sowan yen purun gih kula lawan
sak angsaling tiyang sekeng
sangking cekaping kawruh
nging upami wontena tulis
si pun paman Pijajar
wiku Betal Jemur
kretas sasuwek kewala
den bektakna sanadyan juga
pekathik
prapteng sonten enjangnya //

9. Kula sowan dhateng ing Madayin
prapta enjing sonten kula sowan
raja Muskara kapranten
dadya lali ing sanggup
manahira mangke mamethil
nulya alon sabdanya
dadi sun tan antuk
karya animbali kita
sang dipatya alon sabdane amanis
punika ger turira //

10. Ari paduka pun prawira di
sumangga angger borong punapa
menggah katuring sang kaot
nging ywa kirang pamengku
ing rinira kikiranganing
unjuke kang diksura
angger sampun konjuk
kuneng ing ratri samana
wus pinarnah pasanggrahannya
tulya sri
saniskareng renggannya //

11. Sinuba-suba tekeng pisalin
ingaturan sang Urumuskara
sru karenan temah kepon
limut lamun ingutus
aneng Mekah kemanisen sih
duk angsal catur dina
asiyageng wadu
sagung sumekta sawongnya
nulya pamit panggih lan sang
adipati
Nabdul Muntalib nabda //

12. Ya dhuh angger samyandum basuki
punika kula ngaturi brana
kang konjuk ing jeng sang kaot
gih kalih atus pikul
miwah dhateng angger pribadi
kang gangsal welas rembat
lalangkunganipun
kucah dalem kang ngong tedha
kaatura mung darmi gadhuh pun
dasih
Muskara langkung suka //

13. Ponang pisungsung gya ken
nampeni
andelira sabdanya Muskara
nuli tampanana kabeh
wis wong Mekah ja melu
susah-susah mlasken wong cilik
baturingsun priyongga
gawaa wis cukup
pan gamane binongkokan
tumbak wolu namung binekta
wong siji
akeh kang gawa brana //

14. Miwah wastra kancana mas picis
tuwin reyal Muskara sru bungah
dadya mangkana ciptane
nadyan ingsun tan antuk
gawa babandane si Amir
ujer sun oleh brana
pesthi sang aprabu
suka rena myat branarta
saikine si patinggi Mekah gundhil
sasat lir wong rinayah //

15. Jeng sultan gya masrahken kintaki
angsul-angsul katur sang bathara
kalawan kuda sajodho
dhawuk ageng ya luhur
punikamba paman ngaturi
teteken wonten marga
Urumus ling nuwun
wangwang sagung kang pratmaja
sami anyaosi barang warni warni
Muskara sru trima //

16. Nulya Umarmaya mindhik-mindhik
nampa lengser kancana pan sarywa
amemplak putih srebete
ngasih-asih turipun
punikamba namung ngaturi
jampi ngelak ing marga
kature pukulun
srebete tandya binuka
mring Muskara cinipta isinya adi
tur ature Marmaya //

17. De wadhahira kancana adi
teka isi jambu kluthuk mentah
babal kemlaka lan pace
kecelik nyamun guyu
iya seger wowohan iki
nanging lamun den rujak
gumuyu kang ngrungu
sang Muskara nulya budhal
saha wadya gumerah wonten ing margi
kawarna Tambakyuda //

18. Sawedalnya angajak Marmadi
takon niki teng pundi ki lurah
Guritwesi sru wuwuse
bok iya teka milu
payo anututi si Umis
jaluk alal-bahalal
keh kaluputanku
prapteng marga Umarmaya
sarirane sadaya cinorang-caring
angus lan kembang sumba //

19. Teka melu lalerong Marmadi
niru pratingkahe Pakuwaja
wong roro aglis lakune
nulya ngyegat marga gung
ngarsa-arsa wadyeng Madayin
Marmadi malang kadhak
aneng tengah lurung
Umarmaya aneng ngarsa
tan adangu prapta wadya ing Madayin
darmane Tambakyuda //

PUPUH LXXVII

Durma = 20 pada

1. Akras nangling heh heh kabeh wong Madiyan
padha mandhega dhisik
ninggala gagaman
sapa kang arep gesang
lan sangu-sangu prituwin
dandananira
kabeh srahna mring mami //

2. Umuskara kekes mulat mring Marmaya
mindha hantu wanadri
wuwuh gawa rowang
agedhe wetengira
Marmaya mara sisirig
acacebolan
raja Muskara nangling //

3. Heh Marmaya sira aja salah karya
kasusu laku mami
yen den arso-arsa
ing kangjeng sang bathara
Umarmaya sru denya ngling
si Umus edan
nora pangling mring mami //

4. Payo kene Muskara padha prawira
coba ngadu kasektin
sira lawan ingwang
padha trah sura marata
pa dumeh sugih prajurit
lir ambekira
lumaku den wedeni //

5. Kaya lanang dhewe aneng nagri
Mekah
apa tan kulak warti
adol kupingira
yen sultan sayidina
duwe sadulur sawiji
pothet ing Mekah
gumeter muskara ngling //

6. Sarwi mudhun ing turangga nembah
Baudhendha sigra ngling
tan kaya kalira
tatane wong kaparat
dhidhi yengmu sanggup wani
gawa babandan
gustiku mring Madayin //

7. Lah ta mara cobanen aku kewala
yen ko bisa naleni
mara Baudhendha
lah iya mara enya
sarwi anganggar gigitik
sang Umuskara
ngrasa tan darbe urip //

8. Aturira guririh mung nedha gesang
sawadyanira miris
myat mring Tambakyuda
lawan sang Baudhendha
Umarmaya briga-brigi
yen kudu gesang
sira ya sun alimi //

9. Nanging kabeh tinggalen dandanira
gagamaning prajurit
miwah sangunira
kariya barundhulan
lawan pisungsung dhek wingi
kang seka Mekah
poma aja na kari //

10. Umuskara ngling inggih kula
sumangga
asal pinaring urip
gya sang Baudhendha
anampani dandanan
tekeng kang wadya prajurit
wus dhinedhelan
gemet tan ana kari //

11. Pan tinumpuk neng ngarsane
Tambakyuda
Muskara mung den wehi
calana sajuga
lawan kalambi kotang
makutha liniron topi
amoh lungsuran
sinung juga kudestri //

12. Larab amoh mung babake rong
kalasa
dupi kumecap apti
nembung jaran lanang
Marmaya asru nyentak
aja kakehan kestori
arep apora
nuli minggata baring //

13. Asmu isin jarane tan tinunggangan
Marmaya nyarengeni
kinen nunggangana
sru wedi dadya nunggang

duk cinengklak jondhil-jondhil
sang Umuskara
meh kewala tumlethik //

14. Den keploki saya krep panjondhilira
sawadyane prihatin
ngungun tan kayaa
iki lalakon apa
Marmaya kepati-pati
motangken apa
kasengitan mring mami //

15. Ya rasakna besuk tan walesi mana
kang saweneh ana ngling
yen tak rasa-rasa
kaya bener wong Ngarab
ratuku sing tan wruh ngisin
nora sambada
sanggupe analeni //

16. Mring wong Ngarab umuke bae ra jamak
tekeng don jebul ngucir
lir aku kewala
wedine lan Marmaya
Muskara ngrungu ananging
api tan myarsa
malah anamun liring //

17. Pindho papa upama tak srengenana
gen milu Guritwesi
wis cah ayo gancang
yen maneh tinututan
clana kotang-kotang isih
yen dijabela
klakon tekeman mulih //

18. Nunjang nunjang gumrubyug uwong Muskaran
nahan sang Guritwesi
lan sang Baudhendha
akekel guyunira
ya talah wong tanpa wilis
teka tan ana
duwe kantepan siji //

19. Marmadya ngling lah niki paran karenta
brana busana gunging
paran pambektanya
Marmaya ngling ngundanga
baturmu wong ing Kalkarib
Marmadi mesat
swareng wadya Kalkarib //

20. Sikep jalal sama amawa rembatan
tan adangu wus prapti
gyan prenahing barang
pan wus kamot sadaya
binekta ing kitha Ngarbi
nahan kawarna
kangjeng sultan sayidi //

PUPUH LXXVIII

Sinom = 20 pada

1. Kadyestu Predapaningrat
ing kala kalenggahan sami
ingkang rama angandika
wijile asepet gendhis
lah priye anak mami
sira ngandikan sang prabu
teka nora aseba
ger becik sebaa nuli
basa ratu Madayin gung binathara //

2. Kedhep mring sagung pra raja
sapa ingkang den timbali
amesthi banjur sumewa
tan wurung lingsem sang aji
dening sira tan maswi
yen temah duka sang prabu
sapa kang ko andelna
kang putra umatur aris
dahat sangking kapundhi andika
tuwan //

3. Nanging tansah semang driya
yen dede rinta sang yogi
Pijajar kang paring serat
animbali dhateng mami
yen ta ulun upami
nedya mengsah ing Madayun
nadyan malih wewaha
sadasa kang lir Madayin
yen meksih kadunungan kodrat
iradat //

4. Nging kawula boten nedya
kang rama ngandika malih
sokur ger lamun wis sira
pikir-pikir kang mrih yogi
muga den sambadani
ring allahu tangala gung
pindho nabi panutan
Ibrahim kalillullahi
kocap bubar jeng sultan kondur
puranya //

5. Gya ken nimbali kang raka
panembahan Guritwesi
katur kang raka tan nana
tan dangu Marmaya prapti
mentas sangking wanadri
kang rayi alon andangu
lah seka ngendi kakang
kang mau sun undang sepi
ingkang raka turira sarywa
gumuywa //

6. Kula niki wau mentas
gih anututi si Umis
anedha alal-bahalal
boten kober onten ngriki
dados kulwadhang margi
anjaluk tinggalan sangu
si Umus teka loma
gagaman dandanan tuwin
jaran miwah brana tinilar sadaya //

7. Bature kari brundhulan
mung anedha jaran estri
ingkang pancen tinunggangan
ingkang rayi dupi myarsi
gumujeng ing smu runtik
tan kaya kakang akalmu
teka muwuhi dosa
dudukane sri bupati
kang raka ngling apanas manah
kawula //

8. Dene saguh ajeng banda
mring dika katur sang aji
Madayin sri nyakrawatya
kang rayi ngandika malih
pesthi lingsem sang aji
dutane prapta barundhul
dah lingsem dah oraa
jer kula sengit pun Umis
ingkang rayi kabelet gumujeng
suka //

9. Anulya sami luwaran
nahan kawarnaa malih
lampahe sang Umuskara
sawadya dahat prihatin
tigang leksa kang dasih
sadaya sami barundhul
tanpa astra swandana
wus dungkap prajeng Madayin
kawursita sri sudibya
nyakrawatya //

10. Nuju ari Wraspatyenjang
jam sanga miyos tinangkil
kadi ing ngadat kewala
jejel supenuh kang maswi
sagung kang para aji
sawadya punggawanipun
datan nana pambengan
angandika sri bupati
mring apatih Bestak andangu
Muskara//

11. Priye Bestak dutaningwang
Muskara kang animbali
si Amir dene alawas
apa baya antuk kardi
patih Bestak wotsari
dereng wonten wartenipun
nanging watawis amba
inggih tamtu antuk kardi
ingkang kalih prakawis salah
satunggal //

12. Lepat pun Kamzah kang sowan
dene yen mogok dewaji
tamtu dhatenge babandan
katur ing paduka aji
pinten wratnya pun Amir
yen ta sumedyaa purun
ing duta jeng bathara
anedha sakit punapi
punapa tan anon mireng ing
pawarti //

13. Denya kawarti prawira
yen tinimbang kanan kering
ipun dhusun Mekah
myang pra ratu manca nagri
nging yen lan punggawa ji
pra rajanya keng Madayun
kadi tan sapintena
wawrate pun pekir Ngarbi
dereng dangu sang sri denya imbal
sabda //

14. Kasaru Muskara prapta
sawadyanira gumirih
kinen mriksa wus koningan
yen praptanira barindhil
nata ngandika aris
mring kya patih priye iku
luput panduganira
sang bathara antya runtik
piningit ing tyas nging meksa
kawistara //

15. Ki patih paraning duka
Bestak kalangkung dera jrih
sang nata wangwang ngandika
mring Pijajar sang ayogi
bapa kepriye kuwi
mengko sira kang katempuh
anekakna si Kamzah
bapa isinku ngluwihi
Betal Jemur aris turnya mring
bathara //

16. Kawula inggih sandika
rumiyin mangke ing benjing
kawula pan boten selak
kang saupaminipun Amir
boten purun umaswi
ing paduka sang prabu
ulun pyambak lumampah
tanpa bekta rencang siji
kula ingkang nyirnaken sing ngalam
dunya //

17. Dene nguni pun patih kang
gadhah rembag Muskara ji
ingkang kedah cinudaka
pramila lumuh pun Amir
wit tyasnya sangga runggi
tan pasaja duta prabu
dene ingkang akarya
resah damel lingsem aji
dede Kamzah punika pun
Umarmaya //

18. Kaparnah kadang nak-sanak
kalawan Kamzah sang aji
rencangnya pun Umarnadya
kang begal menggah pun Amir
langkung jetmikeng budi
gya sang bathara anuduh
andangu mring Muskara
punapa ngaturi tulis
angsul-angsul Muskara ture
katriwal //

19. Duk ing nalika binegal
mring Marmaya neng wanadri
Muskara aturnya nelas
saaturnya sang dipati
myang jeng sultan wiradi
sadaya katur wus putus
Muskara tan ngandikan
sang nata lingsem manggihi
tan antara saksana kondur
ngadhatyan //

20. Mulih suntrut patih Bestak
lan Muskara samya sedhih
sang yogi rawuh Pijajar
wangwang animbali siwi
radyan Wahas kang nami
warnanya branyak abagus
sampun prapta ing ngarsa
ning kang rama gya ngabekti
ingkang rama ngandika lir
guladrawa //

PUPUH LXXIX

Dhandhanggula = 19 pada

1. Kulup Wahas sira sun timbali
bakal dadi suka senengira
uwis lawas sira angger
pamit kepengin weruh
nagri Ngarab durung marengi
ing mengko sira bakal
kalakon katemu
lawan kadangta ki Kamzah
lan mentara gawanen ki layang
mami
sung na ing kakangira //

2. Ya kana ki sultan prawiradi
lawan iki payung tunggul naga
pan iki wasiyatingong
duk eyang-eyangmu
mung sinimpen bae kang awit
tan wenang anganggoa
kajaba kakangmu
iku kang pesthi linilan
nganggo iki nging mangkata
mengko bengi
ja na wruh wong Madiyan //

3. Ingkang putra dyan Wahas wotsari
ingkang rama malih angandika
lawan maneh wekasingong
den ngatyati patrapmu
aja dupeh kadang pribadi
kakangamu sri sultan
wawatekanipun
luput pisan kena pisan
wruhanamu wus pinesthi ing hyang
Widi
ing tembe kakangira //

4. Iku amiseseng ngrat sabumi
tekan kene karaton Madiyan
ya mring kakangira kareh
kabehe kang pra ratu

ratu kang kasongan wiyati
kang kasonggeng pratala
rep-rep sanggya mirut
nging kulup iku kekeran
di abacik sira anyimpen wawadi
kang putra mestu sabda //

5. Ning rama dhasar sang yogi siwi
panggalihannya mirip kang rama
wicaksuh lantip ing kawroh
ing reremitan putus
kuciwanya tan den wejangi
ngelmi gaib dening sang
sudarma ing dalu
dyan Wahas sampun siyaga
sagotrahnya wonten sangking kalih biting
kulawargeng Pijajar //

6. Songsong tunggul naga wus pinaring
ngaken putra ginotong wong papat
den rembat ing pambektane
kang putra aturipun
mring sudarma punika benjing
yen kagem kang mas sultan
paran agenipun
bekta dene wrat kalintang
punapa wonten kang kuwawi nongsongi
sang wiku angandika //

7. Iya ana kang kelar angampil
tunggul naga mung sajuga raja
Ngabsah Tohara jenenge
darmane kakang anung
pemayunge bae narpati
ing tembe malah teka
palawija ratu
papatihe raja Maktal
pangulune sri Kalkarib Umarmadi
wis ta kulup mangkata //

8. Anung aturena salam mami
mring uwakira kakang dipatya
lan mring kakangta si thole
lan saduluripun
dene aku nora kikirim
mung puji donganingwang
karahar janipun
dinohna beka rencana
radyan Wahas kentar wusnya ngabekti
lampahnya sisinglonan //

9. Yogiputra tan kawarneng margi
lampahira sinrod dalu siyang
kadyage panggya kadange
ing Mekah sagungipun
prapteng ujung talatah Ngarbi
dan ngrumiyinken duta
wit yen karya kejut
wus prapta sajroning kutha
ponang duta umasweng sang raja patih
nulya den irit sowan //

10. Ing jeng sultan gupuh den timbali
ponang caraka wus prapteng ngarsa
sri patih nembah turnya lon
amba tur wrin pukulun
mene wonten duta Madayin
anama raden Wahas
inggih putranipung
pamanta yogyeng Pijajar
kangjeng sultan saksana ngandika manis
yayi sira matura //

11. Marang ing kana kangjeng kiyai
yen sira wus matur amapaga
dhewe enggalna riningong
selak sun ayun-ayun
raja patih nulya tur uning
maring sang Jatiwara

ri wusnya umatur
sigra ngundhangi wadyanya
kapatihan saastra swandana sami
sangkep sigra umangkat //

12. Tantara kapethuk ing margi
yogyatmaja lan raja apatya
sareng sak sing turanggane
dene sang yogisunu
duk ing nguni sampun wineling
ing rama sang pandhita
mila priksa lamun
papatihira kang raka
nateng Ngalab raja Maktal kang
wawangi
gapyuk asasalaman //

13. Ri sampune sasalaman nuli
raja patih alon delingira
kawula ingutus kinen
amethuk rawuhipun
angger lan rakanta mameling
kinen angenggalena
dahat den yun-ayun
dyan Wahas nuwun sandika
salamipun ramanta kangjeng kiyai
dhumateng ing pun kaki //

14. Matur nuwun sang raja apatih
dan sang kalih pareng anurangga
rapet ajajar lampahe
tansah imbalan wuwus
tan adangu jro kutha prapti
gumrah wong kang tumingal
de wus myarsa tutur
kang rawuh nagara Mekah
putranira ing nguni jeng radyan
patih
Betal Jemur Madiyan //

15. Ana jalma mangkana dera ngling
dene wus jibles lan ingkang rama
aku eling duk neng kene
ngriku rowange lungguh
ingkang durung myarsa warta ngling
wakane iku sapa
de warnane bagus
kajejer lan gusti patya
kang tinakon anyentak sambi nuturi
basakna apa rika //

16. Tan krungu yeku pyayi Madayin
putrane raden patih ing kuna
kang uwis tindak marene
nujoni babaripun
jeng sinuwun malah dyan patih
ekral amundhut putra
rowange thuk-manthuk
lah iku rawuhe radyan
ana apa kang tinakon anauri
jeng sinuwun ngandikan //

17. Iya maring nagara Madayin
wruhanamu ratu ing Madayin
pinituwa gedhe dhewe
kang ngreh pra ratu-ratu
na rowange maneh nauri
patute yen neng Madyan
besuk jeng sinuwun
tinriman putrining nata
nahan kendelena ucaping parestri
panjang yen winursita ; //

18. Ya ta lampahnya sang yogi siwi
lan raja patih prapteng paglaran
koningan ken ngenggalke
ajajar lampahipun
raden Wahas lan raja patih
tan dangu nulya prapta
ing byantaranipun
sultan ngurmati tumedhak
amarpeki anyandhak asteng kang rayi
nulya ingajak lenggah //

19. Raden Wahas anulya ngabekti
dhateng ingkang raka kangjeng sultan

jarwa jinarweng patemon
kangjeng sultan andangu
basukinira masang yogi
raden Wahas manembah
ing raka turipun
raharja jeng paman tuwan
ingkang salam dhumateng paduka
mugi
myang sagotrah ing Mekah //

PUPUH LXXX

Asmarandana = 35 pada

1. Sang patemon tyas sru brangti
jeng sultan nuwun aturnya
dyan Wahas malih ature
kula den utus pamanta
kinen ngaturken surat
mring paduka gya pinundhuk
suratnya wangwang binuka //

2. Kaesthi mutada ngenting
ing sasurasane pisan
mangkana ungel-ungele
penget iki layangingwang
Betal Jemur Pijajar
kang wus antuk kamulyan gung
mangka pamugran Madiyan //

3. Kang dhihin muji hyang Widi
kapindho nabi panutan
tumekaa maring kowe
ki sultan wiradyaningrat
pinanjangna yoswanta
lulusa maha dibya nung
mangka kapaleng rat raya //

4. Prawira sujayeng resmi
sanggyaning kang bumi nata
rep-rep ripu awotsinom
purnaning puji manira
marma sun kirim layang
yen sarju nak sun wong bagus
sira becik asebaa //

5. Maring nagara Madayin
tembe kaki pira bara
ana pituwasmu angger
oleh jodho putri tama
nagri Madayin ana
wadon ayu bangun turut
lawan maneh wekasaningwang //

6. Padmasana ing Madayin
kang kabandhang mring si Usam
saosena supayane
dadia pikandelira
babo gonmu suwita
ingsun tan kikirim amung
payung siji siragema //

7. Pinasthi wus muni jangji
kang nganggo payung pan dadya
ing buwana lalanange
kulup ku wasiyatingwang
ananging salawasnya
tan kanggo jer pancen dudu
kang nganggo pan namung sira //

8. Lan tan ana jalma yekti
kabeh kulawarganira
kang kelar anggawa ijen
mung siji punggawanira
iya ratu Ngabesah
mung raja Tohara iku
pinesthi kang kelar gawa //

9. Tamat suraseng kintaki
jeng sultan kalangkung suka
gya kinen buka ulese
rinarompa maring arti
duk tinon warnanira
sakalangkung endahipun
kancana ingkang kinarya //

10. Sinumpingan mas rinujit
tirahira binabara
anenggih rante mas tulen
lir kudhup ing sekar pala
yen osik klinthingira
kumrangsang lir ungelipun
napasing tunggul nagendra //

11. Kinen nyoba ganti-ganti
amandhi kang tunggul naga
tan kuwawi sadayane
para raja myang punggawa
teke mantri prameya
dan sang Tohara tinuduh
gumenyeng tan kasumbaga //

12. Raja Tohara darbyari
sang Tohbahu aranira
kinen anyoba gagentenan
kwawi mandhi tunggul naga
lajeng pinacak raja
anama raja Tohbahu
bengkok Ngabesah pinerang //

13. Kinaron kaka lan ari
dwiraja karyanya tan lyan
amung bumeni panongsong
lamun kagem tunggul naga
jeng sultan angandika
yayi mas sun banget nuwun
dene sira ing samangkya //

14. Sun ajak seba mring kiyai
sang ari langkung panujwa
anulya kentar kalihe
myang sagung kang para raja
sami ndherek yun marak
sang Jatingarip panuju
lenggah ing banjar pidikan //

15. Katur yen putyarsa maswi
angirit kang rayi Madyan
gya ingandikan malbeng jro
Guritwesi bagendha Bas
lan sagung para kadang
myang para raja pangayun
tekap ngarsaning sudarma //

16. Ingawe samya wotsari
gya majeng lenggah atata
dyan Wahas ngabekti alon
ngaras embunanira
arum ingkang pratapa
padha raharja lakumu
kulup ana ing dadalan //

17. Matur nuwun sang sinung ling
lan ramanta padha arja
sang putra matur wotsinom
wilujeng arinta rama
kang salam dumatenga
ing paduka myang pra sunu
kadang kawula sadaya //

18. Ing ngriki nagari Ngarbi
risang mangsuli anedha
nulya sang yogi putrane
salaman lan para kadang
pundhuh ing sanalika
kadi estu ing sadulur
saksana sami adhahar //

19. Akembul sagung pra siwi
wus dening kang para raja
ri wusnya nulya linorot
jeng sultan matur ing rama
lirning ungeling surat
sing kang paman Betal Jemur
kang rama kalangkung suka //

20. Myarsa aturing kang siwi
saksana aris ngandika
yen mangkono pikiringong
becik nuli sebaa
mring nagara Madiyan
pamanira ngayun-ayun
yen kalawasen rinira //

21. Aneng kene Puserbumi
rembugku becik barenga
lawan arinira angger
ingkang putra aturira
rama inggih sandika
rarong galihnya sultanun
anyipta sratnya kang paman //

22. Yen nagari ing Madiyan
wonten wanodya yu tama
dhasar jeng sultan samangke
angajengaken ing mangsa
remen maring wanodya
mila salebeting kalbu
lir age prapteng Madiyan //

23. Anulya luwaran sami
dyan Wahas sampun pinarnah
kapatihan pamondhoke
nging saben ari tan pegat
tinimbalan mring sultan
omong pagujengan nutug
pan lajeng akembul dhahar. //

24. Panembahan Guritwesi
prituwin sang raja patya
myang bagendha Bas wus dene
samangkya nagari Mekah
jeng sultan denirarsa
sowan mring nagri Madayun
mangun sumbaganing wadya //

25. Myang sagung wadyeng para ji
kinemasan rukmeng daya
saastra wisayeng ripoh
myang ginulang kridhaning prang
mrih matuh puspakatya
luwes trampil molahken hru
wisaya sayaning yuda //

26. Tan na kang kidhung sawiji
yen na kidhung sinalinan
dadi prajurit tan kanggo
mung kanggo dadi pegondhal
myang pakathiking wadya
prajurit amlem ing pupuh
asedhet cukat trangginas //

27. Cukat prawira nrang westhi
tyas teguh nora kagetan
gih punika pilihane
sagolong tunggul mawarna
wadyanya sultan pyambak
cacahira wolung ewu
pinilih dinulang mangap //

28. Andelnya sang mraja patih
tri sasra tatal ing pringga
gunggung prajurit kemawon
sakethi nem likur sasra
myang wadyaning pra raja
wolung leksa kaping pikul
pekathik bagondhalira //

29. Duk prapta ubayeng ari
muni tengara sauran
swarane ponang kendhang gong
bendhe beri tamburnya kras
gurnang swareng wurahan
lumrang ing gagana wagyut
bogra gora graning par //

30. Bata sru kagiri-giri
bengeng suwaraning tengran
suling bengkilung salompret
panembahan Tambakyuda
apan sampun akarya
prajurit tiga blah ewu
padha wong cebol kapalang //

31. Tur papethut langkung julig
acucut wicaranira
kecape angguyokake
amanganggo sarwa kresna
towok paser astranya
tengrannya trebang kakendhung
kang nurangga sarwa abang //

32. Kuluk centhung amantesi
gagaman bodhik kulewang
condraswanira cinothe
nyangkelit sebe walulas
kong silir balantikan
endhek cilik sugih wulu
godhek brengosira capang //

33. Brewok bruwes jembut ati
kawan atus kathahira
pan sakawan lulurahe
kartiyasa sing Benggala
anama Tambi Masbat
kalawan pun Tambi Subul
Tambi Akinad seh Mardusan //

34. Catur sami wireng jurit
wus darmane Tambakyuda
sinungan waris mangkono
ambiya nukmeng paguywan
lawan wus pesthining hyang
Guritwesi nora lampus
pejahira Umarmaya //

35. Sareng lan rusaking bumi
ing ari kiyamating rat
nahan sagung para katong
wus tata sawadyanira
sumbagastra mirantya
sanggyapten niskaranipun
lir ngajap wijiling karya //

PUPUH LXXXI

Mijil = 15 pada

1. Mangkya jeng sultan Pakuningbumi
ri sedheng ing kono
ya busana kaprajuritane
brekatan wus rinasuk pra sami
sangking kang pra nabi
tatopong lan baju //

2. Miwah sagung wiyasaning jurit
menggep sang kinaot
pedhang Kangkam neng kering
cinothe
risang warnanya tuhu pinekik
cahyanya nelahi
nurbuwat tinajul //

3. Prajuriting hyang ing Puserbumi
dibya wireng kewoh
direng hugara pati uning weh
nguni-uni kalengkaning ngrati
ka enya sultani
dhendha pati lebur //

4. Tuhu jayengbuwana nimpuni
kakunging palugon
apratistha umenggep citrane
ri wusira basuna umijil
pamit ing sudarmi
Marmaya tan kantun //

5. Bagendha Bas dyan Wahas sedening
sagung kang pra katong
raja patih sri Ngyaman Kebare
sri Kalkarib sakadangnya sami
andherek ing gusti
wus prapta ing ngayun //

6. Nira risang maha Jatingarif
gya ngujung kumroyok
myang ingkang para raja sagunge
riwusnya samya sinung basuki
ingkang pra narpati
sang dipati arum //

7. Andikanya heh sanak para ji
ngong tan sung pasangon
anung nyangoni basuki bae
tan luwih mung puji donga mami
mring andika sami
manira jumurung //

8. Atur sembah sagung kang para ji
anulya pra katong
kinen angrumiyini wedale
gya jeng sultan myang sagung pra
siwi
kinen sami manjing
pamit mring kang ibu //

9. Mung bagendha Bas lan Guritwesi
kang dherek malbeng jro
miwah dyan Wahas inggih andherek
dupi prapteng jron wrana
ling-ngaling
ing tratag kaeksi
kang ibu sultanun //

10. Ingsun kulup nora bisa kari
melu bae ingong
paran sun yen pisah lan sirangger
tan adangu ingkang rama prapti
garwa myang pra siwi
gya sami tumurun //

11. Ingsun kulup nora bisa kari
melu bae ingong
paran sun yen pisah lan sirangger
tan adangu ingkang rama prapti
garwa myang pra siwi
gya sami tumurun //

12. Ri wusira nulya lenggah malih
kang rama ngling alon
marang kang garwa dyah
Katimahe
anakira sida mring Madayin
ngandikan sang aji
bathara Madayun //

13. Aja sira angrubedi pikir
anakmu darapon
iya mung padha dadonga bae
sang dyah jrih myarsa andikeng
laki
nging tansah sang dewi
ngembeng waspanipun //

14. Jeng Sultan gya angunjung ing reni
pinengkul sang anom
lungayannya ingaras embune
nglingira ja lawas-lawas gusti
nora betah mami
pisah sira kulup //

15. Ingkang raka angandika aris
basakna mangkono
wong tinimbalan ing ratu gedhe
munduran anake den wangeni
tan keni pinesthi
karsaning ratwagung //

PUPUH LXXXII

Dhandhanggula = 15 pada

1. Kang ibu malih ngandika manis
apa sira tan gawa parekan
jare sok punyeng mas ingong
ewuh ayane iku
aneng paran sapa meteki
pae ta yen peraka
ing Madayin iku
ingsun atitilik bisa
mulane ya becik anggawaa gusti
ikngkang laladi sira //

2. Lemes akeh gawene wong estri
jeng sultan smu lingsem mung tur sembah
sarywa tumungkul ing kiswane
tandya dugekken nguping
mring pra ibu aganti-ganti
dyan Ngabas Tambakyuda
ing ngriku duk ngujung
dyah Katimah angandika
sira kaki ywa pisah lan rinira Mir
sun titip marang sira //

3. Mesem nembah risang sinungan ling
gya radyan Wahas gantya mastawa
wus wradin mring pra ibune
ungujungan sadarum
wangwang nabda sang Jatingarip
wis ta kulup mangkata
iki mumpung esuk
slak den anti punggawanta
para raja muhung wekasingsung gusti
apa barang sarehnya //

4. Pamanira ing Pijajar gusti
aja mamang nuli lakonana
iku guru kak jatine
aja sumlang ing kalbu
ya sanadyan prapteng kapatin
ringong pan wus pralaya
gonira mangulun
lamun meksih pamanira
badanira den kadi wayang neng kelir
kinudang ing dhadhalang //

5. Dhalang purba ing akarya bumi
dhalang lair iku pamanira
ing Pijajar waranane
sampat wawelingipun
mring atmaja jeng sultan nuli
miyos kang raka-raka
kakalih tan kantun
bagendha Bas Tambakyuda
myang dyan Wahas mangkana sagung para ji
garjita nata wadya //

6. Kangjeng sultan amundhut turanggi
Kalisahak sumaos ing ngarsa
mraja apatih wus kinen
ambudhalaken wadu
wadyanira mraja apatih
mangka cucuking lampah
sri busananipun
lir pendah puspa ngudyana
myang musalanira amaneka warni
paninggar sangang sasra //

7. Nenggih kang mangka panduk pangarsi
bandhera kresna ciri wanara
seta mangrik kumlab tinon
gurniteng mega barung
wadya sikep watang ing wuri
kathahnya pitung sasra
kang gumlak sumambung

sikepan tamsir kulewang
kalih ewu rong ewu sikep jemparing
kang sumambung wurinya //

8. Kalih ewu sikep gada bindi
manggala duduk srampang lugora
cacap calimprit jajorong
kathahnya kalih ewu
retu lawan pacara nunggil
wangwang sang raja patya
pratistha dinulu
ya swandana gula besma
ran pun Badra tangkep bintulu
ngjrihi
ya song-song kartas seta //

9. Ngwurinira padmasana rukmi
palenggahannya sang nyakrawatya
apan kabandhang purwane
nguni kala Madayun
kinepung ing sang sri Kebari
anama raja Usam
ya ta kang sumbung
kadangnya Sri Baudhendha
para ratu kawan dasa wadyanya Sri
banderanya mawarna //

10. Sri Baduhendha swandana esthi
ageng aluhur aran pun Sudah
bandera repta dhirine
singa kurdha manahut
pikandelnya kang jathamantri
anub ing kering kanan
sikep kantar duduk
apajeng laring manyura
nateng Kebar raja Jusman kang
nambungi
songsong tumengeng tawang //

11. Swandana kuda tansah anirig
pan gumrudug wadya bala Kebar
ingkang sumambung wurine
wong Ngyaman anung-anung
raja Kopah swandana esthi
anama pun Pragangsa
kanan kering anub
Jathamantri myang Rasika
wangwang wadya daleman ingkang
nambungi
nira wibuh srinira //

12. Sangking wadyanya para narpati
cucuking lampah wadya paninggar
sarwa rep kasumbagane
remrem windu pandulu
yayah sekar pala salagi
nedheng pamekarira
dan wadya angganjur
sarwa wilis tiningalan
sumbanganya lir pendah bethet
sakethi
sumundhul wurinira //

13. Wong sikep towok miwah jemparing
panganggone sarwa kapuronta
lir pendah layung katonton
gumrah wurinya tepung
sikep boji srampang suligi
badhama myang kulewang
nanggala myang duduk
caliprit myang alugora
panganggonya aparatistha swarwa
langking
dan wong alyamudina //

14. Gih punika sami wong pinilih
anak kartiyasa tliti Mekah
sarya seta sumbagane
sulban binara turut
samya bothe janbiya alit
pasikepan candraswa
sedene myang pistul
akulambi sadariyah
leja seta sedheng nom manak ping
kalih
yayah kontul sarawa //

15. Sangking mandrawa nirat tulya sri
myang lir gunung keput kapawanan
apan sarpa kudane
lulurahira catur
nama akmad Jenal apekih
kadwi Jenal Ngafiyah
dene sisihipun
Jenal Ngaripin sajuga
sisihira anama Jenal Ngasihin
dan tindaknya jeng sulatan //

PUPUH LXXXIII

Asmarandana = 39 pada

1. Para dyah keh lengleng brangti
atarap tirahing marga
warna-warna rarasane
weneh angucap mangkana
pesthi sepi ing Mekah
kekembange mring Madayun
sumambung maneh rewangnya //

2. Rika wruh apa wong cilik
aku wis angrungu warta
sinuwun iki tindake
besuk yen kondur mring Mekah
mesthi bathyantuk garwa
ya telah bathine gulung
gustiku diparya Mekah //

3. Lah mangkono wong sisiwi
ngepenakake wong tuwa
tan kaya nakmu si Jembret
anggung gawe mung wong tuwa
tan na gunane pisan
wus umur salawe taun
anung sega wak panganan //

4. Nora nana kang pinikir
pamalese mring wong tuwa
ameneh gawe bae
gawene tanpa dadiya
ana maneh kang ngucap
bibikane wit wittipun
wekasane ya wong tuwa //

5. Tan memper gusti dippati
iba lawase dhek kapan
kae aneng Kakbah bae
malah arang arang dhahar
iku panebasira
kurang luwih sawlas taun
lah si adhi lakinira //

6. .Apa wis nglakoni
sisirih acegah pangan
ingkang tinakon saure
sisirih maneh yen yaa
mung kasep yen sarapan
bae ulate marengut
anging yen tak rasa-rasa //

7. Teka bener kang upami
sisirih atuwas tuwas
uwong dudu papacnene
wong kapengin dudu murwat
uwakne tuwas tuwas
jare iku pangrunguku
wulange wong tuwa tuwa //

8. Rowange maneh nambungi
ya bener ning kacek uga
kang kaya mangkono kuwe
ya apa samurwatira
ya nyatur dudu murwat
jare ikut pangrunguku
wulange wong tuwa tuwa //

9. Si bapa bingen sring asring
maca layang Suluk Luwang
wong kang sring prihatin kuwe
wekasane nemu suka
wong papa bakal wirya
cegah kang lan tan kebutuh
manthuk manthuk rowangira //

10. Mawarna ucaping estri
lir amuwuhi pangerangga
luwih malih asmarane
pangkeran manggung pangayap
warna warna sambatnya
ya dhuh lae sinurunku
tak anti-anti kang karsa //

11. Tita tekeng don ngendrani
tindak mring nagri Madiyan
sapa kang angrusak paes
ngunus sujening glung arja
angoswa tasik montra
dhuh lae pa wis begjaku
mangkene lalakonira //

12. Mandah geneya yen kongsi
medhar asmaraning karsa
mung asih basane bae
samudana pangalemnya
yen mentas siniwaka
kondur mung mesem kecemut
ya dhuh lae bungah apa //

13. Ing wong amung den asemi
yen tan terus ingkang karsa
enak apa esem mono
pae ta duk maksih bocah
meneng den wehi kembang
dhuh teka kaku atiku
na rowange plara-lara //

14. Ngling bok ayu ngong matawis
gih dugi-dugi kewala
sinuhun lagi kagepok
warastra di kirang waja
apes tampel gorastra
gih ragi kagepok lempung
pami boten mangkatena //

15. Jamaking priya myat estri
pan wonten salokanira
inggih munggel ing candrane
upaminipun dahana
tamtu angombra ombra
yen celak duk kajeng gapuk
myang lir kucing myat ing ulam //

16. Majat kenca prang priyayi
pralara-lara pra bandara
samuka yu melok melok
ameksa tan darbe karsa
mila mokal kewala
yen tebih sangking puniku
wau dudugen kewala //

17. Na rowange kang nauri
nora sileh mangkonoa
sinuhun panjenengane
mula pyaywapik arjana
nahan mangkya kawarna
kangjeng sultan tindakipun
tansah lan kang raka Ngabas //

18. Ajajar swandana wajik
mung Nembahan Tambakyuda
apan lumampah kemawon
sakedhap wus aneng ngarsa
sadhela aneng wuntat
kang sumundhul aneng pungkur
gagamane kang pra raja //

19. Anenggih raja pangalit
Kulikut Mahgribi Maskat
Ngesam Kudedah wus dene
Besamah luhnya Malebar
nulya wadyeng Ngabesah
rajanira wus neng ngayun
ngampil songsong tunggul naga //

20. Nongsongi Sultan Sayidi
nulya wadya Kumarmayan
mawa pecut ting carongot
iku sarywa kinen samya
slawatan urut marga
terbang swarane angguguk
wadyanya ingkang nurongga //

21. Kudanya dipun tuntuni
dene gustine lumampah
samarga gumyak swarane
gya wadyanya Bagendha Bas
ngreksa sakeh rembatan
belabar aneng marga gung
untate wadya ing Mekah //

22. Lir rungging parbata giri
myang lir giri Endrasasra
lir pendah kang samodra rob
kumendhung kendhung akasa
rimeng angemu badra
sagunging ingkang lalaku
astra pajeg pan kumilat //

23. Majinjang lir thathit siring
kumrebed dludag kumelab
mur leng kiswa sinampar wong
lir ketug gadebeg ingkang
liman kuda lan janma
myang sranging wong nguwuh batur
wor pangriking sthi kuda //

24. Barung lan tengara muni
prakatha gora sauran
ir lindhu bumi gumenjot
maputeran kelab-kelab
kapungkur Puseralam
lepas lampahing wadya gung
dungkap ngambah wanapringga //

25. Kebak jurang iring-iring
balabar kebekan janma
yen ratri rerem makuwon
neng papan ikang prayoga
lawan kang celak toya
gumrah swaraning wadya gung
guyang kuda myang dirada //

26. Senuk kuda miwah kuldi
blegdaba myang adal adal
karendhi bihal lan memreng
lamun wus mari sayahnya
nulya mangkat lalampah
yen nuju liwat wanagung
wadya bala sagung samya //

27. Ambubujung kidang kancil
sadaya suka tyasira
wus dene memet ing lepen
kanjeng sultan tindakira
wus sangang ari marga
duk ngambah jajahanipun
tepis wiringing Madiyan //

28. Akathah desa kang sepi
dhusun geng geng sami sonya
ing ngriku dungkap praptane
margi ingkang sisimpangan
kang nengen geng kang marga
ananging kalangkung samun
dene margi kang angiwa //

29. Limir krep kambah ing jalmi
ing alit estu tan cekap
minargan ing baris gedhe
temah kandheg lampahira
wadya bala ing Ngalab
kewran denyarsa lumaju
dadya dhedheg aneng marga //

30. Sreng andangu raja patih
mring wadya ingkang pangarsa
inkang dinangu ature
punika wonten dwi marga
nengen lawan angiwa
kang nengen ageng ning samun
dene marga kang angiwa //

31. Aresik ning langkung alit
tan kawrat minargan wadya
pukulun sumongga ring reh
raja patih gya mring ngarsa
ningali ponang marga
gya anander maring pungkur
umatur maring jeng sultan //

32. Wus katur niskara ngenting
kangjeng sultan angandika
mring sang atmawiku anom
yayi Wahas paran marma
desa tlatah Madiyan
iki dene padha suwung
lan ana marga simpangan //

33. Dalan ingkang gedhe sepi
dalan kang ngiwa krep kambah
iku priye prayogane
dalan kang nengen lan ngiwa
Yogiputra tur sembah
inggih pramila pukulun
marga geng kang nengen pejah //

34. Ing riki wonten satunggil
bubujengan langkung galak
nglangkungi liman agenge
nama Wabru warninira
lir liman tikel tiga
tlale gadhing mawi jalu
kumbala brit mawi sayap //

35. Ilat panjang angajrihi
siyung ngatimang matikswa
mangsa jalma pakaryane
mila dhusun geng-geng sonya
wit sing Wabru punika
rumiyin wus mring Madayun
sanagari kagegeran //

36. Tumbak bedhil boten titis
peloring maryem gurnada
tumame Wabru mung templek
ing kapreng lajeng kesah
sangking nagri Madiyan
de margi kang nengen samun
samya jrih Wabru gyanira //

37. Margyangeng punika pami
sampuna wonten Wabrunya
ing Madayin lampahane
kantun tigang dalu prapta
nagri marga kang ngiwa
taksih kirang wolung dalu
kangjeng sultan angandika //

38. Yayi Wahas karsa mami
dalan kang nengen kewala
sun ambah sokur kepregok
sun kepengin wruh rupanya
kang rayi aturira
kalangkung mambeng pukulun
bok temah kapara tiwas //

39. Kang ngiwa mawon prayogi
nadyan lami yen raharja
angkana sultan galihe
cipta kadi den mejana
kalamun piramgengan
kang karsa dadya smu bendu
angandika nirtyeng maras //

PUPUH LXXXIV

Pangkur = 18 pada

1. Kepati pati yayi mas
dalan nyengkle apa becik yayi
sun ambah kang bener jujur
nempali mring kang raka
kados pundi kangmas ing
prayogenipun
myang kowe kakang Marmaya
kang raka wrin smuning ari //

2. Yen tan kenging pinambengan
temah jurung rimas sampun
prayogi
enggala prapteng Madayun
sumiweng sang bathara
Panembahan Tambakyuda
sabdanipun
daweg si sandi upaya
Wabrune yen pareng panggih //

3. Ujer amaning nagara
pinejahan ingaturken sang aji
dan Wahas dahat jrihipun
cipta tuhu pamrina
mring kang raka kasliring satemah
rengu
saksana nglepa pyayama
nuwun aksama pun ari //

4. Yen wus makaten ing karsa
ulun enget nguni timbalan aji
Sri Nyakrawatyeng Madayun
sinten kang mejahana
buron wabru ginanjar trimeng
prabu
jeng sultan wangwang ngandika
mring Maktal sang raja patih //

5. Yayi Maktal wadyaningwang
dhawuhana padha kon ngati ati
kene na buburon wabru
sisan den upayaan
yen katemu age mature maring sun
raja Maktal awot sekar
gya nander wangsul mring ngarsi //

6. Undang mring sang pra raja
sawadyanya kinen angati ati
tinggarnya nulya pinatrum
sagung astra liniga
marga nengen kang den liwati
wadya gung
prayitna durgamengkara
sagunging wadya prajurit //

7. Samangkana lampahira
wadya bala pangarsa yitneng westhi
samarga nyenyet asamun
tan na swaraning janma
pan angambah pira-pira desa
suwung
wonten dhusun geng sajuga
arja gung kang palakitri //

8. Sairip kadi nagara
ngungang kali tirta sumilah wening
tur akathah selanipun
keh wisma pager bata
ing wus lami dhusun wau denya
suwung
rereb ngriku wadya bala
jeng sultan ngandika aris //

9. Ring raka Bagendha Ngabas
pan mangkana kang mas Abas
myang ari
Wahas tengga ing wadya gung
lawan kakang Pakuwaja
wong roro mikuweng mami //

10. Raja patih tur sandika
myang Marmaya sampun sami lumiring
kang kari prayitneng kewuh
jeng sultan nitih kuda
Kalisahak lampahira nusup-nusup
langkung ewed ponang marga
jeng sultan tehdak sing wajik //

11. Pun Kalisahak cinancang
sampun kekah lan uwiting waringin
lampahnya pyaywagung telu
prapteng lepen tirahnya
duk tumingal wonten pager bata dhuwur
nguni tilas pacangkraman
nira narpatyeng Madayin //

12. Duk sang aprabu Saerah
sajenengnya risang Anyakrawati
risak wit datan winangun
nulya sami pnarak
kang jeng sultan kraos sayah tindakipun
ngandika mring raja Maktal
prituwin sang Guritwesi //

13. Mara kakang ulatana
buron Wabru lawan yayi apatih
Guritwesi gya laju
lah Matal ayo gancang
angalora aku tak mubeng mangidul
turut iki pager bata
miturut sang raja patih //

14. Anulya sami lumampah
wus mangalor ngidul sang Guritwesi
lampahnya akapirangu
Marmaya melang-melang
ana kokok beluk muni asru jumbul
kakadhal kumaresek jola
na kodhok mencolot jondhil //

15. Lampahe apandirangan
dadya merem duk panggih raja patih
sang Maktal asru gumuyu
kados pundi panggiya
gyaning Wabru Marmaya mulu gumuyu
wong atiku melang-melang
mung wedi prentah nglakoni //

16. Tur lagi angrungu warta
caritane yayi Wahas ing nguni
atiku kari sagemuk
nulya wangsul maring gyan
ning kang rayi Sultan Marmaya turipun
wus ngong padosi tan panggya
mung nglebet banon capuri //

17. Kadi wonten suwaranya
lir galudhug manawi gih puniki
lah daweg padha lumebu
kang rayi angandika
tilikana dhisik karuane yen wus
aneng kono Wabrunira
baliya tutur mring mami //

18. Kang raka ngling wedi kula
lamun boten karo ngika pribadi
saksana sultan tut pungkur
prateng gon pager bata
duk katemu kang Wabru pan lagi turu
Marmaya ulate pucat
aglis mundur angunduri //

PUPUH LXXXV

Durma = 23 pada

1. Ingkang rayi sultan ling kakang
   ana pa
   sang Guritwesi nangling
   nika sileh napa
   wikana rupanira
   sajeg dereng tau uning
   rurupan ingkang
   kaluwih amedeni //

2. Mara kakang ge nuli sira balanga
   den kena dimen tangi
   Marmaya plingkuran
   enggih naging mangke ta
   kula amenek kariyin
   sigra Marmaya
   mlencut prapteng luring wit //

3. Wus anggegem watu kang yun
   karya balang
   kang rayi ngatag malih
   ge sira balanga
   kakancilen Marmaya
   pijer ngathepel pan sarwi
   adharedhegan
   nityane bibironi //

4. Ponang Wabru maksih ngorok.
   asengguran
   anglir grah kapiyarsi
   Marmaya gya balang
   lawan merem kewala
   prandene keno nujoni
   siyung kumemprang
   kagyat Wabru gya tangi //

5. Nya angadeg buntute angadhar-
   adhar
   cakswandik mondar-mandir
   yayah surya kembar
   ilat akulabetan
   kadyestu lir mutan agni
   pingulnya ngungas
   mambu gandaning janmi //

6. Mingak minguk andhosok witing
   mandira
   gengnya patang pluk rujit
   kaywagrung geng panjang
   binabit jadhel kentas
   duk myat mring Sulatan Sayidi
   tinubruk sigra
   ngindhan tunantuk wit prih //

7. Lir anjadhel dukut kumendhung
   binucang
   mamreg sang darpa mamrih
   manurung manujah
   mring Sultan Sayidina
   mandheg prayitna ing galih
   Wabru peksarsa
   nubruk gya den tanggapi //

8. Kupingira karo pisan cinepengan
   denireng ngasta kalih
   andhosok manujah
   anging tan kena ual
   kang ponang wabru anjrit
   pun Kalisahak
   kang cinancang waringin //

9. Dahat kagyat temah medhot sing
   cancangan
   nander murugi baris
   riku Bagendha Bas
   duk myat mring Kalisahak
   anarka lamun kang rayi
   amanggih tiwas
   sakal waspanya mijil //

10. Gya sumusul lan sagung kang para raja
Radyan Wahas tan kari
ing samarga-marga
tansah anenggak waspa
sasambat daleming galih
dhuh pangraningwang
sultan pun kakang kari //

11. Aneng ngendi iki si kakang Marmaya
lawan yayi apatih
ya ta kangjeng sultan
duk Wabru anjrit dahat
kalangkung dukaning galih
de Kalisahak
kongsi medhot gya lari //

12. Saya rosa kang Wabru pandhesekira
peksa budi tan polih
mangkana jeng sultan
sru kukuh panyepengnya
guluning Wabru pinuntir
wus kapisanan
nglumba lir ardi gingsir //

13. Tibeng kisma gumebrug asru kampita
Marmaya kethip kethip
blangkemen tan ngucap
dupi Wabru wus pejah
malorot medhak ing siti
anuli mara
mring gyan Wabru kang mati //

14. Gawok-gawok eram-eram kecap
lah si trembele iki
ingkang ngudenbilah
dene nora ngapaa
Wabru sigra den tunggangi
mring Umarmaya
kang rayi nyembranani //

15. Iku kakang rak durung mati temenanan
adate tangi maning
Umarmaya kagyat
mancolot denya medhak
dharedheg ulate lutih
mesem jeng sultan
raja patih dan prapti //

16. Nikel warta jeng sultan pajar niskara
kakang Marmaya nuli
aturana kangmas
Ngabas lan para raja
ri mas Wahas lan sagunging
kang wadya bala
sigra sang Guritwesi //

17. Mesat sangking ngarsane kang rayi sultan
mulya kepethuk margi
lan Bagendha Ngabas
gupuh atakon warta
Marmaya pajar angenting
asrep tyasira
myarsa lamun kang rayi //

18. Sultan arja saksana Bagendha Ngabas
lan sagung kang para ji
andugekken lampah
wus panggya lan jeng sultan
meksih ketareng netya brit
sinamun bungah
myang sagung kang paraji //

19. Tan adangu prapta bala gumrah
sagung samya ningali
Wabru ingkang pejah
sru ngungun Bagendha Bas
mring kaprawiraning ari
wekasanira
dahat sokur ing Widi //

20. Wadya bala kang samya myat
Wabru pejah
segsegan rebut uning
ana kang durung myat
pangucape mangkana
dene tan piraa iki
teka jer kakang
kang sok nguntal wong urip //

21. Winangsulan beleh kang mateni
rika
yen ja sinuwun wong di
kang bisa angarah
ing Wabru patinira
dene reyang dhek ko iki
mung lan su edan
yen aja ditulungi //

22. Mring kakang Amadasrah meh
tinjo kherat
gumuyu kang miyarsi
ngandika jeng sultan
mring sang raja apatya
yayi Maktal Wabru iki
kineletana
ywa na bedhah kang kulit //

23. Daging balunge kabeh sira
buwanga
yen ing jro wis resik
nili salinana
suket garing lebokna
dimen meksih kaya urip
karya tontonan
Dyan Wahas matur manis //

PUPUH LXXXVI

Dhandhanggula = 18 pada

1. Punika amba dahat nyuwaweni
den aturna ing Kangjeng Bathara
kinten kalangkung sukane
nguni ubayanipun
sinten-sinten saged mejahi
inggih Wabru punika
geng ganjaranipun
jeng sultan yatna ing driya
maring suratra kang paman sang
yogi
Betal Jemur pijajar //

2. Bangun turut putrining Madayin
ponang Wabru wusnya kineleten
gya jinejel rumput akeh
dan adegken lir hidhup
sakeh anon pan asmu ajrih
angandika jeng sultan
yayi patih gupuh
sira bae dhinginana
anyaosken Wabru iki mring sang aji
raja patih siyaga //

3. Sawadyanya dan mangkat ngrukuni
Wabru binekta jalma sawidak
wadyanya nurongga kabeh
amung kang bekta Wabru
ingkang dharat para prajurit
kalih atus nurangga
manggala nung anung
ginelak lampahing marga
praptanira ing Madayin wanci enjing
sang sri nuju siwaka //

4. Pepak sagung punggawa kang
nangkil
munggeng ngarsa pra satriya raja
monca myang pradipatyandher
ebek jejel supenah

angandika sang Nyakrawati
heh ya bapa Pijajar
kapan praptanipun
si Kamzah dene alama
risang yogiswara aturira aris
kadi tan lami prapta //

5. Malah sampun kengkenan mariki
badhe sowan paduka Bathara
nyaosken Wabru bathange
samangke sampun lampus
gih pun Amir ingkang mejahi
tan dangu denya imbal
pangandika prabu
lawan sang yogi Pijajar
pan kasaru gegering jawi kapyarsi
praptanya raja Maktal //

6. Sru gumuruh sanagri Madayin
nonton Wabru ingaranan gesang
warna warna pangucape
wong wadone gumrumung
adoh nyelak duk nyelak wedi
pangucape ya talah
buron apa iki
sajegku urip neng donya
nganti katumpangan rambut warna kalih
durung tumon rurupan //

7. Kang lir iki rowange nauri
apa rika nora ngrungu warta
yaitu Wabru jenenge
bingen dhek cilik aku
isih eling ginawa ngili
ya jenate si bapa
jaren Wabru iku
ngambah paminggir nagara
kagegeran undhang dalem jeng dewaji
sapa wonge kang bisa //

8. Mateni Wabru iku pinasthi
luwih gedhe gaganjaranira
rika apa lali bae
rowange manthuk-manthuk
weneh ana ingkang angling
dene tutut kewala
ka nora lumayu
sinahuran roganira
wong wis mati kabare ingkang mateni
jarr priyayi Ngarab //

9. Satriyane bagus nama Amir
rowange maneh ngucap ya talah
gone mateni kapriye
eling dhek bingen aku
malah ya kyahiku pribadi
jenate kakangira
maksih nome bagus
dadi pinilih daleman
Wabru iku anyedhak kene Madyin
dibedhil nora pasah //

10. Kuneng ucaping wadon kawarni
raja Maktal laris lampahira
amiyak wong kang samyanon
rame denira muwus
baya iku satriyeng Ngarbi
kang kondhang dadi loka
iya wis amungguh
aku yen mungguh duweya
bojo kaya ika tak tarang sasasi
tak penging mudhun lemah //

11. Lawan metu mring latar tak penging
eman-eman yen biru kanginan
dene kaya wi wuwuse
rowange maneh wuwus
iya talah priyayi Ngarbi
yen pami supama
mungsuh wong Madayun
tandhing jitus maksih menang
koki kae jare ya ratu ing Turki
sing diutus mring Mekah //

12. Balane leksan prande barindhil
jare binegal neng tengah ngalas
pira-pira nora jidhet
raja patih ing riku
kendel pangurakan anganti
dhawuh timbalan nata
sah sing turongga wus
atata sawadyanira
tan antara gya na punggawa tur
uning
katur risang Bathara //

13. Matur ing Bestak rekya dipati
wangwang katur Kangjeng sang
Bathara
punika wonten dutane
nggih pun Jayengpupuh
wonten pangurakan anganti
timbalan dalem nata
ngandika sang prabu
heh apatih dhawuhena
sun timbali iku dutane si Amir
sigra kang kinen mentar //

14. Tan dangu kerit sang raja patih
cingah sagung pra raja Madiyan
duk prapteng Bakung andhodhok
ingawe mring sang prabu
amardapa merak kasimpir
pra dyah sampya la ela
parta ngarseng prabu
nata ngling sira majuwa
matur nembah prapteng byantara
gya linggih
tumungkul tadhah sipta //

15. Ing pangliring lan karna tumiling
nata kacaryan mulat kang prapta
dene abecik patrape
nata alon andangu
apa sira dutane Amir
bagus kinongkon apa
maring bandaramu
raja patih matur nembah
ulun dinuta putra dalem dewaji
kinan ngaturken sembah //

16. Bungkemipun jeng sultan sayogi
sumengka ing pada padukendra
lawan malihipun kinen
atur uning sinuwun
putra dalem ing dinten benjing
enjing masweng narendra
ngarsa dalem prabu
lan amba kinen ngaturna
bubujengan Wabru ing paduka aji
ngandika sang Bathara //

17. Iya banget panarima mami
mara ajokna mring ngarsaningwang
ingsun arsa wruh rupane
raja patih agupuh
noleh dhateng pikandel mantri
asmita ken ngajengna
kang ambekta Wabru
dan rinarompa mring ngarsa
kang sumewa gawok-gawok tembe
uning
buburon kang mangkana //

18. Sang Bathara duk myat nukmeng
galih
mring buburon Wabru ingkang
pejah
temah wedhar pandhangune
paran pratingkahipun
gustinira gone mateni
Wabru sri Maktal nulya
wot sari umatur
sadaya katur wus nelas
langkung suka sang Bathara
Nyakrawati
sru kasmaran ing warta //

PUPUH LXXXVII

Asmaradana = 38 pada

1. Ngungun sang Anyakrawati
noleh Nembahan Pijajar
iku wong becik arane
wis pantes yen sun pilala
sedheng kaonang ing rat
sang nata malih andangu
sira apane si Kamzah //

2. Dene warnamu apekik
jetmika susila krama
raja patih awot sinom
estyamba dede santana
Panembahan Pijajar
saksana sumambung matur
punika narendra Ngalab //

3. Purwanya pun Maktal nguni
atmanya narendreng Nagalab
tinantun sumilih katong
myang krami lumuh pun Maktal
temah kesah nglalana
mring lyyaning nagryandon pupuh
kathah kasor kang pra raja //

4. Sami atur bulu pekti
mila pun Maktal neng Mekah
kawon prang lawan pun Jayeng
tur wus wudhu tanpa lawan
langkung malih yen manah
tan wonten kang ngundha usuk
Bestak mencep namun netya //

5. Ngandika malih sang ngaji
lah mangkono wong prawira
tan lir punggawengsun kene
Panembahan malih turnya
nadyan pun Jayengrana
inggih di dalem sang prabu
malih ngandika Bathara //

6. Tan kaya rosane Amir
luwih samaning manungsa
Wabru samono gedhene
mati pinuntir gulunya
patih Bestak ling sugal
estu dora aturipun
wong Wabru apejah ngurag //

7. Kabegjan mawon nujoni
langkung manggih Wabru pejah
katur pinuntir gulune
kawula langkung angina
inggih kang jamak jalma
tan waged mejahi Wabru
gih kajawi malaekat //

8. Dupi myarsa raja patih
sumung sumung jajanira
inamun neng ngarsa katong
ngliring sang yogi Pijajar
mraja patih sabdanya
ki patih teka amuwus
saru neng ngarsa Bathara //

9. Anyanyampah tanpa kering
ngong tan tau gagorohan
matur maring sang kinaot
lan pakenira pirsaa
yen Sultan Jayengrana
winongwang malekat agung
pinten kadar Wabru juga //

10. Muntira guluning patih
gih pejah sami sakala
kula mawon upamine
yen ta wontena da ngaja
dalem inggih sandika
ki patih Bestak tan muwus
tumungkul acalurutan //

11. Amung ngumel-umel lirih
yen pama sunlawanana
dadi temah kapilare
lawan kongkonan menyunyang
tan wruh duga prayoga
sinambi miwir kakepuh
angliring ing kering kanan //

12. Namun lingsem sri bupati
tumingal papatihira
dadya saya keh kawiyos
angalem mring raja Maktal
jinanton aturira
Panembahan Betal Jemur
panggunggunging mraja prapta //

13. Patitise yen jemparing
tandya na punggawa raja
ran sang Arja panas tyase
umatur ring sang Bathara
pukulun panembahan
anggunggung kapentut-pentut
mring pun Maktal yen mamanah //

14. Kula mengsah dereng wingwrin
saupami lesan panah
kawula kiwa kemawon
dupara Maktal samia
lawan pun raja Arja
yen suwawi sang pukulun
ikakna lesan lan kula //

15. Tan purun sangking watawis
nata ngling Maktal den ajak
lesan lawan punggaweng ngong
ing kene aren si Arja
apa ta wani sira
raja patih datan matur
mung angliring panembahan //

16. Sinung sipta wusnya tampi
wangwang aris aturira
sandika nglampahi sareh
ing paduka sri narendra
Arja gumuyu latah
baya wedi isin mundur
wanine mongga pineksa //

17. Bocah wetenge bek kermi
mandah si yen angalahna
mring si Arja wong ambancer
brengos capang tumpang sanga
yen awani tak ina
wong ngluwihi pamanku
sarwa senggak latah-latah //

18. Dhasare ber wutah ati
atine kebak maludak
ing Madayin gaedhuge
rajar ja bab ing manah
sang Bathara ngandika
payo leksana gupuh
padha dadar kaprawiran //

19. Raja Arja matur aris
yen kula lawan pun Maktal
tandhingipun sangat beseh
benjang yen dhateng pun Kamzah
kemawon den abena
malih ngandika sang prabu
ora teka leksana //

20. Anulya rekyana patih
Bestak mundhut parisira
wajah titiga jinejer
den eleti anyatehbah
wus pinasang ing ngarsa
paris titiga sinungsun
angandika sang Bathara //

21. Lah payo Arja den aglis
sira dhingin amanaha
si Maktal ko kari bae
Arja sukeng tyas gya nembah
sarwi nyandhak gandhewa
ngling Maktal delengen aku
pasang rakitingsun manah //

22. Saksana mundhut jemparing
jatmaga kadi pepesa
gumret lumepas panahe
paris kalih ingkang tatas
ingkang jaba saput lor
kumanthil panah tan runtuh
samyalok saqung pra raja //

23. Punggawa mantri Madayin
surak ngiloni sang Arja
mung nembahan lan sang katong
wus dene Pangeran Raja
punikatma narendra
dyan Kirman sundhulanipun
Sutaji Retna Muninggar //

24. Tyas resep mring duteng Ngarbi
angandika sang Bathara
Maktal si Arja wus katog
sira gentiya amanah
Maktal nabda mring Bestak
ki patih munduta wuwuh
papat engkas tameng waja //

25. Ki patih noleh ing wari
gya tamenge kang pra raja
raja Maktal lon wuwuse
ki sanak dika susulna
ngwurine tameng tiga
jajaren kadi kang wau
den longkangana nyadhepa //

26. Lan paris kang butul nuli
pekenira salinana
tameng sapta wus jinejer
sinungan longkang nyadhepa
wangwang mundhut gandhewa
pinenthang lumepasing hru
alok rino-rino wing Madyan //

27. Srawa banternya lir thathit
parisira sapta tatas
naratas wringin kategor
gon paseban kabestakan
jalma keh karubuhan
wancak suji tinarutus
bentar sru mangambak-ambak //

28. Jemparing manjing ing bumi
nlasap maksih sadasasta
sagunging wong sami gawok
kucem sira raja Arja
myang sagung wong Madiyan
blangkemen tan ana muwus
langkung suka sang Bathara //

29. Wah resep mring raja patih
inung busana lorodan
sapangadeg nata linge
heh Maktal sira sun ganjar
iku lorodaningwang
raja patih matur nuwun
busana wus tinampenan //

30. Kalangkung pinundhi-pundhi
sang bathara angandika
heh Arja sira wis kasor
nora nganti lan gustinya
Aja tumungkul merang
akucem mukanya suntrut
tinon asawang kunarpa //

31. Sang Bathara Nyakrawati
alon malih angandika
heh Maktal baliya age
gustinira enggalena
ingsun banget ngarsarsa
raja patih nembah mundur
awadyanira budhalan //

32. Raja patih wus nuranggi
miwah saha wadyanira
sinerang nyongklang anjojog
ing marga tan winursita
lampahnya sampun prapta
pakuwoning jeng sultanun
ajeng tumameng byantara //

33. Kanjeng sultan aningali
raja patih praptanira
duk karsandhadhap inggawe
anreg lampah sigra-sigra
wangwang sumiwang ngarsa
ing purwa wasana katur
jeng sultan kalangkung suka //

34. Matur malih raja patih
inggih sawangsul kawula
wineling paduka kinen
tindak dalem raja enggal
ramanta ngarsa-arsa
ngandika sang Jayengpupuh
yen mangkono wadyaningwang //

35. Undhangana dina iki
arsa laju tindakingwang
dan ngundangan sadayane
wadya gadgada sanega
nembang tengara mangkat
swaraning wadya gumuruh
myang pangriking kuda liman //

36. Myang swaraning watang gathik
miwah krebeting bandera
umung swaraning kendhang gong
sumreg nempuh wana pringga
wadyamber papan-papan
ginlak lampah praptanipun
padesan keh wong sasegah //

37. Dhusun jajahan Madayin
wus samya miyarsa warta
lamun sang Jayengpalugon
priyaywangun Puseralam
sudibyeng pramudita
kaonang swar janeng kakung
pakumpulan wong digdaya //

38. Nagara ing Puserbumi
ing nalika waktunira
nahan nata winiraos
Sang Bathara Nyakrawatnya
kinen undhang natarsa
mring Sang Jayengrana methuk
busekan sagung wong mudha //

PUPUH LXXXVIII

Sinom = 22 pada

1. Sedheng ari Wraspatienjang
sang bathara Nyakrawati
miyos siniwakeng wadya
sampun munggeng pancaniti
aglar sagung para ji
ki patih Bestak neng ngayun
dipati pra satriya
wus dene myang tandha mantri
angandika sri sudibya
Ngakrawatya //

2. Heh Bestak apa wis pepak
kancamu para narpati
kang dherek ing tindakingwang
methuk tekane si Amir
patih Bestak tur bekti
ing batine nora rembug
dadya ture mring nata
binawur dereng dhawuhi
abdi dalem sagung kanca ing
Madiyan //

3. Sang nata kalangkung duka
angandika mring sang yogi
Betal Jemur ing Pijajar
eh ya bapa yen si patih
Bestak nora ngrembugi
enggoningsun arsa methuk
mung lan sira kawala milua ing
tindak mawi
milua ing tindak mami

lan putumu ya mung kang gelem
kewala //

4. Kang tan gelem ja pineksa
krana sasenenging ati
patih Bestak langkung jrihnya
gya nata ken mundhut esthi
Betal Jemur tan tebih
sap lan tunggil sang prabu
budhal baris pangarsa
kang mangka cucuking baris
nateng Buwit sang prabu Olat
Marjaban //

5. Palunarira sang nata
kang puputra nateng Buwid
bakyunira sri narendra
sawadya sri nateng Buwit
gangsal leksa tiyapti
kang nambungi wurinipun
natang Nyukuh lan Mandras
Kosani myang para rayi
Sirubimah Magelur lan nateng
Cina //

6. Gya sumambung ratu Laras
anulya nateng Dribasit
ing Nglanung lawan Cemara
ing Ngacih Rus myang Portegis
Ngasardam nateng Moris
Barban Fransman ling sumundhul
gya sang Sri Karunoban
rajar ja myang nateng Turki
kang sumundhul tindaknya sang
narpatmaja //

7. Sang Kirman pangeran raja
sawadya dinulu asra
wangwang prajurit daleman
sumbaganya warni-warni
yayah puspeng udyani
baskara surem mewelu
merang dening sumbaga
mradipta marang pandeling
ing awiyat dhedhet-rimeng nir
prabanya //

8. Gya tindak dalem narendra
sang sudibya Nyakrawati
tansah lawan panembahan
nunggil neng lalawak esthi
patih Bestak neng wuri
pengkeranira sang prabu
sawadya kapatihan
myang punggawa para mantri
tindak dalem narendra laris ing
awan //

9. Uyel jejel wong niningal
supenuh tirahing margi
rarasane warna-warna
nahan lampahnya kang baris
pethukan abaris Ngarbi
temah kandheg lampahipun
raja Olat Marjaban
tur pratela mring ki patih
katul nata yen pethukan baris
Mekah //

10. Sang nata sigra anduta
dhawuhken timbalan aji
gandhek dwi asasanderan
wus prapteng gyangya Sri Buwit
kinendheliken kang baris
sumimpang gatirahing nu
pangarsa wadyeng Ngarab
kinen lajenga lumaris
wadyeng Ngarab kang mangka
cucuking lampah //

11. Nulya laju lampahira
tan rusuh denya lumaris
sajuru saperang-perang
satengran tunggul mawarni
sang nata munggeng esthi
denira arsa andulu

lampahe wadyeng Ngarab
duk prapta ngarsaning aji
asmu mire lampahe wadya ing
Ngarab //

12. Pangarsa wong nganggorastra
kang sikep wateng nambungi
sikep sarampang gudebag
busur duduk lawan lembing
ledhok boji calimprit
jajorong miwah kalumprung
busana warna-warna
sang nata dupi udani
pajeng seta angapit kang upacara //

13. Tunggul kresna kamarutan
wanara seta kang ciri
nata dangu panembahan
gagamane sapa iki
dadi cucuking baris
panembahan aturipun
inggih dadamel Ngarab
pun Maktal punika aji
ingkang dados cucuking dadamel
lampah //

14. Sru gumujeng Bathara
iya bapa aku pangling
lah ika sileh si Maktal
katara rupane sigit
nganggo upacara ji
aja Maktal prapteng ngayun
nira sang Nyakrawatnya
wangwang tedhek ing turanggi
alon nembah anulya kinen
lajenga //

15. Tandya lampahe palangkan
kinarukub den ulesi
sang bathara atatanya
heh ya bapa apa iki
ginawa den ulesi
wiku Betal Jemur matur
dewaji nggih punika
kagungan dalem rumiyin
padmasana ingkang kabandhang
pun Kebar //

16. Usam pejah wonten Mekah
gih pun Amir kang mejahi
punika kang padmasana
den aturken paduka ji
sang nata sukeng galih
si Kamzah wong bagus tulus
mandah liyane Kamzah
pesthi nora bisa mulih
mring Madayin kagungan sun
padmasana //

17. Kang sumundhul wurinira
sakadangnya sri Marmadi
rajar jan cukuking lampah
pantes ya wahana esthi
samarga tudang-tuding
anata ing wadyanipun
pra ari kawandasa
prajuritnya warni-warni
sumbaganya sumawana warastreng
prang //

18. Pan aperang juga-juga
ratu juga mawa ciri
satunggul tengeranira
duk prapta ngarsaning aji
sah sing esthi wotsari
saksana kinen lumaju
gya na gaman katingal
nata ndangu sapa iki
nunggang gajah watenge nasabi
plana //

19. Ture nembahan Pijajar
punika rajeng Kalkarib
ing ngarsa wau punika
gih kadangipun pra sami
kawandasa tur inggih

sadaya anama ratu
ingkang sepuh piyambak
punika pun Umarmadi
dados mangka gulang-gulangipun
Kamzah //

20. Nata ngling mulane ladak
tan nganggo taklim mring mami
tandya na gaman katingal
satunggal tengeranya sri
sang nata dangu aris
heh ya bapa Betal Jemur
iki gamane sapa
maksih kapara rarywalit
panembahan ature punika
Jusman //

21. Gih atmajanipun Usam
ginentosaken dadya ji
sapejahe bapakira
raja Jusman dupi prapti
ngarsanira sang aji
sang nata tan arsa dulu
gya na gaman katingal
sang nata andangu aris
mring nembahan lah iki gamane
sapa //

22. Punika dadamel Ngyaman
raja Kopah prapteng ngarsi
ning nata ewa tan lumyat
wus laju baris lumaris
gya na gaman kaeksi
luwih asrine ing ngayun
sang bathara ngandika
lah iki prajurit ngendi
dene luwih asri lir dhandheng
rayayan //

PUPUH LXXXIX

Dhandhanggula = 13 pada

1. Malah angluwihi wong Madayin
papantese padha prawireng prang
panembahan lon ature
inggih punika prabu
wadyanipun Amir pribadi
sang nata anggandika
bapa iya patut
panembahan malih turnya
inggih punika warninipun pun Amir
sang nata atatanya //

2. Endi bapa rupane si Amir
apa kang katon anunggang kuda
kang lir wong ngrangin solahe
panembahan turipun
gih punika di dalem Amir
kang cedhak ika sapa
nembahan turipun
punika anama Ngabas
kadangipun Amir nging minangka
carik
angiras patantunan //

3. Ning apringga reh kang mawi
westhi
sang bathara malih angandika
de maksih kapara rare
tuhu warnanya bagus
cahya waning amindha sasi
ika kang jeneng nNgabas
pantes yitneng kawuh
ika jarane si Kamzah
jaran apa sajengku durung udani
jaran kang lir mangkana //

4. Gedhene dene meh padha esthi
matane gilap lir surya kantha
panembahan lon ature

inggih punika prabu
estu nguni maniking herni
angsalipun talaga
kalangkung writipun
panggenaning raja brana
wasiyating nabi cariyosnya nguni
kina jeng nabi Iskak //

5 Duk meksih eyang paduka swargi
ingkang murwani nagri Madiyan
sampun utusan sangiyen
mundhut raja brana gung
pra punggawa meh tanpa wilis
dhateng taman saluman
kathah ingkang lebur
den amuk kuda punika
sami wegah pra senapatining jurit
tan titis ing tikswara //

6. Wondene kangingipun pun Amir
mung dipun ijen Kamzah piyambak
sangking talaga kenginge
mring Amir Nedya naut
gya kintelnya pinidih driji
kuda tan saged polah
tumunten anjerum
langkung gawok sang bathara
amiyarsa ing aturira sang yogi
malih nata ngandika //

7. Ika bapa payunge si Amir
dene becik ika payung apa
lan maneh rupane aeng
asmu kewran turipun
panembahan matur ing aji
songsong aeng-aengan
mung kang bekta prabu
ing songsong punika raja
ing Ngabesah raja Tohbahu satunggil
kalih rja Tohara //

8. Sanesipun sing tiyang kakalih
boten wonten kang kuwawi bekta
angandika sang akatong
bapa sun ratu agung
nora duwe papayung aji
lan payung kang mangkana
sang wikwaturipun
yen paduka angarsakna
nadyan ingkang langkung sangking
punika ji
tandya sultan praptanya //

9. Ing ngarsaning sang sri Nyakrawati
alon tumedhak sangking turangga
Marmaya nyandhak kudane
nata anduk ing dulu
sultan tansah liningling-lingling
dera windu paningal
lira nata dangu
wekasan manguna cipta
mandahane Kamzah diwasane
luwih
dene ta maksih bocah //

10. Wis ngluwihi prawiraning jurit
kang jeng sultan anulya tur sembah
wusnya anitih kudane
gya lajeng tindakipun
Kalisahak tansah iniring
dene kang aneng wuntat
sagung para ratu
ing Maskat Kulikut Ngesam
ing Magribi Kudedah Besarah tuwin
Luhya lan ing Malebar //

11. Ngandika malih sri Nyakrawati
bapa iki gagamane sapa
de akeh temen payunge
panembahan turipun
ratu tawan punika sami
lah ika na gagaman
satunggul papayung
kang pinayungan tan ana
gih punika wau rajanipun ngampil
payungipun pun Kamzah //

12. Nata gumujeng dupi ningali
nulya dangu malih mring nembahan
bapa prajurit pa kae
teka jaran tinuntun
dene nora na den tunggangi
ature panembahan
pramila tinuntun
de bandaranipun dharat
pun Marmaya tan remen numpak
turanggi
gumujeng sri Pamasa //

13. Betal Jemur alon matur malih
pun Marmaya kaprenah naksanak
lan pun Amir dedamele
pitajenging pakewuh
kajinemanipun pun Amir
palajengipun sama
lan kapal ngrapipun
saksana wong Kumarmayan
prapteng ngarsa lampahnya sang
Guritwesi
tinon asalobogan //

PUPUH XC

Asmaradana = 17 pada

1. Nunggil lawan ingkang dasih
prapta ngarseng sang bathara
kinen anggebyag terbange
sri Nursewan asmu kagyet
lan sagung wadyanira
ingudhangan nyekel irung
sarwi kinen paperotan //

2. Sukeng tyas sang Nyakrawati
gumujeng apetek nala
panembahan lon ature
punika pun Umarmaya
kang celak lawan trebang
wusnya sami nyekel irung
kinen sami cecebolan //

3. Suka Sakeh kang ningali
wong Kumarmayan solahnya
wus kinen laju lampahe
gya na gagaman katingal
ingkang pra manca raja
angandika sang aprabu
iki gagamane sapa //

4. Aturira sang ayogi
punika pra manca raja
kang kabawah sadayane
inggih dhumateng pun Kamzah
wus laju lampahira
gya sagung jagul pipikul
pan pirang ewu gotongan //

5. Ngandika sang Nyakrawati
iki kang bareng gotongan
de tan ana priyayine
panembahan aturira
punika rencangipun
pun Ngabas sadherekipun
Kamzah nanging sanes rena //

6. Ing wau nunggil lan Amir
nata ngling ya wau ika
kang dadi patarenasne
lan dadi juru tulisnya
pantes putus ing sastra
semune layak ya u alus
ingkang ajeneng si Ngabas //

7. Sawang sawunge mantesi
lamun darbeya kawignyan
jetmika lepas kawruhe
sampun lajeng lampahira
sagung wadya ing Ngarab
mangkya wadya ing Madayun
kondurira sang bathara //

8. Lampah undur sri bupati
wus rawuh ing panangkilan
pra raja sumiwi andher
panembahan tan kena sah
neng keringnya sang nata
patih Bestak munggeng ngayun
ya ta jeng sultan sawadya //

9. Meksih ngantosi neng jawi
ngandika sang Nyakrawati
heh bapa kaya kepriye
mungguh lungguhe si Kamzah
yen nuju seba mring wang
sang yogi alon turipun
sumangga sakarsa nata //

10. Amba kewala lumiring
de abdi dalem piyambak
kados tan wonten ewade
iya bapa bener sira
ananging iya uga
yen kongsi kurang pamatut
satemah ngong ing eseman //

11. Bapa tan lyan kang sun galih
yen sun tunggalna pra raja
Amir iku dudu katong
yen tunggala pra satriya
punggawa myang dipatnya
tan ana kang undha usuk
mungguh kaprawiranira //

12. Punggawaningsun Madayin
siji bae durung ana
memper Ki Jayengpalungon
bapa yen rembug lan sira
wi jahan palowarna
ya iku papancenipun
palungguhan senapatya //

13. Luluwure Kistam nguni
mung sajenenge si Kistam
tan sun lilani alunggoh
wit Kistam nora prawira
kaya luluwurira
ing mengko ki Jayengpupuh
ing Madayin kang prawira //

14. Kaya iku wenang linggih
ing wijahan palowarna
pan waris kasenapatan
agampang pinikir benjang
bapa yen Kistam teka
sang yogi langkung jumurung
sultan wangwang ingandikan //

15. Sapunggawanya para ji
wus prapta byantareng nata
jeng sultan sinung pambage
sira padhu selametan
praptamu ing ngarseng wang
ing kena nagri Madayun
myang sawadya balanira //

16. Jeng sultan matur wotsari
anuwun kalingga murda
prasapa dalem kang dhawoh
pukulun patik bathara
kagungan dalem nata
padmasana kang ing dangu
kebandhang pun Usam Kebar //

17. Lajeng dhateng nagri Ngarbi
sing Barkah paduka nata
pun Kebar kawon jurite
pejah wonten nagri Mekah
padmasana kancana
sumangga paduka prabu
sang nata nagling tarima //

PUPUH XCI

Megatruh = 17 pada

1. Truh ning sabda malih ngandika sang prabu
heh kulup ki prawira di
sira sun lilani lungguh
ing wijahan palowani
jong sultan nuwun wotsinom //

2. Sru lenggana saksana sang Betal Jemur
kang tansah dinuk ing liring
dan sang yogi ngandika rum
becik lungguhana kaki
pan wus karsaning sang katong //

3. Sang wiradyatur sembah anulya lungguh
sagung pra prawireng Ngarbi
anunggil lawan pra ratu
punggawa rajeng Madayin
tan dangu boja sumaos //

4. Sampun tinata aneng meja alajur
dhadharan kang sarwa adi
prakakas ing meja penuh
piringnya kancana sami
tirah sinotya retna byor //

5. Myang inuman marnani arak myang anggur
aniset sampanya lekir
brendhuwin myang bir supenuh
anggur asem kopi pahit
anggur manis glasnya abyor //

6. Pinapodhi podhi ing retna agumyur
taplaknya taluki wilis
tinepi kalikam nurut
gya bojana sri bupati
lan sagung kang para katong //

wis mangkono ngaku menang
wong yektine kalah prang
sun banting kalahe banjur
tak banda Bahram nangling kras //

22. Mring kanjeng Sultan Sayidi
heh ki bagus sun culana
sadhela bae wakingong
adunen lawan Kistaham
kalamun aku kalah
rampongen wong sadarum
banjur den juwing juwinga //

23. Yen Kistam wus kalah nuli
sun maneh sira bandaa
sigra sang Jayengpalungon
umatur ing sang bathara
yen suwawi lan karsa
padukendra bandanipun
darmane den uculana //

PUPUH CIII

Durma = 36 pada

1. Ing sakedhap gugup sang nata
ngandika
kaki sun banget watir
si Bahram prakoswa
iya kulup manawa
temah ambandakalani
Sultanwiradya
matur saha wotsari //

2. Gih kawula mangke kang sagah
nyepenga
bilih bandakalani
amba kang katempah
sang bathara ngandika
lah ya sakarsanta nanging
poma ya aja
kongsi aniniwasi //

3. Marmaya gya marani mring gone
Bahram
bandane den uculi
ingkang munggeng asta
pan wus muha sadaya
sakarine kang neng sikil
myang ing sarira
raja Bahram pribadi //

4. Anutugken sakeh rante pinedhotan
raja Bahram kikirig
Kistaham sumranthal
mlayu nunjang gamelan
amor niyaga andhelik
sang raja Bahram
umyat nganan angering //

5. Nangling endi rupane asu Kistaham
payo bantingen mami
dupi Kistaham datan
nana gya raja Bahram
malumpat mring gon wong ngampil
angrebut pedhang
ngampil pinedhang mati //

6. Patih Bestak kadhapal mring
ngarsa nata
neng sor dhadhampar sarwi
ulatira pucat
raja Bahram anrajang
pra mantri dipunpedhangi
medhang sapisan
papat lima kang mati //

7. Geger gumrah swarane ing
panangkilan
para raja ngatyati
ngampingi narendra
ngandika sang bathara
heh kulup cekelen aglis
ika si Bahram
selak akeh wong mati //

8. Ujer sira kulup ingkang
katempuhan
mau wis anyaguhi
wit panuwunira
gya tedhak sang wiradya
sing wijahan palowani
nututi Bahram
pangamuke bek pati //

9. Wong Madayin amaledug asasaran
ingkang panggah ngemasi
mangkana jeng Sultan
anguwuh maring Bahram
pangandikanira manis
Bahram mandhega
kene ingsun taleni //

10. Nglinge Bahram ki Bagus sira
menenga
arsa sun obrak-abrik
ing kene Madiyan
tak amuke wasisan
yen si Nursewan wus mati
sira dadia
ratu ing kene nagri //

11. Ngreh pra ratu dadi ratu binathara
eman nagri Madayin
digoni Nursewan
kangjeng Sultan ngandika
iku dudu karep mami
mandah dukanya
gusti Retna Sutaji //

12. Bahram meksa tan kandheg
pangamukira
jeng Sultan atut wuri
saparane Bahram
datansah tinut wuntat
jeng Sultan ngandika malih
heh sira Bahram
yen tan anut jar mami //

13. Yen tan gelem ingsun banda
maneh sira
amung mandhega dhimin
aja ngrusak krama
ngamuk areyap-reyap
lah kaki sira sun wehi
busaneng raja
lan gagamaning jurit //

14. Nulya raja patih Maktal sinasmitan
sang Bahram gya den sungi
sumbaganing raja
lan dipangga paperang
muwah astraning ajurit
rinasuk nulya
Bahram ratu prajurit //

15. Ri wusira gya medal mring jawi
kitha
kangjeng Sultan anuli
mundhut tityanira
nenggih pun Kalisahak
prapta ing prenah prayogi
ngrara pamedan
Bahram wus swandanesthi //

16. Pantes godheg ngrongkob kumisnya
sacengkang
alis bundhel netrandik
menggep sumbaganya
tuhu prawireng yuda
angering parisnya wesi
amandhi gada
yen tinon angajrihi //

17. Kawarna sang bathara sru
walangdriya
mring Sultan kang nututi
pangamuknya Bahram
ngandika mring nembahan
kapriye kirane Amir
apa tan dadya
watir gone nututi //

18. Mring si Bahram panembahan
aturira
kados boten punapi
yen swawi bathara
prayogi aniningal
prangipun Bahram lan Amir
ki patih Bestak
alon matur sang aji //

19. Sampun tindak wong prang dede
titingalan
lawung kondur mring puri
kathah samarira
sawitning sang bathara
dahat marmaning kang galih
mring kangjeng Sultan
yen temah soring jurit //

20. Samangkana dan undhang mring
wadya bala
tityan nata wus mranti
sumaos ing ngarsa
liman palana abra
pan namung rekyana patih
dipati Bestak
maras tyas senag-senig //

21. Nata budhal anitih dwipangganira
sawadya para aji
grebeg tindak nata
sadaya aprayitna
wus rawuh pamedan aji
manggung dwipangga
nata denya ningali //

22. Sang Jayengprang wus yun-ayunan
lan- Bahram
ngandika sang wiradi
payo lekasana
Bahram mrajayaa
ing kene ingsun tadhahi
sang Bahram nabda
priye sun iki Amir //

23. Dene kapotangan becik maring sira
sira ingkang nguculi
mau bandhan ingwang
lan kok wehi busana
warastra wahana esthi
priye goningwang
pranga lan sira Amir //

24. Dadi ingsun wong nora wruh
kabecikan
ala alaning janmi
ngandika jeng Sultan
heh Bahram gonmu aprang
lan ingsun mangkanen dadi
pamalesira
gonira utang becik //

25. Marang ingsun krana iya pira-pira
yen ingsun menang jurit
iya lawan sira
malar suka galihnya
sang bathara Nyakrawati
yen nata suka
supaya luntur kang sih //

26. Iya mrih sun temah banget
panrimengwang
mring sira Bahram yekti
yen nata sih mring wang
mandah suka galihnya
kusuma Retna Sutaji
Bahram sru kurda
genjah lara si Amir //

27. Gya anregen limannya Sultanginada
mubyar tumameng paris
duk myat sang bathara
anjenger dahat maras
langkung marma jroning galih
ing kangjeng Sultan
Bahram gada mawanti //

28. Tan rinasa nulya ngling Kamzah
malesa
gya jeng Sultanngayati
gada geng sing Kebara
ngling Bahram den prayitna
pada tumempuh ing paris
parisnya ambyar
kuwate sri bupati //

29. Lan rosaning panggadanira jeng
Sultan
kancot gigiring esthi
tugel bet jrekangkang
Bahram tangi akrakalan
gya Maktal ken sung turanggi
sang raja Bahram
sampun anitih wajik //

30. Parisnya sang Jayengprang mebyar
dahana
pun Kalisahak anjrit
kalimput ing kokap
hebat sagung tumingal
para raja ing Madayin
batine samya
Bahram kang den iloni //

31. Nahan Sultanasru pangandikanira
payo gadaa maning
sigra raja Bahram
amuter gadanira
pamupuhnya wanti-wanti
surak gumentar
sagung wadyeng Madayin //

32. Surakira kaki Amir babar pisan
mangsa nanggaa maring
Bahram panggadanya
mangkana raja Bahram
panggadanya tan den dhani

sangking rosanya
kadi belahna bumi //

33. Pan magonjing bantala mangambak-ambak
miris antero bumi
myat gatining yuda
kalih samya prawira
Sultantuhu insan Kamil
nadyan Sang Bahram
tuhu kapir linuwih //

34. Kalisahak sukune cecep bantala
saksana den cemethi
turangga malumpat
nangling sang raja Bahram
lah payo malesa Amir
sigra jeng Sultan
males Bahram kurdha ngrik //

PUPUH CIV

Pangkur = 17 pada

1. Dupi winales ginada
kudanira raja Bahram jrum lalis
sigra dharat sang aprabu
sira sang raja Bahram
nora ngungkak kongsyobah babalungipun
nenggih kang satus sawidak
tuhu krastala ing jurit //

2. Kangjeng Sultan wangwang tedhak
sangking kuda samya dharat sang kalih
prang gada-ginada sampyuh
nulya gada binuwang
salin pedhang-pinedhang duduk-dinuduk
sama rikat tandangira
sagung gagamaning jurit //

3. Wus sami datanpa karya
gandhi rajang busur lembing calimprit
temah sang kalih prangipun
amung sendhal-sinendhal
udreg godreg rebut rok panduk-pinanduk
agantya candhak-cinandhak
tandyarsa banting-binanting //

4. Raja Bahram dupi ngangkat
mring jeng Sultan cipta arsa binanting
bengkenengan tan kajunjung
gantya Bahram cinandhak
pan gumenyeng den ubengaken ing luhur
sarywa noleh mring Marmaya
kang raka wus tampi wangsit //

5. Sigra amucat topongnya
dipunobat-abitken ing nginggil
wong Ngarab wus tampi semu
anulya gajah jaran
sadayanya tinutupan kupingipun

sang bathara Nyakrawatya
cengeng denira mangeksi //

6. Gatine kang bandayuda
ngandika mring Betal Jemur sang yogi
heh bapa priye kiramu
sapa sor ungguling prang
panembahan Betal Jemur turipun
tan kenging tinamtokken
kinten Bahram ingkang kendhih //

7. Dene sami prawiranya
rikat kuwat teguh timbulnya sami
nging ugi watawisipun
tetep jaya ing rana
gih pun Amir sang nata malih andangu
paran dene gajah jaran
kabeh tekan wonge Amir //

8. Kabeh padha tutup karna
panembahan turira ing sang yogi
inggih pun Amir pukulun
apan arsa papetak
mila sami anutupi kupingipun
dalah sagung swandananya
bilih papetak pun Amir //

9. Lilindhu bantala gayang
sru kampita kocak kang jala nidi
tirtanya panas sumawur
girindra oyag-oyag
rontog sagung ron-roning wrekseng wana gung
lumreng kisma sato wana
sasaran pra samya ngungsi //

10. Ingkang sekar lagya mekar
temah layon kendheng gandhewa titis
ricik rujak wong meteng truh
gumledhug ing awiyat
swaranira kapyarsa lampan tri dalu
sang bathnara amiyarsa
wawartanira sang yogi //

11. Asmu jrih alon ngandika
becik melu mupakat tutup kuping
gya nutupi karnanipun
gupuh ki patih Bestak
nguwel-uwel kampuh tutup kupingipun
sang yogi malih aturnya
prayogi tedhak sang aji //

12. Sang nata nulyanjrum liman
sampun lenggah ngamparan di rinukmi
sigra sang Jayengapupuh
samana nulya petak
raja Bahram myarsa kapileng sru kantu
saksana binanting kisma
trangginas sang Guritwesi //

13. Sang sri Bahram pinurasa
ngriku sang bathara Anyakrawati
duk miyarsa petakipun
Sultansang nata dhawah
sangking padmasananira asru kantu
makengkeng ki patih Bestak
neng sor amparan gumuling //

14. Adangu nata kantaka
gupuh ginosongan dening sang yogi
dupi emut sang aprabu
asru sambat mangesah
bapa bener lir aturira ing mau
ya uga pangrasaningwang
langit kaya anung bekti //

15. Angrasa sun banjur jenat
duk sun ngrungu ing petake ki Amir
ngriku patih Bestak dangu
nenggih panglilirira
dupi tangi sambat guririh umatur

sang bathara ingaturan
nuntena kondur mring puri //

16. Ngriku sagunging punggawa
ing Madiyan satriya myang para ji
keh kapindhara tan emut
na lyan kebanjur jenat
kang tan ngandel sang yogi
pawartanipun
dinalih dora kewala
tan gelem atutup kuping //

17. Ting gulimpang wong Madiyan
sungsun tumpang kang apes banjur
mati
kejet-kejet ting prangkungkung
saweneh kitrang-kitrang
samangkana Sultan Sayidina pan
wus
maswi ngarseng sang bathara
sadaya angraras ati //

PUPUH CV

Mijil = 18 pada

1. Sultan nulya angaras padaning
kangjeng sang akatong
sru pineluk den lus pungkurane
dhuh putraningsun ki prawiradi
pun bapa meh lalis
katujune masku //

2. Meksih eling yen sun darbe siwi
dibya wireng kewoh
kangjeng Sultan nembah nuwun
ture
tengara kondur sang Nyakrawati
nitih swandanesthi
paglaran wus rawuh //

3. Lenggah sakedhap gya sang wiradi
pinaring panganggo
sapangadeg sang sri lorodane
gya rinasuk suka sri bupati
tambah denira sih
marang jeng Sultanun //

4. Dene wus katon wiraning jurit
tan dangu sang katong
anulya ngadhaton sadayane
aluwaran ingkang sami nangkil
nahan ing kaputren
prakempa gumuruh //

5. Ing nalika petak sang wiradi
krengga sing kadhaton
anarka gunung rubuh saweneh
myang ngarani daru tibeng tasik
sing seruning uni
kadi langit rubuh //

6. Samya kocat toyaning botrawi
tamannya sang sinom
samya durung weruh salawase
gara-gara kang kadya puniki
mina jron telagi
bawer lunjar walung //

7. Wader bang tambra oklakan sami
milar ting pancolot
minggah aneng palataran leseh
rerebutan kang pawongan cethi
grejegan wonten ing
kang tubruk-tinubruk //

8. Na kang milar malbet jroning tapih
kancanira kono
sareng gumuyu rame swarane
ngling lah apa iwak lanang iki
cinekel tan keni
teka prucat-prucut //

9. Kuthetheran mlayu cincing tapih
anuli sedhoprok
kirig-kirig gila panyekele
dadya kepoyuh sang dyah duk
uning
mesem sukeng galih
myat pawonganipun //

10. Sang dyah dangu mring ni mban
kang sangking
nalika mring wiyos
wus katur mring dyah saniskarane
kang dadya gara-gara inguni
sang dyah duk miyarsi
wah ing tyas ngudhangkung //

11. Dadya sang dyah masambat
ananging
tan montra kawiyos
nahan kawarna Sultan lamine
raket lan pangran Ratwatma aji
lir sadherek tunggil
yayah rena tuhu //

12. Mangkya jeng Sultan nahen wiyadi
kasebet tyas wirong
bara-bara kang dadya galihe
aprakawis usap-usap lathi
ingkang dadya pikir
lara jro tan awruh //

13. Sap-usape pangran ratu gening
maringi ingkang bok
mangkya kantunane pawohane
sang Jayengrana ciptaning galih
baya kang ambathik
wong kang bangun turut //

14. Kaya priye yen ingsun tan panggih
baya mati ingong
kang ambathik kaya pa warnane
dene tapak astane angrawit
ngatutaken ati
pangadhane turut //

15. Maputek tyas tan na kang
nyingkabi
sang Jayengnalugon
ngantos kepyan mring sang
kulawargane
ingkang sowan datan den panggihi
Sultan jroning galih
datansah angadhuh //

16. Adhuh gusti dyah Retna Sutaji
mirah jiwaningong
mung ngrungu warta bae mangkene
yen tan kalakon rasaning ati
paranta dadining
mungguh raganingsun //

17. Layak wurung maharjenggrat dadi
sudra papa nglamong
sun tatedha muga sang pamase
kasukana ana jroning puri
amung wruha warni
ningkang gawe gandrung //

18. Supaya dadi usadaning gring
jeng Sultan ing kono
layung-layung supe pandaruse
cahya wenes nglalentrih smu wilis
denya nahen wingit
kabenda neng wuyung //

PUPUH CVI

Asmarandana = 34 pada

1. Meksa tan kampah ing galih
kenong muni lamat-lamat
prenahe jroning kadhaton
kagagas karagan-ragan
cipta baya jro pura
wong kang ayu bangun turut
ngarsakke langen badhayan //

2. Apa baya nora ngimpi
sapa nimbangi kang kaya
rasaning atiku kiye
mangkana sang mageng brangta
ring tyas mukswa murcita
tan liyan paraning dunung
gumeleng maring kadhatyan //

3. Enjing wimbaning hyang rawi
lir dyah mentas wungu nendra,
riyem-riyem ing pasemon
wuryaning luwar ginatya
gatya remining priya
turuh roning naga santun
anglir dyan angirap keswa //

4. Wuryaning siram khadasi
sap-usap tansah den aras
saras nulya karya rimong
gandaning ratus jemambar
nanduk minuhi nala
nahan kang lagya mong wuyung
kawarna kang para raja //

5. Sadaya samya prihatin
angraosken gustinira
dumadya agunem raos
kang para raja saksana
matur maring nembahan
Umarmaya manjing gupuh
yun panggih ari jeng Sultan //

6. Ing riku sampun kapanggih
kang rayi nuju neng taman
ngemer brangta rimong-rimong
mider tanam sri kawuryan
wurining pasanggrahan
mangkya pasanggrahanipun
sampun pinaringan nama //

7. Nenggih ing Banjar Manganti
duk panggya mesem kang raka
Sultan tumimbang eseme
wus kadugi ingkang dayda
sumarmeng mong wiyoga
kang raka alon turipun
kadi pundi dika Sultan //

8. Napa ta kang dadi galih
sok gawe susahing manah
kadang mitra dika kabeh
nika kabeh padha susah
tan ana pinanggihan
napa kepyan wekasanipun
paman wiku ing Pijajar //

9. Agantiya lan lumaris
napa kang dika pengina
kepengina dadi katong
dika wus madeg mah dibya
malah abala raja
kepengina sekti teguh
kaprawiraning ayuda //

10. Ring samadyaning ajurit
sayekti wus pilih lawan
mengina madyan karaton
yen karsandika kasusu
paman Pijajar bisa
ananging pocapanipun
prehipun saruwinawa //

11. Boten kaya ingkang ririh
napa ingkang kinarepna
mring kula blakaa mawon
empun kakehan warana
mundhak nusahken manah
yen kepengin krama ayu
putri pundi kang kinarsan //

12. Kula ingkang anyaguhi
andhodhog ing lawangira
yen dilamar boya aweh
santana dika pra raja
saguh ngrebut lan yuda/
yen tan arsa lawan pupuh
kula malingi gih bisa //

13. Nadyan putrane sang aji
sang bathara Nyakrawatya
kula gih saguh anyolong
kang boten kongsi konangan
wong empun gawe kula
cit cilik dhasar celimut
kang rayi gumujeng suka //

14. Sultan ling tan adhang-edhing
kakang iku panebdanta
wis tan ana sisip kabeh
nging sarebipun tan nedya
angendhih sang bathara
kurangga pawulangipun
panembahan ing Pijajar //

15. Iku isih sun ling-eling
lagi murus sun rong dina
Marmaya latah gujenge
kang rayi tumimbang suka
wus sami kaduginya
nahan bahram duk kapikut
lajeng malih kinunjara //

16. Putranya Kistam wuragil
Subakari mring kunjaran
kang jaga bumi tinemon
linalobeng busanarta
sandi yun non kewala
nulya sinungan malebu
Subakari wusnya panggya //

17. Raja Bahram den takoni
heh Bahram pagene sira
ka gelem dibanda maneh
dene Kawok lan si Kamzah
dhek sira kalah aprang
ing nguni lan wong tuwaku
nora ngaku kalah aprang //

18. Jer ana nyatane yekti
sira mrekungkung binanda
kalah lan wong tuwaningong
wit akan sakedah-kedah
prang lembut lan prang rowa
ujer ana yektinipun
wong aluwes kari bisa //

19. Raja Bahram kras derangling
heh cemer betahmu wirang
sae angucap lawan wong
jer sira trahing wong Kumpra
pengenmu dadak ngucap
prawirane Jayengsatru
sanadyan ingsun kalaha //

20. Tarima sun nora isin
lawan prajurit utama
sun kalah lawan prang rame
lan sun sinungan gagaman
busanesthi turangga
tan lir bapak myanak ngasu
prajurit lakune cidra //

21. Tan trima sun den arani
kalah mungsuh lan wong edan
kaya jaman larang uwong
eman nagara ing Sarwol
kanggonan bapakira
adena ratu Madayun
gawe punggawa urakan //

22. Lan bapakmu dhekne lagi
aku ucul sing kunjaran
tan gelem ngaton buntute
yen ngatana duk samana
baya wis dadi jenat
bapa aku wis kacakup
kowe wani katemyengwang //

23. Ri wusnya Bahram anangling
Subakari langkung wirang
dadya kajron tampa tyase
wong iki lamun uripe
setemah mundhak rowa
gone ngalala bapakku
ngur sun pateni kewala //

24. Jangganya Bahram anuli
den taleni siningsetan
sarywa den idak dhadhane
raja Bahram wus parastra
kang jaga winawekas
lamun na wong takon iku
Bahram patine angendhat //

25. Kawarna Banjar Manganti
jeng Sultanwus amiyarsa
sang raja Bahram patine
pan arsa dipunsuwuna
yen pareng purun Islam
mring kang rama sang aprabu
remen kaprawiranira //

26. Wasana Bahram ngemasi
jeng Sultan kalangkung cuwa
aja Bahram papelajahe
gyan duta sang Baudhendha
mriksa mring pakunjaran
langkung kang tunggak turipun
pun Bahram pejahnya ngendhat //

27. Baudhendha dan ningali
wangkenya Bahram ing dhadha
katon na tapak sukwage
wong kang jaga ingapusan
sandi ayun ginanjar
wong kang jaga sukeng kalbu
angrasa antuk ganjaran //

28. Saksana lumiring maring
sira raja Baudhendha
prapta Banjar Mangantine
Marmadi matur niskara
purwa prapteng wasana
sabala kangjeng Sultanun
sakalangkung dukanira //

29. Wit dugi yen den pejahi
pejahnya sang raja Bahram
tandyabdi dhinawuhan ken
ambanda mring wong kang jaga
sigra kinen balaka
sapa yektine kang bunuh
yen wus balaka ginanjar //

30. Yen tan balaka linalis
wong jaga dadya balaka
yaktos Kistaham sutane
inggih wuragil kang nama
Subakari punika
mring raja Bahram kang bunuh
mung tinalenan gulunya //

31. Sarywa dan idak dhadhaning
gya bandane inguculan
wong tunggu ginanjar kabeh
lir winungu dukanira
Sultannuduh Marmaya
ken nimbali satunipun
Kistaham warujunira //

32. Marmaya kalangkung ajrih
myat dukanira jeng Sultan
sang Baudhendha cineneng
ngajak kadangnya sakawan
mring pasanggrahan Sarwal
dyan Subakari pinundhut
dikakken bekta babandan //

33. Raja Kistaham pan lagi
nimbali para putranya
nanging putrane kang anem
tan wonten lagya kasehan
sira raja Kistaham
tan liyan ingkang cinatur
amung Sultan Sayidina //

34. Tan dangu kang putra prapti
nulya matur ingkang rama
purwa prapteng wasanane
pejahira raja Bahram
kang rama langkung suka
lah ing riku dereng dangu
denira sami paheman //

PUPUH CVII

Pangkur = 14 pada

1. Sang Kistaham sru marmaras
praptanira Marmaya lan Marmadi
kadang ing Kalkarib catur
sawadya balanira
sang Kistaham dadya gugup
solahipun
sarpaptanya sang Marmaya
tan alon sang Umarmadi //

2. Nubruk sutanya Kistaham
kang ran Subakari binanda aglis
Kistam nangling senggruk-senggruk
raden para ing karsa
dosanipun Marmaya sabdane
embuh
aja dadak kalawanan
teka kakeyan ceriwis //

3. Pa tan wruh wong duwe anak
saben dina tansah ambdhog pitik
dhog rong patarangan lebur
prande sun mung sinungan
rong elintir Kistam miyarsa smu
guyu
Subakari wis ginawa
Kistam tansah tut wuri //

4. Lan membak-membik samarga
ngusapi luh srikutan lir rarya lit
nulya ngling kula nunuwun
kang abdi gesangira
kula anyaosi dinar digang ewu
sok dhasar kawilujengan
yen katur arinta gusti //

5. Boten wande pinejahan
mila sanget panuwune pun abdi
sanesipun dinar wau
kawula gadhah menda
anakipun slawe sumangga sang
bagus
kula aturken jeng radyan
manthuk-manthuk Guritwesi //

6. Cipta keh dinar tri sasra
luwung kena dinggo ganjar prajurit
dadya Marmaya lon muwus
dherit sira jupuka
dinar ingkang telung ewu lawan
wedhus
nem likur kalebu anak
prakara nakira iki //

7. Iya luwih begjanira
kature ing mengko sun kang
nyaguhi
bok lamun ana begjamu
anakmu ya tan gesang
hen tan begja amesthi sida
ihnilpus (?)
gumuyu kang amiyarsa
Kistam nangling membik-membik //

8. Dhuh raden sampun gujengan
dinarira katur wus den tampeni
Marmaya lampahnya laju
Marmadi bungah-bungah
jijingklakan mesem-mesem denya muwus
ki lurah bageyan kula
paringena sapuniki //

9. Tambakyuda sru anyentak
baban namung durung karuwan iki
parenge lan oranipun
nadyan silih parenga
dinar iki tan sun bage mring pra ratu
sun ganjarken wadya bala
begondhal lawan pekathik //

10. Marmadi palenggong gela
tan adangu lampahira wus prapti
ngarsaning ari Sultanun
meksih siniweng para
andeling prang ander ing ngarsa Sultanun
angandika mring Marmaya
kakangdi si Subakari //

11. Marmaya matur punika
warninipun gya binekta mring ngarsi
Kistam kikinthil ing pungkur
tan tega mring sutanya
Subakari gya dinangu mring Sultanun
heh ya pegene ta sira
wani-wani amateni //

12. Si Bahram karane apa
Subakari aturira dhuh gusti
pun Bahram marmamba bunuh
misuhi mring paduka
langkung sangking kawula tan saged ngurngu
de paduka den sawiyah
mila kawula pejahi //

13. Jeng Sultan malih ngandika
lah katemu pirang prakara dening
sira mrina maring ingsun
pan dudu sanakira
lawan dudu sira ingkang den pipisuh
tuhu sira kurang ajar
yayi patih wisna nuli //

14. Si mengkonok belakena
mring si Bahram raja patih wotsari
sigra narik dhuwungipun
gupuh raja Kistaham
ngrangkul padaning Sultan saha wotsantun
mangusap lebu padyar ja
nira jeng sang Jayeng jurit //

PUPUH CVIII

Dhandhanggula = 16 pada

1. Sreng turira mangrepa manangis
sang Tambakyuda mesem tumingal
nulya marek lon ature
yen kapareng ing kalbu
dika Sultan dipun aririh
yogi empun agahan
si Bahram pun lampus
gih pun yen wus pesthining Hyang
balik ingkang teksih niki bok ginalih
owel yen pinejahan //

2. Den apuraa utama yekti
purbaning satriya kang utama
ngaksama ing dadosane
lan apa kasilipun
gih patine si Subakari
yen arsantuk nagara
punika gih urup
kang rayi maksih srengira
bagendha Bas nyelak mring ari
bibisik
manis wijiling sabda //

3. Ya dhuh ri mas kang kula ngengeri
wus wiyahe pun kakang dinukan
apan sampun bebahane
yen pareng tur pukulun
nadyan boten kapareng mugi
mugi yayi andhahar
punika turipun
rakanta kakang Marmaya
darmanya punika pun Subakari
dede dyabdi paduka //

4. Kukuming tyang mejahi pinatin
pae samyabdi paduka pyambak
ping tri sanes agamine
ing sakarsa kang mengku
gih ramanta sri Nyakrawati
kang kagungan wisesa
purbaning ratwagung
ingkang mugi kagaliya
tur kawula bingah paduka bendoni
yen tuna langkungira //

5. Sumawana Bahram kang wus lalis
punika lebet satruning praja
den mrinanana pamine
ngantos katur sang prabu
ginalih kirang jetmikani
yen ngantos gempil sihnya
ramanta sang prabu
dhuh yayi mas kadya paran
ing pundi gen mung ri mas kula
ngengeri
turnya lan asmu waspa //

6. Jeng Sultan dupi myarsa aturing
bagendha Bas lilih dukanira
kleresan ing panggendhole
kang raka kalihipun
Subakari tandya pinaring
ngaken mring sudarmanya
gya den ajak mantuk
jeng Sultan sampun luwaran
Tambakyuda gya utusan anututi
Kistam sagahnya menda //

7. Dinar tigang ewu wus binagi
maring pekathik begondhal Ngarab
myang kang sring ngaesi gawe
suka wadya sawegung
nahan Kistam malih kawarnu
sawuse sutanira
tan estu linampus
dahat umangsul sihira
kangjeng Sultan yen mentas
kondur tinangkil
wit sangking pasewakan //

8. Dherekken prapteng Banjar
Manganti
raja Kistam dahat nganoraga
lir waong dadasih patrape
dumugi rabinipun
asring-asring kinen ngaturi
dhaharan myang wowohan
kadhang pyambakipun
saos bekti saanaknya
kangjeng Sultan satemah luntur
ingkang sih
condhong maring Kistaham //

9. Yen tan sowan sring kinen nimbali
sru kayungyun jeng Sultan miyarsa
sang Kistaham cariyose

denya ngaku wus wanuh
lawan sang dyah Retna Sutaji
nging yen nimbali Kistam
sagung kang pra ratu
myang kang raka kakalihnya
tan ngandikan mung pyambakan
mamrih sepi
raja patih duk myarsa //

10. Yen Kistaham asring den timbali
ing gustinya dadya sru sumelang
ayun mambeng langkung jrihe
temah mung yitneng kewuh
sang sri Kistaham tansah liniring
sasolah bawanita
ing titikanipun
bok manawa gawe cidra
kawarnaa Kistaham ngriku nujoni
gunem lan pra putranya //

11. Kulup pa sira padha mangarti
mungguh trapingsun maring si
Kamzah
luwih becik ingkang katon
nanging jroning tyas ingsun
nora lega yen durung mati
wruhanira si Kamzah
pan arsa sun apus
mring alas ngupaya kidang
besuk emben sira saadhimu kaki
padha adhiminana //

12. Lan wadyeng sun kabeh ja na kari
prantenana aja mindho karya
si Kamzah dimene jidhet
tur sembah putra catur
gih sandika rama kiyai
mangkana sang Kistaham
wusnya gunem wuwus
lan atmajanya sakawan
tandya arsa maswi mring Banjar
Manganti
tan dangu sampun prapta //

13. Kauningan wangwang den timbali
mring jeng Sultan panggya
piyambakan
sang wiradya lon sabdane
paman ngong ayun-ayun
dene dangu boten mariki
kula oneng kalintang
Kistaham turipun
datan prabeda pun paman
gih mangkaten kularsa sowan mariki
nging kapareng pun paman //

14. Den pundhuti rinta sang retnadi
kusumeng pura sang dyah
Muninggar
kula nyaosi sengiyen
klangenan kidang wulung
wartenipun samangke lalis
sampun satengah wulan
cuwa galihipun
saweg mempeng remenira
kidang pejah mila mangke
mundhut malih
angger dhateng kawula //

15. Sanesnya kawula tan kadugi
angupados kidang lir punika
tur kathah kanca pra katong
ingkang sumerep mung ulun
panggenaning kidang kang adi
amung wana satunggal
dene prenahipun
ing kidul kilen punika
tigang dinten gen kula damel
piranti
neng wana nangkep kidang //

16. Ingkang kados kasesa tyas mami
dene sang dyah dhumateng kawula
wus kadi bapa anggepe
tan mantra ndhap lan luhur
mila emben ing dinten Kemis
ngelirken datan sowan

prelyarsa bubujung
gih dhateng wana punika
sokur angger karsa tumut mring
wanadri
de tan tebih sing praja //

PUPUH CIX

Pangkur = 25 pada

1. Mungkur nir wiwekanira
Sultan dupi myarsa Kistam kang
warti
dhasar luwes ing pamuwus
yen padaning pangucap
den regeni mencep-mencep
manthuk-manthuk
lirik-lirik amiraga
pilih wong ingkang tan kenging //

2. Binujuk maring Kistaham
angandika kangjeng Sultan wiradi
paman manira gih tumut
mring wana pados kidang
sang Kistaham bungah-bungah
aturipun
sokur ger mandra bingahnya
arinta Retna Sutaji //

3. Yen angger kang angsal kidang
lajeng mawon den umbar langon
sari
songa kang minangka kenur
Sultan malih ngandika
pan paran kang minangka
wiyasanipun
gih panyepenge kang kidang
sang Kistam ture amanis //

4. Sampun anggalih wisaya
sadyanya sampun kula prantosi
kados tamtu angsalipun
nging ger lampah kawula
pyambak mawon tan angajak
rencang lamun
akarya girasing kidang
padukangger ywa mawyabdi //

5. Sang wiradi angandika
paman inggih amung kang
Guritwesi
kang badhe kula ken tumut
lingira sang Kistaham
malah tekeng suta amba rare catur
gih kula antun neng wisma
samya nangkil ing ri Kemis //

6. Yen ramanta jeng bathara
andangwamba punika kang supadi
wontena ingkang umatur
mila tan kawula jak
benjing-enjing kewala mangkat
kang dalu
supados dugining wana
gyaning kidang maksih enjing //

7. Saksana lengser kistaham
prapteng wisma pra putranya wus
sami
ingundang agunem wuwus
heh Kobat lan rinira
telu pisan ing mengko bengi
angkatmu
prajuritmu pilihana
seseliran sun pribadi //

8. Ana uwong satus sasra
prajuritmu ana pira kang becik
wus dene lan dhi-adhimu
kabeh dadya na pira
Kobat matur yayi ardasih nematus
kula pyambak kang pilihan
wonten sangking sangang biting //

9. Pun yayi kalih rencangnya
ingkang pened wonten sing gangsal biting
Kistam nangling ya wis cukup
patang ewu kewala
kadar pira mung wong roro binarubuh
amesthi mati si Kamzah
wis mangkata mengko bengi //

10. Alas ingkang kidul wetan
kana kae ana lebak kang supit
ing kiwa tengene dhuwur
prantinen kang santosa
den abecik prenahna simpenanamu
aja na wong kang katara
poma kulup den aremit //

11. Aneng sor kayu kemlaka
para putra lengser samya miranti
nahan jeng Sultan kawuwus
animbali Marmaya
prapteng ngarsa jeng Sultan ngandika arum
kakang sun ing benjing-enjing
yen buburu ing wanadri //

12. Awit ing salawas ingwang
neng Madiyan durung wruh jajahaning
kang raka Marmaya matur
ing dinten benjang-enjang
apa nuju wiyosnya ramanta prabu
iya kakang yayi Maktal
bae lan kakang Umarmadi //

13. Lan sakancane kon seba
yen dinangu ya den aturna mami
lamun mring alas buburu
matur malih Marmaya
tindak dika sinten dherek punapa mung
kula piyambak kewala
jeng Sultan ngandika aris //

14. Ya kakang kowe kewala
lah ta sinten ingkang atuduh margi
kang pun wruh jajahanipun
iya paman Kistaham
Guritwesi smu menggah dupi angrungu
yen sareng lawan Kistaham
wus tan sakeca ing galih //

15. Nging ajrih amambengana
nulya medal panggih Maktal Marmadi
gya winartan saliripun
karsanira jeng Sultan
kuneng duk wancinira jam tiga dalu
jeng Sultan sampun busana
nulya lenggah ing pandhapi //

16. Titihan pun Kalisahak
wus kinapan kinarung aneng ngarsi
Kistaham den ayun-ayun
duk satengah sakawan
Kistaham prapta wangwang tindak sang wiranung
anitih pun Kalisahak
Kistaham kapareng wuri //

17. Denira anunggang kuda
mung Marmaya buntut kudaning ari
pan wus lepas lampahipun
jam nem wus ngambah wana
wonten kalen alit ngadhang ing dalanggung
pun Kalisahak sru mregak
ginebrak tan yun lumaris //

18. Nulya mudhun jlog Kistaham
sing turangga sigra nyandhak
kendhali
kinecek arsa tinuntun
cineneng-ceneng meksa
mogok mawon yen janmaa lir atur
wruh
maring gustine mangkana
gusti badhe wonten westhi //

19. Salamine Kalisahak
tinitihan mogok lagya puniki
kedah balik arsa wangsul
nanging tan ginraita
kangjeng Sultan malah langkung
denya bendu
lah ta iki jaran apa
gya pok kuping den camethi //

20. Nglumba tebih pamilarnya
sampun laju tindaknya sang wiradi
ngambah wana singub-singub
marganya saya gawat
kang kacipta ing Sultan mung
kidang wulung
datan nyipta pringga baya
mung Marmaya saya watir //

21. Kistam matur ing jeng Sultan
aprayogi angger kendel ing riki
sakedhap kawula ayun
nitik unggyaning kidang
Kistam laju amrang rarungkut
asingub
amanggihi putranira
Kistam ling apa wis mranti //

22. Kang putra sampun aturnya
poma kulup aja amindho kardi
si Amir bisaa lampus
dyan Kobat aturira
jawi Kamzah yen darbe umur
sapuluh
tan pejah dinten punika
sungsum gala balung wesi //

23. Ksitam gya wangsul wus prapta
ngarseng Sultan umatur ger suwawi
sampun celak prenahipun
lawan enggoning kidang
kula dingik wau malajar mangidul
suwawi paduka cegat
ing lebak kidul puniki //

24. Rakanta sang Tambakyuda
kinarsakna sangking wetan
anggiring
kula sangking kilen methuk
mangke manawi milar
begja lara krama pati wus tinemu
gumantung ing pangayunan
ing lokil makpus pinesthi //

25. Jeng Sultan ngidul tindaknya
saya rumpil nulya tedhak sing
wajik
pun Kalisahak tinuntun
Umarmaya mangetan
sang Kistaham mangulon ngenthir
kadulu
jeng Sultan tan waneh ketang
kang kidang geya kapanggih //

PUPUH CX

Durma = 29 pada

1. Darmanira Sultan wijayeng
payudan
prapta pabethekaning
prenahing lalebak
dangu ngupaya kidang
nanging tan ana kaeksi
Marmaya Kistam
dangu datan na prapti //

2. Asmu sayah jumeneng anulya
lenggah
ing sela sor kesambi
tan lyan kang kacipta
amung praptaning kidang
jeng Sultan awas ningali
lor kulon wetan
lan kidul ana baris //

3. Temah ngunandika iki baris apa
saya cedhak kaeksi
wingi ture Kistam
ora anggawa bala
ya ta sedayaning baris
wadya ing Salwal
Sigra pareng ambedhil //

4. Kang lor ngidul kang kulon bedhil
mangetan
punglu lir sok ing riris
ing labuh kasapta
jeng Sultan datan mobah
eca lenggah anyepengi
apusing kuda
saya deres kang mimis //

5. Tibanya tan lyan nglebak gyaning
jeng Sultan
roning kesambi enting
kadi rinampasan
kasrang ing pelor lampah
towok brangkolang myang lembing
cacap sarampang
ledhok paser kalimprit //

6. Kangjeng Sultan smu kepyan mring
sang mikara
sanggya warastreng jurit
tumameng sarira
datan ana tumama
Burhankhayun baha yekti
yektining jalma
warastra tan nedhasi //

7. Tambakyuda smu kagyat myarsa
senjata
sru tan eca ing galih
desah lan jeng Sultan
dadya abilunglungan
denya ngulati kang rayi
sarywa karuna
Sultan dika mring pundi //

8. Tandya ngener mring prenah
swaraning tinggar
sawang mandrawa keksi
Sultan neng lalebak
katon ki Kalisahak
anulya den palajengi
lan tinangisan
dhuh Sultan kadi pundi //

9. Dene teka kandel bae binedhilan
ngandika sang wiradi
lah ta priye kakang
lesu bae wakingwang
Guritwesi nangling malih
teng pundi Kistam
punapa dereng bali //

10. Sultan nangling iya durung malah
ingwang

banget angarsi-arsi
gih niki rekanya
setan alas Kistaham
preh pun wekasane niki
napa andika
boten nedya malesi //

11. Pun tatela si dherit nedya niaya
mring dika ngarah pati
lah andika petak
kajenge laleburan
Kistaham bae mring endi
si asu edan
enget Sultan Sayidi //

12. Sadangunya wau satengah tan kepyan
sing keh mimis nibani
ing sariranira
wus ngaraling kawula
baksana rinekseng widi
upama seda
duk kang raka mangsengi //

13. Temah duka sigra matek aji petak
kadi gelap sakethi
wong Sarwal kang celak
kapileng myang kapleset
kadi mimis bolang-baling
pating jrekangkang
keh kang kabanjur mati //

14. Sagung wreksa isi-isining wanarga
jadhel katut kang tambi
buburon barengan
mlayu ngungsi sasaran
kuneng kang aneng wanadri
gantya kawarna
enjing sri Nyakrawati //

15. Sinewaka aglar pra raja satriya
punggawa myang para mantri
sang nata ngandika
maring sang raja Maktal
mring endi gustinira Mir
sang raja Maktal
matru saha wotsari //

16. Putra dalem bubujung dhumateng wana
nata ngandika malih
lah rowange sapa
Maktal matur lan Kistam
katiga lan Guritwesi
dupi miyarsa
sang sri Anyakrawati //

17. Langkung ngungun cipta dahat walang driya
nara kaya Ki Amir
de tan gawa bala
muga panedhaningwang
mung selameta Ki Amir
salakunira
dereng dangu nata ngling //

18. Kapiyarsa jumegur swarnaning petak
gampita sri bupati
gya dangu mring Maktal
lah iki swara apa
jumeglug kontak kang bumi
Maktal wotsekar
dewaji yen tan sisip //

19. Kados ugi punika swaraning petak
putra dalem jeng gusti
gya sri naranata
ngandika maring Bestak
heh Bestak ki Prawiradi
kang maring ngalas
baya anemu westhi//

20. Kyana patih Bestak wus dhinawuhan
ing pangandika ji
selayeng batinnya
ciptanya sokur mana

Khamzah anemu bilahi
Babara pisan
aja dadi kelilip //

21. Nata uning semune rekyana patya
yen tan kesdu ing batin
dadya sri narendra
duka pinrem wardaya
tan pinaelu karsa ji
pamirmanira
mring putra sang wiradi //

22. Nata nulya amundhut dipangganira
arsa nusul sang Amir
ingkang maring wana
samarga-marga tansah
sru marma wit denya myarsi
swaraning petak
ngriku sang raja patih //

23. Maktal lawan Marmadi sakancanira
Sagung prawireng Ngarbi
daut sawadyanya
kang neng Banjar Mangantya
amung pininta kang jagi
nahan jeng Sultan
tansah sang Guritwesi //

24. Wong ing Sarwal sakarine kang parastra
sami lumayu gendring
tandya Pakuwaja
nangling lah daweg Sultan
si Kistaham dan ulati
lamun kecandhak
nedha neh juwing-juwing //

25. Kanjeng Sultan gya nitih pun Kalisahak
nander narajang baris
kang sami lumajar
kacandhak pinedhangan
kadi mateni cicindhil
sang Tambakyuda
angamuk ngowak-awik //

26. Pan angiwung kalawan pedhange wilah
kongsi sayah mateni
lamun den rampeda
wana penuh kunarpa
Kistam den ruruh tan panggih
wus wau denya
mlayu ngelon-eloni //

27. Ing saparan tansah putranya sakawan
Kobat Estu Subakari
Ardasih kalawan
nahan ki Bayawana
papatih Kangkam ing nguni
sepejahira
sri Bahram neng Madyin //

28. Pan akumpul tan pisah sakancanira
nenem lawan ki patih
wus lami neng wana
golek marganing patya
wus myarsa yen kang mejahi
mring ratunira
suteng Kistam wuragil //

29. Nedya ngudi tuwuh sasolahnya Kistam
den inte mangke nyarsi
yen raja Kistaham
buburu maring wana
sedyarsa den amuk wani
nahan kawarna
Maktal sang raja patih //

PUPUH CXI

Dhandhanggula = 21 pada

1. Sreng ngupaya denira miyarsi
Sultan den apus maring Kistaham
dadya dhingine lampahe
sri Kalkarib tan kantun
sawadyane prapteng wanadri
mubeng-mubeng ngupaya
maring gustinipun
tan panggya amung kunarpa
ning tyang Sarwal ting jalempah urut margi
ngiku kepethuk jalma //

2. Bayawana sakancane sami
dipuncepeng mring raja apatya
kinen banda sadayane
sang Maktal ciptanipun
baya wonge si KIstam iki
ture ki Bayawana
tyang ing Kangkam ulun
sang Maktal datan pracaya
tan adangu lan jeng Sultan wus pinanggih
Maktal gya ngraras pada //

3. Ning jeng Sultan senggruk-senggruk nangis
Baudhendha galolo gulungan
Guritwesi andikane
wis ta menenga jemblung
wong anangis brebegi kuping
tan ngrungokken caturan
Baudhendha muwus
kawula mangsa kendela
bili boten tamtu sampeyan bagei
dinar sangking Kistaham //

4. Nengna paguywan wusnya ngabekti
raja patih umatur pranata
gantya nutur sasolahe
Maktal malih umatur
kawulantuk tiyang neng margi
angaken tiyang Kangkam
tan pracados ulun
bok manawi tiyang Sarwal
punika kemawon kenging den takeni
purugipun Kistaham //

5. Angandika jeng Sultan Sayidi
heh wong babandan jenengmu sapa
ingkang dinangu ature
pun Bayawana ulun
tan padha purwa tikbra patih
ipun sang raja Bahram
gangsal kanca ulun
satunggal pun Macanmalad
macangaeng lan pun Kebonabrang katri
catur pun Walanganggas //

6. Gangsal anama pun Kebokeri
angandika jeng Sultan wiradya
padha balakaa bae
lamun sira wongipun
si Kistaham mangkya neng ngendi
yen sira wis balaka
sun culi bandanmu
yen mungkir sira sun lunas
Kebonabrang cumlandhak ature inggih
nuwun gesang kewala //

7. Nadyan kadadosena pakathik
anglampahi mung anuwun gesang
nulya na kancane maneh Kebokri aranipun
matur sarwi aringiko- ingik
kula gih nuwun gesang

gusti rabi ulun
anenun pakaryanira
benjing gusti kawula saosi
nyamping
Sultan ewa miyarsa //

8. Pun Kebonabrang umatur malih
bok inggiha gusti paring gesang
amba matur sawcane
kawula priksa wau
pun Kistaham gonipun dhelik
estyamba tiyang Kangkam
nging wau pukulun
uning purugipun Kistam
ngidul ngetan palajengipun
angenthir
nangling ki Bayawana //

9. Si Kebonabrang lan si Kebokri
calemongan kaya dudu jalma
baya edan sakarone
tuna temen gustiku
raja Bahram gone darbyabdi
kebokri lan si Nabrang
kadadi wong gemblung
sun nora darbe panyana
eman temen anyangkelit tunggak
semi
patut si Kebonabrang //

10. Mikul kranjang anyangkelit arit
samya mesem sagung kang miyarsa
sang Jayengrana sabdane
ing wong roro ing wau
Kebonabrang lawan Kebokri
clandhakan daya-daya
luwar bandanipun
sayekti nora wruh tata
tandya nempal ngling mring baya
wana patih
lah paran karepira //

11. Ki Bayawana ture dhuh gusti
yaktos patik padha sih ing Kangkam
malah kawula ngupados
Kistam yun ngudi tuwuh
ratu amba dipun pejahi
anakipun Kistaham
inggih kang Waruju
ngandika malih jeng Sultan
uculana bandene mung wong
kakalih
iku ywa inguculan //

12. Kang ran Kebonagrang lan Kebokri
karo ku wong ala den wusena
nora tresna ing ratune
wong roro dupi ngrungu
sru ambengok gelolo nangis
wus lajeng sinudukan
wong ala tan patut
keneng walata ratunya
utik-utik sumengka dadi priyayi
wisudaning ratunya //

13. Raja Bahram ingkang wus ngemasi
Sultan darma nglairken karseng
Hyang
marang ing pangadilane
datan nisir satuhu
ing wong becik anemu becik
ing wong atine ala
ala kang tinemu
ngandika malih jeng Sultan
baya wana sira salina agami
Islam ngabdia mringwang //

14. Turira mapo gusti pun dasih
pae yen ratu kula maksiha
kula gusti ing sawitne
langkung kepengenipun
kaabdekken Sultan jeng gusti
nanging tiyang punapa
sinten ngandel pungkur
inggih ing turun kawula
utik-utik winisuda dados atih
misaseng nagri Kangkam //

15. Pantes ratu pejah ambelani
pamangsul sihipun ratu amba
jeng Sultan remen antepe
nora sanadyan kupur
Bayawana ginanjar sami
sakancane sakawan
busanarta agung
lah ya wis padha tutugna
karepira ki Bayawana ngabekti
kentar sakancanira //

16. Sultan andangu mring raja patih
sapa rowangira nusul mringwang
raja patih wotsinom
inggih ramanta prabu
nanging amba angrumiyini
mangkana kangjeng Sultan
angandika arum
yayi patih ulatana
si Kistaham sun arsa marek sang aji
raja patih gya mangkat //

17. Saksana laju Sultan wiradi
tan antara dupi aneng marga
kapethuk tindak sang katong
gya sah sing kudanipun
Sultan anreg tindak sang aji
anjrum dipangganira
jeng Sultan angujung
den lus-lus pengkeranira
dhuh putengsun sukur masa maksih
basuki
narpatma gya salaman //

18. Tandya mring panembahan
ngabekti
sang Nyakrawati alon ngandika
dangu sang Jayengpalugon
niskarsa lampahipun
Sultan matur purwa mekasi
langkung ngungun sang nata
katuju putrengsun
ing buri den eling sira
si Kistaham tita mring sira tan becik
kolu mrih dudunira //

19. Gya Marmaya nusuli ngabekti
nahan lampahnya sang raja patya
nrod lampah nulya kapregok
Kistam kagyat lumayu
gya binuru wah kocar-kacir
buwangi panganggonya
tatengering ratu
makuthanya gih binuwang
pandheliknya amomor lawan
pakathik
niba glundung jujurang //

20. Nulya sakeh kayu dan sak-asik
tan panggya wit dereng kontungira
maksih panjang lampahane
wus tita tan kepangguh
raja patih matur ing gusti
kang neng ngarsaning nata
sang prabu andangu
wus katur purwa wasana
sri narendra gumujeng ngandika aris
si Kistaham wong apa //

21. Dene teka bisa anglakoni
tan na empere lan luluwurnya
banget temen gone nyengkleng
nulya ngling mring Sultanun
payo kulup ki Prawiradi
nuli mulih mring praja
sang nata gya daut
sawadya sing wanawasa
panembahan Pijajar tan kena tebih
nunggil aneng palana //

PUPUH CXII

Mijil = 18 pada

1. Wijiling ling nata mring sang yogi
bapa ingsun gawok
ya maring si Kistaham akalw
ya katujune ki Prawiradi
meksih rineksa mring
kang andum tumuwuh //

2. Lawan bapa sun eram umyat ing
akehe bangke wong
dene mung pinaten Kamzah dhewe
lan Marmaya tanpa bala siji
sang wikwaturnya ris
inggih sang aprabu //

3. Dugi pun Kistaham wus pinesthi
yen manahnya awon
nanging maksih panjang lampahane
ing tembe gih putranta pribadi
ingkang amejahi
males awonipun //

4. Nata wus rawuh jroning nagari
pan lajeng ngadhaton
kang dherek was samya bubar kabeh
ri sang kondur mring Banjar Manganti
nahan tan winarni
sang Kistam cinatur //

5. Ingkang dhelik jurang pinggir ardi
duk wus sepining wong
rarembugan lan papat anake
piye padha dayanira kaki
sun tan bisa mulih
maring ing Madayun //

6. Yen si Kamzah durung rontang-ranting
ing endi nak ingong
ana panjenengan ratu gedhe
ingkang kira ja mindho gaweni
mateni si Amir
adola pangrungu //

7. Putra matur marang ing sudarmi
pan namung ing Kaos
prabu Jubin ratu widigdayeng
kang prajurit wus datanpa wilis
kintenipun bangkit
juntasken pun kaum //

8. Langkung suka kang rama nulya ngling
ya payo linakon
maring Kaos kang putra ature
inggih suwawi gya budhal sami
wong ing Sarwal meksih
kang tresna tut pungkur //

9. Wonten dwi dasa sami barindhil
ang Kistaham elom
sedya namur mindha dagangane
arereyongan wonten ing margi
duk kaprarsa maring
Bayawana ngriku //

10. Lamun Kistam saanaknya sami
arsa maring Kaos
gya den adhang ing marga tepine
samya singidan datan kaeksi
sakancanya meksih
jangkep jalma catur //

11. Tansah sami aprayitneng westhi
dupi sampun katon
Kistam liwat lan catur subane
sigra tinrajang ingamuk wani
radyan Subakari
ingkang kinarubut //

12. Wus parastra Kistaham sadasih
kathah kang kataton
weneh pejah aktahah kalonge
kantun wolu putra jaga lalis
sang Kistam anggendring
mlayu numbuk-numbuk //

13. Tan toleh atmaja kang ngemasi
Kistaham ing kono
wau mung buru uripe dhewe
duk wus adoh eling mring kang siwi
temah sru anangis
bikut ngusapi luh //

14. Saputranya tri bela anangis
sasambat gelolo
dhuh adhiku Subakari kowe
dene teka mati adhmini
tanpa wusananing
sang Kistam wus laju //

15. Langkung musakat datanpa bukti
sawonge tan pandon
kang jinujug amurang margane
nahan gantya pura rum Madayin
ri sedhengnya lagi
kang rinenggeng tutur //

16. Maniksanta adining Madayin
dyah atmajeng katong
putra di ing sudarma pujane
ingemu-emu lis nanggeng riris
mangkya gung wiyadi
dyah Sutajiningrum //

17. Tansah najin dhahar lawan guling
wibuh suwarna nglong
jiwa antya anandhang wirage
lamun siyang datan pandon bukti
ratri tan tuk guling
tansah apirangu //

18. Lamun ratri kadya na sumandhing
kang karya wirangrong
sang dyah brangta gunaning tangise
emban inya samya angadhepi
langkung wlas ningali
maring gustinipun //

PUPUH CXIII

Kinanthi = 19 pada

1. Kinanthi ing tyas mladayun
ni Selaga matur aris
dhuh gusti sampun kapanjang
bandara andhedher wingit
watawisipun ing benjang
yen sandea kados tebih //

2. Nging celak ing tamtunipun
dhaup lan paduka gusti
andulu sihing ramanta
denipun anglalangkungi
tan mantra lamun kawula
pinindha atmaja yekti //

3. Tindaknya ramanta prabu
ing wingi dhateng wanadri
gih anusul Sultan Ngarab
dhateng wana den apusi
dhumateng raja Kistaham
rencangnya mung Guritwesi //

4. Wonten wana binarubuh
tiyang Sarwal tanpa wilis
ambedhil numbak brengkolang
towok paser lan jemparing
Jayengrana nunten petak
wingi kapyarsa sing riki //

5. Kistaham sawadyanipun
kathah ingkang angemasi
katetah rama paduka
rawuh lajeng anulungi
raja Kistam mangke minggat
saking nagari ing riki //

6. Mila sagung pra gung-agung
ngriki nagari Madayin
sami panas panahira
meri sihnya ramanta ji
dhateng Sultan Sayidina
wingi kawula mirengi //

7. Dhateng ing peken kapethuk
kondhurnya sangking anangkil
kula ndhodhok pinggir marga
adangu dipuntingali
kula sapunika tamat
warnanya Sultan Sayidi //

8. Nadyan sami bagusipun
cahyanipun kawon wening
wontena mirib weningnya
prawiranya tan nandhingi
nadyan sami prawiranya
boten darbe glap sakethi //

9. Ni mban predapa sumambung
ya aku ngrungu pribadi
mungguh sang nata sihira
wis padha lamun paparing
lan gusti narpatma raja
malah meh rada kawuri //

10. Pinrelokken Jayengpupuh
ya sapa kang nora asih
wong dulu satriyeng Ngarab
aku weruh dhek ko iki
tuhu bagus lalembaran
lindri-lindrining pangeksi //

11. Keswa tub angroning bakung
ngron-ron poh saira kuning
meloke wadanira
rayung-rayunging jariji
ambakna wong wadoningwang
pama atandhingan driji //

12. Kaya eri lawan alu
gumujeng Retna Sutaji
ana mantrane smu lejar
sang dyan denira miyarsi
omonging cethi parekan
sang retna ngandika aris //

13. Dhateng emban inyanipun
ingkang samya aneng ngarsi
iya biyung paran baya
usadaning tyas wiyadi
ngong angrungu tuturira
lir keneng guna piranti //

14. Nora karuwan atiku
lir mati aneng jro bumi
mandah wruha warnanira
maring wonge kang nyanyengit
kang tan duwe pikir pisan
bok ya takon mring rama ji //

15. De ratu binathara gung
apa baya tan kepengin
dadi mantuning narendra
raja-rajaning para raja ji
mung ngandelken prawiranya
angkuhe kaduli-duli //

16. Embane malih umatur
gusti kados wus miyarsi
kapanggih pinten prakara
kinten yen nembung langkung jrih
sabdene sasaminira
witning pun biyung dhuh gusti //

17. Sokur-sokur badhe kaul
tumuntena darbe gusti
abagus prawireng rana
menek ruras sun tadhahi
mandah ta bungahing manah
sun ladeni rina wengi //

18. Rowange nangling smu guyu
gawyapa rika nandhahi
turasa jeng Sultan Ngarab
kang tinakon anauri
yen bengi akeh gawenya
dianggo pacitan ngantih //

19. Sang dyah andhawah ing kasur
sarywa ngrungkebi guguling
tansaya lipur tyasira
malah penuh lir rinujit
lir kataman endracapa
sangking sru brangtaning galih //

PUPUH CXIV

Asmaradana = 25 pada

1. Kuneng gantya kang kawarni
anenggih nagari Kebar
mangkya kang jumeneng katong
sang sri bupati Alkamah
estu sudarmanira
raja Usam ingkang lampus
aneng nagri Puseralam //

2. Dening cariyosnya nguni
sri Alkamah wus magawan
atmaja gumantya katong
amisesa prajeng Kebar
sri Usam dupi myarsa
petyane sang Betal Jemur
yen jenengnya sri Nursewan //

3. Nagari sanga kang sami
mungkar sing prentahan Madyan
dadya sang Usam ciptane
jangka anedya jinangkah
kalampahan lalana
anon prang anjur Madayun
prapta pejahnya neng Ngarab //

4. Prang lan jeng Sultan Sayidi
ri lalise sang sri Usam
anulya sri narakatongg
Alkamah kang wus magawan
malih jumeneng nata
tur wus sanget sepuhipun
wus dhoyong lamun lumampah //

5. Nging tatal ratu pajurit
tuhu yen prawireng yuda
ing nguni andel-andele
duk jenengnya sri Kobatsah
narendra gung Madiyan
sor timbang prawiranipun
lawan prabu Ibruskara //

6. Sudarmanya Kistam nenggih
gul-agul prajeng Madiyan
raja Alkamah tan pae
kineringan parangmuka
kanan-kering sumewa
mring Madyan sring sru matakut
ing manggala dwi punika //

7. Mangkya Alkamah sang aji
cipta antya mangrudana
kang sinambat mung putrane
sang prabu Usam kang lina
wewah-wewah kang wayah
radyan Jusman namanipun
katawan ing adilaga //

8. Wong Kebar kathah kang lalis
marma sang prabu Alkamah
kabina-bina dukane
cipta heh Usam bapanta
delap karia gesang
mangkya miyos sang aprabu
lenggah palangkan kumala //

9. Patih Kebarsah neng ngarsi
kanan-kering pra satriya
satriya andeling kewoh
sumbaga bra ting prangangah
yayah wukir kawlagar
samya sidhem marikelu
mukanya lir konjem kisma //

10. Ajrih prabawaning aji
tuhu ratu widigdaya
nulya tan alon sabdane
heh patih priye turira
wingi kae tutugna
warteng wong Ngarab si Kaum
kang ajeneng santri Kamzah //

11. Apa nyata neng Madayin
ki patih nuhun turira
inggih bathara sayektos
malah sampun wolung wulan
denya wonten Madiyan
ngandika malih sang prabu
wadyaningsun undhangana //

12. Sun arsa nuli nindaki
nora kena sabarena
si Kamzah tak ajarane
pan wis kagem neng ngastengwang
kari banda si Kamzah
besuk sakeh wadyaningsun
kang sun prih mesi asata //

13. Tan lega rasaning ati
patih Kebarsah tur sembah
tan ngantos paduka katong
yen Kamzah marseng palagan
sampuna dening kula
owel sih paduka prabu
yen tan anjampuni karya //

14. Amung anyepeng pun Amir
mangsa dadak tan kapustha
sanadyan wewaha ewon
kawula untut kewala
smu guyu kang miyarsa
nata ngling lir bras den untut
iya patih sun tarima //

15. Prasetyanira mring mami
nging wruhanira si Kamzah
iku luwih prawirane
cacak gustimu ki Usam
sedheng prawiranira
teka kalah lan si Kaum
kirane kurang wiweka //

16. Wantune maksih taruni
mung buru kuwanenira
dadi kurang prayitnane
rekyana patih tur sembah
dewaji kasinggihan
ngandika malih sang prabu
patih nungguh wartanira //

17. Gone neng nagri Madayin
si Kamzah iku dinggwapa
rekyana patih ature
kadamel lir senapatya
kalangkung kinasihan
dhateng sang nata Madayun
tan myat lyanipun pun Kamzah //

18. Gedernya badhe pinipil
mantu dhateng sang Nursewan
pinanggihken lan putrine
ingkang nama dyah Muninggar
sang nata dupi myarsa
rekyana patih turipun
lir winungu dukanira //

19. Cipta nir kehning dumadi
yatna kaprawiranira
kawuri kaki-kakine
sinara peksa akuwat
sangking manah sudira
sang nata ngandika asru
dina sesuk tindakingwang //

20. Wong Kebar aywa na kari
patih saosa kang enjang
sang nata jengkar ngadhaton
nahan ing dalu sang nata
datan saged anendra
bangun busana sang prabu
ing jawi rame swaranya //

21. Tengeran barung tinitir
warna-warna kang tabuhan
gong beri salompret bendhe
kang teteg kaya butula
pasewakan byar aglar
pratandha sukaning manah
watak bajra birawa wibuh
angganing
aut rat kaebekan //

10. Malaekat adan anandangi
nalika iku ponang naraka
arupa sato jinise
rinante pan kinarung
gulunira lan rante wesi
kacrita rantenira
pan pitung leksa luk
sakeh wesi ngalam donya
kinumpulna sakolong bae tan dadi
cinekel ing malekat //

11. Pitung leksa malekat kang sami
anyekeli naraka jahanam
tur kang luwih karosane
tau ambedhol gunung
mung inguthik lawan jajenthik
nraka sampun binekta
pan sarywa kinarung
gulune pan konakenceng
prapteng Maksar myat jalma glar
nraka nuli
budi arsa mamangsa //

12. Para malaekat angukuhi
panyekele rante tan kenobah
nraka jahanam budine
ayun mamangsa makluk
temah pedhot kang rante wesi
apan rantas sadaya
sangking rosanipun
sagunge para mlekat
myang naraka jahanam sreng
denya budi
ayun mamangsa jalma //

13. Pan anander naraka kapati
mring manungsa kacandhak den
mangsa
warna-warna sasambate
gosong nanging tan lampus
tikel sewu lara ngluwihi
lawan laraning donya
jahanam kumelun
api mili babanyakan
gumaledhug anrusing sapta pratiwi
geger kang aneng Maksar //

14. Padha lumayu tanbuh den ungsi
nraka jahanam tansah atut wuntat
apan luwih mupakate
dadya na wong kang muwus
heh ya kanca aku ing nguni
duk maksih aneng donya
sun miyarsa tutur
pan nenem pra nabi ingkang
dadi mangka dutaning hyang
Maha Suci
kang dhingin nabi Adam //

15. Akeh jalam ingkang padha eling
mring pra nabi kang mengku
sarengat
samya aguyp rembuge
dadya sakehning makluk
sedyanira samyarsa ngungsi
nraka tansah tut wuntat
saparaning makluk
ing kadis wus cinarita
khening makluk nabi Adam kang
den ungsi
dening nabi wiwitan //

16. Panten kalamun kena den ungsi
paring safangat mring wong
kaswarsa
anuli laju lampahe
dohe lalakonipun
lan Nabyadam pan sewu warsi
yen keniya ingetang
seyekti masingsun
pan padhang salawasira
kawarnaa prapteng prenahe jeng
nabi
geger papanthanira //

17. Dupi umyat manungsa ka kang
prapti
kehing jalma pan tanpa wilangan
naraka katon urube
giris saumatipun
kang jeng nabi ngandika aris
aja na lunga sira
sun nedheng hyang Agung
tandya manungsa kang prapta
aturira mlas asih sarywa anangis
dhuh gusti nabi Adam //

18. Luluwur amba ing donya ngakir
prapta amba anuwun safangat
api nraka pambujunge
tan wande lebur luluh
bilih tuwan boten paring sih
sinten malih pinalar
aparing sihipun
ring umat kang kawlas arsa
ture jalma-jalma sadaya kang
samya ngungsi
gugur aselobogan //

PUPUH CXXXIX

Asmaradana = 31 pada

1. Wus mashur ing dalem khadis
nabi Adam cinarita
pinarak aneng mimbare
sarta lawan tunggulira
kumpul dadi sapantha
tansah mininteng hyang Agung
agolong saumatira //

2. Mangkya ngandika jeng nabi
mring janma kang samya prapta
anak putuningsun kabeh
insung pan oran kaduga
nyufangati ring sira
ature sakehning makluk
tuwan nguni kinasihan //

3. Ngandika malih jeng nabi
bener nguni sun sinihan
ing pangerang maha kaot
nging ingsun nandhang wirang
sun narajang larangan
mangan woh kuldi wakingsun
dinukan dening pangerang //

4. Balik sira sun tuturi
becik padha angungsiya
maring nabi Nuh den age
iku nabi kinasihan
utusaning pangeran
ya ing kene prenahipun
gya mangkat arereyongan //

5. Nraka jahanam tut wuri
prapteng nabi Nuh prenahnya
pan akumpul sapanthane
pinrak ing mimbar kumala
sarta lan tunggulira
agolong saumatipun
samya kaget dupi myarsa //

6. Ing manungsa ingkang prapti
binuru api naraka
apan luwih sangsarane
kangjeng nabi Nuh ngandika
maring pra umatira
ja na bubar sira sagung
balik mininteng pangeran //

7. Tan suwe manungsa prapti
ature samya karuna
ya dhuh tuwan nabi ningong
amba anuwun sufangat
sangking api naraka
angandika jeng nabi Nuh
ki sanak sun tan kaduga //

8. Nulungi mring sira sami
krana sun wis duwe wirang
duk kinelem umatingong
abanget ingsun nanedha
mungguh Pangran Kang Mulya
ing keleme utatingsun
lan slamete rabiningwang //

9. Nora wruh yen mati kapir
iku ingsun dahat wirang
sira ngungsia den age
nabi Brahim kalilullah
ing kene prenahira
gya lengser sing ngarsanipun
nraka maksih atut wuntat //

10. Urubnya kagiri-giri
yayah sundhul ing awiyat
gumaledhung suwarane
keh kang kacandhak minangsa
pan adoh antaranya
dungkap prapteng prenahipun
nabi Brahim kalillaAllah //

11. Ri sedhengira jeng nabi
pinarak ing mimbar denta
kang sarta lawan tunggule
akumpul saumatira
apan dadi sapantha
samya giris dupi dulu
praptane api naraka //

12. Angandika kangjeng nabi
sira kabeh ja na lunga
padha nanedheng hyang Manon
tan antara praptanira
kang binuru naraka
sasambate amlas ayun
dhuh gusti nyuwun safangat //

13. Sangking ing naraka api
mugi tuwan tutulunga
anyufangati dasihe
kangjeng nabi angandika
ya sanakingsun sira
aja na dadi atimu
ingsun tutulung tan bisa //

14. umât gya umatur malih
tuwan nguni kinasihan
mangka lir sanak rakete
ing hyang nama kalillulllah
kangjeng nabi ngandika
ya bener kabeh aturmu
nanging sun wis duwe wirang //

15. Ya banget goningsun asih
mring Ismangil putraningwang
marmane kinen nyambeleh
iku sun ngaras dinukan
wis ta sira ngungsia
iya mring nabi pinunjul
juluk Musa kalamullah //

16. Sadayanira wus pamit
lampahnya dahat musakat
warna-warna sasambate
naraka tansah ikut wuntat
tangising wong mawarna
jeng nabi Musa kawuwus
pinarak mimbar kancana //

17. Sarta tunggulira asri
akumpul dadi sapantha
kalawan kulawargae
agolong para sakabat
kaget dupi miyarsa
swaraning nraka lir guntur
ruging mahetala bentar //

18. Sadaya maras ningali
praptane api naraka
kangjeng nabi andikane
sira kabeaja bubar
ananedhang pangeran
tan antara praptanipun
wong kang ngungsi sru kaswara //

19. Sasambate ya dhuh gusti
nabi Musa kalamullah
tulungana kawulane
kang mugi paring safangat
sangking api neraka
ngandika kalamullahu
un ugo naro kaduga //

20. Maring sira anulungi
makluk kabeh aturira
tuwan pan nabi kinaot
kang ingaken andikeng hyang
jujuluk kalamullah
sinten yogi paring tulung
lintang mung paduka tuwan //

21. Ngandika malih jeng nabi
iya bener aturira
kabeh iku marang ingong
nanging sun wis nandhang wirang
duk ingsun aneng donya
dinukan dening hyang Agung
dene kaluputaningwan //

22. Amateni kokokati (?)
sira padha angungsiya
lah turuten tuduhingong
mring nabi Ngisa sohkullah
ing kene prenahira
mesthi sirantuk pitulung
padha sun amini sira //

23. Makluk sadaya apamit
sing ngarsa jeng kamalullah
saya musakat lakune
ana mlaku lan dekungnya
kang saweneh rumangkang
na gagendholan jrih kantun
bok kacandhak ing naraka //

24. Laminya datan winarni
wus kacariyos ing ngarsa
sewu warsa antarane
gyan pra nabi juga-juga
yen kena den itunga
karana tan ana dalu
apadhang salawasira //

25. Ri sedhengira kkawarni
jeng nabi Ngisa rohkullah
akumpulan saumate
pinrak ing mimbar mutyara
sarta lan tunggulira
samya maras duk andulu
praptane api naraka //

26. Agandika kangjeng nabi
mring umatira sadaya
ja na bubar sira kabeh
anandedha ring pangeran
tandya sapraptanira
manungsa kang binabujung
dening naraka jahanam //

27. Praptane sami anangis
dhuh gusti nyuwun safangat
pitulung sihing dasihe
wit sangking api naraka
kangjeng nabi ngandika
pan nora kaduga ingsun
paring safangat mring sira //

28. Tuwan pan nabi kakasih
ingkang ingaken rohkullah
nabi malih ngandikane
dhihin ingsun kinasihan
dening Allah Tangala
anaging sun wus kasendhu
angrasa ingsun dinukan //

29. Dening hyang sun den arani
mring umat anaking Allah
abanget patobatingong
sun aweh tuduh mring sira
padha sira ngungsia
mring nabi Mukhamad rasul
iku nabi kinasihan //

30. Inganggep mangka gagenti
denireng Allah Tangala
katarima panuwune
insa Allah sira padha
pesthi antuk safangat
pan ing kene prenahipun
den age sira mintara //

31. Sadaya saksana pamit
wisata saking ngayunan
nireng jeng nabi kacriyos
nraka tansah atut wuntat
kang kacandhak den mangsa
meh prapta ing prenahipun
lampahe lir peksi krendha //

PUPUH CXL

Dhandhanggula = 11 pada

1. Nahan gantya sang kabibullahi
pinarak mungguh ing mimbar
retna
sarta tinon sri tunggule
sakulawarga kumpul
miwah para sakabat sami
apan dadi sapantha
sagolonganipun
luwih geng papanthanira
yen timbangen lan sagung para nabi
lawan tutunggulira //

2. Kentar kumitir anungsung angin
pratandha yen nabi kinasihan
datan antara ing kono
kapyarsa swaranipun
gumludhug kang naraka api

kangjeng rasul ngandika
maring umatipun
ja na bubar kabeh sira
wus pinasthi sun ingkang den
karilani
nyekel api naraka //

3. Nulya andadonga kangjeng nabi
ing pangeran pan sampun katrima
ngabekti pira suwene
sasmitaning hyang Agung
kang dhumawuh ing kangjeng nabi
mimbar sakala obah
sabuwana mirut
tan antara praptanira
wong duraka kang binuru ing
nrakapi
sambat nuwun safangat //

4. Kangjeng nabi angandika aris
ya sun kang saguh tulung mring sira
pan wus jangjining hyang Manon
kang kinarilan ingsun
anyekel ing naraka api
aja maras tyasira
sru suka sawegung
myarsa nabi andikanya
tan antara praptane kang naraka api
asru pananderira //

5. Sarywa swaranira gigirisi
gora bentar yayah ngebekingrat
sagunging umat dupyanon
tan na tahan andulu
na mundelik weneh muncicil
sigra nraka cinandhak
prenah gulunipun
mring jeng nabi rasullullah
kuwatira naraka tan kena mosik
yun budi tan kuwawa //

6. Kagawokan jahanam dadya ngling
tembe tumon iki ana jalma
kaluwih-luwih rosane
bisa nambadaningsun
sapa aranira ta dening
luwih samaning jalma
ngandika jeng rasul
heh ya nraka wruhanira
rosaningsun pan sangking bi
itnillahi
ingsun nabi Mukhammad //

7. Nraka jahanam kalangkung ajrih
de wus myarsa yen nabi
Mukhammad
kakasihira hyang Manon
wa jenal anbiyau
sasat gustining kang pra nabi
nraka jahanam mendhak
ngandika jeng rasul
jahanam tan kaya sira
banget temen gonira buburu janmi
lah ta paran mulanya //

8. Nraka jahanam umatur aris
apan sampun jangjining pangeran
jalma kapir sadayane
lan kang duraka sagung
amba ingkang den karilani
dening hyang angkuma
ngandika jeng rasul
iya bener aturira
ananging yen wus prapteng mangsa
ywa wani
sira maneh mamangsa //

9. Mring wong duraka nadyan wong
kapir
mungguh ring hyang pan kinira-nira
yen wus tumekeng jangjine
nraka antya jrihipun
amiyarsa sabdeng jeng nabi
Mukhammad dutaning hyang
ri wusira ngriku

kang pra nabi tinimbalan
ing pangeran mring ngaras saumat sami
kapir kalawan Islam //

10. Mring nabinya pan samya angiring
wusing prapta ngarasing pangeran
samya sujud sadayane
ing pangeran kang agung
lungguhira upama kadi
lir lungguhing takhiyat
wong kapir kawuwus
pan kaki wadidangira
labanira duk urip neng donya nguni
nora tau asalat //

11. Nadyan Islam kang mung kala kadhing
salatira pan nora prabeda
lan wong kapir pratingkahe
salatira mrekungkung
ginaguyu pan banget isin
kang pra nabi nalika
sru jrih ing hyang Agung
pan markelu lenggahira
saumatnya papanthan samya angiring
sadaya tyasnya maras //

PUPUH CXLI

Pangkur = 27 pada

1. Ngandika Allah Tangala
maring kalam heh ya kalam ing nguni
maring sira parentahku
sira anulisana
ya ngamaling manungsa la becikipun
lan maneh parentahingwang
mring nabiningsun sakehning //

2. Kang satus pat likur sasra
ingkang muni tulis kalawan tasbih
pakon lan panyegah iku
wawedi lan bubungah
kalam matur inggih amba nguni sampun
anglampahi karsa tuwan
sampun dados ponang tulis //

3. Pan lajeng kemawon kasrah
ing kawula tuwan mulkan Ngizrail
malekat Ngizrail sampun
ngandikan prapteng ngarsa
upami lir sarem tibeng samodra gung
ngandika Allah Tangala
sayekti sira Ngizrail //

4. Wis nampani tutulisan
ya parentahingsun mring para nabi
Ngizrail aturnya sampun
lajeng kemawon kasrah
mring Israfil nulya mulkan Israfil wus
ingandikan prapteng ngarsa
lir lebu katiyub ngangin //

5. Ngandika kang maha mulya
heh Israfil sira pa wis nampani
tutulisan prentahingsun
Israfil aturira
inggih sampun amba nampeni tuwanku
lajeng kemawon wus kasrah
dhateng malekat Mikail //

6. Sigra Mikail ngandikan
langkung jrihnya prapta ngarseng
hyang Widi
malekat Ngizrail riku
lir riris tibeng rawa
angandika pangeran Kang Maha
Agung
heh Mikail apa sira
nyata uwis anampani //

7. Tutulisan prentahingwang
kang dinangu matur inggih wus
tampi
nging lajeng kemawon sampun
kasrah utusan tuwan
ing Jabrail gya ngandikan prapteng
ngayun
lir kukus lawan dahana
nulya ngandika hyang Widi //

8. Jabrail apa sira
wis nampani ya tutulisan nguni
Jabrail aturnya sampun
sangking prentah tuwan
inggih lajeng amba paringaken
inggih kitab kang sadasa
ing nabi Adam ing nguni //

9. Ing nabi Sis seket kitab
kang sadasa kitab mring nabi Idris
nabi Ibrahim gih sampun
kitabipun sadasa
kitab Doret nabi Muswa kitab Jabur
nabi Dawud dene ingkang
nabi Ngisa kitab Injil //

10. Kuran ing nabi Mukhamad
angandika malih Kang Maha Suci
jeng nabi Adam dinangu
heh Adam apa sira
nyata uwis nampani parentahingsun
nabi Adam aturira
inggih sampun anampeni //

11. Ngandika Allah Tangala
apa sira banjur mituturi
mring umatira sadarum
jeng nabi aturira
inggih sampun saksana umat
dinangu
pa sira nyata katekan
prentahe Adam ing nguni //

12. Kang Islam inggih aturnya
amba nguni sampun den parentahi
kang kapir dereng turipun
dereng ngraos kawula
angandika pangeran kang maha
luhur
heh ya Enuh apa sira
wis katekan prentah mami //

13. Jeng nabi Nuh aturira
amba sampun kadhatengan ing
nguni
parentah tuwan kang dhawuh
mangka andikaning hyang
pa sira wis pitutur maring umatmu
gih sampun amba wawarta
gya umat dinangu sami //

14. Kang Islam sampun aturnya
kang kapir turiramba dereng tampi
sabab inkare karuhun
duk urip aneng donya
kalillalah nabi Ibrahim dinangu
heh Ibrahim apa sira
wus katekan prentah mami //

15. Kalillallah aturira
inggih sampun amba nguni nampeni
sangking parentah tuwanku
amba lajeng wawarta
dhateng umat ngandika hyang
Kang Maha Agung
pa nyata sira katekan
kang Islam aturnya inggih //

16. Nguni sampun winartenan
matur dereng sadaya ingkang kapir
gya nabi Musa dinangu
heh Musa apa sira
wis katekan sakehe parentahingsun
ature jeng nabi Musa
gih amba nguni wus tampi //

17. Lah apa wis banjur sira
mituturi mring umatmu sakehning
gih sampun amba pitutur
gya imat nabi Musa
kang dinangu Islam aturira sampun
kang kapir dereng aturnya
ngandika hyang Maha Suci //

18. Andangu mring nabi Ngisa
sira nguni apa wis den tekani
tutulisan prentahingsun
jeng nabi aturira
inggih sampun tampi parentah
tuwanku
lah apa wis banjur sira
mring umatmu mituturi //

19. Jeng nabi Ngisa turira
inggih sampun kawula awawarti
ngandika Kang Maha Agung
andangu umat Ngisa
apa nyata sira katekan pitutur
kang Islam sampun aturnya
dereng ature kang kapir //

20. Ngandika Allah Tangala
dene iku kabeh kang para nabi
pradondi lan umatipun
siji bae tan ana
kaliwatan amadoni umatipun
lah Mukhamad kari sira
bangase ing jaman akhir //

21. Jeng nabi ngliring sasmita
mring sakabat myang umat Islam
kapir
ngandika kang maha luhur
lah la apa Mukhamad
sira pa wis nampani parentahingsun
ginawa utusaningwang
malaekat Jabarail //

22. Kangjeng nabi aturira
inggih sampun amba nguni atampi
parentah tuwan kang dhawuh
ing Jabrail malekat
inggih sampun kawula lajeng
pitutur
sadaya kawula tuwan
umat amba Islam kapir //

23. Kang Islam ngestu parentah
ingkang kapir sadaya sami mungkir
tan wonten kang purun anut
salir parentah tuwan
ing sarengat amba tan wonten
ngestuhu
ngandika Allah Tangala
heh sira kabeh apa wis

24. Ing nguni duk aneng dunya
sira apa tampa parentah mami
nabinira apitutur
iya marang ing sira
umat nabi Mukhamad asaur manuk
inggih amba kadhatengan
parentah sarta nekseni //

25. Inggih ing kawula tuwan
ingkang Islam sadaya angestuti
inggih parentah tuwanku
cahasucekken samya
lan panembah kang kapir boten
ngestuhu
ature para sakabat
rasulullah kang sinelir //

26. Myang sadaya umat Islam
aturira mungguh ring hyang Kang
Luwih

sakabat catur kang tinut
kadi wau ing ngarsa
umatkapir duk dinangu aturipun
inggih amba kadhatengan
parentah tuwan ing nguni //

27. Yaktos tan mituhu amba
prentah tuwan ingkang sangking
jeng nabi
estyamba ing nguni lumuh
cupet piyandeling tyas
ing utusan tuwanku kang maha
luhur
andikanira hyang Suksma
maring jeng nabi angrawit //

PUPUH CXL II

Sinom = 8 pada

1 Andikeng hyang Maha Mulya
dhumawuh ing kangjeng nabi
kang mustafa dutaning hyang
Mukhamad kakasih mami
lah prenahna den aglis
ya nraka jahanam iku
aneng kiwaning ngaras
mangka timbanganing swargi
nraka kiwa suwarga tengening
ngaras //

2 Nabi ature sandika
nraka jahanam pan mungging
anenggih kiwaning ngaras
pan kacrita iku yayi
duk wis manggon nraka api
apan salin warnanipun
bencah angambra-ambra
lan gedhene angluwihi
tikel sewu lan duk meksih neng
panggonan //

3. Lawan anduweni lawang
kehe pipitu mas yayi
ingkang dhingin babulliman
kapindho babussalati
kaping tri babulkhaji
babussiyam kaping catur
ping lima babulzakat
dene kaping neme yayi
babul janabad sapta babulwiladad //

4. Ing kono padha siniksa
kabeh kang durakeng Widi
ananging kinira-kira
kang dosa gedhe myang cilik
dening nraka mas yayi
pan pipitu aranipun
dhihin nraka jahanam
nraka awiyah kaping dwi
nraka welun yayi kang kaping
trinira //

5. Naraka zakim kaping pat
ping lima arane yayi
yaiku nraka kutamah
ping nem sakar pitu sangir
dene suwarga yayi
iku iya tundha pitu
swarga pirdos ku ni mas
pancen gone kang pra nabi
swarga kalid iku pinasthi gonira //

6. Iya sakabehing umat
umat ingkang padha yakin
dene kaping telunira
arane suwarga nangim
iku goning wong asih
ing Allah papancenipun
swarga makwa kaping pat
iku gone wong kang wedi
maring Allah karana paniksanira //

7. Lima swarga darassalam
gon wong sabar duking urip
iya ing salawasira
kaping nem arane yayi
darul mukimah goning
wong suci sing dosa agung
myang lan saliming dosa
tumekeng lan dosa cilik
dene ingkang kaping pitu
darulkarar //

8. Enggoning wong kang wus tobat
ing sakehe dosa yayi
sang kusuma dahat dera
kacaryan ing tyas miyarsi
wibuh susetyarsaning
sihira tambah sor gunung
amung pangkalan denya
dereng sah kalawan ngelmi
ing paningkah marma sang dyah
sru sungkawa

PUPUH CXL III

Dhandhanggula = 12 pada

1. Ri sang priya ngandikantya manis
dhuh bandara meh meh bae ni mas
abdinira kang lir ingong
kena walering ngelmu
nrajang siku mungguh agami
katuju na parmeng hyang
dhawuh sira masku
kang asih ing dasihira
ton ajengmu kalimpute ingkang
abdi
mugi ingapuntena //

2. Sang kusuma wangwang angabekti
maring kakung manjing guru nadya
tan mamang lahir batine
mangkya sang jayengpupuh
mring sang retna pamit yun mijil
rasa-rasa pisaha
ngeded mangosweng rum
wrata kabeh ingarasan
tekeng astaning dyah tansah den
arasi
paja paja wardaya //

3. Witning sang dyah ciptarsa tut
wuri
kondurira mring banjar mangantya
sampuna enget namane
nama panengranipun
biko iki tan etang nami
keh uga kaungkulan
ing bawaning manuk
panrimane nora kepyan
rina wengi jenenge kasambat lathi
jalma nora mangkana //

4. Yen wus wenah maring boja resmi
barang berung serung tinarajang
mungkar ing siku-sikune
mung kang tansah kaetung
pakareman kaesthi ngati
buh sanajan ing temah
dadia ampalung
tan kukuncung tan gogombak
bak ambak kesaya wuwuh
anyanyengit
sangit lir kinukusan //

5. Amungkabelane icip-icip
kongsi lancip nora kecap-kecap
lagehane cakcek lecek
macucu muncu-muncu
tur cecegan kaduk ceriwis
wis nora patut pisan
muni nglayang saru
destun aran saru krama
alakia sarune nora wis uwis
yen saya lawas puwas //

6. Tan kaya dyah utamaning putri
putri adi kusumeng Madiyan
nora larang wus sedhenge
tinuku lan rok pupuh
parang bangkening turanggesthi
gunung kapala janma
asagara marus
resresnya remekan tinggar
dumaruju remekan paser jemparing
yen lir sang dyah Madiyan //

7. Tan lir kaparak ran biyang plenik
andelena lamun galenikan
ting clekenik keh rekane
rekane ana anu
ya anggere mung den anoni
nadyan silih anua
anggere ya anu
anu kae-kae apa
apa si leh dhuh lae jenenge lali
lali nora kelingan //

8. Besuk maneh bae diling-eling
kalingan ana pucuking ilat
kurang sathithik kas bae
dhuh apa kae anu
anu maneh mung bola-bali
nahan sang dyah sawusnya
ntuk wardining kakung
wibuh sru gumilang gilang
samepanya candra linamuk ngimanir
mala trang kamarutan //

9. Cahyanira sang dyah anelahi
dhasar lantip sapisan tarbuka
tan na kalikyan salire
wus Islam sang retna yu
na siring hyang mring sang retna di
senening gama mulya
tandya sang wiranung
wedalnya wanci jam tiga
pan kpareng sang raja Karun kang
jagi
nganglang capuri lagya //

10. Kapareng gyan jeng sultan nujoni
wiyosira tumedhak sing bata
anenggih sang Maktal gone
nulya sang raja Karun
gya anyapa wong apa iki
kang sinapa sru kewran
dadya tan sumaur
sultan ngaturan lumajar
raja patih pribadi kang anahuri
manireki wong nganglang //

11. Raja Karun ing swara tan pangling
uga panabdane raja Maktal
dadya taha ing jro tyase
raja patih ing riku
wus prayitna yen Karun apti
mangro darsa amustha
gandhewanya tumyung
arsa linancaran sara
Karun bali raja patih gya nututi
anusul gustinira //

12. Karun dumadya kelangan lari
nging wus tetela sultan lan Maktal
kawus anon prawirane
sultan ciptanya Karun
wong wus tita lamun si Amir
tan kena sinuwawa kaprawiranipun
yen pineksa gawe randha
eman-eman bojoku maksih taruni
sang raja Karun noban //

PUPUH CXLIV

Durma = 20 Pada

1. Lik gumuruh geger lir sinekar durma
Karun lok maling maling
wus tangi sadaya
ingkang celak lan marga
ngalor ngidul ting seliri
ngulon myang ngetan
obor amaratani //

2. Sang bathara sru kagyat anjemur jiwa
gya miyos sri manganti
kang jaga pra raja
ki patih angandika
Bestak wus prapteng ngarsa ji
nata ngandika
sapa kirane patih //

3. Ingkang wani gawe rusuh manjing pura
ki patih tatanya ris
mring sri Karun noban
turnya inggih ki lurah
wus tatela yen pun Amir
kalawan Maktal
tan bekta rencang siki //

4. Duk ing wau yen nedya kula cepenga
saestu sampun keni
nanging jrih kawula
wite de karseng nata
wantu sih dalem nglangkungi
dhateng pun Khamcah
nata ngandika wengis //

5. Mangsrud-mangsurd wijuling sabda narendra
ngusap jaja mawanti
sarywa menggah menggah
dene nora kayaa
dihingsung angliliwati
sun putra-putra
pindhatmengsun pribadi //

6. Sun gungaken sun karya Ibnu Suraja
lan sun pinta lilinggih
ing wijahan retna
ngasorken para raja
tekeng temah anyidrani
sakala sirna
tresnane sri bupati //

7. Teka bener Bestak kang kaya turira
aja pati ngasihi
mring wong ina nistha
satemah males ala
sagunge kang para aji
lir antuk marga
denya dahat sumengit //

8. Kawarnaa jeng sultan sarawuhira
aneng banjar manganti
wus panggya kang raka
nembahan Tambakyuda
tinutur wusana ngenting
angunjal napas
ngusap jaja mawanti //

9. Lidok ngono goroh rasaning manah
lah kandi pundi niki
sultan karsandika
lah ayo kakang lunga
seka ing kene Madyani
sedya sun benggang
gya undhang Guritwisi //

10. Maring wadya myang sagung kang para raja
gugup tan wruh ing warti

rame suwaranya
myang solahe mawarna
ubat-ubet sabuk klambi
ginawe serban
daut padha sawengi //

11. Lyan na wong kang limbon tan
kena ginugah
banjur jununjung nuli
tinunggangken jaran
nglilir aguragapan
ayub-ayuben lir ngimpi
panabdanira
lah ana apa iki //

12. Duk prapteng byar wus tebih sing
kutha Madyan
rereb ngaso pra sami
nembahan Marmaya
tansah anetah netah
kang rayi ngandika aris
sepuluh kakang
paran gone mbaleni //

13. Wis kabanjur tinutuh mangsa uwisa
kuneng malih kawarna
nenggih sang bathara
gupita lan pra raja
patih Bestak anjuweti
matur ing nata
yen suwawi karsa ji //

14. Tinututan sagung di dalem Madiyan
punapa kang den anti
leheng tinumpesa
sadaya sarencangnya
mumpung dereng ngantos tebih
sangking Madiyan
narpatmaja nambungi //

15. Gih suwawi turipun paman dipatya
kadi tan wonten malih
rembag lyan punika
tita wone pun Arab
sang nata ngandikeng siwi
ya putraningwang
mungguh ing karsa mami //

16. Sun enengken kewala dene wus
lunga
seka kene Madayin
pama tinututan
kuwatir atiningwang
dene prawirane luwih
bok mundhak dadya
muwuhi lingsem mami //

17. Narpatmaja meksa kenceng aturira
wus dene kyana patih
myang sagung pra raja
samya angancam- ancam
baya sidane si pekir
saiki minggat
mring dhangkane pribadi //

18. Raja putra ature maring sudarma
kula kalangkung isin
tan saged tumingal
ing tingkah langkung nistha
patih Bestak anambungi
nger kasinggihan
kula langkung ngembagi //

19. Menggah prawiranya Kamzah tan
punapa
nguni awit sangking sih
ing ramanta nata
samangke manggih dosa
pan dados satruning nagri
prawiranira
dugi dugi sampun nir //

20. Raja putra nangling nadyanta
maksiha
inggih babalung wesi
sungsuma gagala
miwah otota kawat
temtu rempu ing ajurit

den byuk ing kathah
iba wadyeng Madayin //

21. Sri narendra wusana alon ngandika
nadyan mangkono patih
sun durung pitaya
mring kabeh kancanira
karana dadare nguni
dhekne si Bahram
lan Alkamah ko iki //

22. Lan si Kistam nguni ya wis duwe akal
nging meksa tan ngudhili
ewa dene iya
mangsa bodhoa sira
yen padha kenceng ing pikir
sakarepira
Bestak sira pribadi //

23. Angiringa iya lakune ki putra
ingsun uga mung titip
maring anakira
lan poma-poma aja
nganti gawe lingsem mami
dupi miyarsa
patih mring andika ji //

24. Tyas pan delong de kinen ngiring priyangga
tindaknya raja siwi
kang wau ciptanya
amung ngajokken kanca
kabutuh dadya tur bekti
narendratmaja
tur sembah ing sudarmi //

25. Ing pengestu dalem kang mugi angsala
barkah dalem sang aji
unggul ing ayuda
kula sinau aprang
mengsah koni mnyengka tandhing
yen angsal begja
kawula lanang jurit //

26. Kasub ing rat narendratmaja Madiyan
putra ratu prajurit
nglalana digjaya
ngandika sri narendra
wis patih pintanen nuli
kang tunggu praja
wus dene kang lumiring //

27. Ing anakmu nututi mring wong kang mingga
iya satruning bumi
amung den ngatyatya
aja kurang wiweka
ewuh ayaning wong jurit
matur sandika
Bestak rekyana patih //

28. Dene ingkang andherekken putra nata
yayi Kistam pangarsi
lintang sing kawula
Bubarwan sri Kubinah
Karun tabus lawan malih
nateng Rus mandras
nglanung camara keling //

29. Lan anak mas ing Buwit ulat marjaban
ngandika sri bupati
wis padha mangkata
gya tangara sauran
gumrah kang wadya prajurit
wonten tri yuta
budhal sangkin nagari //

PUPUH CXLV

Girisa = 15 pada

1. Giris sagung kang kamargan
tumingal gatining lampah
gumalendheng rebut ngarsa
wadyane sagung pra raja
anglir pendah banjir bandhang
menempuh parang geng kentas
lir angge angge kang kuda
sangking gunging baris lampah //

2. Sampun lepas lampahira
gantya sultan sayidina
kang jengkar sangking Madiyan
prapteng lampahan rong dina
kocap reren masanggrahan
sawadyanira sadaya
sru kewran cipta tan kaya
len raka tansah gupita //

3. Tambakyuda bagendha Bas
wus dene lan raja patya
sakancanira pra raja
wusnya raja patih minta
ingkang macalang ing ngarsa
bok manawa tinututan
maring wadya gung Madiyan
pacalang sri Baudhendha //

4. Sakadangnya catur dasa
wus dene nateng Ngabesah
raja Tohbau Tohara
sawadya prayitneng baya
tan kena cinidreng mengsah
pacalangira matundha
saben ing lampahan sajam
wonten rajanya sajuga //

5. Samarga-marga mangkana
sing pangrehnya raja patya
denya langlang Pringgabaya
rumekl asing gustinira
dene kang dadya pangarsa
akumpul sawadyanira
raja Harjan Hardi Jasma
raja Jalul Harsudiman //

6. Wus dene lan raja Karma
prenahira juga-juga
kawarnaa wong Madiyan
anrod lampahnya duk prapta
tandya na tunggul katingal
lamat-lamat sing mandrawa
cirinya bendera Arab
mangkana ki patih Bestak //

7. Swareng wadya ken prayitna
myang sagung kang para raja
gorastra wus pinatruman
mangkana narendratmaja
kinubeng mantri samara
wus dene para dipatya
dupi celak prenahira
pabarisaning rajeslam //

8. Anenggih sang raja Marja
wadyane akras tatanya
wong ing ngendi ingkang prapta
sumahur ingkang tinanya
manireki wong Madiyan
arsa anututi Kamzah
kinen numpes sabaturnya
wong Kalkarib sru kurdhanya //

9. Gya nrajang tarung sanjata
gumrudug elong linongan
wong Kalkarib sru kabyatan
gya lumayu ngungsi gyannya
raja Arsud tulung yuda
ameksa nora kuwawa
karoban lawaning yuda
rajardi tutulung yuda //

10. Rame swaranya kang aprang
ameksa karoban lawan
raja Jalul raja Kardas
raja Jeras raja Samad
ku Samad pan kapalajar
samnya ngungsi ing rakendra
Baudhendha asru duka
jaja bang mawinga-winga //

11. Gya ingimpun kang pra kadang
wus tinindhihan priyangga
rug ingarug ganti nglingkab
srod-sinrod ganti keplajar
duk-dinuk silih prajaya
kang aprang tan na kuciwa
wong ka Bestakan tinrajang
mawur maledug sasaran //

12. Tutulung nateng Rus Mandras
sigra sang sri Baudhendha
ngawaki umamuk ing prang
singa kang sinerang gempang
bagna luyut wong Madiyah
kang panggah atutumpesan
sakadang sri Baudhendha
non raka liwung pamuknya //

13. Jrih kantun sigra anrajang
sri Bubarwan pengkuh ing prang
rok rinok sama sudira
ki patih Bestak angatag
yayi Kistam umangsaha
dimen tetep wong Madiyan
Kistaham apundirangan
wonten punggawa sajuga //

14. Karun pri jos sureng yuda
anengah ngawaki yuda
sarywa sru anguman-uman
mring Bestak lawan Kistaham
tan kayaa sang bathara
dene tan ana kang tresna
mung padha mburu kasilan
cacak kaya patih Bestak //

15. Benere anglajerana
lan senapatine ika
kang jeneng raja Kistaham
andelna yan neng ngarsendra
ature kaya rampadan
tekeng don kaya wong edan
edan tahun gagendhengan
gya marseng madya ranangga //

PUPUH CXLVI

Pangkur = 20 pada

1. Lir kanaka kang paheman
kagyat myarsa gumrudug tinggar
muni
wangwang si yageng pupuh
sultan jayengpayudan
tityan kalisahak wus sumaos
ngayun
tandya lajeng tinitihan
sumekta sikeping jurit //

2. tutulung mring Baudhendha
wadyeng Ngarab tan kongsi den
undhangi
sadaya mung samya nusul
sampun rawuh jeng sultan
ing paprangan angandika manis
arum
heh sanak-sanak pra raja
aywa na kang milu jurit //

3. Tempuhna mring sun priyangga
sapa-sapa kang tan amituhoni
kajaba kawulaningsun
dadya jrih kang pra raja
sang jayengprang sampun nengah
ing apupuh
lan Karun Pri jos wus panggya
ngujari mring sang wiradi //

4. Heh Khamzah sira wong ala
neng Madayin liwat ginawe becik
angasorken mring pra ratu
teka ing temah cidra
rasakena sira duraka ing ratu
enya iki pedhangingwang
margane gonmu ngemasi //

5. Jeng sultan ngungalken jaja
gya amedhang sang prijos wanti-
wanti
anulya pedhang rinebut
kukuh agarejegan
gya sinendhal Prijos sah sing
kudanipun
polo mawut wrateng kisma
Prijos patine binanting //

6. Giris miris wong Madiyan
Bestak nangling Kistam tulunga
jurit
Kistaham ulate payus
sarwi lirih saurnya
yen sun kinen mapagaken
jayengsatru
leng wehena rip-uripan
pantese kang maju patih //

7. Jer kang amengku nagara
ora nane ratu wakil papatih
Besatak ling rong edan tahun
gya matur mring narpatma
yen suwawu angger yogi binarubuh
yen den ajak prang tandhingan
ados sukane pun Amir //

8. Raja putra angandika
bener mara kabehe pra prajurit
ngroyoka mring jayengsatru
yen temen kadar pira
ring kang den tag wong Madayin
ting calinguk
wus mambu ilu sru wegah
mung jrih prentah anglakoni //

9. Gya mangsah mangkara byuka
wong tri yuta umamuk golong pipis
pra raja Ngarab dupi wruh
ayun tutulung yuda
enget nguni papachuhing gustinipun
dadi amung asmu waspa
sagunge kang para aji //

10. Mung nembahan Tambakyuda
kang anusul ring samadyaning jurit
pangamuknya sang wiranung
yayah mong pinar jaya
angapinjal ing babathang jumbul-
jumbul
angiwung lawan candraswa
kang pinarag sirna gusis //

11. Lamun anyabet sapisan
pang rangkep pat lima sadasa mati
keh liman pating jepupung
uluh wor lan kang nunggang
babathanging turangga pating
prekungkung
alisahak sukunira
apan tan angambah siti //

12. Marmaya pedhangnya wilah
parisira dhluwang tansah kinering
balinguh angiwat-ngiwut
lir solahing sikatan
nyamber walang lamun kapengkok
malencut
kekejer mudhun amedang
kapisanan tigas pancing //

13. Mangkana sang Baudhendha
sawadyane miwuh sang raja patih

samya jrih tutulung pupuh
denya wus pinacuhan
dyadya arsa minger mring wurining
mungsuh
wong Madyan duk ingingeran
keron denya mengsah jurit //

14. Ting bilunglung sohaira
panyekeling gaman wus tanpa kardi
Bestak Kistam myang pra ratu
angrasa lamun tiwas
noleh-noleh golek papan yun
lumayu
sang narpatmaja kesisan
ing wadya gya sri Marmadi //

15. Raja putra inguncalan
ing jijiret kasrimpet nibeng siti
narpatma binanda gupuh
maring sang Umarmadya
patih Bestak buwangi
dandananipun
amomor lawan rong kathah
Marmaya api tan uning //

16. Maring sira patih Bestak
Umarmaya anulya atut wuri
mring Bestak sapurugipun
tansah nunggal wong kathah
patih Bestak cinegat ing ngarepipun
tinakon maring Marmaya
lah kakang dika penapi //

17. Priksa gene patih Bestak
onten pundi ki patih babironi
ciptane wus mambu ilu
lah iki si Marmaya
apa temen nora weruh maring aku
duk suwe-suwe katara
yen gone tan wruh pi-api //

18. Ki patih gancang lumajar
dhinodhogan nahan sultan wiradi
kelangkung welas andulu
patine wong Madiyan
enget maring dyah kusumaning
pura rum
yen kabanjur mandah baya
dukane kang duwe abdi //

19. Dene akeh kang parastra
abdinira mintaksama sakethi
bandhara kang sih maringsun
muga den tulusena
puluh-puluh sanadyan mila ngatatu
yen kang rama nora arsa
mipil mantu mring wong santri //

20. Pocapane sarah watang
samodra tan wurung ngong gebyuri
kumbala kang mangka rurub
parang kuda dwipangga
wuwukiran murdaning prawira
lampus
dhuh kusuma Madyan putra
wong manis sun pinta

PUPUH CXLVII

Dhandhanggula = 21 pada

1. Kangjeng sultan kendel denya jurit
raja patih lan sang Baudhendha
aken bujung palajare
sagung wadyeng Madayun
palayune aniba tangi
ting blesar kuthetheran
patih Bestak acum
dene ta pangeran raja
ing payudan kecepeng katiban tali
ngrasa tan darbe gesang //

2. Wong Madiyan dungkap prapteng nagri
wadyeng Ngarab kang bujung wus nulak
Bestak patih ngen-angene
tan laju masweng prabu
lan Kistaham arembug pikir
ngupaya reka daya
tutulaking bendu
lan sagung kang para raja
kang kalah prang nahan gantya winarni
nenggih nagari Kangkam //

3. Raja Bahram tilar suka kalih
duk ing nguni pan dereng diwasa
nagri ing Kangkam bedhahe
samya ngili sang sunu
mangkya mantuk maring nagari
cipta dira rahadyan
arsa ngudi tuwuh
amales sak lara wirang
mring Kistaham gya ki Bayawana patih
prapta sakancanira //

4. Tinutur purwa wusana ngenting
rahadyan kalih wibuh dukanya
kocap wus ngadeg barise
wong ing Kangkam sumuyut
patih Bayawana tan lami
lina tilar atmaja
anama pun Bahrun
kinathik maring sang putra
datan lami wus kathah ingkang prajurit
tandya siyageng yuda //

5. Arsa ngudi tuwuh mring Madayin
maring Kistam dyan putra anama
dyan ukman dene arine
dyan Kenahan ranipun
lajeng budhal panganjur baris
wonten cacah saleksa
tan kawarneng ngenu
pranteng nagari Madiyan
takon warta gya nyekel janma pakathik
ngarit lajeng binanda //

6. Den takoni Kistaham neng ngendi
balaka ingsun uripe sira
pakathik gugup ature
inggih mentas ing wau
patih Bestak Kistaham sami
lumajeng kawon aprang
lawan jayengsatru
malah sapunikanira
dereng purun malebet nagri Madayin
ajrih ing sri narendra //

7. Wit putreng nata katawan jurit
maksih neng jawi kitha rembagan
pakathik nguculan age
gya lumayu ambecung
radyan kalin tangara baris
budhal anerod lampah
dupi wus kadalu
barise wadya Madiyan
radyan kalih sawadya anrajang wani
wong Madiyan kambuhan //

8. Ting balesar padha rebut urip
malbeng kitha sigra nutup lawang
radyan kalih kanggep tyase
nora kuwawa anjur
baluwerti kalangkung inggil
menggah jro jagangira
mung samya angepung
yen na katon binedhilan
wong Madiyan sadaya pan kecil ati
tan na bisa metua //

9. Lankung maputek sri nyakrawati
paraning duka tan lyan ki patya

dupi ki Bestak praptane
Kistam myang kang pra ratu
atur tiwas kasor ing jurit
purwa madya wusana
sadaya wus wusana
sang nata tambah dukanya
de narpatma katawan madyaning
jurit
tan na labuh sajuga //

10. Kadi den untapena ki patih
duka nata ing dinten punika
andikanira sang katong
nguni sun wis tan rembug
bok muwuhi lilingsem mami
ya suprandene nora
sok padha kumlunthu
sanggup wani mring si Kamzah
wong wis katog prawirane ing ajurit
lah ta kepriye bapa //

11. Putunira Arja pa ngemasi
Betal Jemur alon aturira
sampun maras galih katong
mas putu pan rahayu
malah langkung dipun kurmati
inggih dhateng pun Khamzah
lejar sang aprabu
lah bapa kang ngepung kutha
iku apa iya bature si Amir
turnya wiku Pijajar //

12. Apan dede rencange pun Amir
anakipun pun Bahram ing Kangkam
angudi tuwuh sedyane
mring pun Kistam sang prabu
sang bathara ngandika wengis
lah iku wonge ana
diwenehna patut
ya kareben diraranjam
mring wong Kangkam aku risi den
kulani
ing wong sugih prakara //

13. Kistam tumungkul lir ngambung siti
bapa mengko priye dayanira
prakara si Kangkam kuwe
suprih maria ngepung
yen ngudanga maring si Amir
bapa sun banget wirang
sira kang katempuh
punggawaningsun Madiyan
waktu iki ting celulu kaya anjing
tan patut tinaria //

14. Iya isih akeh wong Madayin
wong ing Kandkam destun ana pira
bapa yen timbangen kehe
ananging wong Madayun
pamugrahe kang anguyuni
tan bisa gawe sura
malah gawe kawus
kabeh wadya balaningwang
amlasake ingkang sun rebut wong
cilik
padha sadaya-daya //

15. Gone amatrapake wong cilik
pangandune samadyaning aprang
wong cilike wani kabeh
titindhine lumayu
panembahan tansah maripih
dukanya sang bathara
alon aturipun
sampun andugekken duka
dene sampun kalajeng dipun
lampahi
tan wonten nedya lepat //

16. Dene putra paduka dudugi
nipun nunten kasaosken nata
dene pun Bahram sutame
ingkang sagah pukulun
mantunipun ngepung Madayin
patih Bestak KIstaham
sakecap tan muwus
den irisa tan darba rah

dening dukaning nata datan sinipi
myang sagung para raja //

17. Kang tas sami kawon ing ajurit
nata kondur nembahan Pijajar
gya anduta mawa srate
maring sang jayengpupuh
tan kawarneng marga wus prapti
duta ngaturaken salam
katura pukulun
pun paman wiku Pijajar
atur surat dhumateng paduka gusti
surat wusnya binuka //

18. Ri wusira muji ring hyang Widi
tandya amujweng nabi panutan
mring anak sultan diyose
dhuh babo wkasingsun
den narima maring bilahi
aja kang cacak kita
nadyan kang pra rusul
dutaning hyang sipat ngaral
panedhengsun mung saiki ana baris
ngepung kutha Madiyan //

19. Sutane Bahram kang wis ngemasi
nyawa iku ge pirapetana
lowung wadyamu undhake
lawan mas putraningsun
bok ing tembe manawa dadi
jalaran sihing nata
pulih lir kang mau
ya mas kaki pira bara
panedhengsun mung siji putreng
Madayin
ywa kerabi lyan sira //

20. Kangjeng sultan dupintas ningali
srating paman nembahan Pijajar
sakalangkung panuwune
wus ngaturan sul-angsul
duta mesat sultan gya nuding
nateng Kebar sri Jusman
kang kinen angipuk
radyan Ukman putreng Kangkam
Jusman mangkat tandya praptane
Marmadi
bekta pangran narpatma //

21. Sultan kagyat duka mring Marmadi
pangeran ratu pan nora ala
mring wong Ngarab banget sihe
kurang duduganipun
apa tan kapotangan becik
dene disungga-sungga
paparinge agung
pusara gya inguculan
ingaturan lenggah nunggil prang
medani
dahat binoja krama //

PUPUH CXLVIII

Wirangrong = 18 pada

1. Narpatma Ciptaning galih
kagagas dahat wirangrong
iki kang pinanggya renggangingsun
lawan kakan Amir
marga ing paman dipatya
temahan ingsun kadudon //

2. Ri wusnya binoja krami
sinung pisalin panganggo
kangjeng sultan nulya ngandika rum
heh kakang Marmadi
yayi age kondurena
yen denarsarsa sang katong //

3. Gya ngandikeng narpa siwi
yayi pangabektiningong
katur ing ramanta sang prabu
mung nuwun aksami
lepate pun Baudhendha
yayi kang sampun kalakon //

4. Sru mangrepa narpa siwi
ngling inggih langkung katujon
tan punapa lepat ing pangangkuh
ugi kadi dening
paduka angapuntena
panuwun amba tan seyos //

5. Dening kangmas paring mahlim
amba angraos kadudon
wit kawula kenging ing waeadul
tur estu tan yekti
mila sru panuwun amba
apunten ingkang dhumawoh //

6. Ing ari kang kawlas ing sih
nangling sang jayengpalugon
yayi tan punapa bab puniku
gya sang narpatmaji
mangkat sangking pamondhokan
ing ngenu tan winiraos //

7. Sinungan swandana esthi
nira Marmadi plana byor
gantya sang sri Jusman dan
kepethuk
lan raja apatih
pajar niskara dinuta
dadya raja patih ngantos //

8. Kawarnaa radyan kalih
gupita lawan ki Bahron
paran wusananya iki laku
Bhrun sun miyarsi
pawartane Kamzah siyal
lan Nursewan pamyarsengong //

9. Iya satriya ing Ngarbi
ing warta misuwur ing wong
sekti mandra guna sudibya nung
nglalana sabumi
ki Bahrun aris turira
gih gusti mila sayektor //

10. Malah pun bapa ing nguni
mring kawula sring cacrios
mring swargi ramanta sih
kalangkung
tur denjak ajurit
pinarinzan lir busana
myang sagung wisayeng ripoh //

11. Ayun kaabdekken nguni
nging ramanta selak layon
dyan Ukman ngandika heh ya
Barhurn
ing mengko mngong apti
anambung ing kabecikan
iya swargi rama katong //

12. Aben-aben meneng wuri
iya ana marganingong
enggoingsun arso ngudi tuwuh
mring si Kistam baring
Bahrun ture kasinggihan
gya minta jaruman kinon //

13. Lampahnya kapethuk margi
lan duteng Kebar kang kinon
ki patih Kebarsah kang pinutus
gya tatanya ganti
wus jarwa-jinarwnan
kocap wus jangji patemon //

14. Raja Jusman lan dyan kalih
ri wusira apatemon
dyan kalih wus bubaraken wadu
kang ngepung Madiyah
duk panggya lan raja patya
ri wisnya agenem raos //

15. Mong ngapus niskareng kapti
nira ri sang radyan karo
gya den irit sowan ing sultanun

jeng sultan miyarsi
praptame raja apatya
lan sri Jusman myang dyan karo //

16. Dyan Ukman kenahan nuli
ngandika jayengpalugon
padha timbalana praptanipun
iya ri mas patih
Jusman lan sutane Bahram
sang prapta samya wotsinom //

17. Wus kinen Islam dyan kalih
saha ingadegken katong
dyan Ukman radyan Kenahan
sampun
ing Kangkam pinalih
papatihira sajuga
patih Bahrun ingkang among //

18. Mashur sri Ukman wawangi
raja Kenahan kang anom
kalih suhut samya bektinipun
nahan sri Marmadi
lamahnya masweing bathara
ngaturken pangran anom //

PUPUH CXLIX

Sinom = 21 pada

1. Praptane sajroning kutha
sampun lajeng atur weling
koningan gya tinimbalan
sang nata dahat awingit
tansah angarsi-arsi
kang putra ingkang kapikut
duk kang putra katingal
ingawe wangwang ngabekti
pan gumapyk den aras
embunanira //

2. Umatur sang Baudhendha
pukulun amba tinuding
ing putranta kangjeng sultan
ngaturken kang sembah bekti
katur ing paduka ji
ping kalihipun pukulun
pinutus andherekna
kondurnya putranta aji
sang bathara ngandika trah
guladrawa //

3. Iya Marmadi tarima
gustinira amrinani
maring arine ki putra
sang Baudhendha pinaring
sapangadeg pisalin
malih ngandika sang prabu
wis Marmadi tutura
salamku mring ki wiradi
Baudhendha wotsari kentar sing
ngarsi //

4. Lampah nanggel aneng marga
dumadya rereb ing margi
sang nata luwar sineba
tansah kang putra kinanthi
malebeng dalem puri
sang sri sori ngayun-ayun
panggih ibu ngabektya
nahan kusumaning puri
dyah suta ji tyasira wayang
wuyungan //

5. Myarsa yen jeng sultan jengkar
sangking nagari Madayin
sang dyah andangu ring emban
ni emban matur ing gusti
rakanta sultan Ngarbi
estu kentar sing Madayun

wit denya katalika
wedalira sing jro puri
sang kusuma kumembeng andres
kang waspa //

6. Sasambat daleming nala
cipta lir tungkep pratiwi
gunturing kang mahetala
dhuh wong ngagung Puserbumi
angles mendra ing wengi
yen popyana wong agung
supaya sun karia
sukalila leheng mati
urip tanggung anggung amanggung
kasmala //

7. Kusuma sekaring tawang
dene kalintang wong sigit
gegelang munggwing jari jwa
baya mring cethine lali
jalma mendra tan pamit
anginggati tresnaningsun
krangeyan munggeng tegal
lawas enggala sun anti
bendha ijo luwih dika lawan kula //

8. Ni emban malih turira
mangke ramanta dewaji
sihipun wus puwas pisan
nanging ngengehane kedhik
duk arso den tututi
mring ki patih myang pra ratu
arso tinumpes pisan
sawadya prawireng Ngarbi
rama dalem dewaji boten kalilan //

9. Nging kencengipun dyan patya
myang rayi dalem jeng gusti
ramanta lanjeng kalilan
sareng tamtu den tututi
sagung kang para aji
semekta dadamelipun
rakanta sampun tebah
sing kitha Madiyan ngriki
katututan rame campuh yudanira //

10. Pra raja Madayin kandhap
sawadyane kocar-kacir
arinta pangeran raja
kapikut Madyaning jurit
ki patih myang para ji
sadaya sami kaplayu
ramanta langkung duka
ibu dalem meh saratri
denya muwun wit sangking rayi
paduka //

11. Denya kajidhi ing yuda
tuju kendel den aturi
bah dalem wiku Pijajar
warta yen arintha gusti
datan tumekeng lalis
malah sru pangrengganipun
sang retna angandika
ahimas wong sok kumaki
priye mono saikine tahu rasa //

12. Mungsuh lan priyayi Ngarab
benere jeng rama aji
kang lunga den apuraa
dosane nora punapi
tan mangrebaseng sari
puspitadi maksih kincup
nora nggepok larangan
yen jeng rama nora lilih
dukanira sapa kang disulihena //

13. Dadi pikukuhing praja
satru jayaning lyan nagri
doh bilahi lamun ana
sapa den delna ing jurit
punggawa ing Madayin
wis tita padha tan pecus
temah dadi boyongan
yen sida satriyeng Ngarbi
dinukanan suka aku dibuwanga //

14. Yen tan mangkono upama
dadi dukane salisir
nadyan jare sun ki putra
yen tetepe ratu adil
ni emban matur malih
inggih gusti sokur sewu
gusti yen kalampahan
cempeng kula andhedheki
gih ing rika embane satriya Narab //

15. Bonten sing bagusing warna
ananging kang kula pilih
ing semu mung walbahena
kapok laki wong Madayin
boten nedya ming kalih
tobat turun pitu likur
laki wong mangan madat
rowange nuli nauri
pa karane bibekane ujarira //

16. Kepriye tan mangkonoa
alaki uwong madati
lamun nuju patagihan
nora sareh muring-muring
yen wis mendem anuli
ngrasakake deme amung
dhidhis tur layap-layap
nora pisan nganggo mikir
duwe bojo apa ta wong bagojoan //

17. Iku uwis nora pisan
cilakane awak mami
tak tutuh-tutuh si bapa
gone melakekken mami
tuju oleh wong baring
destun gunane mung dumuk
rowange latah-latah
sang dyah smu esem amanis
lon ngandika mengko biyung kaya
ngapa //

18. Matur samangkya arinta
wus kinundurken mariki
rama padukantya suka
rinta tansah den arasi
ngandika sang retnadi
benere ja weh pinundhut
oleh ambandhang putra
nyuwuna liliron putri
nimban nangling iya talah
latah-latah //

19. Gih makaten leresira
kuneng sajeroning puri
kawarna sang Baudhendha
ingkang arereb neng margi
sakadangnya kang sami
mentas sing kitha Madayun
ngiring sang narpatmaja
yata Bestak kyana patih
pagunemen lan sagung kang para
raja //

20. Anenggih raja sakawan
Bubarwan nateng Dribasit
Kosani lan si Rubinah
tyasnya panas mring Marmadi
wus trang myarsa pawarti
kalamun rereb ing ngenu
arso tinukup ing prang
sigra asiyageng dasih
pukul kalih angkatnya sangking
jro kitha //

21. Datan amawi tangara
sawadyanira pinenging
samarga ywa cacaturan
tan na sabawa kapyarsi
laris lampah ing margi
dupi prapteng prenahipun
celak lan parereban
para raja angabahi
kinagetken lir pendah bibis
samodra //

PUPUH CL

Durma = 29 pada

1. Duk kinira tutug mimising sanjata
pareng ambendrong bendhil
punglu kadi udan
geger gugup puyengan
pati-pati cacandhaki
sang Baudhendha
dahat ringeng ing galih //

2. Myang pra raja sadaya pan dereng nendra
mung sagunging prajurit
wantune sru sayah
turu pating jalempah
gregah kaget dening bedhil
tangine padha
yub-ayuben lir ngimpi //

3. Nora eling mlayu gamane tininggal
amung bantal sinunggi
weneh mlayu wuda
nora kober sruwalan
ting kulewer na lyan maning
sabuke wudhar
na kelamben kuwalik //

4. Ana ceneng cineneng jaran satunggal
bareng angendhaleni
rebutan wong tiga
lyan maksih neng cancangan
nora kongsi den uculi
banjur cinengklak
sinabet mubeng ing wit //

5. Lyan na kang durung kongsi kinendhalenan
sampun dipun lapaki
banjur tinunggangan
ginebrak nasak-nasak
warna-warna wong tas tangi
prandya na ingkang
wong limbon nglisik gandhik //

6. Mogel saka kancane wus padha lunga
enak mujung angimpi
nora krasa-rasa
den dak-idak wong kathah
iku katujune tangi
nahan pra raja
dahat kewran dera mrih //

7. Magut mungsuh dening kalangkung petengnya
mung celoroting mimis
mangka susuluhnya
wong cilik ambyar buyar
akumpul sagung para ji
sang Baudhendha
sakadangira sami //

8. Pan kapisah kalawan swandananira
amung angasta sami
gada weneh pedhang
dahat denya prayitna
cipta tan wurung bilahi
dupi samana
pan meh anggagat enjing //

9. Saya kaget pramana ing mungsuhira
miwah wadya kang lari
samya ting balesar
bali ngumpul ngalempak
sang Baundhendha wus dening
kang para kadang
sabyantu ngamuk jurit //

10. Mamanasi kalangkung runtikira
samya ngawaki jurit
sareng panrajangnya
angiwung lawan gada
candraswa saweneh bindi
punggaweng Madyan
kang panggah bosah-basih //

11. Ting jalempah babathang sungsun matumpang
giris wadyeng Madayin
myat pangamukira
narendra Baudhendha
teguh timbul tinon kadi
singa pinarja
dugang jambak anjenggit //

12. Kang katenggel binithi kepala remak
angiwung mobat-mabit
tan myat ngering-nganan
dhadhal sagung wong Madyan
ki patih lan kang para ji
miwah Kistaham
lumayu mungkur gangsir //

13. Wong Kalkarib saya akeh ingkang prapta
kumpul lajeng ngamuki
nyegat kang lumajar
patih kebutuh dadya
sandhangane den buwangi
momor wong kathah
nahan nagri Madayin //

14. Sang bathara enjing miyos sinewaka
ki patih Bestak sepi
nata tanyeng wadya
katur yen patih kesah
nututi utusan Ngarbi
nata duk myarsa
dukanira tan sipi //

15. Nora talah si patih kaliwat ala
muwuhi lingsem mami
iku yen jegosa
tur ta mangsa menanga
bapa Betal Jemur aglis
sira menyanga
nututi si Marmadi //

16. Tuturana lamun dudu Karepingwang
ku karepe si patih
kang gawe prakara
kon tutur mring ki sultan
aja nganti anglepeti
ing jenengingwang
wit alane si patih //

17. Panembahan matur sandika gya kentar
nahan sri Umarmadi
maksih pambujungnya
playune wong Madiyan
saparane tinut wuri
lan binedhilan
wong Madyan kocar-kacir //

18. Tur atusan amung binuru wong lima
playune niba tangi
sangking kawusira
na kabutuh kacandhak
nembah-nembah minta urip
adharedhegan
kadi angambung siti //

19. Raja Arjan dhasar gecul antuk marga
ngling lah ya sun uripi
apa sira arsa
angombe uyuhingwang
mengko sira sun uripi
apalingkuran
sangking bangeting wedi //

20. Dadya nanglinginggih anamung
    sampeyan
    punapa boten asring
    kadharan lalaban
    pete linge sang Arjan
    iku nora tau mami
    mung jengkol ana
    iya salawe iji //

21. Dhek wingine nuli uyuh
    tinadhan
    duk mambu cungir-cungir
    kon ngombe pineksa
    glengeng sang Arjansuka
    wure ngombe kirig-kirig
    sambi lumajar
    warna-warna wong wedi //

22. Duk kapethuk tindakira
    panembahan
    patih Bestak jrih isin
    dene barundhulan
    pangangge binuwangan
    Betal Jemur wus pinanggih
    lan Baudhendha
    Marmadi gya ngabekti //

23. Panembahan andhawuhaken
    timbalan
    nira sang nyakrawati
    heh ya Umarmadya
    ingsun iki dinuta
    ing bathara nyakrawati
    marang ing sira
    kinen paring udani //

24. Aja pisan sira duwe nyana-nyana
    yen karsaning sang aji
    kang gawe prakara
    anukup lakunira
    yekteku kareping patih
    sira matura
    mring nak sultan den titi //

25. Awotsari Baudhendha aturira
    kawula inggih ugi
